



CHURCH OF THE NAZARENE  
AFRICA



# INYIGISHO

## ZO KU MUSI w'IMANA

**KU BANA**

Igitabo ca 22

# INYIGISHO

**ZO KU MUSI w'IMANA**

**KU BANA**

Igitabo ca 22

Uburenganzira © 2020 Ikigo c'iyandikiro rya Kinyanazareti muri Afrika  
UBURENGANZIRA BWOSE BWARATANZWE.

ISBN 978-0-7977-1550-9

Gisohowe ubwa mbere 2020

Iki gitabo cashizwe ahagaragara m'ururimi rw'icongereza umutwe Waco ni:

Elementary Teacher's Guide Year 3

Mesoamerica Region Discipleship Ministries

[www.SDMresources.mesoamericaregion.org](http://www.SDMresources.mesoamericaregion.org)

Uburenganzira © 2017

Uburenganzira bwose bwaratanzwe.

Gishizwe ahabona n'ikigo c'iyandikiro rya Kinyanazareti muri Afrika

Uburenganzira © 2020

Uburenganzira bwose bwaratanzwe.

Printed by

Africa Nazarene Publications

# UMUGABANE W'AFRIKA INTEGURU Y'UMWAKA

## INYIGISHO ZA BIBILIYA KU BANA

### Urugero 22 Inomero 21

#### URUTONDE RW'IBIRIMWO

#### Ibifasha umwigisha

Ivyiyumviro vyo kwigisha abana	7
Ingene wotegura icigwa	7
Ingene woshikiriza icigwa	8
Wokwifata gute igihe umwana yitwaye nabi?	9
Igikorwa c'ivyiyumviro vyo kwigisha abana	9
Ingene wosengana n'abarondera mu nyonga z'Imana	10

#### Ikigabane I Ivyigwa:

Icigwa 1: Yesu Yize Kwubaha	11
Icigwa 2: Yesu Yarabatijwe	14
Icigwa 3: Yesu Yarageragejwe	17
Icigwa 4: Yesu Atoranya Abigishwa Biwe	20

#### Ikigabane II Ivyigwa :

Icigwa 5: Yesu Yakijije Abanyamibembe	24
Icigwa 6: Yesu Yahinduye Matayo	27
Icigwa 7: Yesu Arakunda Abana	30
Icigwa 8: Yesu Yababariye Petero	33

#### Ikigabane III Ivyigwa:

Icigwa 9: Yesu, Umwigisha Mwiza	36
Icigwa 10: JYesu, Umuganga Mwiza	37
Icigwa 11: Yesu, Umunyabushobozi Burengeye	40
Icigwa 12: Yesu, Umurongozi Mwiza	43

#### Ikigabane IV Ivyigwa:

Icigwa 13: Yesu Yapfuye ku Bwacu	46
Icigwa 14: Yesu Yarazutse	49
Icigwa 15: Yesu n'Umucunguzi Wacu	50

#### Ikigabane V Ivyigwa:

Icigwa 16: Amategeko yo Kubaho mu Bwenge	53
Icigwa 17: Imana Itegerezwa Kuba mu Kibanza ca mbere	56
Icigwa 18: Kwubaha Abavyeyi Bacu	59
Icigwa 19: Kurinda Ivyiyumviro Vyanyu	60
Icigwa 20: Kwiba no Kubesha Bizana Ingarukambi	63
Icigwa 21: Kudahazwa n'Ivyo Dufise ni Bibi	66

#### Ikigabane VI Ivyigwa:

Icigwa 22: Bandanya imbere atabwoba	69
-------------------------------------	----

Icigwa 23: Bandanya Imbere n'Ishaka	82
Icigwa 24: Bandanya Imbere mu Kwumvira	85
Icigwa 25: Bandanya Imbere mu Bubasha bw'Imana	88
Icigwa 26: Gutera Imbere mu Masezerano y'Imana	91
<b>Ikigabane VII Ivyigwa:</b>	94
Icigwa 27: Kuronka Amahoro	95
Icigwa 28: Kuronka Urukundo	98
Icigwa 29: Kumenya Imana	101
Icigwa 30: Kuronka Ubuzima	104
<b>Ikigabane VIII Ivyigwa:</b>	107
Icigwa 31: Inkuru Nziza yo k'Umunyetiyopiya	108
Icigwa 32: Inkuru Nziza kub'I Roma	111
Icigwa 33: Inkuru Nziza ku Bantu baba I Antiyokiya	114
Icigwa 34: Inkuru Nziza ku Bantu Bose	117
Icigwa 35: Inkuru Ibabaje ya Kayini n'Abeli	120
Icigwa 36: Umuntu Mwiza Mw'isi y'Ibibi	123
Icigwa 37: Imana Yakijije Nowa	126
Icigwa 38: Imana Yashizeho Isezerano	129
<b>Ikigabane IX Ivyigwa:</b>	132
Icigwa 39: Rusi	133
Icigwa 40: Bowazi	136
Icigwa 41: Hana	139
Icigwa 42: Samweli	142
<b>Ikigabane X Ivyigwa:</b>	145
Icigwa 43: Imana Yahaye Mose Igikorwa gihambaye	146
Icigwa 44: Imana Yakijije Ubwoko Bwayo	149
Icigwa 45: Imana Yitwararika Ubwoko Bwayo	152
Icigwa 46: Imana Izigama Ubwoko Bwayo	155
Icigwa 47: Imana Yerekanye Inkomezi Zayo	158
<b>Ikigabane XI Ivyigwa:</b>	161
Icigwa 48: Ingabire yo kwubaha	163
Icigwa 49: Ingabire y'umukiza	166
Icigwa 50: Ingabire yo gutazira	169
Icigwa 51: Ingabire yo guhimbaza	172

## *Iciyumviro c'Inyigisho z'Abana*

Hariho ibintu bibiri nyamukuru biranga umwigisha w'abana: Utegerezwa gukunda Imana no gukunda abana. Ushobora gukora ivyo vyose mu gihe ufiteye imigenderanire myiza na Yesu imbere yabo no kubigisha kugirirana imigenderanire myiza n'Imana ubwabo. Dutegerezwa kandi kwigisha abana ingene bafata abandi mu rukundo rwa Rukristo.

Ubwirizwa kwifuzwa kugira integuro y'umugambi w'umwaka mukuwugira uwabo bwite "UMURONGO WO MUGITABO WO GUFATA KUMUTWE". Ku ndwi kugira urupapuro rwa A5 canke A6 kuri wewe canke ku bana kugira bandike umurongo wo gufata ku mutwe mu rurimi batahura cane. Shira izo mpapuro hamwe kugira ugire igitabo.

### **INGENE WOTEGURA ICIGWA**

#### **Intango y'Umwaka:**

Mu ntango y'umwaka w'inyigisho, fata nk'amasaha abiri yo gushira hamwe ibintu vyose ushobora gukoresha mu nyigisho zo kuw'Imana mw'isaho imwe canke agasaho. Ivyo bizotuma udata umwanya buri indwi uriko urarondera ibikoresho bitandukanye, kuko uzoba uzi neza aho biri.

Bika neza aho baba, itarike z'amavuko, n'ibiranga vyose abanyeshure bose bo mw'ishure ryawe.

Muri make soma igitabo cose c'ivyigwa kugira ngo utore icyumviro nyamukuru uzohagararako mu kwezi. Ivyo bizoguha intumbero rusangi n'umurongo ngenderwako. Uzomenya igitigiri c'ivyigwa biri mu kigabane cose no kutaja mu nyigisho wiyumviriye ubwawe.

#### **Amasaha Abiri Buri Indwi**

**Iminota 30** Soma icigwa cose no kugira intangamarara yaco. Kuw'Imana inyuma ya sasita, indwi yuzuye imbere yo kwigisha icigwa cawe, fata umwanya wo kwimenyereza ico cigwa. Senga Imana kugira iguhe ubwenge n'insiguro nziza y'inzira wokoresha mu gushikiriza ibikoresho ishure ryawe.

**Iminota 10** Egeranya ivyiyumviro n'imigambi vyo mu ndwi. Wamane mu nyigisho zo kuw'Imana agakaye gato canke urupapuro. Ukwo icyumviro kizozza kiraza muri wewe, ucandike muri ako gakaye kugira ngo ushobore kucibuka mu nyuma.

**Iminota 20** Soma ico gice co muri Bibiliya incuro 3 canke 4 mu ndwi hagati. Wemerere iryo jambo ry'Imana riguhindure igihe uzoba uriko uraryiyumvirako no kurisoma. Ukwo gusoma kuzotuma ukuri wipfuzwa kwigisha ishure ryawe guhindura ubuzima bwawe ubwambere.

**Iminota 50** Zana icigwa cawe hamwe. Zana ibintu vyose ushobora gukenera biri muri ya saho yawe. Soma muri kagakaye kawe hanyuma utunganye icigwa cawe mu ntumbero ikworohera n'iyigufasha gukurikira no gutahura neza.

**Iminota 10** Iminota ya nyuma niyo gusuzuma. Iki nico gikorwa ca nyuma ukora imbere yuko uja mw'ishure ryo kuw'Imana mu gitondo. Raba neza yuko ufise Bibiliya, icigwa cawe, n'ibindi bikoresho ukenera. Gira isubiramwo canke urabe aho wagiye urandika muri kagakaye kakurongora mu minota ya nyuma. Hanyuma, fata umunota canke ibiri mu gushikiriza umwami ico cigwa no kumusaba ngo agukoreshe. Wari warafashe

umwanya wo gusenga muri iyo minsi yose, ariko suzuma neza yuko wamwihaye wese ubugira kandi.

## INGENE USHIKIRIZA ICIGWA

Abana bashobora gukerebuka mu kwiga berekana ivyo bashoboye n'ibigumbagumba, kumenya ukuri, no guhitamwo ikintu bashobora gukora buri ndwi mu kwishura ku butumwa bize mu cigwa.

Umwanya wo gutegura icigwa cawe utegerezwa gutunganywa neza no kugororwa mu gushira mu ngiro integuro n'ivyiyumviro. Twagomba kubahanura gukurikiza ibisabwa mu gihe c'ishure ryawe ryo kuw'Imana. Umwanya wo gukoresha n'isaha imwe y'ishure. Mu biharuro biri mu tuzitizo n'iminota 45 mu mashure.

Gushika n'imiburiburi iminota cumi imbere kugira ngo utegure ikibanza c'inyigisho no gushira hamwe ibikoresho uja gukenera mu cigwa.

Koresha **iminota 10 canke 5** mukuramutsa abanyeshure uko baja barashika. Tangura icigwa n'isengesho (ushobora kuba ushaka kwemerera abana bafate uwo mwanya mukuba mu masengesho). Bahe akaryo ko gusangira inkuru yabanzereje n'ivyo babayemwo mu ndwi irangiye. Fata abitavye no kwakira amashikanwa. Gira isuzuma ryivyo mwasezeranye mu ndwi iheze no gusubiramwo icigwa.

**Iminota 10 canke 5** ikurikira niyo kugira intangamarara y'icigwa no kuguhagarara kuvyiyumviro vy'abanyeshure nk'urufatiro rw'icigwa c'uno muni.

Icigwa gishobora gushikirizwa abanyeshure mu **minota 15**. Wibuke kutavuga ubutumwa canke ngo ubasomere. Shikiriza icigwa nk'inkuru mu majambo yawe bwite.

**Iminota 20 canke 15** ikurikira ishobora gukoreshwa mu gushira mu bikorwa icigwa no kuvuga kubijanye n'ivyo guhanahana ivyiyumviro vyatanzwe mu mpera y'icigwa. Fasha abana kubona ingene ukuri bakuye mu cigwa bo gukoresha mu buzima bwabo bwa minsi yose.

**Mu minota 5** yanyuma, rangiza n'isengesho no gusaba abana bafashe mugukubura ishure imbere yuko baja murusengero. Uyu n'umwanya mwiza aho abana baganira umwumwe kuwundi.

Suzuma ingene icigwa cagenze mu mwanya muto ushoboka. Mu rufatiro rwo muri kazoza, fata iminota mikeya yo kwandika ivyagenze neza n'ibitagenze neza.

### Abanyeshure, inyifato yabo n'umwigisha

1. Tahura abanyeshure bawe hanyuma ubarongore mu ngeso zibereye.
  - Abana barakunda gukora no gushaka kumenya ibintu.
  - Ntibaragera mu rwego rw'abakuze: dutegerezwa iminsi yose gutandukanya ingeso mbi n'ivyo bakora kubera batarakura.
2. Shiraho umwuka mwiza wo guteza imbere ingeso nziza.
  - Reka abana bamenyeko ubakunda kandi baguhimbara.
  - Bereke ko unezerezwa nibibabako inyuma y'ishure.
  - Ba umuntu atunganiye neza igihe uri kumwe n'abanyeshure.
  - Gushiraho integuro nziza kandi itomoye; reka abana bamenye ico ubitezeko.
  - Ntiwerekane ikumira.

### 3. Menya ikibanza cawe nk'umwigisha.

- Ube uwujwe ishure.
- Ube ishusho w'ububasha abanyeshure bashobora gukurikira.
- Ube umugenzi w'abanyeshure bawe.
- Basigurire ico ubitezeko no kubaha uburorero bwiza.

### 4. Koresha uburyo buha ikibanza abana no kwakira ibibahimbara.

- Kwitegura no kuba mw'ishure imbere yuko abana bashika.
- Gutegekanya ibikorwa bitandukanye bihuye n'imyaka y'abanyeshure bawe.
- Koresha ibikorwa bibahimbara kandi bashobora.
- Emerera abana guhitamwo bimwe mu bikorwa.

### 5. Ibande ku ngeso nziza.

- Gabanya igitigiri c'amategeko.
- Iyo uhanye umwana, bivuganeko n'abavyeyi biwe, uwubacunga, canke umuntu abajewe.

## WOKWIFATA GUTE IGIHE UMWANA YITWAYE NABI?

### 1. Rondera icateye iyo ngorane.

Mbega Umwana yoba ariko ariga canke afise ingorane z'ingwara zimubuza kuba mw'ishure?

Mbega yoba agerageza gusuzuma ishure?

Yoba afise ingabire z'ubwenge bw'inshi hanyuma akarambirwa no kuba mw'ishure?

Iyo umenye icateye iyo ngorane, ushobora kuyikosora umaze kuvugana n'abavyeyi b'umwana.

### 2. Fata ibintu mu minwe.

Irengagize ingeso zidashobora guhagarika ishure.

Shiramwo umwana mu bikorwa vyo kwiga.

- Reka aboneko uriko urakurikirana inyifato yiwe.
- Egera umwana umuzaniye urukundo.
- Bwira umwana, buhorobuhoro, ico wipfuzako yokora.
- Igisha abanyeshure ingaruka mbi zo kubandanya bigenza ukutariko.

### 3. Vugana n'abavyeyi canke umuntu ajejwe umwana.

- Iyo uzi neza ko ukeneye cane kuvugana n'abavyeyi biwe canke uwumurera, bikore udacerewe.
- Tangura ubwire abavyeyi ivyo ushima k'umwana wabo.
- Ja ku ngorane hanyuma ubaze abavyeyi uko biyumvirako boterera inyishu ico kibazo.

## ICIYUMVIRO C'IGIKORWA CO KWIGISHA ABANA

Shira mu mutwe ko abana bafise imyaka itandukanye bakora ugutandukanye. Gira umwidegemvyo wo guhindura ibikorwa, kuvugana kubibazo, no mu nkuru za Bibiliya kugira ngo abana bashobore gutahura ivyo uriko uragerageza kubigisha. Koresha ubumenyi bw'abana, nk'akarorero iyo bashobora gusoma, bareke basome imirongo imwimwe yo mu nkuru zo muri Bibiliya; bareke bagufashe gushiraho ibikorwa no gukubura ikibanza c'ishure.

### *Igikorwa c'umurongo wo gufata ku mutwe*

Ronsa abana ubumenyi bw'imirongo yo gufata ku mutwe mu nsobanuro yabo nshasha "mururimi rwo muhira". Ku bana bakiri bato bisabwako ukorera ku mirongo migufi yo gufata ku mutwe.

Agapfindo: Andika umurongo wo gufata ku mutwe k'urupapuro (urupapuro rwo kwubaka, urusanzwe rushasha, n'ibindi). Koresha ikaramu ibona cane mu gucapa ku mpande zose z'amajambo. Kata indome. Bwira abana bashire hamwe za ndome kugira bagire umurongo.

Gufuta ijambo: mu gihe ufise urubaho wandikisha ingwa canke urubaho rwera bakoresha ikaramu, andika ko amajambo y'uwo murongo. Bwira abana basome uwo murongo. Hanyuma wemerere umwana umwe afute ijambo. Ishure ritegerezwa gusubira gusoma umurongo kandi, wibuke kuvugako hari ijambo ryafuswe. Emerera uwundi mwana afute ijambo rikurikira. Bandanya ukora ivyo gushika aho umurongo wose ufutwa.

Ba ijambo: umwana wese afate ijambo canke igice gitoya kivuye mu murongo wo gufata ku mutwe. Umaze gusubirishamwo abana umurongo umwanya kanaka bose hamwe, fasha abana gushira mu mutima ijambo ryo muri uwo murongo. Bategerezwa kuvuga ijambo ryabo canke igice rimwe ku rindi, gushikaho barangiza umurongo wose.

### Iciyumviro c'umugambi

Umubumvyi w'ubugenegene: Abana barakunda kuvumbura ibintu bakoresheje amaboko yabo. Aha hari igikoresho gisanzwe mu gufasha umubumvyi w'ubugenegene. Bika mu bubiko ahantu haca akayaga kugira ngo bimare igihe kirekire. Iyo uriko urashushanya imfungurwa canke amaso, ushobora gukenera amabara atandukanye y'ikibumbano kugira ngo abana bagire imigambi y'ubugenegene bibahimbara cane.

<b>g10 ( ibiyiko 2) vy'ifu ya taritari g250 (igikombe 1) c'ifu g2,5 (1/2 ikiyiko) c'umunyu g15 (ikiyiko 1) c'amavuta yo guteka ml250 (igikombe1) c'amazi</b>	<b>Uvangire ibirungo vyose hamwe mw'isafuriya gushika aho haboneka umutsima. Teka bukebuke n'umuriro muke gushika aho umutsima utandukaniye n'isafuriya. Kura umutsima mw'isafuriya hanyuma uwurekere ahantu mu minota 3. Ongeramwo akarangi k'imfungurwa.</b>
--	--

Urukino – Koresha ingabire kama z'abana no kubanezereza mu gukina inkuru iyariyo yose ya Bibiliya. Reka abana bakine bakoresheje imigenzo yabo ubwabo.

Uruhara rwo gukina – kandi koresha urukino, reka abana babikore berekana ico bokora igihe boba bageze mu bibazo kanaka canke ingorane. Baza, 'n'iki wokora igihe...' Raba neza ko waberetse umurongo wo kugenderako mwihanahana ivyiyumviro kur'ivyo.

Ibipupe-Nimba bihuye n'imico, urashobora gukenera gukora n'iminwe agapupe gasanzwe mu kirato gishaje canke impuzu ishaje. Bikore mu buryo bitabonekana nk'umuntu asanzwe canke igikoko. Gishireko igifungo, imashine, canke amaso yico wakoze, izuru, n'umunwa. Koresha ico gipupe igihe cose mu gufasha kuvuga inkuru canke gutanga insiguro. Raba neza ko wasiguriye abana yuko Atari ibisigabwenge. Reka nabo babikoreshe umwanya n'umwanya kugira bashobore gutahura.

**NI GUTE TWOSENGANA NABARIKO BARONDERA MU NYONGA Z'IMANA**  
**(Gerageza ubigereranye nivyho ukeneye)**

- a. Menya akamaro kuwo mwanya, bishireko umutima no kwemera kurongorwa na Mpwemu Yera
- b. Pfukama, icara canke uhagarare iruhande y'umuntu ugomba gufasha.
- c. Mu gacerere senga kugira urongorwe n'Imana hanyuma, udahagaritse amasengesho yiwe, basengere nawe. Niwe ategerezwa gusenga-uri ngaho kugira umube hafi nkuko Mpwemu Yera akurongora.
- d. Umviriza abariko barasenga kugirango umenyeko bakeneye ubufasha.
- e. Igihe uwusenga yahejeje amasengesho, raba ko afise icemezo ko amasengesho yiwe yishuwe. Ntuzoshobora kumenya isengesho ryiwe atariwe ashatse kubikubwira.
- f. Igihe uwusenga abandaniye gusenga adahagarika, canke ata ntumbero igaragara:
  - i. Bukebuke mubazeko utomufasha. Umaze kuronka uburenganzira,
  - ii. Ibaze igituma yaje gusenga.
  - iii. Muri make mufashe ukoresheje ivyanditswe vyera.
  - iv. Muri kumwe senga amasengesho afise intumbero igaragara no kwizera Imana mu vyo musaba.
  - v. Umaze kurangiza gusenga, raba neza ko afise ivyizigiro ko amasengesho yiwe yishuwe. Atari ukwo, muri make batere intege kugira babandanye bizigira Imana no kugendera mu mucu w'Imana urongorwa nayo. Mwibutseko ari mu kwizera Imana gusa bashobora kunesha no, mu gihe igikorwa kimaze gukorwa muriwe, Mpwemu Yera azovyemeza n'impwemu zabo. Ntibizogaragara mu buryo buboneka ariko n'ivyizigiro ko Mpwemu Yera azoba ariho ari.
- g. Wibuke guha umwungere amazina yabingenzi bese n'icavuye mu masengesho yabo.

# INTANGAMARARA- IKIGABANE I

## YESU ATANGURA IGIKORWA CIWE

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Luka 2:42-52; Matayo 3:1-17; 4:18-22; Mariko 3:13-19; Yohana 1:35-51

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'ikigabane:** *kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n'Imana n'abantu.* (Luka 2:52)

### Intumbero z'ikigabane

#### Iki kigabane kizofasha abana:

- Kumenya intambwe ya mbere y'igikorwa ca Yesu
- Gukura kwabo mu kumenya Imana
- Uravye ukwumvira kwiwe inyuma yo kubatizwa kwiwe
- Kwiga kunzira iboneka Yesu yakoresheje muguhitamwo abigishwa biwe

#### Ivyigwa Bigize Ikigabane:

**Icigwa 1: Yesu Yize Kwumvira**

**Icigwa 2: Yesu Yarabatijwe**

**Icigwa 3: Yesu Yarageragejwe**

**Icigwa 4: Yesu Yahisemwo Abigishwa Biwe**

#### Ni kubera iki abana bakeneye inyigisho z'iki kigabane:

Abana barakeneye kumenya ko Yesu Kristo ariwe karanga nyakuri k'inkuru nyakuri; atari inkuru y'udukino. Ibi vyigwa bizofasha abana kumenya Yesu uhereye hakiri kare ku myaka ya 12. Biciye mu bice vya Bibiliya abana bazotangura kwimenyereza ubwabo:

- Hamwe n'umuhungu akiri muto, Yesu, uwo abantu batangarira kubera ubwenge bwiwe
- Hamwe n'ingene Yesu yakoresha ivyanditswe mu kigeragezo cose satani yazana
- Hamwe n'uburyo butangaje Yesu yahisemwo abigishwa biwe. Yesu ntiyahisemwo abatunzi canke abamenyekana, ariko abantu basanzwe n'abagabo bakengeretse.

**Intumbero y'Icigwa:**

Kwigisha abana ko Yesu yumviye se wiwe Imana, ko nabo bobikora ukwo nyene.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

*“Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52)*

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Igihe tubona abana biruka bakina-rimwe na rimwe dukora amakosa kwiyumvira yuko abana batarakura mu mpwemu nuko badashobora kwiyumvira ibintu bihambaye. Abana barafise ubushobozi bwo gutahura iyisi yacu mu buryo bw’impwemu, rimwe na rimwe bakaturusha twebwe abakuzwe. Dushobora kwiga ivyigwa bijanye no gukura mu mpwemu mugihe dushira ubwo buzima bw’abana bato mu maboko akomeye y’Imana.

Muri iyo nzira ubwenge n’umutima wa Yesu wari nk’uw’umwana, ibiva mu bwenge and n’ibiva mu mitima y’abana bikenera kwuzuzwa ukuri kw’Imana. Mu myaka yabo yambere niyo yerekana inzira abana bawe bazokurikira muri kazoza. Nk’abigisha twagiriwe ubuntu kandi dufise igikorwa co kwereka abana bacu inzira bakwiriye gukurikira.

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho uzokoresha muri iki cigwa. Tegura amafotokopi y’igikorwa kiri k’urupapuro rwa 1A ku bana bawe.
- Wibuke kuraba abaje, wakire amashikanwa, uhe kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’abavyeyi babo muri iyo ndwi yose

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Raba ko abanyeshure bawe bariko barakurikira: Imbere yuko uja mw’ishure, tegura aho utwara (isakoshi canke isakoshi y’urugendo) hanyuma uyishire mw’ishure inyuma aho bese bayibona kugira ngo bagire icyumviro c’urugendo.

Baza abana: “Iyumvire kugendo umwe wese yagize. N’iki watekeye kugira ufate urugendo? Urugendo rwamaze igihe kingana gute? n’ibiki wabonye mu nzira? Wariko uja hehe? Ntanumwe muri mwebwe yoba yatandukanye n’abavyeyi banyu mu gisagara? Mwiyumvise gute? Abavyeyi banyu boba bashoboye kubatora? Mwashoboye gutora abavyeyi banyu? Habaye iki igihe babatora?” raka abana bakubwire ingene vyabagendeye.

“Wiyumvirako Yesu yoba yaratakaye?”

“Reka twumvirize ubu inkuru iryoshe ijanye n’urugendo Yesu yagiranye n’umuryango wiwe:

**Yesu Yize Kwumvira**

Mu nkuru yo muri Luka 2:41-52 turabona Mariya, Yosefu na Yesu w’imyaka 12 batanguye urugendo rurerure ruja I Yerusalemu guhimbaza iminsi mikuru ya pasika. Haheze iminsi mikeya iminsi mikuru irarangira hanyuma abantu bese batangura gusubira iyo baje bava. Bakiriko baragenda, Yosefu na Mariya baraba umwana wabo baramubura. Bose bavugako batigeze babona Yesu. Yosefu na Mariya bafata ingingo yo gusubira I Yerusalemu kurondera Yesu. Baca basanga Yesu yicaranye n’abigisha b’ivyagezwe mw’ishengero. Bose baratangazwa n’ubwenge n’inyishu za Yesu.

(Mwigisha-iyumvire uburyo wofasha abana bawe gushushanya mu bwenge ivyariko biraba kuri uwo mwana w’imyaka 12 yicaranye n’abigisha b’ivyagezwe.)

Nk’abavyeyi Yosefu na Mariya barerekanye kobabaye igihe batora umuhungu wabo. Mariya yavuze ati, “Yesu, kubera iki utasubiranye inyuma natwe? Igihe twakubura twahagaritse umutima cane no kukurondera hose!”

Yesu yaratangaye. “Kubera iki mwariko murandondera?” yarabajije. “Ntimwari muzi ko ntegerezwa kuba munzu kwa Data?” (Luka 2:49) Yosefu na Mariya ntibashoboye gutahura ivyo Yesu yariko aravuga. Bakiriko barabaza Yesu asubirana inyuma n’abavyeyi biwe I Nazareti aho yaba abumvira, ukwo yabandanya kwegereza inkomezi mu migenderanire yiwe na Data wo mw’ijuru. “kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52) bitwibutsa ko Yesu yateye imbere nk’umwana-mu buryo bw’umubiri, bw’ubwenge, yarakuze kandi “mu gikundiro c’Imana n’abantu.” Turazi neza ko ku myaka 12 Yesu yatahuye akamaro k’imigenderanire yiwe n’Imana. Icigwa dukuyemwo nk’imiyabaga nuko twari gufasha Yesu kwizera uwamurungitse gushitsa umugambi wiwe wo gukiza isi yose.

## Igikorwa

### Reka Dufate Urugendo!

- Jana abana batembere inyuma y’ishengero.
- Bashitse mu kibanza kiri hafi abana ni bicare hanyuma bumvirize. “Yesu n’umuryango wiwe nabo nyene barafashe urugendo, kuva I Nazareti baja I Yerusalemu. Urugendo rwacu rwafashe iminota mikeya gusa, ariko bobo rwabafashe iminsi Atari mike.”
- Bacuguriye Bibiliya zabo, subiramwo inkuru yo muri Luka 2:41-52, ariko mu majambo yawe.
- Urangije inkuru subira inyuma hamwe n’abana mu nyigisho zateguwe.

(Mu ntango wari wasavye mu mpisho umwana umwe kuguma mu kibanza aho wavugiye inkuru ukwo abandi baja barashika mu kibanza c’inyigisho hamwe nawewe.)

- Abanyeshure bagarutse baza, “Mwese muri ngaha?” Raba hose mu cumba hanyuma uharure abana bahari. Iyo wiyumviye atangaye ko hariho uwoba abuze. “Ninde abuze? Yoo, \_\_\_\_\_ niwe abuze. Utegerezwa gusubirayo kumurondera.”
- Ukwo usaba umugwi kuja kumurondera uwo mwana nimuze muzananye. “\_\_\_\_\_ yagumye inyuma ntiyigeze agarukana natwe. Iyumvire ku bavyeyi ba Yesu ukwo biyumvise igihe bamenyako Yesu Atari kumwe nabo. Mbega Yesu yababwiye gute igihe bamusanga m’urusengeru? (“Ntimwari muzi ko ntegerezwa kuba mu gikorwa ca Data?”). n’igihe yarakiri umwana, Yesu yipfuzaga kuba mu migenderanire myiza n’Imana, Papa wiwe wo mw’ijuru? (...mu gusoma amabibiliya yacu, mu gusenga Imana, mu kwumviriza ivyo abavyeyi bacu, abapasitori, n’abigisha bavugaga ivy’Imana no kubumvira.)
- Nuhe abana impapuro zabo z’igikorwa k’urupapuro 1A. Andika canke ucape ikintu woshobora gukora kugira ube hafi y’Imana. Sigura izo foto canke ukuri wizemwo.

## Gufata ku mutwe

“Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52)

Uzokenera umupira canke ikintu gishobora gupompeka. Gabura abanyeshure mu migwi ibiri. Hagarara canke wicare, umugwi umwe urabane n’uwundi, hereza umupira umwana wa mbere umwe muri ya migwi ibiri. Uwo mwana azovuga ijamba rya mbere ryo muri wa murongo (nk’akarorero: “Na”). hanyuma ategerezwa guterera umupira umwana wa mbere wo m’uwundi mugwi, aca avuga ijamba rikurikira (“Yesu”). Umupira uzobandanya kugenda uva kumwanya uja kuw’uwundi, ukwo ugenda uzunguruka, gushika aho bese bavugiye ijamba ryo muri uwo murongo. Bahejeje kuwuvuga, ushizemwo naho bawusanga, tangura kuntango. Mu gusubiramwo, abana bazobandanya kwiga gufata ku mutwe umurongo.

## Kurangiza

Sengana n’abana. Saba umwami abafashe kwubaha no kuba hafi y’Imana, nkuko Yesu yarari. Nimbi hariho abana bagendeye mu kutumvira Imana canke abavyeyi babo, fata umwanya wo kubasengera. Ushobora gufadhikanya nayandi mazina y’abana bakeneye gusengerwa. Batere intege mu gusengeranira no kubwirana ino munsu inkuru za Bibiliya abavyeyi babo, ababegereye n’abagenzi. Muri icyo nzira, benshi bazokwiga kumenya Yesu n’ingene yumvira abavyeyi biwe. Ha ikaze abana kugaruka kuw’Imana ukurikira.




## Igikorwa 1

### YESU YIZE KWUMVIRA

**Ivyanditswe:** Luka 2:41-52

**Intumbero y'Icigwa:** kwigisha abana ko Yesu yumviye umuyeyi wiwe Imana, hanyuma ko bakeneye gukora nkuko.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52)



Ni gute no kwumvira Imana?

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenyako Yesu ari umwana w'Imana, no gutahura ko umubatizo wiwe werekana ko yaje kudukiza ivyaha

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

*“Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n'Imana n'abantu.”* (Luka 2:52)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Nubwo wibazako abana ari bato, nivyankenerwa cane kwemeza ugukura kwabo mu mpwemu. Nubwo biyumvirako bakunda kandi bakorera Imana, bashobora kuba badatanga ibishingantahe nk'abavyeyi babo canke abandi bakuze bo mw'ishengero. Uruhara rwabo mu gukura muri mpwemu biza biciye mu kwihweza ubugenzi buri hagati yabo n'abantu bakuze babegereye n'Imana. Reka tugerageze kwiyumvira ukwo umwana afata Imana hanyuma tubahe akaryo ko kwumviriza no kuvuga urukundo rw'Imana n'ubuntu bwayo.

Gutegura hakiri kare ibikoresho vyose vy'inyigisho uzokoresha muri iki cigwa

Wibuke guhamagara abaje, kwakira amashikanwa, kwakira abashitsi no kubaza amakuru y'imiryango yabo, no kuzobavugisha hagati mu ndwi.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Wirinde gufata: imbere yo gutangura-andika urudome rwose rw'ijambo “B-A-P-T-I-S-M” mu gutandukanya izo ndome (ushobora gupfukisha izo ndome n'agatambara canke akandi gapfukisho hanyuma uzimanike kukintu). Uri mw'ishure-gerageza uvange izo ndome hanyuma uzihereze abana. Uvuge: bisokorore bifise insiguro itangaje. Nimba ufise urudome ruhuye n'ivyo ugiye gutanga, rumanike hejuru:

+Urudome rwa mbere n'urudome rugira kabiri rw'indome zindagi (B)

+Urudome rwa kabiri n'urudome rwa mbere rw'indome zindagi. (A)

+Urudome rugira gatatu n'urudome ruza imbere ya Q. (P)

+Urudome rugira kane n'izina ry'ico kunywa gikanye canke ico kunywa gishushe. (T)

+Urudome rugira gatanu n'urudome ruvuga rufise akadomo. (I)

+Urudome rugira gatandatu rusa n'inzoka. (S)

+Urudome rwa nyuma rufise imisozi ibiri. (M)

\* Baza abana: n'irihe jambo dukura muri izi ndome? (Baptism=Umubatizo)

Vuga: Umubatizo wariho kandi n'inzira yerekanako wihanye ivyaha vyawe. Urerekana kandi ko wahisemwo kubaho kubw'Imana. Igihe Yohana umubatizi yigisha, yabwiye abantu ko bakeneye kwihana no kubatizwa.

“Mbega woba warabatijwe?”

Reka twumvirize ubu inkuru iryoshe y'umuntu yabatijwe.

(Mwigisha, kugira ngo ugire inkuru iryoshe agapurizo kerekana Alberto.)

Gute, nitwa Alberto. Ngiye kubabwira umuntu mutazi izina ryiwe ni Yohana. Abantu bamwe batubwiyeko Yohana yigishiriza hakurya y'uruzi yorodani. Mama na jewe dufata ingingo yo kuja kuraba ubwacu.

Yohana yijishira impuzu zivuye mu bwoya bw'ingamiya. Umuntu umwe yavuzeko yarya ubuki n'inzige. Ikindi! Yohana yabwira abantu, "Mwihane-muhindikire muve mu vyaha vyanyu hanyuma musabe Imana ibababarire." Abantu bagendera ku mazi hanyuma Yohana bukebuke akabasuka mu mazi. Mama yambariyeko ivyo bavyita "umubatizo" ninaco gituma abantu bamwita "Yohana umubatizi". Twari twicaye ku bitandara turaba igihe umugwi w'Abafarisayo nabo baza kuraba Yohana. Mama yambariyeko Abafarisayo bari abarongozi bacu bakomeye mu vy'Imana. Yohana nawe abona Abafarisayo baje; yabise abana b'inzoka!

Yohana umubatizi yavuze ikintu kidasanzwe; yavuze ku wundi muntu azoza, umuntu afise ubushobozi buhambaye cane! Yohana yavuzeko atabereye no gupfungura utuguzi tw'ibirato vyawe. Yohana aha yariko avuga nde? Atawuzi iyo aje ava uyu muntu asanzwe yiyoroheje atambuka aja aho Yohana ari muruzi. Yohana yaratangaye kumubona. Uwundi muntu aratangara, "uwo ni Yesu! Agomba kubatizwa!"

Yohana abwira Yesu ati, "nkeneye kubatizwa nawe, ni gute woja iwanje ngo ndakubatize?"

Yesu aringinga Yohana ngo amubatize hanyuma Yohana ajana Yesu mu ruzi. Yohana yibika bukebuke Yesu hasi mu mazi. Igihe Yesu yiburuka avayo ikintu kidasanzwe carakoretse; ijuru ryarugurutse hanyuma mpwemu w'Imana aza kuri Yesu ari mw'ishusho y'inuma. Twumva ijwi rivuye mw'ijuru riti, "uyu n'umwana wanjye nkunda; uwo nishimira cane."

Vyari bigoye cane kwizera ivyo twumvise kandi tukabona. Twasubiye muhira dutangajwe n'ivyabaye uwo muni!

### Igikorwa

- N'iki Yohana yabwiye Yesu? (nkeneye kubatizwa na wewe.)
- Habaye iki igihe Yesu yava mu mazi? (Mpwemu Yera yaje kuri Yesu mw'ishusho y'inuma hanyuma ijwi ry'Imana rirumvikana.)
- Kubera iki wiyumvirako umubatizo wa Yesu wari ngirakamaro? (kubera ko yerekanye urukundo kubanyavyaha nuko yaje kubafasha.)
- Ni gute twokwereka ishimwe ryacu Yesu mukuza kuducungura? (mu gukunda Imana, mu gukora ivyo yipfuzako dukora, kwakira Yesu nk'umukiza wacu.)

### Gufata ku mutwe

*"Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n'Imana n'abantu."* (Luka 2:52)

Uzoba ukeneye udukarata tubiri 2 turiko amajambo y'uwo murongo (akarorero "kandi"). Nyegeza utwo dukarata mu bibanza bitandukanye aho abana badashobora kutubona nk'akarorero "Yesu" inyuma y'umuryango hanyuma akandi gakarata "Yesu" kw'idirisha. Gabura abanyeshure mu migwi ibiri. Abana barondere ijambo ry'uwo murongo hanyuma bace barondera urutonde rwayo majambo kuva ku murongo wa mbere gushitsa kuwa nyuma ushizemwo naho tuyasanga. Umugwi wa mbere urarondera hanyuma ugatondeka imirongo yose yo kudukarata no gusoma be no gusubiramwo umurongo. Abana bazokwiga gufata ku mutwe umurongo.

### Kurangiza

Sengana n'abana. Saba umwami kubafasha gushimira Yesu yemeye kutubera umukiza. Nimba hariho abana bipfuzaga kugaruka kuri Yesu, tegura umwanya wo kubasengera. Tora udukarata turiko amazina y'abana bipfuzaga gusengerwa kuri iki canke kiriya. Batere intege zo gusengeranira no kuvugana inkuru za Bibiliya zuno muni hamwe n'abavyeyi babo, abo babana n'abagenzi. Muri iyo nzira, benshi bazokwiga kumenya Yesu n'ingene yaje kudukiza ivyaha. Ha ikaze abana kuzogaruka kuw'Imana ikurikira.

## Igikorwa 2

### YESU YARABATIJWE

Ivyanditswe: Matayo 3:1-17

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu ari umwana w'Imana. Yaje kudukiza ivyaha vyacu.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** *“kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n'Imana n'abantu.”* (Luka 2:52)

**“Buno rer'ijwi riva mw'ijuru, rit'uyu ni we mwana wanje nkunda, akampimbara.”** (Matayo 3:17)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu yarafise guhitamwo kwumvira Imana canke Satani. Natwe turafise uburenganzira bwo gufata izo ngingo.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

*“Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52)*

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana barakeneye kumenya ko ingingo zimwe zimwe usanga ari mbi. Ingingo yo kutumvira Imana yama ari mbi ibihe vyose. Satani ashobora kutugerageza ngo tuve mu kwumvira Imana. Imana iratuzi kandi iradukunda. Twama twumva tuguwe neza mu gusaba Imana idufashe igihe cose tugeragejwe.

Uru rutonde rw’ivigwa kubijanye n’ubuzima bwa Yesu bazorongora abana ku Mana. N’akarorero kacu ko kwumvira no kwiyegegurira umuremyi wacu.

- Gutegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho uzokoresha muri iki cigwa.
- Wibuke kwandika abatonze, wakire amashikanwa, kwakira abashitsi no kwegeranya inkuru zijanye n’imiryango yabo mu ndwi.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Wirinde gufata-imbere yo gutangura ishure andika urudome rwose rw’iri jambo “T-E-M-P-T-A-T-I-O-N” kudukarata dutandukanye. Gerageza gukina amakarata mu rutonde rwayo no kuja urahindura kuburyo atawushobora kubona ibiriko. Andika insiguro kuyindi karata. Mw’ishure vuga: “Uno muni turaja kwiga ijamba rishasha. Ndajya kubabaza ibibazo bitandukanye, uwujya kwishura neza ibibazo aca ahindukiza aya makarata.”

- Baza abana: *Mbega murashobora kwumvira abavyeyi banyu? N’ivyiza kubesha? Ni sawa kunywa ikintu Atari icawe? Ni vyiza gukubita musaza wawe canke mushiki wawe? Ni vyiza kurabira kuri mugenzi wawe uriko ukora akabazo canke uri mu kibazo?*

Ninde yotubwira insiguro yiri jambo? “kugeragezwa”

Kugeragezwa n’iki? “Kugeragezwa ni ukwipfuzwa gukora ikintu kidahimbara Imana.”

Vuga: twese duca mu mageragezwa. Ibihe vyinshi, dutegerezwa guhitamwo hagati y’ivyiza n’ibibi. Uno muni tuja kuvuga k’umuntu yacye mu mageragezwa; Yesu. Reka turabeko yafashe ingingo nziza:

Nuhe urupapuro umwana wese n’ikaramu y’igiti:

- Zinga urupapuro rimwe
- Ugurura urupapuro hanyuma wongere uruzingira murundi ruhande runyuranye. (urupapuro ruzoba rufise ibice bine bingana).
- Andika ibitigiri kuva kuri 1 gushika kuri 4 kuri ivyo bice

Ukwo ugenda uravugira inkuru y’umuni, ja urahagarara urangije igice kimwe kugira abana bacape ifoto isanzwe ivuga ivyo barimwo.

***Ikigeragezo kigoye kuri Yesu (Matayo 4:1-11)***

**Ivyabaye incuro ya 1**

Yesu ahejeje kubatizwa na Yohana mpwemu w’Imana yaciye amujana mu bugaragwa. Mu nteguro y’igikorwa Imana yateguyeko Yesu akora, Yesu yarakeneye kumenya ibijanye no kugeragezwa kutumvira papa wiwe wo mw’ijuru. Mu minsi 40 n’amajoro 40 Yesu ntakintu na kimwe yariye.

Umurwanizi yamubwiye, “Nimba uri umwana w’Imana, tegeka aya mabuye ahinduke umukate.” Yesu yarashonje cane, ariko yishura umurwanizi ati, “Umuntu ntashwaho n’umutsima gusa ariko n’ijambo ryose riva mu kanwa k’Imana.”

(UMWANYA WO GUCAPA)

### **Ivyabaye incuro ya 2**

Umurwanizi amujana mu gisagara c’I Yerusalemu. Satani amujana hejuru y’ingoro hanyuma atangura kumugerageza ubundi, avuga ati, “Nimba uri umwana w’Imana, niwikororere hasi. Ijambo ry’Imana rivugako azokuragiza abamarayika biwe bakurinde ntugwe.”

Yesu amwishura akoresheje amajambo ari mu Gusubira mu Vyagezwe 6:16: “Biranditswe kandi, ntukagerageze Umwami Imana yawe.”

(UMWANYA WO GUCAPA)

### **Ivyabaye incuro ya 3**

Umurwanizi afata Yesu amujana hejuru y’umusozi muremure. Ari aho hantu Yesu yashobora kubona ku birometero vyinshi. Umurwanizi amubwira ati, “Ndaguha ubwami bwose bwo mw’isi niwapfukama ukansenga.”

Yesu yamwishuye ati, “Mva iruhande! Vyanditswe ngo usenge Imana yo nsa. Dutegerezwa gupfukama no gukorera yonyene.”

(UMWANYA WO GUCAPA)

### **Ivyabaye incuro ya 4**

Umurwanizi aca aragenda hanyuma abamarayika baca baza gukorera Yesu. Yarahejeje kunesha ivyo bigeragezo vyose vyari bikomeye. Igihe cose umurwanizi yagerageje kugerageza Yesu, yahitamwo kwumvira Imana!

(UMWANYA WO GUCAPA)

“Umuntu wese akeneye gusubiramwo inkuru, mwobitwereka mugucapa?”

## **Igikorwa**

### **Agakino ko kugeragezwa**

Andika ibijanye no kwumvira dusanga mu mabwirizwa cumi y’Imana ku makarata.

Uburorero: *Ntituka beshe. Ntitukice. Twubahirize isabato nk’umunsi wera. Twubahe abapapa n’abamama bacu. Ntitukibe.*

Gabura abanyeshure mu migwi ibiri.

Umugwi A uratora ikarata hanyuma asome ibwirizwa riri kuri iyo karata.

Umugwi B wiyumvira ibintu vyagerageje umugwi A gukora ivyo bavuze ko bakoze canke batakoze. Umugwi A wiyumvira inzira zobafasha kunesha ivyo bigeragezo.

Hindura umugwi wabaye A.

## **Gufata ku mutwe**

“kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” Abana bumvirize neza hanyuma baharure igitigiri c’amajambo ari mu murongo w’uno munsi wo gufata ku mutwe.

Soma umurongo w’ivyanditswe bukebuke wisunge kubitandukanya ijambo. Soma umurongo ubugira kabiri kugira bose bashobore guharura ijambo ryabo. Umviriza abana batandukanye bariko baharura ijambo ryabo.

Umaze kuronka inyishu zitandukanye subiramwo vyose. Kora imyimenyerezo ibafasha bose gufata ku mutwe umurongo wo muri Bibiliya.

## **Kurangiza**

Baza abana ko badafise imitwaro yo gusengera. Sengera iyo mitwaro hanyuma n’abanyeshure bawe, saba Imana ibafashe kunesha ibibagerageza nkuko Yesu yabikoze. Batere intege zo kugaruka mw’ishure kuw’Imana ukurikira no kubwira abandi inkuru bumvise uyu munsi.


## Igikorwa 3

### YESU YARAGERAGEJWE

Ivyanditswe: Matayo 4:1-11

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu yabwirizwa guhitamwo hagati yo kwumvira Imana canke satani. Natwe dutegerezwa gufata ingingo.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52)



1. \_\_\_\_\_ nikintu gituma dushaka kutumvira Imana. Bituma twumva umengo kutumvira Imana ari vyiza canke ko bimeze neza.

2. \_\_\_\_\_ izina rya Yesu n'igitangaza. Igihe tumenye Yesu, tumenya ico Imana iri nivyo ikeneye.

3. \_\_\_\_\_ niwo munezero tugira iyo Imana ihariye ivyaha vyacu no kuduhuza nayo. Dushobora kugira amahoro n'igihe ibintu bibi bidushitseko.

4. \_\_\_\_\_ n'irindi zina ryigitangaza rya Yesu. Iri zina risigura ko Yesu ari “uwatoranijwe n’Imana”. Imana yatoranije Yesu kuba umukiza wacu.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu yategerezwa guhitamwo hagati yo kwumvira Imana canke satani.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

*“Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.”* (Luka 2:52)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Turizerako abana badashobora gukora vyinshi kubwa Yesu kuberako bakiri bato cane. Hari inzira nyinshi zotuma abana bafasha Yesu. Iki cigwa gifasha abana gutangura gutahura insiguro yo kuba umwigishwa wa Yesu no kwiyumvira inzira zo gufasha igikorwa c’Imana uno munsu.

- Gutegura imbere y’igihe ibikoresho vyose uzokoresha muri iki cigwa
- Wibuke kuraba abaje, gutoza amashikanwa, kwakira abashitsi no kwegeranya inkuru zijanye n’imiryango yabo muri iyo ndwi,
- Gira muri make isuzuma ry’ivyigwa bitatu vyarangiye no kubaza abanyeshure bawe gutanga uburorero bw’ingene babaye abizigirwa ku Mana.

Raba ko abana bariko barakurikira:

**Imbere y’uko ishure ritangura:** kur’urupapuro rukomeye/ikarata capa ibikorera ku kiyaga, ku musenyi no n’ubwato bumwe bumwe. Iyumvire kuburorero biciye muri kahise k’ingene Imana yagiye irakoresha abana mu kuzana abavyeyi babo kuri Kristo. Bwira abana bawe uburorero uzi canke usabe umwungere agendere ishure ryawe kugira ngo avuge inkuru y’ingene abana bagiye barafasha kuzana abantu kuri Yesu. Izo nkuru zizotera intege abana bawe.

**Baza:** Ni ryari duhabwa amategeko? (kw’Ishure, gukaraba, kugura ibintu, igihe hari ibintu vyashizwe hamwe, n’ibindi) reka turabe ingene twokwumviriza neza no gukurikiza amategeko:

SIMONI AVUZE

**Ati:** Abana, kurikiza amategeko yanje igihe mvuze gusa ngo SIMONI AVUZE!

“SIMONI AVUZE duga hanyuma manuka.” Mwese, nawewe urimwo, duga hanyuma manuka.

“SIMONI AVUZE koma amashi yanyu.” Mwese, nawewe urimwo, koma amashi yanyu.

“SIMONI AVUZE hagarara ku maguru yanyu.” Mwese, nawewe urimwo, hagarara ku maguru yanyu.

- Bandanya usubiramwo amategeko atandukanye, uagenda kandi cane

**Ati:** “Kubita ku nda yawe.” (Uyu mwanya ntuvuge Simoni avuze.) inda yawe yikubite. Abana bose bakubita ku nda zabo baca basohoka kubera ko utavuze uti SIMONI AVUZE.

**Baza:** N’iki utegerezwa gukora kugira ngo utsinde uyu mukino: (Wumviriza amategeko hanyuma ugakora ivyo Simoni akubariye gusa.) niv’ingirakimazi cane gukurikiza amategeko.

## Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya

Gira ibicapo ca Yesu, Petero, izindi ntumwa n’abamwe mu bana. Shira ivyo bicapo mu bibanza bikwiriye mu kiyaga/ku musenyi wateguye.

Inkuru y’uno munsu itubwira abantu bumvirije hanyuma bakurikiza amategeko:

Umunsu umwe ariko aragenda ku musenyi wo ku kiyaga c’igalile Yesu ahabona abarovy. Bitwa Simoni Petero na murumunawe, Andereya. Bari mu kiyaga hagati, baterera insenga zabo ngo barobe. Yesu arabahamagara. “Ingo munkurikire nanje nzobagira abarovy babantu.”

Petero na Andereya baca bararabana, baraba insenga zabo, bakurikira amategeko ya Yesu, baca basiga vyose baramukurikira. Bariko barajana na Yesu ku nkengera z'ikiyaga, babona babiri mu bagenzi babo, Yakobo na Yohana, bicaye iruhande y'ubwato bwabo, bariko bajisha insenga zabo.

Yesu arabaraba hanyuma avuga ati, “Nkurikira hanyuma mwigere kuroba abantu.” Ni ngoga na ningoga, Yakobo na Yohana barahaguruka, bakurikira amategeko Yesu yabahaye, bava mu bwato baca bakurikira Yesu.

Haheze iminsi mikeya Yesu afata ingingo yo kuva I Galilaya. Aca abona Filipino yaba mu gisagara kimwe na Petero na Andereya. Yesu ahamagara Filipino nawe ngo amukurikire. Filipino nawe abona Natanayeli umugenzi wiwe, “Utegerezwa kuza no guhura n'uwundi. Izina ryiwe ni Yesu w'I Nazareti. N'umukiza yasezeranywe, uwo Mose n'abavugishwa banditse.”

“Wavuzeko ava I Nazareti?” Natanayeli arabaza. “Hari iciza cova I Nazareti?”

“Ingo wirabire,” Filipino arishura.

Natanayeli aca ajana na Filipino. Yesu ababonye baje, aravuga ati, “Ng'uyu umwisirayeli w'ukuri atarimwo ubugunge!”

Natanayeli yaratangaye cane, “Unzi hehe none jewe?”

“Nakubonye ukiri muni y'igiti, imbere y'uko Filipino aguhamagara,” Yesu arishura.

Natanayeli aca aratangara gose gusumba. Aca amenya Yesu Atari umuntu asanzwe.” Mwigisha, uri umwana w'Imana! Uri umwami w'abisirayeli!” aratura.

Yesu aramuraba. “Wijejwe n'uko navuzeko nakubonye muni y'igiti? Uzobona ibihambaye cane kurusha ivyo!” Yesu n'abamukurikiye baca muri ako karere. Umuni umwe Yesu yurira umusozi. Ahamagara abagenzi biwe ngo bajane nawe hanyuma aravuga, “Muzoba abigishwa banje. Ndagombako mugumana nanje no kwiga gukurikira amategeko yanje.”

Amazina yabo bigishwa 12 bari Simoni Petero, Andereya, Yakobo, Yohana, Filipino, Barutimayo, Toma, Matayo, Yakobo mwene Alufayo, Tadeyo, Simony w'Iziroti na Yuda Isikariyoti.

Ririmba: Bari abigishwa 12

*Bari abigishwa cumini a babiri abo Yesu yahamagaye ngo bamufashe:*

*Simony petero, Andereya, Yakobo, umuvukanyi wiwe Yohana,*

*Filipo, Toma, Matayo, Yakobo mwene alufayo,*

*Tadeyo, Simoni, Yuda na Barutelemayo.*

*Yaraduhamagaye natwe. Yaraguhamagaye nawe*

*Turi abigishwa biwe; ndumwe muribo nawewe!*

*Yaraduhamagaye natwe. Yaraduhamagaye natwe.*

*Turi abigishwa biwe; ndumwe muribo nawewe!*

**Vuga:** Abo 12 baje kuri Yesu kuba abafasha badasanzwe. Bagendanye na Yesu no ku mufasha mu gikorwa ciwe hano kw'isi. Bitwa “abigishwa”. Uno muni Yesu arakeneye abamufasha (abigishwa) kugira ngo bamukurikire, bigire kuri we, kumwumvira no kumukorera. Urashobora kuba umwe mu bigishwa ba Yesu!

### Igikorwa

**Saba:** Abana, muranyemereye ko muja gukora iri sezerano: \_\_\_\_\_ nyemerera ko mugiyeye *kwumvira no gukora igikorwa c'Imana.* (izina ry'umwana)

Bimeze ukwo, wifate nk'umwigishwa wa Yesu. Capa hanyuma ukate ifoto yawe, hariko n'izina ryawe hejuru kuriyo (cokimwe n'amafoto wagize ubwambere ya Yesu n'abigishwa biwe).

### Gufata ku mutwe

“Kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n'Imana n'abantu.” (Luka 2:52)

Saba abana basubiremwo umurongo wo gufata ku mutwe ukwo bagenda ku kiyaga/ku musenyi. Shira amafoto n'amazina yabo hasi hamwe na Yesu n'abigishwa biwe.

### Kurangiza

Ubugira kandi, tanga ikaze yo gukurikira Yesu. Nimbi abana bipfuzwa kuba abigishwa ba Yesu basabe gushira ifoto zabo hafi yiz'abigishwa bakurikiye Yesu.

## Igikorwa 4

### YESU YAHISEMWO ABIGISHWA BIWE

**Ivyanditswe:** Matayo 4:18-22; Mariko 3:13-19; Yohana 1:35-51.

**Intumbero y'Icigwa:** Gufasha abanyeshure kumenya Yesu n'uguhitamwo hagati yo kwumvira Imana canke satani. Dutegerezwa kandi gufata iyo ngingo.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “kandi Yesu agwiza ubwenge no gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.” (Luka 2:52)

1. Raba amajambo ari mu GASEKE k'AMAJAMBO.
2. Raba amajambo mw'ijambo urondera. Ashobora kuba ari mu maduga canke mu makika.
3. Uzuza ahagaragara n'umurongo wa Bibiliya. Hanyuma mufate ku mutwe Matayo 4:19 hamwe n'umugenzi.

Ibanki  
y'isi

people  
come  
send  
fish  
me  
out

F M C R T Y U P I T O G F  
R I O Q P E O P L E U M N  
W J M C M B R E S Y T X Z  
S K E W E N N R Y P R R W  
E M A Q A S D I F D E J I  
P N P K C H F I S H E S P  
D B R Y U I O P H H M E E

“ \_ \_ \_ ,gukurikira\_ , Yesu

aravuga, `kandi nzo \_ \_ \_ izo \_ \_

nawe \_ \_ kubera \_ \_ \_ \_ ' ”

Matayo 4:19 |

# INTANGAMARARA - IKIGABANE II

## YESU YASHIZEHO ITANDUKANIRO

---

**Imirongo yo muri Bibiliya:** Mariko 1:40-44; 2:13-16; 14:66-72; Yohana 21:1-29

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe w'ikigabane:** “Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!” (2 Ab’I korinto 5:17)

**Intumbero y’ikigabane**

**Iki kigabane kizodufasha:**

- Gutahura yuko iyo twemeye Yesu ntidusubira kumera ukwo twari turi imbere
- Kwemerera Kristo ngo aturongore kugira ntidusubire gucumura
- Kumenya ko ubu turi abakurikira uwukomeye, ariko dukunda Imana.
- Kwizera Umwami ko ashobora no guhindura umunyavyaha ruhebwa n’umuntu mubi.

**Ivyigwa biri mu kigabane**

**Icigwa 5:** Yesu Yakijije Umunyamibembe

**Icigwa 6:** Yesu Yahinduye Matayo

**Icigwa 7:** Yesu arakunda Abana

**Icigwa 8:** Yesu Yababariye Petero

Birashobora kuba bigoye cane ko abana batahura ijamba “icaha”.

Ariko, abana bariga kumenya igihe umuntu akoze ibintu vyiza canke ibintu bibi. Muri iki kigabane tuzoshobora kubona akamaro kazanwa no kudacumura. Bishobora kugora abana gutahura ijamba “icaha”.

Ariko, abana bashobora kwiga kumenya ko umuntu akoze ikintu ciza canke ikintu kibi.

Muri kino kigabane tuzoshobora kubona inyungu ziva mu kudacumura. Tuzobona ko Yesu ashobora kudufasha kugira ngo ntiducumure.

Imbere y’uko twemerera Kristo kuza mu mitima yacu twari muni y’ubutware bw’umurwanizi (ubwami bw’umwiza) kandi twakunda gucumura; nko kubesha, kwiba, kuvuga majamba mabi, kwankana, n’ibindi.

Dushobora gutahura yuko iyo Imana iduhaye umushasha, umutima wihanye dutandukanye. Ntituba tugishaka gucumura kandi.

## Intumbero y'Icigwa:

Gufasha abanyeshure gutahura ko Yesu akunda abantu bintabwa. Yitwararika ivyo dukenera.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!”  
(2 Ab’I korinto 5:17)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana baritegereza ingeso zo muhira, kw’ishure, kw’ishengero, hanyuma bagatangura kuzibamwo mu vyo bakora no mu nyifato zabo. Inkuru ya Yesu akiza umunyamibembe n’icigwa gihambaye gishoboza abanyeshure bawe gutahura impuhwe no kubarongora kwitaho abatishoboye.

- Tegura ibikoresho uzokoresha muri kino cigwa
- Wibuke guhamagara abaje, wakire amashikanwa, kwakira bashitsi, no kwegeranya inkuru zijanye n’abavyeyi babo aho baba muri iyo ndwi.
- Gira isubiramwo ry’ivyigwa bitatu vyarangiye no gusaba abanyeshure bawe gutanga uburorero bw’ingene babaye abizigirwa ku Mana.

**Imbere y’uko Ishure Itangura:** Tegura inkuru zanditswe n’ibinyamakuru vya “abantu batandukanye”: abana n’abakuze bagwaye baryanye mu bitanda, mu dukinga twabagwaye, abana bambaye amarori canke bimpumyi bagendana inkoni, umuntu wese yerekana “icakeneye kidasanzwe.”

**Mw’ishure:** Erekanaga canke ukoreshe inkoni werekana ifoto hanyuma ubaze: n’iki ubona kw’ifoto? Wokwiyumva gute hamwe yoba ari wewe, wicaye mu gakinga k’abagwayi canke uryanye mu gitanda c’abagwayi? Yesu yoba akunda uwo muntu? Yesu yoshobora guhitamwo gukiza uwo muntu? Hagarara ku bushobozi bwo gukiza kw’Imana. Vuga kukungene abo bantu bagira umubabaro urengeje igihe tubirengagije canke iyo turiko turabakinisha. Vuga: reka dusabe umwami adufashe abashikaneko imbabazi ziwe; kugira ngo tubwire aba bantu y’uko Yesu ari Imana y’urukundo kandi ko bakundwa nayo.

## Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya

**Imbere y’uko ishure itangura:** zingamwo kubiri agapapuro hanyuma ukoresheje utuburungu umutima.

**Mw’ishure:** saba abana bakate ya shusho y’umutima bacishije hamwe hari utuburungu. Umwana agakoresheje uburembo afatanye umutima wakatagawe. Bahejeje ako kagenegene, babaze: umutima wereka iki? (Urukundo) tuzokoresha umutima mu nsiguro y’icigwa c’uno muni. Uzoca uduza umutima igihe cose uzokwumva ko Yesu yerekanye urukundo k’umuntu.

**Yesu Akiza Umunyamibembe**

“Ndahumanye, ndahumanye!” yama asemerera iminsi yose uyu muntu ababaye kandi agwaye. Yama yicaye kunzira araba abantu banezerewe kandi bameze neza baca aho hantu. Abarongozi bo muri ico gisagara bari barashizeho itegeko ribwiriza umunyamibembe kwama asemerera ati “ndahumanye” kugira ntihagire umuntu numwe yegera hafi yabo no kugira ntibabanduze iyo ngwara. Umuntu yanduye ntiyari yemerewe kwinjira mu nzu nimwe canke kwegera abandi bantu. Impuzu ziwe zaba zitabutse kandi zicafuye. Muriyumvira ingene yarafise ingorane zo kuronka ibifungurwa! Kandi n’ibiguma vyari ku mubiri wiwe, vyaramubabaza cane kandi akiyaga. Abantu bamutuma urutoko kandi bakiruka bamuhunga. uwo muntu yasa n’uwatwawe wenyene. Iminsi yose yama muri vyabindi. Umunsi umwe ariko arasemerera nkuko yamenyereye, “ndahumanye, ndahumanye!” mu kuburira abantu kugira ntibamwegere, umunyamibembe abona umuntu atari bwigere abona imbere. “birashoboka?” yiyumvira anezerewe. “Yoba ari Yesu namye numva, uwo numvise bavugako ashobora gukiza ingwara zose? Ndiko ndapfa nishwe n’uyu mubembe, ngira ngo uwo mugabo arashobora kumfasha.”

Uwo muntu yegera Yesu amutakambira kubirenge vyawe, “Niwashaka ko mpumanuka, urashobora kubikora.” Yesu araba wamugwayi apfukamye ku birenge vyawe. Yaramukunze hanyuma aca aramufasha. Yesu aduza ukuboko kwiye hanyuma akora kuri wa mugabo avuga ati, “ndabikunze...humanuka.” Uwo mugabo aca ahaguruka yakize! Intivyari bikiri indoto. Ivyo abantu bavuze asanga nivyoye. Uwegera Yesu wese araronka gukira, guharirwa, imbabazi n’ivyizigiro. “Ooo urakoze Yesu!” uwo mugabo aravugaga. Aravye ku maboko yiye n’amano, vyari vyuzuyeko inguma ubwambere, ubu vyari bisigaye vyera kandi bimeze neza. Umubiri wiye wahindutse mushasha. Uwo mugabo yuzuye umunezero aravugaga ati, “Ndashimye kandi ndanezerewe. Ngomba kwihuta kugira ngo mbwire abantu bese ivyambayeko!”

Ariko Yesu aramubarira ati, “raba, ntihagire uwo ubwira ikintu nakimwe. Ariko genda, wiyereke abaherezi hanyuma utange ikimazi co guhumanuka mu kwerekana ko wakize.”

N’umunezero mwinshi wa mugabo arishura ati, “urakoze, urakoze, ndabikora ukwo nyene ubunyene. Ndanezerewe!” hanyuma aserukira mwigugu ry’abantu, abwira abantu ivyoye Yesu yamukoreye. Wari umunsi udasanze kuri uwo mugabo. Yesu yaramukunze, no muri ubwo bugwayi bwiye buteye ubwoba.

## Igikorwa

Hereza abana ikaramu zo gucapa naho baja gucapa hamwe n’ibi bihe bibiri imbere yuko Yesu amukiza n’inyuma yo kumukiza uwo munyamibembe. Emerera abana barabe ayo mashusho abiri hanyuma ubasomere amategeko yo gukurikiza. Bareke bagire isano yayo mashusho hanyuma uvuge kw’itandukaniro riri hagati yayo mashusho abiri. Urabe neza yuko umwana wese atahura imbere n’inyuma yuko Yesu akiza umunyamibembe.

**Baza:** Yari mubihe bimeze gute uwo mugabo igihe yasaba Yesu imfashanyo? (Yaragwaye imibembe). Mbega Yesu yakozwe iki? (Yaramukijije)

**Vuga:** Yesu yaramukijije, nico gituma yaciye ahinduka umuntu mushasha. Umurongo wo gufata ku mutwe wavugaga kubijanywe no kuba icaremwe gisha. Uwo munyamibembe yaronse umugisha yazaniwe na Kristo. Ha umwana abana kugira basige ifoto.

**Ririmba amashimwe:** tegura imbere y’igihe uturirimbo tubiri turyoshe kandi duhuye abana baja kuririmba igihe bazoba bariko barasiga.

**Vuga:** Uriyumvira ingene umunyamibembe yiyumvise igihe Yesu yamukiza? Nta gukekeranya yaratahuye ingene urukundo rwa Yesu ari rwinshi kuri we. Yesu aragukunda kandi akunda abantu bese, ntaco bitwaye ukwo twoba tumaze kwose canke ingorane zose twoba dufise. Reka turirimbe amashimwe y’Umwami n’umunezero no kumuha ishimwe kubw’urukundo rwiye.

## Gufata ku mutwe

“Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!” (2 Ab’I korinto 5:17)

**Imbere yo gutangura ishure:** Tegura cm 16 x cm12 y’udukarata two gusiga, inyuma yiyo karata canke ikarata atakiriko, mu rugero nk’urw’amatafari yo kwubaka umunara. Andika kwikarata iyariyo yose ijamba ryo muri uwo murongo wo 2 ab’I korinto 5:17. Shirako ikintu inyuma kitarata yose canke itafari.

**Mw’ishure:** Subiramwo uwo murongo incuro nyinshi hamwe nabo.

Vuga: uwo n’umurongo uryoshe muri Bibiliya yose. Bisigura ko Yesu adukunda urukundo rwinshi kandi ko iyo tumusavye, ashobora guhindura ubuzima bwacu. Aradufasha. Ni muri icyo nzira nyene yejeje kandi arakiza umunyamibembe muri iyi nkuru yacu, Yesu ashobora kutweza, kutubabarira ivyaha vyacu no kutubera umukiza.

Bereke ingene bubaka umunara ukoresheje amatafari wasize ururiko usubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe. Shira ayo makarata ku meza n’amajamba ari muni. Umwana wese ategerezwa kuza, akakira ikarata/itafari, agasoma ijamba hanyuma akarishira mukibanza gikwiriye ku munara. Emerera abana bakine mu gukora umunara no muri icyo nzira basubiramwo uwo murongo wo gufata ku mutwe.

## Kurangiza

Egeraniriza abana mu mwanya wo gusenga: *urakoze Mana kutwereka urukundo rwawe kuri twebwe biciye muri iyi nkuru y’umunyamibembe yakijijwe na Yesu. Urakoze k’urukundo udukundo. Dushoboze kugira urukundo rusumbirije ku bandi, na cane cane kubatagira ababakunda, kuri abo bese bagwaye n’abo bese batandukanywe natwe. Amen.*

Baza abana kuraba akaryo ko gufasha no gusengera uwariye wese yoba ari mu bihe bigoye bisa n’ivyoye. Bwira abanyeshure ko kuw’Imana ukurikira bazoba bashobora kubwire abari mw’ishure ingene biyumvise bahejeje gufasha umuntu. Bahe ikaze kugaruka ku w’Imana ukurikira.


## Igikorwa 5

### **YESU AKIZA UMUNYAMIBEMBE**

**Ivyanditswe:** Mariko 1:40-44

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu akunda abantu bintabwa. Aritwararitse ivyo dukenera.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!" (2 Ab'I korinto 5:17)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ko Yesu ari urukundo. Yama yifpuzza kutubabarira.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!”  
(2 Ab’I korinto 5:17)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Iki cigwa cerekana ko twese turi abanyavyaha kubw’ivyo dukeneye guharirwa na Yesu. Iki cigwa kizoha akaryo abana ko gusenga no gusaba Yesu ngo abaharire ivyaha vyabo. This lesson will introduce the fact that we are all sinners and need to be forgiven by Jesus.

- Tegura imbere yo gutangura ishure ibikoresho ukenera mu nyigisho y’iki cigwa
- Wibuke guhamagara abaje, wakire amashikanwa, wakire abashitsi no kwegeranya inkuru zose z’imiryango yabo naho baba mu ndwi hagati,

**Iterambere ry’Icigwa**

**Imbere yo Gutangura Ishure:** Gutegura ikarata iriko ijambo “guharirwa” no gusohora insiguro yaryo inyuma.

**Mw’ishure:** Ni gute ijambo “guharirwa.”

**Vuga:** uno muni turaja kugira agakino kadufasha gutahura ijambo ryacu rishasha: “guharirwa.”

**Kubaza:** Ninde azi ingene bakina “Gukurikira Umurongozi?”

Tondeka abana ku murongo umwe inyuma y’uwundi. (Umwigisha, ba umurongozi.)

Fata ijambo “Guharirwa” n’insiguro ryanditswe ku rupapuro muriko murakina.

**Kuvuga:** igihe nzanye ijambo “guharirwa”, canke igice c’insiguro, nk’akarorero kugahura, gutahura, imbabazi, n’ukuri, impuhwe, ikigongwe n’ibindi. Nkurikira kandi ukore ivyo ndiko ndakora. Ninavuga ikintu kindi kidahuye n’ijambo “guharirwa” uburorero: inzobe, ikinyugunyugu, ibijumbu, amaso, ikibaho n’ibindi. Hagarika. Kina n’abana muzunguruka incuro nyinshi.

**Vuga:** Guharirwa n’ingabire iva ku Mana. Iyo dusavye imbabazi zo kutumvira Imana, Yesu yikoreye ivyaha vyacu yakira n’igihano cacu

**Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya**

**Isubiramwo:** wemerere abana kwegeranya umunara wo mu cigwa twarangije. Babwire bashire amajambo mu kibanza cabo mu kibanza ciza.

**Kubaza:** Yesu yakijije nde? (Umunyamibembe). Uwo muntu yarafise ubugwayi ubuhe? (Imibembe)

Uwo muntu yariko asemerera avuga iki? (Ndahumanye! Ndahumanye!) Yesu yoba yarakijije uwo muntu? (Ego)

**Vuga:** Abantu barashobora gukurikira Yesu no mu ngwara ziteye ubwoba canke ntaco bitwaye ivyo bakoze muri kahise.

Umviriza inkuru iryoshe y’umuntu yakurikiye umukiza:

**Matayo yasanze Umukiza**

Wari umunsi mwiza! Yesu yaraiko aragenda hafi y’ikiyaga no kwigisha abantu ibijanye n’urukundo rw’Imana.

“Yesu, tubwire vyinshi!” abantu basemerera. Yesu avugana nabo umwanya muremure.

Uwundi muni Lewi, kera bita Matayo, yari yicaye ariko atoza ikori mu gisagara. Uwo mutozakori yaraba abarengana batariko baratwenga. Benshi ntibakunda Lewi kuberako igikorwa ciwe cari ic’ingoma y’abaroma. Ikindi, abantu babatozakori bari bazwi nk’abaka amahera arenze kubw’inyungu zabo. Kubw’iyo mvo, ata muntu numwe yavugaga iciza kuri Lewi.

Humvikana ijwi rivuga riti, “Ingo, nkurikira.”

Atangaye, Matayo ahanga amaso yiwe kuri uwo muntu avuganye nawe. Yari Yesu! Ikiganza c'Umwami agihereza Matayo. Matayo vyanka ko ahera! Ubwo nyene aca arahaguruka ku ntebe yariko aca akurikira Yesu. Matayo ntiyaravye inyuma; canke ngo ahagarike umutima nuko yoba yafashe ingingo nziza. Matayo ntiyigeze yibaza ubwiwe, “ati mbega ibijanye n’amahera n’inyungu nahora ndonka bizogenda gute?” kandi ntiyegeze abaza Yesu iyamukurikiye agiye. Matayo yumvirije gusa ijwi ry’Umwami hanyuma akora ico Yesu yamubariye gukora. Yaramukurikiye!

Umunsi ukurikira Matayo afata ingingo yo gutegura umunsi mukuru mu nzu yiwe. Wari umwanya mwiza wo kwerekana Yesu mu bagenzi biwe. Yesu n’abigishwa biwe baja mu nzu kwa Matayo gufungura hamwe nawe. Benshi mu bagenzi biwe bari (abatozakori) baje muri uwo munsi mukuru. Bamwe muri bo ntibari imvugakuri kandi bari abasuma. Bariko barasangira Yesu yicaye hagati y’abatozakori n’abanyavyaha. Agatwenga kandi avugana nabo bariko barafungura. Umwe wese yarafise umwanya mwiza muri uwo munsi mukuru. Ni muri ico gihe umwe yaje kubaburira ko hari umugwi w’abafarisayo uri ngaho hafi...uriko urabaraba! Abafarisayo bari abantu bahagarara ku mategeko ntibakunda Yesu. Abafarisayo ntibizera canke bemere Yesu nk’umukiza.

Yesu yumva umwe abaza, “kubera iki Yesu asangira n’abatozakori n’abanyavyaha?”

Yesu araba abo Bafarisayo arababwira, “Uwukomeye ntaco aronderera umuganga, Atari uwugwaye. Sinaje kurondera abagorotsi, ariko abanyavyaha.”

Abafarisayo ntibigeze batahura ico Yesu yariko ashaka kubabwira. Babandanya kumugirira ishavu. Ariko Matayo we yaramutahuye cane kubera ko yamenye ko Yesu amukunda kandi ko akunda n’abagenzi biwe. Yarazi neza ko Yesu agomba gufasha abafarisayo kumenya Imana no gutahura ko ari abanyavyaha ko bashobora guharirwa. Abantu bose bari ku meza mu nzu ya Lewi bari bakeneye guharirwa, guhindurwa no kuronka ubuzima bushasha. Urukundo no guharirwa biva kuri Yesu nivyo abantu bose!

**Baza:** Niki Yesu yabwiye Lewi? (Nkurikira.)

Lewi yakoze iki? (Yasize ibintu vyose hanyuma akurikira Yesu.)

Wiyumvira ko ari kubera iki yatumiye abagenzi biwe ngo baze mu munsi mukuru munzu iwe? (Yagombako bumviriza Yesu.)

Mbega bisigura iki igihe Yesu yavugaga ngo uwukomeye ntakeneye umuganga, kiretse umugwayi? (Yesu ahamagara abo bose bagwaye ivyaha kumukurikira no guhagarika gucumura.)

**Vuga:** Matayo yarakeneye cane umukiza hanyuma akora icikimazi gukurikira Yesu. Yaratahuye insiguro yivyo Yesu yarahejeje kuvuga, ko uwukomeye adakeneye umuganga, ariko uwugwaye ariwe amukeneye. Yesu akunda abantu bose kandi yipfuzaga kubaharira bose.

## Igikorwa

**Nkurikira!**

**Vuga:** Yesu yakurikiranye Matayo kandi nawewe ubwawe. Agomba ko ubuzima bwawe buba ubutandukanye n’ubwakera. Vuga ibijanye n’ingene Yesu atwitaho. Igihe Yesu yabwira Matayo kumukurikira, Matayo yarumviye. Natwe turashobora gukurikira Yesu. Twese twaracumuye kuko twaragarariye Imana. Dushobora gusaba Yesu akatubabarira hanyuma tugahinduka abamukurikira. Matayo yafashe ingingo yo gukurikira Yesu. Urashobora nawe gufata iyo ngingo. Tera intege abana kuvuga inkuru ya Bibiliya ku muntu bari mu mihana yabo.

## Gufata ku mutwe

“Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!”  
(2 Ab’I korinto 5:17)

Musubiremwo umurongo wo gufata ku mutwe incuro nyinshi hamwe n’abanyeshure. Uwu n’umurongo umwe mu mirongo iryoshe yo muri Bibiliya. Bisigura ko Yesu adukunda cane. Iyo dusavye Yesu, ashobora guhindura ubuzima bwacu. Yesu aradufasha; ashobora kuba umukiza wawe. Muri icyo nzira nyene Yesu yagiriye imbabazi Matayo, Yesu ashobora ku kweza no guharira ivyaha vyawe.

## Kurangiza

Ha ikaze abana kugira ngo bakire Yesu nk’umwami n’umukiza. Fata uwu mwanya nk’uwikimazi kugira ngo abana batahure ko ari abanyavyaha kandi Yesu yipfuzaga kubababarira niyo bamusaba. Sengana nabo. Mu ndwi hagati uzogiriranire ikiganiro n’abavyeyi babana bakiriye Yesu, hamwe n’umwungere, mu guhimbaza “ivuka rishasha” ry’abana.



## Igikorwa 6

### YESU YAHINDUYE MATAYO

**Ivyanditswe:** Mariko 2:13-17

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu ari urukundo. Yama yipfuza kutubabarira.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!" (2 Ab'I korinto 5:17)



## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu akunda abana bose; twese turi abiwe.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!”  
(2 Ab’I korinto 5:17)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

‘Yesu arakunda abana’ n’ubutumwa bugufiye bwo kwigisha muri Bibiliya yose. Abana bafise imitima yugurutse; bashobora gutahura vyoroshe ko Yesu akunda abana bose. Kiretse abo bariko baca mu ngorane zikomeye mu miryango yabo canke kw’ishure, bishobora kugorana cane gutahura ko Yesu abakunda ku rugero rumwe nurwo akunda abandi bana.

- Wibuke guhamagara abaje, kwakira amashikanwa, kwakira abashitsi no kwegeranya inkuru z’abavyeyi babo, kubavugisha mu ndwi hagati
- Gira isubiramwo mu ncamake y’ivyigwa bibiri vyarangiye.
- Amajambo y’inkoramutima:

**IMBABAZI:** N’ingabire y’Imana. Igihe tutumviye Imana, twihane, kandi dusabe ikigongwe, Imana ikuraho ivyaha no kwicuza. Kubabarirwa bituma tumenyako turi kumwe n’Imana.

**ABIGISHWA:** Abantu bakunda Yesu kandi bakumvira inyigisho ziwe. Igihe Yesu yari hano kw’isi yahisemwo abagabo 12 bamukurikira. Babita abigishwa.

**UMUKIZA:** Umuntu akiza uwundi kuva mu bintu. Yesu n’umukiza wacu. Yapfuye kubera ivyaha vyacu kandi yatweretse urukundo rw’Imana.

## Gutangura Igikorwa

Ku makarata manini andikako amajambo ahambaye ry’uno muni n’insiguro y’amajambo. Shira ayo makarata mw’ibahasha.

**Mw’ishure:** icara ku muzingi hamwe n’abana. Mukiriko muraririmba shira iyo bahasha irimwo amajambo ahambaye hagati muri uwo muzingi. Umuziki urangiye umwana afise iyo bahasha aca akuramwo zakarata hanyuma agasoma mu gacerere ijambo rihambaye kubwabo. Umwana aratanga ikimenyetso gifasha ishure kwibaza ivyo basomye kuri iyo karata; ari ijambo canke insiguro y’ijambo.

Akarorero: iyo umwana atoye ikarata ivuga, “GUHARIRWA” baca batanga ibimenyetso bisa:

- Iryo jambo ritangurwa na “G” hanyuma rikarangizwa na “A”
- Iryo jambo niryo turonka kuberako Yesu yapfuye kubwacu

Iyo umwana ahisemwo ikarata ivuga “abantu bakunda Yesu kandi bumvira inyigisho ziwe,” abandi bana bashobora kuba bakeneye kwiyumvira ijambo “ABIGISHWA”

Inyuma yaho umuntu yiyumvira ivyanditswe kw’ikarata tangura umuziki kandi, tembereza ibahasha mu muzingi kandi.

## Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya

**Ririmba** – Yesu arakunda abana batoya

*Abana bose bo mw’isi*

*Jorodi, wise na Michel [vuga amazina y’abana bari mw’ishure]*

*N'abo igiciro gihambaye imbere yiwe,  
Yesu arakunda abana bato bo kw'isi yose*

**Vuga:** Imana iragukunda cane nkuko ikunda pasitori, papa, mama n'umwigisha (umwigisha avuga izina ryawe); uri uw'igiciro imbere y'Imana. Yesu yipfuzako abana n'abakuze baba abigishwa biwe.

- Umviriza inkuru iryoshe ijanye n'ingene Yesu yahuye n'abagenzi biwe bato umunsi umwe:

### **Yesu arakunda abana**

Yesu yigishije abantu benshi. Bamwe bakuye kure abana babo. Abavyeyi bumvirije bipfuzako abana babo bamenya nabo Yesu. Bipfuzako abakorako no kwicarana nabo. *"Yesu, sengerabana banje!"* Bamwe mu bavyeyi barasemerera. Abantu bamenyeko Umwami ari uwudasanzwe. Abandi bavyeyi baravuga, *'Ndashakako Yesu akora k'umwana wanje!'* birashobokako babonye akiza abagwaye. Igugu ry'abantu bakurikira Yesu. Abigishwa ntibabikunze. Baca bazibiza abapapa n'abamama. *"Hagarika, ntimukore ivyo!"* barababwira ivyo.

Birashobokako abigishwa biyumvira ko abana atari abagaciro kandi ko Yesu afise ibintu vyinshi akora atamwanya afitiye abana.

Yesu abona ko abigishwa bariko baha umugongo abana hanyuma ntivyamunezera. Yesu yipfuzako kubona abana. Abwira abigishwa biwe ati, *"Reka abana baze ahondi. Ubwami bw'Imana n'ubwo abantu bameze nk'abana."*

Yesu yaraziko Imana yitwararika abantu bose, atari abakuze gusa. Arakunda abana. Yesu araba umwana muto hanyuma aravuga, *"Mutegerezwa kuba nk'umwana bitagenze ukwo ntushobora kwinjira mu bwami bw'ijuru."* Yesu yipfuzako umwe wese atahura ivyo bakeneye mu kwizera no kwumvira Imana nkuko abana babikora. Yesu aca aterura abana, arabagumbira, avugana nabo, hanyuma arabahazagira.

### **Igikorwa**

#### **Yesu arankunda**

Ha abana urupapuro rw'igikorwa c'icigwa ca 7 hamwe n'amafoto ya Yesu afise umwana mu biganza vyawe. Tegekanya amakurere canke ikaramu z'ibiti. Kandi, kata udupande tw'amafoto baja gusiga mu buryo bungana (cm3 zirenga k'uruhande rwose), gusumba amafoto. Siga aho gushariza. Shiraho utumenyetso hejuru y'udukarata kugira ngo abana baje kumenya aho bacisha gukata mu nyuma. Ha umwana wese twaduce aducishe ku murongo. Bakiriko barakora ico gikorwa, subiramwo icigwa hamwe nabo.

**Saba:** Wiyumva gute kubijanye no kumenya urukundo rwa Yesu?

**Vuga:** Tanga imwe muri ayo mafoto ku mugenzi. Bwira umugenzi wawe ko Yesu amukunda.

### **Gufata ku mutwe**

Andika ijambo ryo gufata kumutwe mu majambo acagaguye; akarorero: *"ubundi, igihe \_\_\_\_\_ haba \_\_\_\_\_,"* n'ibindi. Nyegeza amajambo abuze wagiye urakata kandi uyanyegeze mu bibanza bitandukanye. Abana bategerezwa kurondera ayo majambo, bayaronse, biruke kurubaho hanyuma bayashire mu kibanza gikwiriye, gushika umurongo ukwiye.

Vuga: uwu murongo n'igitangaza. Bisigura y'uko Yesu agukunda cane kandi iyo umusavye, ashobora guhindura ubuzima bwawe. Yesu n'umufasha wawe kandi ashobora kuba umukiza wawe. Yesu ashobora kukweza no guharira ivyaha vyawe.

### **Kurangiza**

Yesu arakunda abana bose, atari abo bonyene bamwumvise iminsi myinshi, abaza mw'ishengero iminsi yose, canke abo bafata ku mutwe imirongo ya Bibiliya. Baza ko hoba hariho uwuzi umuntu mw'ishure canke mu kibano hoba hariho abandi bana adakunda. Ube hange: ntubemerereko bavuga izina ry'umwana. Intumbero y'iki kibazo n'ukugira abana baje mw'ishure bashobore gusengera abo bana. Saba abana basengere abo bana bahoze (badasubiramwo amazina). Sengerabana ishure ryawe, kugira ngo abana bawe bakunde abandi bana. Basezere hanyuma ubabwireko ubakunda nawe.


## Igikorwa 7

### YESU ARAKUNDA ABANA

**Ivyanditswe:** Mariko 10:13-16

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu akunda abana bose; twese turi abiwe.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!”  
(2 Ab'I korinto 5:17)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenyako Yesu yababariye Petero igihe Petero yamwihakana. Yesu ashobora kutubabarira kuvvaha vvacu.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!”  
(2 Ab’I korinto 5:17)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Ubwoba bwo kunanirwa bwamye bubaho kuva kera. Isi iraboroga ko mu ntsinzi, canke kunanirwa, tuzocirirwa urubanza. Ivyo biraba no ku bana. Koresha icigwa c’uno muni kugira ngo wereke abana ukuri ko Yesu adahagarara ku makosa yacu, ariko yiteguye kutubabarira igihe ducumuye.

**Subiramwo:** Mu ncamake subiramwo ivyigwa bitatu vyarangiye.

**Intango y’Igikorwa**

**Imbere y’uko Ishure Itangura:** Tegura “Umunara w’amajambo” ukuye mu cigwa ca 5 gushika ku 7 wimenyereze gufata ku mutwe umurongo.

**Mw’ishure:** Ukwo abana baja barinjira mw’ishure babwire bakire amakarata ku meza bakore kandi basubiremwo umurongo. Ubu abana bose barashobora kumenya umurongo ku mutwe. Baza ababishaka bose bamaze kumenya umurongo baze imbere hanyuma babwire ishure ryose, shira uwo munara w’amatafari mu kibanza kibereye.

**Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya**

Iki nico cigwa ca nyuma co muri iki kigabane, subira mukine urukino rw’amabashasha hamwe n’amajambo ngirakamaro. Abana bategerezwa kumenya amajambo n’insiguro yayo: GUHARIRWA, ABIGISHWA N’UMUKIZA.

- Mu mpera y’igikorwa baza, “Urakunda?”

**Vuga:** Umviriza inkuru iryoshe cane ijanye n’ingene Yesu yerekanye imbabazi.

**Yesu Yababariye Petero**

Ijoro ryari ritekanye kandi ry’umwiza. Petero yamye mu gikiriza ca Yesu mu bihe binezereye. Muri iryo joro Petero yarafise ubwoba. ‘*Yesu yarafashwe, n’iki nokora?*’ yiyumviriyeye. Petero yigiye vyinshi kuri Yesu kandi yize kumukunda.

Amasaha makeya imbere Petero yarahagaritswe mu kibuga aho Yesu yari yajanywe.

Petero yatanguye kugira ubwoba igihe yumva umwe mubari ngaho yegereza kandi hafi y’umuriro. Yariko arajugumira kubera imbeho! Hari abantu benshi aho hantu, ntiyashakako hagira uwumubona.

“*Wari kumwe na Yesu w’I Nazareti!*” uwo mugore aravuga.

“*Sinzi n’ivyo uriko uravuga, canke sinzi nuwo uriko uravuga!*” Petero aravuga.

Petero aca asubira inyuma hanyuma aca yigira k’uruhande rwo hirya muri ico kigo kugira abe wenyene.

Ntihari haheze igihe kirekire igihe wa mugore yegera Petero ubugira kabiri. Iki gihe ntakintu na kimwe yamubwiye, ariko kubarengana bose. Yaguma asemerera, “*N’umwe muri bo!*” amutuma urutoke. Ubugira kandi Petero yongera kumwihakana ko atarivyo, “*Oya, oya!*”

Petero agira ubwoba. Abandi bari ngaho batangura gushimika, “*N’ivy’ukuri uri umwe muri bo, kubera ko uri umugalilaya kandi n’imvugo yawe irakuranga.*”

Petero atangura gushavura no gutangura gutukana no kurahira, *“Uwo muntu sindamuzi!”*

Ubwo nyene ijwi ryumvikana ku kirere. Kwari ukubika kw’inkoko. Ivyo ntivyabaye rimwe gusa, ariko incuro zibiri. Petero aja mugatengo. Ntiyashobora kwizera ibibaye!muri uwo mwanya aca yibuka amajambo ya Yesu, amukunda cane. *“Imbere y’uko inkoko ibika kabiri, uzoba wanyihakanye incuro zitatu!”*

Petero ntiyari bwigere yumva umubabaro nkico gihe. Yesu yari yavuze ukuri. Petero yaramwihakanye. Ikindi yarabeshe avugako atazi Yesu. Intumwa ica igwa hafi mw’ivu itangura kuboroga.

Iminsi mikeya inyuma yo kubambwa kwa Yesu, urupfu n’izuka ryiwe Petero yari kumwe na bagenzi biwe bariko bagerageza kuroba mu kiyaga c’I galilaya. Abo bagabo bari barushe. Bari bagerageje kuroba ijoro ryose ariko ntafi na ntoya bigeze bafata. Umwe wese yari yumva atamerewe neza; bari bihebuye kandi bababaye. Mu gitondo izuba rirashe kandi hari habonetse umuco. Uwo muco ntiwabemerera kubona neza. Umwe muri bo abona umuntu ariko aza iyo bari kukiyaga, nkuko umengo nuwo muri bo. Yari Yesu, ariko abarovyiyi ntibigeze bamumenya. Uwo muntu arababaza, *“Hari ico mwafashe?”*

*“Oya, nta na kimwe!”* Baramwishura.

*“Terera urusenga rwanyu hanze y’ubwato hanyuma murobe,”* aca arabishura.

Mu kanya gato urusenga rwuzura ifi nziza nziza. Ntanutwe yavyizera! Abo bantu baca bamuhanga amaso kandi batangariye uwo muntu kuri ico kiyaga! Umwe muri boa ca abwira Petero ati, *“N’Umwami!”*

Ubwo nyene umwigishwa aca yiterera mu mazi. Petero ntiyaragishobora kurindira kandi; yaranezerewe kwoga ku nkombe. Abandi baramukurikira mu bwato bafise insenga zuzuye ifi. Bose bageze ku nkombe, babona ko hariho umuriro mukeya hafi yizo fi kandi hariho n’umutsima.

Yesu ababwira bazane ifi nyinshi muri zimwe baroba. Petero aca ariruka aca azana urusenga ruremereye. Iyo fi yari nini, nziza. Bari 153 kandi urusenga ntirwacitse. Yesu abatumira gufungura. Mbega igitangaza! Abantu bari barushe kandi bashonje basanga imfungurwa zirateguye kubwabo! Igitangaza gisumba ibindi yari umuntu yabateguriye ivyo. Bamaze gufungura no guhaga, Yesu atangura kuvugana nabo. Ahindukirira Petero hanyuma avuga ati, *“Simoni, mbega urankunda gusumba aba?”* *“Ego Mwami; uraziko ndagukunda,”* aca arishura.

Yesu yishura Petero ko amukunda ubugira kabiri kandi. *“Ego,”* Petero abivuga incuro zibiri.

Yesu yarahariye Petero kubera ko yamwihakanye. Bakiriko baravugana ku kiyaga, Yesu ababwira ibintu vy’ingirakamaro bategerezwa gukora. Abasaba kugaburira intama no gufata neza imyagazi. Yesu ntiyigeze abarira Petero kuraba intama ariko kwitwararika abantu no kubwira abantu ivy’urukundo rwa Yesu. Icanyuma Yesu yabwiye Petero ryari ijamba rigufi, birashobokako ari naryo jambo rihambaye cane gusumba mw’isi yose: *“Nkurikira!”*

Petero yakurikiye Yesu gushika k’urupfu rwiwe imbere y’uko aba mu bavugabutumwa bahambaye n’abarongozi b’ishengero rya mbere.

## Igikorwa

Saba abana buzuzze ibikorwa vyo mu cigwa c’8 no gusinya kw’ikete barungikiye Imana.

Baza:

- Ni gute Petero yananiye Yesu? (Yaramwihakanye.)
- N’iki Yesu yakoreye Petero? (Yaramubabariye)
- Ni gute Petero yahindutse? (Petero yahindutse umuvugabutumwa akomeye n’umurongozi w’ishengero rya mbere)
- Ni gute ubugingo bwawe bwahindutse igihe Yesu yakubabarira? (Emerera abana bishure.)

## Gufata ku mutwe

Wegereje kurangiza ikigabane ca 2 urashobora kubishira hamwe. Gabura ishure mu migwi ibiri. Saba abanyeshure 2 canke 3 mu migwi gusubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe. Umugwi uja kuvuga neza umurongo udashizemwo amakosa uca uhabwa udushimwe nk’imbombo, ibisuguti, icamwa canke ikintu cose ubona ko ari ciza.

## Kurangiza

Sengera cane cane abo bese bakiriye Yesu muri kino kigabane. Basabe kuvuga ingene biyumva ubu Yesu ari mu mitima yabo kandi ko yabahariye ivyaha vyabo. Tera intege abana kuja muhira kandi basangire n’abandi ubuzima bwabo bushasha bari kumwe n’umwami mu miryango yabo no mubagenzi.

## Igikorwa 8


### YESU YABABARIYE PETERO

**Ivyanditswe:** Mariko 14:66-72; Yohana 21:1-19

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu yababariye Petero igihe Petero yamwihakana. Yesu ashobora guharira ivyaha vyacu.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** "Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo, aba ar'icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha!"  
(2 Ab'I korinto 5:17)

**Koresha akabanga mu gutora ingabire y'Imana kuri twebwe:**



# INTANGAMARARA - IKIGABANE III

## IBITANGAZA N'IGIKORWA CA YESU

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Mariko 1:21-28; 4:35-41; Luka 7:1-17; 9:1-6; 10:1-20

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe w'ico Kigabane:** “Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!” (Matayo 17:5)

**Intumbero z'iki kigabane**

**Iki kigabane kizofasha abana:**

- Gutahura ubushobozi buhambaye bwa Yesu
- Gutangarira no kwibuka imisi yose ibitangaza Yesu yashoboye gukora
- Kumenya ko Yesu yakoresheje ubwo bushobozi mu kutugira abidegemvya adukuye mu bihe bigoye

**Ivyigwa bigize iki kigabane:**

**Icigwa 9:** Yesu, Umwigisha mwiza

**Icigwa 10:** Yesu, Umuganga mwiza

**Icigwa 11:** Yesu, umunyabushobozi burengeye

**Icigwa 12:** Yesu, umurongozi mwiza

Abana baba bariko baraja mu myaka ituma batangarira ibintu kandi bipfuzwa kuvumbura ibintu bishasha. Ivyo bisigura ko ibintu bitangaje Yesu yakora vyaboneka mu buryo buhambaye kuri bo. Ariko, kubona Yesu nk'umuntu asanzwe mu maso y'abantu, yazibije ingunza mu kiyaga akoresheje ububasha bw'ijwi ryiwe, yakijije umuhungu w'umugabisha agiye gupfa, akora ibitangaza vyinshi, bizohindura abanyeshure bawe.

Kandi bizogorana cane ko bibagira ubushobozi bw'Imana. N'ivyiza kwerekana ko Yesu atakora ibitangaza kugira ariyohere abantu, ariko kwari kugira ngo abikwegereko hanyuma ahindure ubugingo bwabo.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenyako Yesu avuga mu nzira itangaje, turashobora kuvyizera no kugira ivyizigiro muri we.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!”  
(Matayo 17:5)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Umugenzo w'uno muni n'imigenzo musanganywe; irimwo amashusho menshi abona. Biragoye cane guha ubutumwa abana udakoresheje ibikoresho bibona. Ko tuzi neza ko abana bakura mu guhindurwa n'ivyo babona, birashoboka ko badatahura ingene abantu bakuze bakunda Bibiliya mu mwanya wo kwumviriza Yesu gusa. Koresha ibikorwa vyo muri iki cigwa mukubafasha gukurikira, gutera intege abana, no kubafasha kwakira inyigisho za Yesu.

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Tangura Igikorwa

**Imbere yo Gutangura Ishure:** Andika ku makarata ya cm 10 x cm10 amajambo: “UMWANA W'IMANA” na “IGITANGAZA.”

Kurundi ruhanda wandike insiguro:

\*Umwana w'Imana: izina ry'igitangaza rya Yesu. Iyo tumenye Yesu, tuba tumenye Imana iyariyo n'ico ikunda.

\*Igitangaza: N'ikintu gitangaje kiba kikatwerekana ubushobozi bw'Imana. Ntigishobora gusigurwa mu yindi nzira.

**Mw'ishure:** Shira amakara mwisakoshi. Mumaze gusubiramwo insiguro y'amajambo incuro zitari nke saba abashaka batore ikarata hanyuma bavuge insiguro y'ijambo.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Vuga:** Reka nkore igerageza.

Igihe ndiko ndasoma ikintu ushira mu matwi yawe, koma amashi, vuza, vuga, canke uririmbe-tera urwamo! Bandanya gutera induru gushika aho uza kumbonera ndugije amaboko.

**Soma** Matayo 17:5 Igihe abana bazoba bariko baratera induru!

Duza amaboko kugira ngo abana bashobore guhora.

**Baza:** Ninde yumvise ivyo nasomye? (Birashoboka ko ata numwe)

**Vuga:** Ubu nimwumvirize neza ndiko ndasoma Matayo 17:5.

**Baza:** Ninde yombarira ivyo mpejeje gusoma ubunyene?

**Vuga:** Umurongo wacu wo gufata ku mutwe uku kwezi utubwirako Imana ishaka ko twumviriza inyigisho za Yesu. Ni gute twashobora kwumviriza? (Kuzi mw'ishengero no mu nyigisho zo ku w'Imana, gusoma Bibiliya, gusenga no kwumviriza Imana, kwumviriza ubutumwa bw'umwungere/bw'umwigisha, n'ibindi.)

**Baza:** Ariko kandi n'ikihe kiba iyo dushoboye kwumviriza neza? (Umuziki uvuga cane, indege, imodoka, amagari ya moshe canke abantu barengana badusamaza).

Mbega urashobora kwumva ivyo uwundi muntu ariko aravuga iyo hari induru nyinshi? (Emerera abana bishure).

**Vuga:** Inkuru yacu y'uno munsu ijanye n'ibishobora gutera umudurumbanyo igihe abantu bamwe baje kwumviriza Yesu.

### **Yesu Umwigisha mwiza**

Yesu n'abigishwa biwe bari mu gisagara c'ikaperenawumu. Hari kw'isabato kandi bari bageze mw'isinagogi, nkuko bahora babikora buri ndwi. Amiga atanguye Yesu yari yeteguye kwigisha ku Mana. Abantu mw'isinagogi bari bahamagariwe kwumviriza abigisha batandukanye; rimwe na rimwe barumva barambiwe igihe buri ndwi abigisha b'ivyagezwe baguma babasigurira ivyagezwe. Igihe Yesu yatangura kuvuga bose baciye bakurikira cane.

“Yesu inyigisho ziwe zari zitandukanye n'izabandi bigisha b'ivyagezwe!” Umuntu yabibwiye umugenzi wiwe.

*“Ndabizi. Urashobora kuvuga arazi ivyo uriko uravuga,” uwundi aravuga.*

*“Ndavyemera,” uwundi muntu aravuga. “atuma wumva umengo urazi neza Imana.”*

Ubwo nyene haca haduka induru nyinshi mw'isinagogi. Abantu bose barasimba! (Nimba ufise ifoto ya Yesu ari mw'isinagogi ari kumwe n'umugwi w'abantu, n'umwanya mwiza wo kuyerekana.) ; *“Ivyo vyari ibiki?”* Umuntu yinjira mw'isinagogi asemerera. *“Raba urya muntu, akoresheya n'imp/wemu mbi!”*

Impwemu mbi ikoresheya uwo muntu ica ivuga ibabaye cane iti, *“Yesu w'I Nazareti! Uturonderako iki? kubera iki waje kudusambura? Turazi uwuriwe uwera w'Imana.”*

*Yesu aca aramuhagarika ningoga. “Hora kandi muvemwo!”*

Iyo mpwemu mbi izungagiza wa muntu bibibaje kandi iramukumbagaza. Ya mpwemu mbi ica iva muri wa muntu yariko irababaza hanyuma ubwo nyene aca yumva amerewe neza. Iyo mpwemu mbi yari yagiye kandi ntiyarikumukoresheya kandi.

Abantu bose bari mw'isinagogi baratangaye. “Habaye iki none?” Bariko barabazanya.

“N'inyigisho nshasha!” Bamwe baravuga.

“Kandi akoresheje ububasha! Yesu aha itegeko izo mpwemu mbi kandi ziramwumvira!” Abandi bariko baravuga.

Yesu n'abagenzi biwe baca bava mw'isinagogi. Ariko abantu ntibigeze bamwibagira. Abantu babwira abagenzi babo ivyabaye uwo munsu. Iyo nkuru nziza ikwira mu gihugu cose.

### **Igikorwa**

#### **Ibiri mugitabo**

**Imbere y'uko Ishure Itangura:** Andika amajambo y'umurongo wo gufata ku mutwe (Matayo 17:5) ku mpapuro za cm 2 x cm 15.

Kata uduce twadukarata dukomeye twa cm 4 x cm 17.

Mw'ishure: Ha umwana wese umurongo wo gufata ku mutwe n'amakarata.

Kubwira abana bakoresheje uburembo bashire wa murongo wo gufata ku mutwe kuri ya makarata. Bakoresheje amaboko nibacape kugira basharize utwo dutabo twabo. Barashobora kwandika amazina yabo inyuma.

**Vuga:** Yesu yari umwigisha akomeye cane. Inyigisho ziwe n'ibitangaza vyaremeza ko yari umwana w'Imana. Raba Mariko 1:21-28 hanyuma ushire twadutabo mu mabibiliya yabo.ushitse muhira urashobora gusomera inkuru yacu abo mu muryango wawe n'abagenzi.

### **Gufata ku mutwe**

Tegura udukarata tubiri canke dutatu two mu mirongo yo gufata ku mutwe yo muri Matayo 17:5. Andika umurongo wo gufata ku mutwe ku makarata ari inyuma y'abanyeshure. Yavangire ku meza, hamwe n'amajambo ari ngaho. Bamaze gusubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe incuro zitari nke, tera intege abana kugira bashire ku rutonde umurongo. Urashobora kubikora nk'ihiganwa. Umugwi wize umurongo kandi ugashira kurutonde rwiza ubwambere ushobora kuronka agashimwe gatoya, nk'ikaramu y'igiti, udukinisho n'utundi. Iki gikorwa gishobora iy'Imana yose igihe cose bazoba bariko biga iki kigabane.

### **Kurangiza**

Saba abana kunyarutsa nko mumunota 2 canke 3. Basengere kugira bazokwibuke icigwa hagati mu ndwi. Basabe kuzobwira inkuru ya Bibiliya abavyeyi babo, ababanyi n'abagenzi. Senga isengesho ryo kurangiza.

## Igikorwa 9


### YESU UMWIGISHA MWIZA

**Ivyanditswe:** Mariko 1:21-28

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenyako Yesu avuga mu nzira itangaje, turashobora kwizera no kugira ivyizigiro muri we.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!”  
(Matayo 17:5)

**“Hora!....  
muvemwo!”  
(Mariko 1:25)**



**“Ibi n'ibiki?  
umwigisha  
mushasha-  
kandi afise  
ubushasha!”  
(Mariko 1:27)**

**“Ndazi uwo  
uriwe-uwera  
w'Imana!”  
(Mariko 1:24)**

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu ari umwana w'Imana. Yakijije ingwara zitandukanye no kuzura abafuye; Yesu

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!”  
(Matayo 17:5)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Ku bana benshi icyumviro e'uko umuntu ashobora gukira ugisanga mu nkuru za Bibiliya gusa. Kiretse gusa iyo abana bamaze kubona uwabo yakize, ntibashobora gutahura ubushobozi bw'Imana mu buzima bwabo bwa minsi yose. Iki cigwa gitanga akaryo gakomeye ku muntu yipfuzako kumenya, canke ubwawe, gushingira intahe ugukira kwabo.

Intahe, gufatanya na kahise ka Bibiliya, bizofasha kugira ubushobozi bwa Yesu ukuri mu buzima bw'abana. Mu kwongerako, bizokwubaka ikiraro hagati y'inkuru za Bibiliya n'ukuri kw'ijambo ry'Imana mu kuri kw'isi uno munsu. Uriko uravugako ubushobozi bwa Yesu umenyeko hari abana bafise ivyipfuzo bikomeye. Abana bashobora kuba bafise ivyo Imana itabakijije. Abandi bana bashobora kuba bafise abavyeyi canke abagenzi bagwaye.

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfasha nyigisho uzokoresha mu cigwa cawe
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru zabo muri icyo ndwi.

## Tangura igikorwa

**Imbere y'uko ishure ritangura:** Kata urudome “M” mu bwaguke bwa cm6. Bikira umwana wese. Ushobora gukenera ikarata canke wubake urupapuro, imikasi, ikaramu zo gucapa, amakaramu yo kukibaho, amashusho, ibidodo, urupapuro rucafye, n'ibindi. Shariza urudome “M”.

**Mw'ishure:** Abana bariko barashariza urudome rwabo “M”, vugako ari urudome rutangurira ijambo “IGITANGAZA” mu congereza. Igitangaza n'iki? (N'igikorwa gihambaye cerekana ubushobozi bw'Imana ivyo utoshobora gusigura muzindi nzira). N'ikihe gitangaza twavuganye mu ndwi iheze? (Yesu yirukanye impwemu mbi mu muntu.) Ha umwanya abana bereke abandi banyeshure ingene basharije indome zabo “M”. ico gikorwa kirangiye, fata izo ndome “M” uzishire kubibambazi vy'ishure. Ushobora kuzishira iruhande y'ijambo “IGITANGAZA” n'ifoto ya Yesu.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Imbere y'uko Ishure Ritangura:** ha ikaze umuntu abwira abanyeshure bawe ingene Imana yamukijije mu buryo bugaragara; umuntu ashobora kuvuga ku rugero rw'abana. Baza umwungere ko yemezanya n'uwo muntu.

**Mw'ishure:** Emerera uwo mushitsi gushingira intahe y'ingene yakize. Uwo mushitsi amaze gushingira intahe, tera intege abana kubaza ibibazo.

**Vuga:** Yesu, umwana w'Imana, afise ubushobozi buhambaye. Yakoresheje ubushobozi bwiwe mu gufasha abantu. Ntaco bitwaye ivyo ducamwo turashobora kwizera Yesu kugira adufashe kubera ko ari umwana w'Imana.

\*Reka twumvirize inkuru y'umuntu yarafise ukwizera gukomeye kuri Yesu hanyuma Yesu aramufasha:

## Yesu Umuganga mwiza

*“Umusavyi wawe aragwaye cane. Sinzi ko ashobora gukira,” umusoda w'umuroma abwira umugabisha wiwe. “Ndabizi,” uwo mugabisha arishura. “Ndahagaritse umutima. N'umusuku mwiza. Twakoze ivyo dushoboye vyose kugira tumuvure ariko amagara yiwe yagumye amera nabi.”*

Iminsi irarengana kandi wa musuku akomeza kuremba. Mu nyuma, wa mugabisha arabona ko adashoboye kuronka imfashanyo yihuta, umusuku wiwe ashobora gupfa. Mbega yakoze iki? Ubwo nyene, icyumviro gica kiraza: *“Kumbure ko wa mwigisha w’umuyuda, Yesu ashobora gufasha umusuku wanje. Narumvise inkuru zihambaye kuri we!kandi none yaje hano mu gisagara iwacu.”*

Ningoga na ningoga uwo mugabisha arungikira ubutumwa abagenzi babayuda; bari abarongozi bahambaye. *“Ndasavye mugende aho Yesu ari hanyuma mu musabe ko yonkiriza umusuku wanje,”* arabasaba.

Abo barongozi babayuda bari banezerejwe no gukora ivyo umugabisha yabasavye. Muri rusangi, abayuda ntibafasha abasoda babaroma. Uwu musoda yari atandukaye n’abandi, hanyuma baca baranyaruka kuraba Yesu.

*“Yesu,”* baramwinginga. *“turasavye uje mu nzu y’umugabisha ukize umusuku wiwe. Uwo muroma n’umuntu mwiza. Aradukunda twebwe abayuda; yaranatwubakiye isinagogi.”*

Ubwo nyene Yesu aca arabakurikira. Bashitse hafi y’inzu y’uwo mugabisha umuntu umwe aca araza guhura nawe. *“Mwigisha, ntuhagarike umutima,”* aravuga. *“Umugabisha yantumye kukubwirako bitabereyeko woza mu nzu yiwe. Arazi neza ko naho wovuga ijambo rimwe gusa umusuku wiwe arakira.”*

Yesu atangazwa n’ukwizera kwuyo mugabisha. Yesu arahindukira araba ba bantu bari kumwe nawe, , *“Ndababwiye ukuri no mu b’Isirayeli sinari bwabone umuntu afise ukwizera nk’uku.”* babwira abagenzi b’umugabisha ivyo Yesu yavuze, *“Subira mu nzu y’umugabisha.”* (akaruhuko)

**Vuga:** Mwiyumvira ko ari iki cakurikiye? Reka abana biyumvire ivyakurikiye:

Abo bagenzi baca basubira mu nzu y’umugabisha. Aho baca bavumbura ukwizera guhambaye. Uwo musuku w’umugabisha w’umuroma aca aba muzima! Mu nyuma Yesu agenda mu gisagara c’iNayini. Abigishwa n’igugu ry’abantu bajana nawe. Acinjira mu gisagara Yesu abona abagiye guhamba. Umuhungu akiri muto yari yapfuye. Umukene nyina wiwe yarajanye umwana wiwe kumuhamba. Yesu aterwa akagongwe n’uwo mugore. Umugabo wiwe hari haheze igihe yari yarapfuye nawe. Yarasigaranye uwo muhungu wenyene yamwitwarika. Ubu yari yapfuye. Mbega uwo mugore yakoze iki? *“Nturire,”* Yesu yabwiye uwo mupfakazi. Yesu aca aja kukigangara, aragikorako hanyuma ati, *“Muhungu, ndagutegetse, vyuka!”* (kandi hagarara)

**Vuga:** Wibazako hakurikiye iki?

Ubwo nyene uwo muhungu aca arahaguruka hanyuma atangura kuvuga. Yarabaye muzima! Yesu araba nyina wuyo muhungu yariko aramuraba atangaye cane. *“Ng’uyu umuhungu wawe,”* Yesu aravuga.

Abantu baratangaye cane hanyuma batangura guhimbaza Imana. *“Umuvugishwa mukuru yaje muri twebwe!”* baravuga. *“Imana yagendeye abantu bayo!”*

## Igikorwa

Raba igikorwa c’icigwa ca 1.

**Vuga:** “Yesu arakiza.”

Hereza abana urupapuro bakoresha nko kubibutsa ko Yesu ari umwana w’Imana, ko ashobora gukora ibitangaza, kandi ko ashobora kutwerekana ubushobozi bwiwe mu bitangaza vyiwe. Basabe kwicara ku muzingi kuburyo bose bavugaga ivyo bakeneye. Gira umwana wo gusengera ivyo vyipfuzo.

## Gufata ku mutwe

Bandanya gukoresha uwo murongo wo gufata ku mutwe. Andika ijambo ryose mudukaro. Gabura abanyeshure mu migwi ibiri hanyuma uhe umugwi wose amajambo y’umurongo wo muri Bibiliya. Umugwi utangura gutondeka neza amajambo uzoba utsinze. Tera intege umugwi watsinzwe kubandanya wiga umurongo.

## Kurangiza

**Saba** abana basengere imiryango yabo n’abagenzi bagwaye. Gira urutonde kurubaho rw’amazina y’abantu bagwaye.

**Vuga:** Kubera ko Yesu ari umwana w’Imana, tuzi neza ko afise ubushobozi bwo kudufasha no gukiza ingwara zose.

**Gusenga:** Yesu kiza ingwara z’abagenzi bacu n’umuryango. Yesu dusenze kandi ko, nimba Atari ubugombe bw’Imana bwo kubakiza, utwigishe kunezererwa ubugombe bwawe mu buzima bwacu. Fasha abagwaye kuborohera mu bihe vy’ububabare bwabo. Bahe inkomezi mu mubabaro barimwo. Amen

## Igikorwa 10



### YESU UMUGANGA MWIZA

Ivyanditswe: Luka 7:1-17

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu ari umwana w'Imana. Yarakijije ingwara kandi azura abapfuye; Yesu ashobora kudufasha natwe uno munsu.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** "Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanjye nkunda, akampimbara; ni mumwumve!" (Matayo 17:5)

**UMUGANGA AKORESHA:**



Yesu, umwana w'Imana, ntabwo ikeneye ibikoreshe. Ishobora gukiza idakoresheje imiti kuko n'umwana w'Imana.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenyako Yesu afise ubushobozi burengeye ubundi bushobozi bwose. Ari kumwe natwe igihe turi mu bwoba.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!”  
(Matayo 17:5)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana bafise urugero rutoya rwo kurinda ubugingo bwabo. Abavyeyi babo, abigisha, n'abandi bakuze bari hafi y'abana. Ibi bishobora gutera ubwoba. Naho biri ukwo abana banyu bashobora kutazoba narimwe mu bwato mu gihe c'igihuhusi, ubwoba bwabo bungana n'ukuri. N'ivyiza nkenerwa nk'umuntu akuze yerekana Yesu mu buzima bwabo gutahura ukwo kwiyumva kwabo. N'ivyiza ku bana kumenyako abakuze nabonyene hari igihe bagira ubwoba.

Mu cigwa c'uno muni abana bariga ko hakiriho abagabo bakomeye batinya ibihuhusi. Abana batahura ubwoba buza igihe c'ibihuhusi bikomeye, imipfunda, n'ahatari umuco. Iyi n'inkuru y'ivyo bashobora kubona. Urufatiro rw'iyi nkuru n'uko dushobora kwizera Imana igihe dufise ubwoba. Koresha iki cigwa mu guha abanyeshure bawe igikoresho gihambaye: KWIZERA IMANA. Babwireko Yesu ari kumwe nabo aho hose bari kandi ko azobafasha no kubarinda mu gihe ubwoba bubateye.

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Ha kaze abana n'akanyamuneza, urabe neza ko ishure rikubuye kandi rimeze neza imbere y'uko bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Gutangura igikorwa

Mu ncamake gira isubiramwo ry'ivyigwa birangiye no kubaza abanyeshure bawe kuguha uburorero bumwe bumwe bw'ingene babaye abizigirwa ku Mana mu ndwi irangiye.

**Igihuhusi**

Shira abana mu muzingi.

**Vuga:** Reka tugire induru z'igihuhusi!

- Imvura: zungagiza ibigazi mu koresheje ibiganza vyanyu ni ngoga naningoga
- Gutigita: Nyiganyiza hasi mukoresheje ibirenge vyanyu
- umuyaga: zungagiza cane kandi ugire induru uvuga uti: Yooo! Yooo!

Kuduza umuvuduko no kumanura induru z'igihuhusi. Tangura bukebuke, hanyuma cane, kunyarutsa, n'ibindi.

**Baza:** Wiyumva gute igihe imvura iriko iragwa cane, ukumva umuyaga ukomeye, gutigita no kubona imiravyo? (Reka abana bishure.)

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Vuga:** Mu nkuru ya Bibiliya y'uno muni Yesu yari kumwe n'abigishwa biwe igihe bahura n'igihuhusi gikomeye.

**Tekana!Ni murindire!** Uru n'urukino:

**Vuga:** Hagarara mu mfuruka canke mu mera y'icumba. Igihe nza kwugara amaso yanje ingo ahondi. Igihe nza kuvuga, “Ni mutekane!Ni murindire!” utegerezwa guhagarika ubwonyene.

Nzoca nugurura amaso yanje. Mbonye n'umwe ariko aragenda, bategerezwa gusubira inyuma mu kibanza caho batanguriye. Bandanya gukina aka gakino umwanya ubibemereye.

**Vuga:** “Tekana!Ni murindire!” Reka turabe ibiba igihe Yesu avuze ayo majambo:

### **Yesu umunyabushobozi buhebuje**

Bwari bwije, hatekanye kandi hahoze! Yesu yari yavuganye n'abantu benshi umunsi wose kandi yararushye cane. Imbere y'uko bwira Yesu afata ingingo yo kuruhuka. Abwira abigishwa biwe ati, “*Reka tuje ku yindi nkombe.*” Bose baca burira ubwato, barabuzitura hanyuma batangura gusoza. Yesu aca yigira mu mfuruka y'ubwato hanyuma aca arasinzira. Bariko barasoza umuyaga utangura gusuriranya. Uzungagiza ubwato kuruhande uru na ruriya. Imvura itangura kugwa cane kuburyo badashobora kubona ikintu na kimwe. Igihuhusi gikomeye kirabazunguruka. Abigishwa buzura ubwoba. Baja mu gatengo kuburyo batamenya ico bokora. Bose bagira ubwoba bibazako bugiye gusaba. “*N'iki twokora ubu? Tugiye gusoma nturi!*” Barasemerera.

Baravye ku ruhande babona Yesu aracasinziriye mu mfuruka z'ubwato. Abigishwa birababaza. Ni gute Yesu yoguma asinziriye hagati y'iki gihuhusi giteye ubwoba?

“*Umwigisha!*” umwe mubigishwa arasemerera, “*Ntubabaye ko turiko turapfa?*”

Yikora mu maso Yesu aravyuka hanyuma araba ku ruhande. Abona umuyaga uriko uzungagiza ubwato hirya no hino. Imvura yariko imukubita mu maso ariko araba mu kirere mw'ijoro. Yesu arahindikira, araba mu kiyaga, hanyuma ategeka umuyaga guceceka. “*Ni mutekane!Ni murindire!*” ryari itegeko rya Yesu. Umuyaga urahagarara. Imvura irahagarara. Igihuhusi kirahunga. Vyose biraceceka. Abigishwa bamuraba batangaye cane. Yesu arabaraba mu maso hanyuma arabaza, “*Kubera iki mufise ubwoba?Nta kwizera mugira?*” Abigishwa baratangara. “*Uwu ni nde?*” umwe muribo arabaza. “*N'umuyaga n'ikiyaga biramwumvira!*”

### **Igikorwa**

#### **Igihe dufise ubwoba**

Erekana uruhande rw'igikorwa c'icigwa.

**Baza:** N'ibihe bintu bitera ubwoba abana canke abakuze? N'ibihe bigutera ubwoba? Witegure kubwira abana ikintu kigutera ubwoba ubu canke ikintu cagutera ubwoba igihe wari ukiri muto.

**Vuga:** Capa ikintu gituma ugira ubwoba.

**Baza:** N'iki wokora igihe wumva ufise ubwoba? (Gusenga, kwibuka ko Imana iri kumwe natwe.) Ni gute Yesu adufasha iyo dufise ubwoba? (Mu kuduha amahoro yo mu mutima, kudufasha kwiyumvira ico twokora, guhindura ivyo bihe)

**Vuga:** Hagarika urukino rw'abana rwo gucapa. Ha umutwe w'ijambo urukino, “YESU, UMUNYABUSHOBOZI BUHEBUJE.”

**Baza:**

- N'iki wokora igihe ufise ubwoba?
- Yesu yogufasha gute mu gihe ufise ubwoba?

Abantu bese, abana n'abakuze rimwe na rimwe baragira ubwoba mu bintu bitandukanye. Ntugire isoni; wibukeko uteri wenyene ushobora kugira ubwoba.

### **Gufata ku mutwe**

Andika umurongo wo gufata ku mutwe. Umaze gusubiramwo akatari gake hamwe n'abanyeshure tangura n'ijambo rya mbere hanyuma ufute ijambo rimwe rimwe gushika aho abana bafatiye ku mutwe umurongo wose. Saba bamwe muri bo bandike amajambo abiri canke atatu y'umurongo k'urubaho. Ushobora kugaburamwo urubaho mu bice bitandukanye hanyuma uhe akaryo abatari bake baze hanyuma bandike ibice vy'amajambo. Fasha abo vyananiye, canke usabe uwariwe wese azi neza umurongo gufasha abo bese batarawumenya.

### **Kurangiza**

Igisha abana gusenga igihe cose bafise ubwoba. Iminsi yose bibukeko Yesu ari umunyabushobozi buhebuje. Yesu ari kumwe natwe ibihe vyose, ukubaho kwiwe kumurika mu mwiza, kandi niwe nyishu y'ubwoba.

Hagarara mu muzingi. Umwana wese asengere ubwoba bw'umuntu ari mu kubuko kwiwe kw'iburyo ubandanyeye gushikaho ishure ryose risengerwa.

## Igikorwa 11

### YESU UMUNYABUSHOZI BURENGEYE

**Ivyanditswe:** Mariko 4:35-41

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenyako Yesu afise ubushobozi burengeye ubundi bushobozi bwose. Ari kumwe natwe igihe turi mu bwoba.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!” (Matayo 17:5)



**Capa ikintu caguteye ubwoba. Wokora iki igihe wumva ufise ubwoba? Yesu yogufasha gute igihe ufise ubwoba?**

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu asaba kandi ashoboza abamukurikira kumufasha. Azodufasha gushitsa igikorwa.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!”  
(Matayo 17:5)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana bafise akaryo gaciriye hafi ko kuba mu bikorwa vyo mw'Ishengero. Ibikorwa vyacu bishimangira icyumviro c'ukwo abana ari “Ishengero ry'ejo”, hakubaha akaryo nabo ko kugira uruhara mw'ishengero ry'uno muni. Iki cigwa cereka abana ingene Yesu ashaka gukoresha umuntu wese mu gikorwa ciwe. Fata umwanya wo kwiyumvira ibikorwa abanyeshure bawe bogufasha mw'ishure no hanze y'ishure. Batere intege zo guhindura igikorwa ubuzima bwabo. Akira abanyeshure bawe n'umunezero; urabe neza ko ishure rikubuye kandi risa neza. Gira isubiramwo ry'ivyigwa bitatu vyarangiye, saba abanyeshure bawe baguhe uburorero butari buke bw'ingene babaye abizigirwa ku Mana muri uku kwezi kugiye kurangira.

## Gutangura igikorwa

**Imbere y'uko ishure ritangura:** Saba abana bawe bagufashe gutegura ishure. Hitamwo igikorwa bashobora gukora (Tanga impapuro z'igikorwa, tegura ishure, ha kaze abanyeshure bagenzi babo, n'ibindi). Andika igikorwa cose kw'ikarata. Kubijanye n'ibikorwa bigoye, andika ico gikorwa nyene ku makarata menshi. Shira ayo makarata yanditseko uyubitse ku meza.

**Mw'ishure:** Bwira abana barabe amakarata hanyuma bahitemwo igikorwa bokora kubushake. Batere intege mu gihe bazoba bariko bakora ibikorwa vyabo. Bishoboka, ubafashe. Bashimire kutwigora twabo bakoze. (ni vyiza gushobora gukora iki gikorwa ciza mw'ishure ryose).

**Vuga:** Mwabaye abafasha beza cane uno muni. Yesu aranezerwa cane iyo dufashije.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Imbere y'uko ishure ritangura:** Baza umwungere wanyu ko ataco abanyeshure bofasha mu bikorwa kanaka. Nimba babishobora, tegurana n'umwungere ingene abana boja bararamutsa abantu, batange ibimenyeshamakuru, canke bafashe mu kwakira amashikanwa.

**Vuga:** Uno muni tuja gufasha mu gikorwa c'amiga. Basigurire ico bagiye gukora. Gira ico uvuze ku ruhara rumwumwe wese azoba afise.

Vuga: Yesu yaduhisemwo kugira dukore igikorwa ciwe biciye: (Erekana ivyo abana bazokora mu gihe c'amiga).

\*Reka turabe ingene Yesu yafisemwo abamufasha.

## Yesu n'Umurongozi mwiza

“Genda, mwigisha kandi mukize!” abantu benshi barazi Yesu. Abantu baramubonye igihe yaza mu gisagara cabo. Benshi barumvise ibijanye n'ibitangaza bihambaye yakoze. Yesu yarazi neza ko benshi bashobora kumenya Imana igihe abigishwa biwe bagenda hanyuma bakavugana n'abantu. Umunsi umwe Yesu yahamagaye abigishwa biwe. “Ndafise akazi gahambaye kubwawe,” yarababwiye. “Ndabahaye

uruhusha n'ubushobozi bwo kuja mu bisagara aho ndabarungitse, mwigishe ibijanye n'ubwami bw'Imana; mukize abagwaye, mwirukane impwemu mbi. Nti hagire ico mujana," arongerako. "Ntimujane ivyo kurya, amahera canke impuzu. Mushitse mu gisagara, mugumane n'abantu bazobaha indaro mu mu nzu zabo gushika muvuye muri ico gisagara." Yesu yaraziko Atari abantu bose bazokwemera kwakira abo bigishwa. "Niyo batabakira, mu kunkumure umukungugu wo mu birenge vyanyu hanyuma mwigire," Arababwira. Abo bigishwa 12 barumvira baragenda bava mu gisagara baja mu kindi bigisha kandi bakiza abantu. Yesu arungika abandi benshi gukora igikorwa ciwe. Yahamagaye 70, bari abamukurikira, kandi arongera arabarungika kwigisha no gukiza.

"Ni mugende, ndabarungitse nk'intama hagati mu mabingira," Yesu yariko abwira abo 70 (Luka 10:3). "Nti hagire ico mujana. Ni mugende gusa, mwigishe, kandi mukize. Nzoba ndi kumwe namwe." Abigishwa biwe baragiye. Barigishije abantu ibijanye n'Imana. Ibibanza vyose bajamwo abantu benshi barakira ingwara zabo. "Ibi n'igitangaza," abigishwa baravugaga. "Yesu yaduhisemwo ngo dukore igikorwa ciwe". Abigishwa basubira aho Yesu ari. Bari banezerewe kandi bahimbawe nuko yabashizemwo mu gikorwa ciwe. "Ng'iki ikintu mukwiriye kunezererwa gusumba" Yesu aravugaga. "Munezerwe ko amazina yanyu yanditswe mw'ijuru."

**Vuga:** Turashobora kandi gufasha Yesu mu gukora igikorwa ciwe. Genda hanyuma mubwire abandi ivy'urukundo rw'Imana. N'ibihe bibanza ushobora kujamwo hanyuma ukabwira abandi ivya Yesu? N'iki wobwira abandi ibijanye na Yesu?

Ni izihe nzira ushobora gusangira urukundo rw'Imana n'umuntu agwaye canke bababaye?

**Vuga:** Turi abafasha ba Yesu. Dushobora kwizera ko azodufasha kubwira abandi urukundo rwiwe n'ubushobozi.

## Igikorwa

### Tegura urugendo

**Imbere y'uko ishure ritangura:** Kikibaho kigaragara canke urupapuro rukomeye andika: "N'ibiki dukeneye muri uru rugendo?"

Hagati shiraho canke ucape ikapo canke isakoshi y'urugendo.

**Baza:** N'ibihe bintu vya nkenerwa wojana ugiye mu rugendo rw'iminsi itatu? ubahe impapuro zo gucapako/gushushanya ibintu vyose biyumvirako ari ivyankenerwa mu rugendo. Basabe ko bamanika ivyo bacafye kudasakoshi twabo.

**Baza:** Mbega ibi bintu vyose birakenewe muri uru rugendo? Iyo tuba twagize uru rugendo mu gihe ca Yesu, mbega Yesu ntiyobaye uwutubuzza ivyo bintu canke twari kubijana? Raba igikorwa co ku urupapuro 12 bivuye mu gitabo c'abanyeshure hanyuma ubarongore kurangiza ibibuze.

## Gufata ku mutwe

Andika ijamba ryo gufata ku mutwe. Igisha abana uwo murongo, ijamba ku rindi. Babwire basubiremwo incuro nyinshi zishoboka gushika bawumenye. Tangura gufata ijamba hanyuma ubabwire basubiremwo umurongo wose. Hanyuma ufute uwundi n'uwundi gushika aho bawuvugaga ku mutwe. Igihe cose ufuse ijamba, batere intege mu kuvuga ibi bikurikira: sinarinzi ko ushobora kuwuvugaga, biragoye cane, n'ibindi (mu kubahindura). Bakomere amashi igihe bawuvuze neza. Mu mpera, igihe ata nakimwe kigisigaye canditse ku rubaho, basabe kuwusubiramwo irindi rimwe n'inkomezi zabo zose.

## Kurangiza

**Vuga:** Mbega nkuru iryoshe twize uno muni! Mbega ingene ari vyiza kumenyako Yesu ashakako tumufasha! Dutegerezwa gushiramwo inkomezi zacu zose mu gukora igikorwa ciwe mu buryo bwose bushoboka. N'inde yiteguye gukora ico Yesu asaba?

**Senga:** Urakoze Mwami, kubera dushobora gukorana mu gikorwa cawe. Dushoboze kwizera ko uzodushoboza kubikora. Tugomba kuba abafasha beza! Amen

## ICIGWA 12

### YESU UMURONGOZI MWIZA

**Ivyanditswe:** Luka 9:1-16; 10:1-20

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Yesu asaba kandi ashoboza abamukurikira kumufasha. Azodufasha gushitsa igikorwa.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Akivuga, haza igicu gikayangana, kibatera igitutu, riti nguyu Umwana wanje nkunda, akampimbara; ni mumwumve!"  
(Matayo 17:5)

*Yaduhisemwo kugira tumufashe gukora igikorwa ciwe:*



".....hanyuma ijwi rivuye mu bicu rivuga riti, 'uyu n'umwana wanje, uwo nkunda;uwo nezerererwa. Ni mumwumvirize!'"(Matayo17:5)

**Dushobora  
gusengera  
abantu  
bagwaye.**



# INTANGAMARARA - IKIGABANE IV

## INTEGURO Y'AGAKIZA

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Luka 22:47-53; 63-71; Luka 23; 24:1-12, 36-53; Mariko 16:15-16, 19-20

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'ikigabane:** “Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n'Intumwa 2:32)

**Intumbero z'ikigabane:**

**Iki kigabane kizofasha abana ku:**

- Kumenya ko Kristo yarishe igihano c'ivyaha vyacu biciye m'urupfu rwo ku musaraba
- Gutahura ingene Yesu yazutse avuye mu bapfuye
- Kwemera mu kwizera no kunezererwa ko Yesu ari umukiza wacu

**Ivyigwa vyo mu kigabane:**

**Icigwa 13:** Yesu yapfuye ku bwacu

**Icigwa 14:** Yesu yarazutse

**Icigwa 15:** Yesu n'umucunguzi wacu

Abana ntibashobora gutahura canke kwiyumvira ingene umuntu ashobora gupfa ku musaraba; siko bisanzwe biri muri iy'isi tubayemwo. Uriko werekana amafoto y'urupfu rwa Yesu ku musaraba, sigura y'uko Yesu yapfuye muri ubu buryo kugira ngo arihe igihano c'ivyaha vyacu, kandi ko n'isezerano rya kera abavugishwa ivyo bavuze ku rupfu rwa Yesu ku musaraba. Urupfu rwa Yesu, ivyabaye imyaka irenga 2,000 irarangiye, rudushoboza twese abizera gushika mw'ijuru.

Ijuru n'ikibanza ciza, kitarimwo icaha na kimwe. Twese abantu twaracumuye kubw'ivyo Atari kubwa Kristo ntidushobora kwemererwa kwinjira mw'ijuru ryera ry'Imana.

Ivyo vyaha bishobora guhanagurwa –nk'iyi tutabisubiyemwo ukundi. Igihe igihano c'ivyaha twakoze kirishwe. Yesu aradukunda cane. Ntiyipfuzako duhabwa igihano c'ivyaha vyacu yaciye yishirako igihano cacu; yarapfuye ku musaraba.

Ico dukwiye gukora twese n'ugushimira Yesu no kumuha ubuzima bwacu. Tubwire Yesu tuti n'ukuri turicuza ku vyaha vyacu kandi ko tutipfuzza kubisubiramwo ukundi. Tubwire Yesu ko twipfuzza kubana nawe, hano kw'isi, no mw'ijuru ibihe vyose!

Uku nikwo Yesu yadukijije adukuye mu vyaha. Iki nico gituma twita Yesu umukiza wacu.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya igituma Yesu yaje hano kw'isi. Yapfuye ku musaraba kubw'ivyaha vyacu.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n'Intumwa 2:32)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana bamwe bashobora kuba bumva badakunzwe n'abakuze babakikuje. Bashobora gutahura ko Yesu abakunda cane ko yemeye gupfa ku musaraba kubw'ivyaha vyabo. Shira abana mu kuri k'urukundo rw'Imana. Saba Imana igufashe mu kubabwira urukundo rwayo rudaserangurika ku mwana wese. Iki cigwa kizoguha akaryo ko gufasha abana gutahura cane neza urukundo rw'Imana. Senga kugira abana bashobore kwitaba uru rukundo rw'uwubakunda cane; YESU.

**Tangura igikorwa:** (S-E-A-R-C-H amajambo ya Bibiliya)

**Imbere y'uko ishure ritangura:** Andika izo ndome S-E-A-R-C-H.

Vuga: Ngiye kuguha insiguro ijanye n'amajambo amwe amwe ari muri Bibiliya n'urudome rutangurira inyishu. Urashobora kuritora?

Nk'akarorero:

S – Kutumvira Imana (SIN=ICAHA)

E – Yesu yapfiriye ivyaha vya bande? (EVERYONE'S=VY'ABANTU BOSE)

A – Ninde ashobora gukizwa? (ALL=BOSE)

R – Iyo umuntu avuye mu bapfuye (RESURRECTED=YARAZUTSE)

C – Yesu yagiye \_\_\_\_\_ ku musaraba (CRUCIFIED=YARABAMBWE)

H – Nimba dusavyeko Yesu yotubabarira, umunsi umwe tuzogenda hariya (HEAVEN=MW'IJURU)

Baza: N'ayahe majambo mashasha mwize muri runo rukino? Inkuru zacu zo muri Bibiliya uno munsi zijanye nayo majambo.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Yesu yapfuye ku bwacu**

Abagabo bafise amacumu n'imbugita barashika atawuzi iyo bavuye. Barongowe na Yuda, umwe mu bigishwa ba Yesu. Yuda ubwo nyene aca yegera Yesu hanyuma amuha nkuko vyari bisanzwe, undamutso y'ubugenzi n'iyicubahiro: amusoma mu musaya.

Ababaye, Yesu araba umwigishwa wiwe, “Yuda, ugura umwana w'umuntu mu kumusoma?”

Ubwo nyene Petero afata inkota yiwe hanyuma aca ugutwi k'umushumba w'umuherezi mukuru. “Biramaze!” Yesu aca atora ugutwi kwiwe kwari hasi hanyuma aramukiza.

Yesu ahindukirira ishengero, “ Mbega ndongoye abagumutsi aho muza n'amacumi n'imbugita. Sinabanye namwe iminsi yose mu masinagogi none ko mutadugije ukuboko ngo mumfate.”

“Reka tugende!” abajewe isinagogi baramufata. Bamucunaguza, bakura ngaho Yesu. Abigishwa bariruka kugira bakize amagara.

Iryo joro abararira isinagogi bakubita Yesu n'inkoni z'ivyuma. Bamucirako amate, baramutwenga, baramutuka kandi babwira Yesu bati, “Wewe, muvugishwa! tubwire ninde agukubise.”

Bajana Yesu imbere ya Pirato hanyuma batangura kumwagiriza ibibi vyose. “Ateye ingorane mu gihugu cacu,” baravuga. “...Yabujije ko baha icubahiro Kayisari, yiyita Kristo, Umwami.” Pirato abaza Yesu, “Uri umwami w'abayuda?”

“Urabivuze,” Yesu arishura.

Pirato amubaza ibindi bibazo hanyuma ahindukirira ishengero rishavuye, “ Uyu muntu ntakintu na kimwe kibi yakozwe. Ndarungika Yesu kwa Herode. Niwe arongoye akarere Yesu yavukiyemwo. Reka abe ariwe afata ingingo y'ico twokorera Yesu.”

Yesu ajanwa ku mwami Herode. “Kora ibitangaza bimwe,” Herode abwira Yesu. Yesu nta jambo narimwe yavuze. Mukumushinyagurira Herode yambika Yesu impuzu y’inyambarabami hanyuma asubiza Yesu kwa Pirato. Pirato abwira abakura b’idini, “Uyu muntu ntakwiriye gupfa ndamureka agende mpejeje kumukubitisha.” Ukwo umwaka utashe Pirato yategerezwa kurekura umwicanyi; yizera ko Yesu ashobora kuba ari umwicanyi. N’ishavu ryinshi ishengero risemerera n’ijwi riranga, “Turekurire Baraba!” (Baraba yari umuntu mubi cane yashizwe mw’ibohero kubera ububi bwiwe.) Pirato yongera kuvugana nabo yipfuzaga kurekura Yesu; ariko babandanya gusemerera cane bavuga bati, “Mubambe!Mubambe!”

“Sawa!” Pirato aravugaga. “Murashobora kuronka Yesu. Ndamukubitisha hanyuma murashobora kumukoresha ico mushaka cose. Ngiye kubarekurira Baraba nkuko mwabisavye.”

Abasoda bafata Yesu, bamubohesha iminyororo ikomeye cane, hanyuma bamujana mu kibanza aho babambira abicanyi. Yesu yararushye cane hamwe n’ibikomere yarafise ntivyari bigikundako yikorera umusaraba wiwe. “Hewe, wewe!” abasoda bahamagara yarahagaze hafi. “ikore uwo musaraba uwujane I Gorogota.”

Baje gushika ku musozi wo kubambirwako. Abasoda batera Yesu imisumari mu biganza no mu birenge ku musaraba mu nyuma bashiraho icandiko kivuga giti: “UWU N’UMWAMI W’ABAYUDA”. Ibisuma bibiri vyari bibambanye nawe muri uwo mwanya nyene; umwe ku runde uwundi kurundi rwa Yesu. Yesu araba ishengero, abakuru b’idini, abasoda, abantu, hanyuma arasenga, “Data, bababarire kuko ntibazi ico bakora.” Umwe muri vya bisuma ati, “Niwikize hanyuma udukize natwe.”

Uwundi musuma ati, “Ntitinya n’Imana, naho uriko urapfa? twebwe turiko turazira ivyo twakoze; uyu mugabo nta caha yakoze. Uzonyibuke igihe uzozira mu bwami bwawe.”

N’urukundo Yesu aramwishura, “N’ukuri, ndakubwiyeko uy’umunsi nyene uraja kubana nanje mw’I paradizo.” Nk’isaha cenda z’umuhingamo Yesu arasemerera n’ijwi riranga avuga ati, “Data, mu biganza vyawe niho nshize ubugingo bwa nje.” Hanyuma aracikana.

“Uyu muntu vy’ukuri yari umugororotsi,” vyavuzwe n’abasoda b’abaroma batangaye cane.

Yozefu w’umurimantayo agenda kwa Pirato “Ndagusavye umpe ikiziga ca Yesu ndagomba kuja kugihamba.” “Mutware,” Pirato aramwishura.

Yozefu akura umubiri wa Yesu ku musaraba hanyuma awujana kuwuhamba mw’itongo. Yuzuye umubabaro, Yozefu aca aja muhira gutegura ibimota neza ashira k’umubiri wiwe. Umugenzi wiwe yari yapfuye! wari umunsi w’umubabaro muri kahise!

## Igikorwa

Raba ibikorwa vy’icigwa ca 13. Andika intambwe ABC umuntu ategerezwa gufata kugira ngo yemererwe guharirwa ivyaha vyabo: 1) Kwemera ko turi abanyavyaha 2) Kwizera ko Yesu yapfiriye ivyaha vyacu 3) Kwatura Yesu nk’umukiza, hanyuma ukabwira abandi ko Yesu aharira ivyaha.

**Baza:** Mbega ibi bintu vyose birakenewe muri uru rugendo? Iyo tuba twagize uru rugendo mu gihe ca Yesu, mbega Yesu ntiyobaye uwutubuzaga ivyo bintu canke twari kubijana? Raba igikorwa co ku urupapuro 12 bivuye mu gitabo c’abanyeshure hanyuma ubarongore kurangiza ibibuze.

## Gufata ku mutwe

“Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur’ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n’Intumwa 2:32)

Andika umurongo wo gufata ku mutwe ku rupapuro rwagutse. Kata urudome rwose kuburyo indome zose zirebanga, nk’uduce dutoduto ushobora gushira hamwe. Soma incuro nyinshi umurongo wo gufata ku mutwe. Vanga ibice vy’amajambo. Emerera umwana wese gutora ijambo.

Baza: Ninde afise igice c’ijambo, “Yesu”? Reka umwana avuge umurongo hanyuma ashire ijambo ryabo ku meza.

Baza: Ninde afise igice c’ijambo “ivyabona”? Reka umwana avuge kandi umurongo hanyuma ashire ijambo ryabo ku meza. Bandanya ku buryo umwana wese ashobora gushira ijambo ryiwe ku meza mu kibanza nyacyo gushika aho umurongo wegeranirijwe.

## Kurangiza

Birashoboka ko bamwe muri twebwe bashobora gusaba imbabazi kubera kutumvira Imana no kwipfuzaga gusaba Yesu uno muni ngo atubere umukiza? Unamika imitwe yanyu.

Ririmba “Ndahevyeye vyose,”

Vuga: Nimba wipfuzaga kwakira Yesu nk’umukiza wawe duza ukuboko kwawe.

Nimbi hari abadugije amaboko yabo saba abunganirizi bawe bitwararike abandi bana. Vuga kandi usengane nabo bemeye kwitaba umuhamagaro. Hamagara Imana ikurongore muri ico gikorwa. Tera intege abana kugira babwire inkuru ya Bibiliya imiryango yabo.


# ICIGWA 13

## YESU YAPFUYE KU BWACU

**Ivyanditswe:** Luka 22:47-53, 63-71; Luka 23

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya igituma Yesu yaje hano kw'isi. Yapfuye ku musaraba kubw'ivyaha vyacu.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo." (Ivyakozwe n'intumwa 2:32)



**Yesu ashobora kuba umukiza wawe**



*Yesu yapfuye k'umusaraba ku bantu Bose. Yapfuye kubwawe. Woba warasavye Yesu ngo aguharire ivyaha vyawe hanyuma akubere Umukiza?uku nikwo ushobora kubikora:*

**KWICUZA**

**KWIZERA**

**KWATURA**

**ko wacumuye (wakoze ibibi, wagararije Imana). Bwira Imana ivyo wakoze, usabe imbabazi kuri ivyo kandi ugire ishaka ryo kubiheba.**  
**(Abaroma3:23; Yohana1:9)**

**ko Imana igukunda. Yarungitse umwana wayo, Yesu, ngo agukure mu vyaha vyawe. Saba Imana ikubabarire kandi wakire guharira kwayo.**  
**(Yohana3:16; ivyakozwe n'intumwa16:31)**

**Yesu nk'umukiza wawe. Bwira abandi ivyo Imana yagukoreye. Ukunde Imana kandi ukurikire Yesu.**  
**(Yohana1:12; Abaroma10:13)**

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya igituma Yesu yaje hano kw'isi. Yapfuye ku musaraba kubw'ivyaha vyacu.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n'Intumwa 2:32)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

N'ibiki biza mu mitwe no mu vviyumviro vy'abana bawe mu gihe ca pasika? Ni gute twokwishimira kandi tukanezererwa ukuzuka ku bana baba bafise mu mitwe guhimbaza iminsi mikuru? Nta nyishu nziza dufise. Abana ntiberekana kuri twebwe ubwo nyene igihe ukuri kwa mpwemu kwabajemwo. Imyanya itari mike abigisha ntibatahura ibimenyetso baturungikira. Nk'abigisha ntituri ngaho kugira ngo twemeze abana ukuri kwa Bibiliya; ico n'igikorwa ca Mpwemu Yera. Intumbero yacu n'ugushikiriza ukuri kwuzuye no mu nzira nziza ishoboka, mu nyuma wizereko Mpwemu azobafasha ku bishira mu ngiro.

Wigisha abanyeshure bawe ibigaragaza ubuzima ivyo mu majambo bigahura n'ubuzima.

Muri iyo nzira nyene uriko uvuga ibijanye no kuzuka, uzobashikiriza ukuri kuri ico gikorwa.

Nimba uronse canke utaronse ico abana babivugako, igisha iki cigwa wisanzuye. Mu gihe ciwe Imana izotuma ukuri kwizuka kuba ukuri mu bana.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

## Yesu yazarutse!

“Sinshobora kuvyizera!” Mariya Magdalena abwira abagenzi biwe. “Bisa naho ari indoto.”

“Ndabizi,” uwundi aravuga. “Kubera iki bishe Yesu muri ubu buryo buteye ubwoba?”

Hari kuw'Imana mu gitondo. Mariya Magdalena, Mariya nyina wa Yakobo, n'abandi bagore bakunda Yesu bajana aho bamuhamvye. Bashaka gukora imigenzo yose bakorerwa umuntu ukunda iyo yapfuye. Abo bagore bagiye bajanye udukebo n'ibimoga neza bizimvye. Bari bipfuzaga gushira ibimota ku mashuka bari bazingiriyemwo umubiri wa Yesu. Bakiriko baragenda abo bagore barabazanya. “Mbega twinjira gute mu mva ya Yesu?” umwe muribo arababaza.

“Ico n'ikibazo ciza!” uwundi arishura.

“Bari mu kuri!” uwagatatu aravuga. “Abarongozi b'idini bashize ikibuye kinini mu rwinjiriro rw'imva bahomesha ishahara. Kandi ubu hari abasoda bayicunze. Birashobokako abo basoda nyene ko bodufasha gukuraho ico kibuye.”

“Raba!” umwe muri ba bagore arasemerera. “Ibuye ryariko ryatembagajwe. Imva irarangaye!” Ubwo nyene, ba bagore baca binjira mu mva. Umubiri wa Yesu ntawari uhari!

“Umubiri wa Yesu uri hehe?” barabazanya. “Habaye iki? Ninde yoba yawutwaye?” Muri uwo mwanya nyene, abagore babona abagabo babiri bahagaze iruhande yabo. Ariko ntibari abagabo basanzwe. Impuzu zabo zaca ibibatsi nk'itarira ririko riraka. Bari abamarayika.

Abo bagore baca bapfukama kubirenge vyabo, bafise ubwoba bwinshi.

“Kubera iki muronderera umuzima mu bapfuye?” Abamarayika barabaza. “Ntari ngaha, yazutse. Mbega ntimwibuka ivyo Yesu yababwiye imbere y'uko apfa? Yarababwiye ko azobambwa n'abansi biwe, ariko ko ku muni ugira gatatu azozuka.”

Abo bamarayika bakiriko baravuga ba bagore bibuka amajambo ya Yesu. N’umunezero mwinshi, biruka aho abigishwa ba Yesu bari. “Ibuye twasanze ryatembagajwe, imva ya Yesu yari igaragara!” Babivuga banezerewe. “Abamarayika babiri batwiyeretse batubwirako Yesu ari muzima, nkuko yari yarabitubwiye imbere!” “Ivyo ntibigira urufatiro !” Abigishwa baravuga. Bari babonye urupfu rubabaje rwa Yesu ku musaraba. Bari babonye Yozefu w’I arimatayo ashira ikiziga ca Yesu mu mva. Ntibigeze bibuka amajambo ya Yesu kubijanye n’izuka ryiwe. Ntibashoboye kwizera ivyo abo bagore bababwiye.

Petero yagomba kuvyibonera ubwiwe. Yiruka kumva. Aca bugufi arunama, abona imva yuguruye, n’amashuka bari bahambiriyeko kummubiri wa Yesu ari ngaho. Petero ava muri ico kibanza hanyuma asubira iyo abandi bigishwa bari. “Habaye iki?” aribaza ubwiwe. “Birashobokako Yesu yoba ari muzima?”

**Baza:** N’ikihe gitangaza Imana yakoze mu gitondo ca pasika? (Yasubije ubuzima Yesu.) Ninde yizeye inkuru nziza ko Yesu ari muzima? (Mu ntango ntanumwe, mu nyuma abagore barizeye.) Ni kubera iki mwiyumvira ko inkuru y’izuka ari ikintu ngirakamaro mu buzima bwa Gikristo?

Vuga: Inkuru y’uno muni n’inkuru ihambaye muri Bibiliya yose. Ubukristo niryo dini rirongora ayandi, Yesu, yazutse mu bapfuye kandi uno muni aba mw’ijuru. Kuva Yesu azutse twebwe abakristo tuziko ubushobozi bw’Imana buri hejuru y’ikindi cose. Abakristo baraziko igihe dupfuye tuzokwongerera kubaho kandi kandi tuzoba turi kumwe n’Imana na Yesu mw’ijuru. Ubu nibwo butumwa bwo kuzuka!

### Igikorwa

Twibuka imva irangaye (agakino)

Abakinyi: abagore 3, Petero, abasoda batatu canke bane, abamarayika babiri, n’abigishwa.

Tegura imbere y’igihe ikiganiro gitoya hagati ya bose inyifato mu gukina ibijanye n’umuni w’izuka. Koresha ubushakashatsi bwawe mu kwubaka imva n’ibuye ryavuyeko.

Kwumvisha Petero

Vuga: Reka dufate ko duhuye na Petero avuye ku va igaragara. Petero yarazazaniwe n’ibyo yabonye. Niki twashobora kuvuga mu gufasha Petero kumenya no kwizera iyo nkuru ikomeye ko Yesu ari muzima? Ni gute twomvisha?

Hitamwo umwana akina mu kibanza ca Petero hanmwe nabasigaye mw’ishure, n’umunezero mwinshi, muhe inkuru nziza hanyuma ugerageze uyimwumvishe ko ari ukuri. Petero azogerageza kuvyanka kandi avuge ko ivyo bariko baramubwira ari ikinyoma.

Mu mpera hazoza umwana akina mu kibanza ca Yesu, yambaye imyambaro year hose, aramutse Petero n’abandi bese bakoraniye ngaho.

### Gufata ku mutwe

“Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur’ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n’intumwa 2:32)

Andika umurongo wo gufata ku mutwe mu majambo avangavanze. Nk’akarorero: “Imana, turi ivyabona, Yesu...” Hanyuma ureke abana bagende umwumwe kurubaho yandike umurongo mu rutonde rwiza rw’amajambo.

### Kurangiza

Urabe neza ko abana batahura insiguro nyayo yo kuzuka. Ha ishimwe Imana kubw’izuka rya Yesu. Ubigishe iki kiganiro nka pasika canke indamukanyo y’izuka:

Umwigisha: Umwami yazutse!

Abana: N’ivy’ukuri yazutse!

Umwana wese asezerere uwundi muri iyo ndamukanyo nyene.


## ICIGWA 14

### YESU YARAZUTSE!

**Ivyanditswe:** Luka 24:1-12

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya igituma Yesu yaje hano kw'isi. Yapfuye ku musaraba kubw'ivyaha vyacu.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n'intumwa 2:32)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya ko abigishwa ba Yesu babonye asubira mw'ijuru Imana ihejeje kumuzura mu bapfuye.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n'Intumwa 2:32)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Abigishwa bakoranira hamwe mu cumba. Ubutumwa bwiza bwa Yohana butubwirako bari mu kibanza kimwe inzugi zugaye (Yohana 20:19) Yesu ari hehe?

**Inkuru ya Bibiliya****Yesu ni muzima!**

Ubwo nyene babiri mu bigishwa ba Yesu bavuye Emawusi biruka muri ico cumba hanyuma bababwira bati, “Yesu ni muzima! Twari kumwe mu nzira yose tuja Emawusi, ariko ntitwigeze tumumenya. Twamuhaye ikaze ngo asangire natwe. Tumusaba gusenga hanyuma atanguye gusenga, twaciye tumumenya. Yesu ni muzima!!”

Bamwe mu bigishwa bari mu cumba barabishura, “Ivyo sivyo. Yesu yarapfuye. Twaramubonye igihe yapfa n'amaso yacu. Umuntu ntashobora kuba muzima haheze iminsi itatu apfuye!” abandi barabishimika.

“Ariko ni ukuri,” ba bagabo babiri babandanya kuvuga.

Bakiriko baravuga Yesu ahagarara hagati yabo muri ca cumba. “Amahoro abe muri mwebwe,” aravuga. “Ni igihume!” umwe aravuga. Bose bajugumizwa n'ubwoba.

“Kubera iki mufise ubwoba canke ni kubera iki mukekeranya mu mitima yanyu?” Yesu arabaza. “Raba mu biganza vyanje no mu birenge vyanje. Ni jewe; ni munkoreko hanyuma murabe.”

Ubu abigishwa baca barizera inkuru nziza. Nticari igihume. Yari Yesu kandi yari muzima vy'ukuri!

Umunsi umwe Yesu abarongora bose mu kibanza kidasanzwe ku musozi wa oliveti. Adugije amaboko yiwe Yesu abasabira umugisha kuri Data. Akiriko aravuga Yesu atangura kuduga mw'ijuru. Mu mwanya mutoya aca arazimangana. Abigishwa ntibasubiriye kubona Yesu kandi hano kw'isi.

Boba barababaye? Na bukebuke basi; niko bitumerera twese iyo dutandukanye nabo dukunda. Ariko kandi abigishwa bari buzuye umunezero. Yesu ni muzima!

Vuba Yesu yaciye arungika Mpwemu Yera kugira abane nabo iminsi yose. Icari icingira kamaro nuko abigishwa bari baronse igikorwa co gukora. Abigishwa bategerezwa kuja kubwira abantu bose ko Yesu ari muzima kandi ko ashobora guharira ivyaha vyabo nibabimusaba.

## Igikorwa

Gabura abana mu migwi ibiri; umugwi A n'umugwi B

Kuva muri Luka 24:1-12 bambwire ko bokurikiza urutonde rw'ibibazo:

A – Abigishwa boba biyumvise gute mu mitima igihe bumvako Yesu yazutse mu bapfuye? (ubwoba, kwihebura)

B – Abigishwa boba barababajwe nuko Yesu yapfuye? (Ego)

A – Abigishwa boba barababaye kubera ko umubiri wa Yesu woba wibwe? (Ego)

B – N'ukuri ko babagore bizeye ko Yesu yazutse mu bapfuye ariko abigishwa baranka kuvyemera. (Ego)

A – Sivyo ko atanumwe yizeyeko Yesu yazutse. (Ego)

B – N'abagore bangahe bagiye ku mva? (ntabo tuzi)

A – Hoba hariho ikibuye kinini cari cugarije umuryango w'imva? (Ego)

B – N'abagabo bangahe bari ngaho bambaye impuzu zikayangana? (Babiri)

A – Mbega abo bagore boba bagiye kuruhafu sacenda zo ku muhingamo? (oya, kare cane mu gitondo)

B – Mu nyuma, ninde yirutse kumva kuraba? (Petero)

Umugwi wishura neza ibibazo gusumba uwundi niwo mugwi utsinda.

## Gufata ku mutwe

*“Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo.” (Ivyakozwe n'intumwa 2:32)*

Andika hejuru umurongo ukataguwe mu dukarata dutoduto; ijamba ryose kugakarata karyo. Vanga izo karata hanyuma uzitange imwe yose ku mwana gushika kuri 14 (ushizemwo n'iy'urufatiro).

Mu kimenyetso cawe, uti, GENDA! Uzobona ingene abana banyarutsa mugutegura neza ubwabo.

## Kurangiza

Sengana n'abana kugira bizigire kandi bizere ko Yesu yazutse mu bapfuye. Yesu ni MUZIMA! Sengera uwo wese yoba agwaye canke uwo wese yoba afise ikindi kibazo muhira. Musengeranire. Tera intege abana kubwira inkuru ya Bibiliya y'uno munsu abavyeyi babo, basaza babo/bashiki babo, n'abagenzi.

## ICIGWA 15

### YESU NI MUZIMA!

**Ivyanditswe:** Luka 24:36-53

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko abigishwa ba Yesu babonye asubira mw'ijuru Imana ihejeje kumuzura mu bapfuye.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Uwo Yesu Imana yaramuzuye, natwe twese tur'ivyabona vyo gushingira intahe ivyo." (Ivyakozwe n'intumwa 2:32)

Fotora uru ruhande. N'ukate iyi foto iri hejuru yo kuzuka kwa Yesu. Fatanya iyi foto niyo yarhagararanye n'abigishwa.



"Imana yazuye uwu Yesu amushira mubazima kandi twese turi ivyabona vyivyo." (Ivyakozwe n'intumwa 2:32)

Agura iyi foto kugira bose bashobore kuyibona.

# INTANGAMARARA - IKIGABANE 5

## AMABWIRIZWA CUMI NYAMUKURU

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Kuvayo 19:1-20, 21, 24:12-18, 32:1-33:6, 34:1-14; 1 Samweli 17:12-20, 22:1-4, 24; Matayo 5:21-22, 43-45; 1 Abami 21:1-29; 2 Abami 5:13-27.

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'ikigabane:**

*Ni co gituma mukwiye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musi. (Gusubira mu vyagezwe 27:10)*

**Intumbero z'ikigabane**

**Iki kigabane kizofasha abana**

- Kumenya amabwirizwa Imana yadusigiye kugirango dushobore kubaho mu bwenge
- Gufata neza ivyiyumviro vyabo
- Kwubaha n'urukundo rw'abavyeyi babo
- Kumenyako kubesha bizana ingaruka mbi
- Gutahura y'uko Imana itegerezwa kuba mu kibanza ca mbere mu buzima bwacu

**Ivyigwa vyo mu kigabane**

**Icigwa 16:** Amategeko yo kubaho mu bwenge

**Icigwa 17:** Imana itegerezwa kuba mu kibanza ca mbere

**Icigwa 18:** Kwubaha abavyeyi bacu

**Icigwa 19:** Kurinda ivyiyumviro vyanyu

**Icigwa 20:** Kwiba no kubesha Bizana ingarukambi

**Icigwa 21:** Kudahazwa n'ivyo dufise ni bibi

N'abana bakiri bato barakeneye gutahura ko Bibiliya ari igitabo c'ubuzima. S'inkuru gusa zivuga ko Imana yabayeho imyaka ibihumbi hanyuma igasiga gusa igitabo kinini kigoye gutahura.

Fasha abana kubona ko ivyagezwe 10 atari amategeko ari ngaho kugira ngo atubuze umwidegemvyo n'umunezero wacu. Amategeko y'Imana adufasha mu kuturinda kubabara kandi adufasha kubaho mu mahoro n'ukwisanzura.

Ikiguzi cabo bose bahonyanga ivyagezwe vy'Imana bategerezwa kuriha n'ugutandukana n'Imana ibihe bidashira.

## Intumbero y'Icigwa:

Gufasha abanyeshure kumenya akamaro ko kwitondera ivyagezwe vy'Imana uko ari 10.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Abavyeyi barashiraho amategeko yo kwubahiriza. Kubw'ayo mategeko tuzobaho mu mutekano no kumenya cane ibijanye n'ubuzima. Imana ifise amategeko 10 ahambaye ayo yitezeko twubahiriza kubera ko adufasha kumenya ingene yipfuzako abantu biwe babaho. Inkuru y'uno musu ya Bibiliya ni kubijanye nayo mategeko ahambaye 10-ivyagezwe cumi.

## Ivyagezwe cumi vy'Umwami (Kuvayo 20:1-17)

Abisirayeli babona umusozi imbere yabo; wari munini! Bari bagiye amezi atatu yuzuye kugira ngo bawushikire. “Icara ngaho,” Mose aravuga. “Turaja kwicara mu mwanya muto.”

Abantu bacicaye muni yawa musozi, Mose avugaa'Imana kuri uwo musozi. Imana yibutsa abantu igene yabarogoye aho baciye hose. Mose asubira aho basagaje hanyuma ababwira ivyo Imana yamubwiye. Abantu barishura, “Tuzokora ivyo vyose Uhoraho yatubwiye.”

Mose asubira kugenda ku musozi hanyuma abwira Imana, “Abantu basezeranye kwumvira.”

Imana iravuga, “Babwire bitegere. Uno musu n'ejo bazokwiyoga kandi bamesure impuzu zabo. Umusu ugira gatatu nzoza hanyuma mvugane namwe. Abantu bazonyumva hanyuma bamenye ko bashobora kukwizera nk'umuroongozi wabo kubera ko naguhisemwo. Urabe neza ko bagiye kure y'uwu musozi kubera ko ari uwera. Ntibashobora kuwukorako.”

Mose n'abantu bumvira Imana hanyuma baritegura. Ku musu ugira gatatu, kuri uwo musozi habaho umuyaga n'imituragaro. Aho habaho kunyiganyiga, gufumba umwotsi, umuriro n'amajwi menshi. Imana niho yariri hanyuma abantu bagira ubwoba! umuntu wese muribo aranduka umutima. Mose akura abantu ngaho kugira aje kubonana n'Imana kandi bahagaze ku nkengera z'umusozi. Mose aduga umusozi kugira ahure n'Imana. Abantu bakirindiriye ko Mose avugana n'Imana.

Imana iha Mose amategeko 10 ahambaye kugira ngo bayubahirize. Tuyita amategeko ivyagezwe cumi kugira ngo Imana ishobore kwereka abantu bayo ingene bashobora kubaho.

Ivyagezwe bine vya mbere vyereka abantu ingene boha icubahiro no kwubaha Imana:

“Ntukagire izindi mana umbangikanya.” Abantu b'Imana ntibashobora gukunda canke gusenga uwundi kiretse we, Imana imwe y'ukuri. Bategerezwa gushira Imana mu kibanza ca mbere.

“Ntukibazire igishushanyo canke ngo usenge ishusho iyariyo yose.” Imana ibwira abantu biwe kutibazira ibishushanyo canke kubaza (ibigirwamana) ngo babisenge.

“Ntigapfe gukoresha izina ry’Umwami Imana yawe kuvy’ubusabusa.” Abantu b’Imana bategerezwa gukoresha izina ryiwe munzira yonyene yokwerekana urukundo no kumwubaha.

“Wibuke umusi w’isabato kandi uwugire uwera.” Isabato n’umusi udasanzwe w’Umwami. Abantu babwirizwa gushira Imana imbere ya vyose, gukoresha uwo musu mu guhimbaza no kuruhuka.

Ibindi vyagezwe bitandatu bikurikira bibigisha ingene bafata abandi bantu:

“Wubahe So na Nyoko.” Imana yipfuzako abantu bayo bubaha kandi bakumvira abavyeyi babo.

“Ntukice abandi bantu.”

“Ntugasambane.” Abantu b’Imana bategerezwa kwubahiriza ivyo basezeranye mu kwubakana. Kubw’ivyo, umugore yubatswe ntazogiriranire imigenderanire n’uyundi mugabo. Muri icyo nzira nyene, nta mugabo yubatswe ashobora kugiriranira imigenderanire n’uwundi mugore Atari umugore wiwe.

“Ntukibe.”

“Ntukavuge ibinyoma kubandi.”

“Ntukipfuzwe.” Imana ntishakako abantu bayo bipfuzwe ibintu vy’abandi bantu.

Ivyagezwe cumi vyashobora gufasha abisirayeli kubaho nk’abantu b’Imana badasanzwe. Izo n’inzira 10 nziza zo gukunda no kwumvira Imana.

### Igikorwa

Ayo mategeko nay’iki?

Saba abana bagukurikire bicare canke bahagarare mu muzingi.

Terera agapira gatoya kave ku muntu umwe kaje k’uwundi. Igihe uvuze “Ivyagezwe cumi”, umwana afise umupira mu kiganza aca ahagarika kuwuterera hanyuma avuge ibijanye n’itegeko mu nzu iwe.

Baza: Wiyumvira ko ari kubera iki papa wawe (canke mama, canke abavyeyi bawe, nkuko bisanzwe) yashizeho iryo tegeko?

Bandanya uwo mukino wemerere umwana wese gushikirwa afate umupira hanyuma avuge ibijanye n’itegeko muhira iwabo.

### Gufata ku mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yavu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yawe, ivyo mbagera uyu musu.”

(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Abana bafate udupapuro turiko amajambo arimwo umurongo wo gufata ku mutwe kuri bo. Shira hejuru impapuro kugira ngo bese bashobore kuzibona. Subiramwo gushikaho umwe wese ashoboreye kuvuga umurongo wo gufata ku mutwe batiriwe bararaba.

### Kurangiza

Sengera abana kugira bumvire ivyagezwe 10; cane cane kuri abo bigora kwumvira.

## ICIGWA 16

### AMATEGEKO YO KUBAHO MU BWENGE

**Ivyanditswe:** Kuvayo 20:1-17

**Intumbero y'icigwa:** Gufasha abanyeshure kumenya akamaro ko kwitondera ivyagezwe vy'Imana uko ari 10.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyiwe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)



- I – Ushire Imana imbere ya vyose
- II – Ukunde Imana yonyene
- III – Ntugapfe kuvuga izina ry'Imana kubusabusa
- IV – Wubahe umusi wera w'isabato
- V – Wubahe abavyeyi bawe
- VI – Ntiwice
- VII – Ntusambane
- VIII – Ntiwibe
- IX – Ntubeshe
- X – Ntikipfuze ibitari ivyawwe

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko hari ibintu mu buzima bwacu duha ikimazi cane gusumba Imana? Imana itegererwa kuba mu kibanza ca mbere!

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

## Kuvayo 20:1-6 – Uzohitamwo Imana canke ikimasa c’inzahabu?

“Tuzokora ivyo vyose Umwami yadutegetse gukora. Tuzomwumvira.” Ryari isezerano abantu bagiriye Imana inyuma yo kuvugana nabo biciye kuri Mose. Baciye bibagira ningoga iryo sezerano. Imana ibarira Mose, “Genda ku musozi hanyuma tuvuganireyo. Nzoguha ibisate vy’amabuye vyanditseko ivyagezwe vyanje kuri bo.” Imana yahaye abantu ivyagezwe cumi kubera ibakunda. Yarizo ko nibitondera ivyagezwe vyayo, bazoba abejejwe, bazogira umunezero, kandi ko bazokwubaha Imana n’ingeso zabo.

Mose avugana n’abarongozi b’abo bantu, “Ntahari uwo tuvukana Aroni n’umwunganirizi wiwe bazoraba ibintu vyose. Mufise ingorane, zibashire.”

Mose aduga kwitaba ry’umusozo guhura n’Imana kandi amarayo imisi mirongo ine n’amajoro mirongo ine.

Imana iha Mose ibisate vy’amabuye vyanditseko ivyagezwe cumi. Imana imuha kandi ayandi mategeko ahambaye.

Aho bari basagaje, ubwa mbere ibintu vyose vyagenda neza. Abantu batangura kwidodomba hahaeze imisi. Igihe baraba ku musozi ivyo babona gusa yari umwotsi n’umuriro. Mu nyuma, abantu begera Aroni hanyuma bati, “Turagusavye utubazire imana izobana natwe kandi iturongore. Mose yadukuye muri Egiputa ariko ubu ntutuzi ivyamushikiye.”

Aroni aruhishwa cane n’imishwano no kwidodomba kwabo. Igikorwa ciwe cari ico kwigisha abantu gutazira Imana yonyene y’ukuri, kandi yonyene gusa. Ubu ntiyaragishoboye kubatera intege zo kwumvira. “Nzanira hano amaherani yanyu y’inzahabu,” abwira abisirayeli.

Aroni aturira za nzahabu zabo hanyuma abakorera ikimasa ciza, “Isirayeli, ngiyo imana yanyu yabakuye muri Egiputa.”

Abisirayeli bakunda ca kimasa c’inzahabu. Bakiraba bakumva ari nk’Imana ubwayo uri kumwe nabo kandi Atari hariya kure kwitaba ry’umusozo. Aroni yubaka kandi igicaniro ico kimasa c’inzahabu.

Aroni arababwira, “Ejo tuzogira umusi mukuru kandi tuzohimbaza Imana.”

Ku musu ukurikira mu gisagara baturira ibimazi mu guha icubahiro ico kimasa c’inzahabu. Baragihimbaza nkuko yoba ari Imana hanyuma batagura kugira umusi mukuru. Imana imenya ivyo

bariko barakora. Yaribabaye cane! Imana irakunda abantu cane gose ariko bariko barica imigambi yose myiza yaribafitiye.

Imana ibarira Mose, “Aba bantu ntibahanurwa kandi ntibanyumvira jewe. Ngiye kubarandura bose ndabarangize.”

“Oya Mana yanje, ndagusavye ntukore ivyo!” Mose aringinga. “Wakuye aba bantu muri Egiputa hanyuma niwabahonereza ngaha ubu abanyegiputa bazovugako uri imana y’integenke. Ndagusavye uharire aba bantu.”

Imana iramwishura, “Ndavyemeye, sinzobaherengeteza bose.”

Mose aca ava k’umusozi yihuta cane. Muri uwo mwanya Mose yarashobora kwumva bavuga. Aca abona ikimasa c’inzahabu abantu bariko baragisenga hanyuma yuzura ishavu ryinshi. Mose ata hasi vyabisate vy’amabuye hamwe naya masa mu muriro. “Uwo wese yumvako ari muruhande rw’Imana, nasange hano ubunyene!” Mose arasemerera. Bamwe mu bantu baraza bahagarara iruhande yiwe.

Ku musi ukurikira Mose abwira abantu, “Mwakoze icaha gikomeye ariko ubu ngira ngende ku musozi aho Imana iri. Birashobokako noyinginga ikababarira ikibi canyu.”

Abantu baricuza cane ivyo bakoze; bose baraboroga, bitantamurirako impuzu n’imyitwikiro mu kwerekana ingene biyumva nabi. Imana ibabarira abantu naho yari yahisemwo kubahanira ivyaha vyabo. Imana ibarira Mose gusubira ku musozi hanyuma Imana yandika ivyagezwe cumi mu bindi bisate bibiri vy’amabuye. Imana ikora ikintu gitangaje: Imana iza hafi cane ya Mose kugira ngo ashobore kubona Imana, nimiburiburi na gatoya.

“Ndi Jehova,” Imana ibarira Mose. “Nd’umunyembabazi kandi Imana yera, nteba kuraka kandi n’imbabazi nyinshi n’ukuri...iharira ivyaha.”

Imana iha isezerano Mose : « Nzokora ibitangaza bitigeze gukoreka kw’isi yose, ariko wewe n’abantu mutegerezwa kunyubaha. Mutegerezwa kutunamira iyindi mana ariko jewe jenyene ! »

### Igikorwa

Tegura uduseke tubiri tw’udukarata hariko ijambo rimwe kuri buri gakarata kose:

- Igiseke kimwe umurongo wo gufata ku mutwe
- Igiseke kindi ivyagezwe 1 na 2

Gira imigwi ibiri. Tanga agaseke k’udukarata ku mugwi wose.

Fashanya, imigwi izokwegeranya umurongo wa Bibiliya canke ivyagezwe mu gushira ijambo ryose mu kibanza gitegekaniywe. Umugwi uheza ubwa mbere niwo uzoba utsinze.

Shira udukarata ku meza twubitse, subiramwo umurongo wo gufata ku mutwe n’ivyagezwe nk’umugwi. Imigwi irashobora kuguza udukarata kugira ngo abana bose bige umurongo hamwe n’ivyagezwe bibiri.

### Gufata ku mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musi.”

(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Abana bandike umurongo uyu murongo k’urupapuro. Manika izo mpapuro kuruhome kugira bose bashobore kuwubona.

### Kurangiza

Senga hamwe n’abana, saba Imana ibafashe kumwumvira muri iyi ndwi, kuyiha ikibanza ca mbere mu bikorwa vyabo vyose no mu kibanza cose.

## ICIGWA 17

### IMANA ITEGEREZWA KUBA MU KIBANZA CA MBERE

Ivyanditswe: Kuvayo 20:1-6

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko hari ibintu mu buzima bwacu duha ikimazi cane gusumba Imana? Imana itegerezwa kuba mu kibanza ca mberere!

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyiwe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

**10. Inzira zo gushira Imana ubwa mberere:**

1. Kuvugana n'Imana imisi yose.
2. Gusaba Yesu kukubera Umukiza wawe.
3. Bwira Imana ko uyikunda.
4. Wumvire amabwirizwa 10 kandi ukore ibindi bintu uziko Imana yipfuzako ukora.
5. Uhimbaze Imana ahuri hose.
6. Utange ishikanwa ryawe ku Mana.
7. Wereke urukundo abandi bantu.
8. Wige ivyo Bibiliya ivuga.
9. Wipfuzze gukora ivyo Imana igusaba, naho vyoba biboneka nkibigoye gukora.
10. Uganire n'abagenzi bawe ibijanye n'Imana n'Ishengero.

**10. Inzira zo gushira Imana ubwa mberere:**

1. Kuvugana n'Imana imisi yose.
2. Gusaba Yesu kukubera Umukiza wawe.
3. Bwira Imana ko uyikunda.
4. Wumvire amabwirizwa 10 kandi ukore ibindi bintu uziko Imana yipfuzako ukora.
5. Uhimbaze Imana ahuri hose.
6. Utange ishikanwa ryawe ku Mana.
7. Wereke urukundo abandi bantu.
8. Wige ivyo Bibiliya ivuga.
9. Wipfuzze gukora ivyo Imana igusaba, naho vyoba biboneka nkibigoye gukora.
10. Uganire n'abagenzi bawe ibijanye n'Imana n'Ishengero.

Koresha ikaramu z'ibiti zibara mu kwandika hejuru y'amungane mu mfuruka zose z'urupapuro rukomeye. Urusharize ukwo wewe ubibona hanyuma urukoreshe muri Bibiliya yawe. Uzoyizane ku musu w'Imana ukurikira kw'ishengero.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gukurikiza akarorero ka Dawidi mu kwumvira abavyeyi biwe, kwipfuzza kwubaha abavyeyi babo, kubafata nkuko Imana yabitegetse.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.” (Gusubira mu vyagezwe 27:10)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Ijambo “icubahiro” ririmwo agaciro, kwubaha, kwumviriza, kunezererwa ni, no kwumvira abavyeyi babo. Kwereka abana isiguro y’icubahiro no kwubaha mu kuba akarorero mubuzima bwawe. Babwire ibijanye n’amahugurwa waronkejwe ukuye ku bavyeyi bawe no kwerekana ingene ubaha icubahiro.

Abana bazotahura atari mu majambo yawe gusa ariko kandi no mu karorero kawe

Hariho abavyeyi b’abana ushobora gusanga badakwiriye guhambwa icocuahiro. Bamwe mu bana ushobora gusanga barahohotewe n’abavyeyi babo. Sengera kubw’umwihariko abo bana. Nimba wicurako bakomerekejwe niryo hohoterwa, vugana n’umwungere wawe.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfasha nyigisho uzokoresha muri iki cigwa kandi ugerageze utegure ishure ryawe ribe rimeze neza imbere y’uko abanyeshure bawe bashika.

Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru zose zabo mu ndwi hagati

**Kwumvira 1 Samweli 17: 12-20**

Bakuru ba Dawidi batatu bari abasoda mu ngabo z’umwami Sawuli bagwanya ingabo z’abafirisitiya. Abafirisitiya bari bakomeye, abansi babi; ibintu ntivyarike bigenda neza ku ngabo za Sawuli. Umwansi yarafise umusoda w’ikigatanya bita Goliyati. Ntanumwe yubahuka guturukira Goriyati. Kumara imisi 40 ingabo zo ku mpande zose zagumye aho zari ziri kandi ntanabagwanye. Muri iyo misi nta maradiyo canke amateleviziyo yari ahari kugirango abantu bamenye ingene biriko biragenda mu ntambara. Inzira yonyene yatuma bashobora kumenya ko ingabo zimeze neza kwari ukuja aho izo ngabo zari ziri hanyuma babarabe. Rimwe na rimwe wasanga abarongozi b’ingabo badafise ibifungurwa bikwiye vyo guha abasirikare, kubw’ivyo imiryango yabo niyo yabazanira ibifungurwa. Dawidi, umuhererezi wa Isayi, yari umwungere w’intama za Se haragirira hafi y’I Betelehemu. Isayi asaba Dawidi ngo aze aho ari. Daawidi ashikiriye Se, amubwira ati, “Genda hanyuma ushire bakuru bawe imboga n’iyi mitsima cumi. Yibashire aho bashagaje ubunyene.

Fata nizi foromaji cumi uzishire umugabisha wabo. Urabeko bakuru bawe bameze neza hanyuma ungarukanire ijambo rivuye kuri bo.”

“Ego, papa,” Dawidi arishura. “Nzogenda kare mu gitondo.” Umusi ukurikira Dawidi arumvira ivyo papa wiwe yamubwiye vyose abikora ukwo. Araba uwundi muntu wo kumusigaranya intama mu kibanza amaze kugenda. Hanyuma yakira vya bifungurwa agenda mu ngabo za Sawuli aho zari zisagaje. Dawidi abonye bakuru biwe, aca arabahereza za mfungurwa hanyuma ababaza ingene ibintu

biriko biragenda. Ni muri icyo gihe Dawidi yishe Goliyati. Inyuma yahoo Dawidi asubira muhira afise inkuru nziza kuri papa wiwe.

Imyaka myinshi irarengana kandi Dawidi akomeza gukura. Muri icyo gihe cose Dawidi yakomeje kwumvira Imana n'abavyeyi biwe. Imana yaranezererwa cane Dawidi.

### Igikorwa

Gira uduseke 2 turimwo udukarata 10. Andika kuri kamwe kamwe kose ivyagezwe 10. Vanga ayo makarata hanyuma uyashire hasi uyubitse.

Gabura abanyeshure mu migwi ibiri hanyuma uhe umugwi wose agaseke k'amakarata y'ivyagezwe 10. Urabe umugwi ushobora:

- Gushira amakarata yabo mu rutonde rwiza (bihuye no kuvayo 20)
- Gushira ikarata zabo mu rutonde ABC

### Gufata ku mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”

(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Andika umurongo wo gufata ku mutwe, ariko usage ibibanza bigaragara vy'amajambo amwe amwe. Abana buzuzze ibibanza bigaragara ukwo baja barasoma cane umurongo.

Subiramwo umurongo hamwe nabo gushika bashoboye kuwuga cane atawubafashije.

### Kurangiza

Shira hamwe abana mu gusenga. Ntivyama vyoroshe kwubaha no kwumvira abavyeyi, ariko Imana yama yipfuzza kudufasha. Nimba wumva ari ikigoye kubikora, bwira Imana kandi uyisabe kugufasha. Nimba wafashe ingingo yo kwubaha abavyeyi bawe gusumba, saba Umwami agufashe gushitsa iryo sezerano. Birateye igomwe kwubaha abavyeyi bacu!


## ICIGWA 18

### KWUBAHA ABAVYEYI BACU


**Ivyanditswe:** Kuvayo 20:12; 1 Samweli 17:12-20, 22:1-4

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gukurikiza akarorero ka Dawidi mu kwumvira abavyeyi biwe, kwipfuzza kwubaha abavyeyi babo, kubafata nkuko Imana yabitegetse.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.” (Gusubira mu vyagezwe 27:10)



Shushanya ifoto y'umuryango wawe. Shira iyo foto mu kibanza kigaragara mu mbavu hejuru. Akarorero aha muni.



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ingene ari ngira kamaro kubabarira.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana barakeneye uwubafasha kumenya ingene bo kwitwara bariko bagwana n’ibigumbagumba nk’ishavu. Iyo abana bariko barabona ihohoterwa riciye mw’itumatumanako birashobora kubagora ukwo bifata. Imana yacu y’urukundo idutegeka kwubaha ubuzima bwa bagenzi bacu; “Ntihagire uwuzokwica.” Tubwirizwa no kurondera ineza y’abansi bacu. Nkuko isi yacu ibandanya kwononwa n’ubugizi bwa nabi iki s’ikintu coroshe kwigisha abana. Dushobora guhitamwo uruhara rw’urukundo rw’Imana mu guhebera abo bese batugiriye nabi.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfasha nyigisho uzokoresha muri iki cigwa kandi ugerageze utegere ishure ryawe ribe rimeze neza imbere y’uko abanyeshure bawe bashika.

Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru zose zabo mu ndwi hagati

**Witwararike ivyiyumviro vyawe - “Dawidi yahisemwo Urukundo”**

Umwami Sawuli yambara icumu kandi ategura n’inkota yiwe. Yariho akigaruka avuye kwirukana abafirisitiya ariko ntiyaraje kugira ngo aruhuke. Umwami Sawuli yarahejeje kuronka inkuru ihambaye, “Dawidi ari m’ubugaragwa!”

Sawuli yiyumvira: “Aka n’akaryo kanje. Ndashobora kwica Dawidi ubu.”

Imana yari yahisemwo Sawuli kugira ngo abe umwami wa mbere w’abisirayeli. Mu ntango Sawuli yari umwami mwiza, ariko mu nyuma atangura kutumvira Imana. Ni kuri iyo mvo Imana yahisemwo uwundi mwami, uwushobora kumwumvira.

Imana ihitamwo ko umwami w’abisirayeli azokurikira ari Dawidi kubera ko yakunda kandi yumvira Imana. N’abantu barakunda Dawidi hanyuma ivyo vyatuma umwami Sawuli agira ishavu ryinshi, “Ndanka Dawidi. Niwe agomba kunyaga ubwami.”

Ivyo ntivyari vyo ariko ukwo Sawuli yakomeza kwanka Dawidi, nikwo yakomeza kubona ko Dawidi ariwe mwansi wiwe. Sawuli atangura kurondera inzira zo kwica Dawidi. Sawuli ahamagaza ingabo ziwe hanyuma ajana nazo kumurondera. Dawidi yari yinyegeje mu masenga y’amabuye igihe yumva urwamo. Aho hariho uwundi muntu mw’isenga! Dawidi n’abantu biwe bararaba...yari umwami Sawuli!

Abagenzi ba Dawidi baramubwira, “iri n’ibakwe uronse ryo kwica Sawuli. N’umuntu mubi, ntiyumvira Imana kandi ariko arondera kukwica. Imana yamushize mu maboko yawe kugira ngo ushobore kumwica.”

(Soma amungane akurikira bukebuke kandi mu gakino.)

Bukebuke Dawidi asumira ubuyonga bw’impuzu ya Sawuli, yakira inkota yiwe, atumbereza inkota yiwe umwami, hanyuma akata...ubuyonga bw’impuzu yiwe. Dawidi asubira inyuma aho abantu biwe bari. Sawuli ntiyigeze yumva canke ngo yicure ikintu!

Dawidi ubwo nyene aca yumva amerewe nabi; yari yerekanye agasuzuguro k’umwami, “Sinari gukora ibi. Imana yamuhisemwo ngo abe umwami wa Isirayeli. Sinashobora kugirira nabi umwami Sawuli!”

Haheze iminota mikeya Sawuli ava muri cagitandara kugira ngo akomeze kurondera Dawidi. Dawidi arindira Sawuli gushika aho agereye kure kandi no kugira ave mu gitandara. “Sawuli,” Dawidi arasemerera! Umwami araba inyuma, aratangara. Sawuli ntiyashoboye kwizera ko Dawidi yari hafi yiwe! Dawidi akubita inkoro hasi imbere yiwe hanyuma ati, “Kubera iki wumviriza abakubwirako nshaka kukugirira nabi?” Dawidi yereka Sawuli ubuyonga bw’impuzu yiwe hanyuma arasemerera, “Raba-nari kuba nakwatse ubuzima! abantu banje bari babinsavye. Sinzosubira narimwe kugerageza kukugirira nabi; umwami yatowe n’Imana. Kubera iki uguma urondera kunyica?”

Sawuli abona impuzu; cari igipande c’impuzu yiwe! Akibabaye ariyumvira, “Dawidi yari kuba yanyatse ubuzima kandi nshaka kumwica.” Umwami Sawuli ababazwa n’ivyiyumviro vyawe bibi kuri Dawidi kandi yashaka kumwica. Mu nyuma Sawuli aravuga, “Uri umuntu mwiza gusumba jewe. Umusi umwe uzoba umwami kandi igihe uzomuba, nsezeranira ko utazokwica umuryango wanjye. Ukabareka bakabaho.”

“Ndagusezeraniye!” Dawidi arasubiza hanyuma asubira mu masenga aho yari yinyegeje. Sawuli ashobora guhindura ivyiyumviro hanyuma akarondera kunyica kandi. Ariko yari yizeye ko Imana izomufasha kandi Imana ibonye ivyo imwemerera kuba umwami. Gushika aho uwo musi ushikiye, Dawidi yakomeje gushitsa ivyagezwe vy’Imana kandi no kutica Sawuli.

### Igikorwa

*Nzobasomera ibintu mu bihe bitari bike. Ninakubwira, subira inyuma hanyuma uvuge, “Nzokwumvira Imana no gukora neza ibintu.” Munyuma uvuge icyo ushobora gukora mu gihe icari cose:*

- Umugenzi wawe mwiza yagukoreye agakinisho kubera ko yipfuzako uryamana n’agakinisho kawe.
- Umugenzi yicaye iruhande yawe yakwandikiye mw’ikaye yawe.
- Umuhungu munini yaguhagaritse k’umuryango w’ishure hanyuma agutwara amakaramu yawe y’igiti.

Yesu yatubwiye ko dushobora gukunda abansi bacu no gusengera abo bose batugiriye nabi. Imana yipfuzako abantu bayo bahitamwo urukundo mu kibanza c’ikibi.

### Gufata ku mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musi.”

(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Gabura umurongo mu mungane menshi, nk’akarorero: “Wumvire Umwami”, “Imana yawe”, “witondere ivyagezwe vyawe,” n’ibindi. Andika iryungane kw’ikarata yose, ushire ayo makarata ku meza yubitse, no kuzivanga neza. Tora ikarata hanyuma ugire iryungane rikwiye ukoresheje ijamba ryanditse kw’ikarata.

Nk’akarorero: ikarata ivuga “Wubahe Umwami,” hanyuma umwana yuzuze: “Wubahe Umwami Imana yawe no kubana neza na mushiki wawe.”

Umwana wese atoye ikarata aca yuzuzira iryungane. Ushire ikarata yose yakoreshejwe ku meza, kwegeranya umurongo.

### Kurangiza

Gushushanya ishusho y’uwubabaye n’uwunzezerewe:

1. Raba kwishusho ibabaye hanyuma wiyumvire k’umuntu yagukoreye ikintu kibi. Sengera mu gacerere uwo muntu. Saba Imana igufashe kubabarira.
2. Raba kw’ishusho y’uwunzezerewe hanyuma wiyumvire ingene ushobora kunezerwa igihe wosubira kubona uwo muntu ubugira kabiri. Umaze kubabarira no kwerekana urukundo kuri uwo muntu nta shavu risubira kubaho. Ubugenzi bwanyu buzoca bubandanya!
3. Senga, dusabe Imana idufashe gukunda no kubabarira abo bose batugiriye nabi.

# Icigwa 19



## WITWARARIKE IVYIYUMVIRO VYAWE

Ivyanditswe: Kuvayo 20:13; 1 Samweli 24; Matayo 5:21-22, 43-45

Intumbero y'icigwa: Fasha abanyeshure gutahura ingene ari ngira kamaro kubabarira.

Umurongo wo gufata ku mutwe: “Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyiwe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

### Kwiyumvira no gukora neza



Raba izi shusho zibiri ziri hejuru. Vugana ishusho yoba yerekana ivyiyumviro vyanyu. Senga.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko kwiba no kubesha ari ivyaha bibi. Imana ishobora kutubabarira iyo twihanye.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Kwiba no kubesha Bizana ingaruka mbi 2 Abami 5:13-27**

Namani yari umuntu w’ikimazi cane yakorera umwami. Yaba kure ya Isirayeli kandi yari afise umukozi w’umwisirayeli yamukorera kandi yari azi ukuri kw’Imana. Namani yaragwaye cane ingwara mbi ifata urukoba hanyuma igakwira umubiri wose bita imibembe. Namani yarafise imiti ariko nta numwe muriyo washoboye kumukiza. Yashitse naho biba nabi gose!

Umusi umwe wa mukozi avugana n’umugore wa Namani hanyuma aramubwira, “Elisa, umuvugishwa w’Imana arashobora gufasha umugabo wawe. Ari muri Isirayeli. Arashobora kuja kumuraba!”

Namani aca aragenda ibw’Isirayeli kandi agendera Elisa. Umuvugishwa yarazi ivyo uwo mugabisha akeneye gukora kugira ngo ashobore gukizwa n’Imana. Namani akora ivyo uwo muvugishwa yamubwiye hanyuma imibembe yiwe irazimangana. Urukoba rwiwe ruhinduka rushasha; amabara yose yari yagiye! yaranezerewe cane!” Urakoze, urakoze,” abwira Elisa. “Ubu ndamenyeko atahandi hari Imana kw’isi yose imeze nk’Imana yabisirayeli. Ndakwinginze wakire izi ngabire zo gukenguruka.”

“Oyaye,” Elisa arishura. “Imana niyo yagukijije, si jewe. Sinshobora kwemera ivyo!”

“Genda amahoro,” Elisa yishura Namani.

Gehazi, umukozi wa Namani, yariko aravyumviriza. “Sinshobora kwumva ingene Elisa yanse kwemera bino bivuye kuri uwu musiriya Namani! afise impuzu nziza n’ingabire z’ifeza. Elisa yari kuba yemeye nabimwe basi!” ariyumvira.

Uwo mukozi akomeza kwiyumvira. Mu nyuma afata ingingo yico yokora. “Ndiruka inyuma ya Namani hanyuma ndamusabe ingabire hanyuma ndayibikire ubwanje.” Gehazi atangura kwiruka.

Akiri kure Namani abona umuntu ariko arabegereza hanyuma asubira inyuma kuraba uwo mukozi wa Elisa. Namani aramubaza, “Mbega bigenda neza?”

“Egome, vyose bigenda neza,” Gehazi aravuga. “Ariko Elisa arantumye kuri wewe. Ngo hari abantu babiri bakiri bato yipfuzaga imfashanyo yawe. Yansavyeko womuha ingabire z’ifeza n’imyambaro yabo.” “Cane gose!” Namani aravuga. “Ndaguha izo ngabire uzihe Elisa.”

Gehazi yakira za ngabire zivuye kuri Namani hanyuma asubira inyuma kwa Elisa.

“Wari urihehe, Gehazi?” Elisa aramubaza.

“Ivyo bisigura iki?” aramusubiza. “Nta nahamwe nagiyeye.” Elisa azungagiza umutwe wiwe ababaye hanyuma aravuga, “Ndazi ivyo wakoze Gehazi! Wabeshe kandi wivye. Ikindi kandi wacumuye ku Mana. Wishe ivyagezwe vyiwe.”

Gehazi yunamika umutwe n’ibimaramare. Elisa yari yamenye ivyo yakoze.

“Ubu ugiye guhanwa kubera icaha cawe! Elisa aravuga. “Wewe n’abana bawe mugiyeye gusesa imibembe, nka kurya nyene Namani yarameze imbere yuko akira.” Kandi bica biba ukwo nyene. Birababaje cane, Gehazi yabwirizwa kwiga ku ngaruka mbi zo kurenga ku vyagezwe vy’Imana.

### Igikorwa

“Wumvise ibiki?” subiramwo:

Abana bose bazokwicara mu muzingi.

Mu gusubiramwo inkuru, baza ibibazo kugira ngo ubone ivyo abana bumvise:

Nk’akarorero, urashobora kuvuga: “Numviseko hari umugabo ahambaye, ko yari umusirikare uwo mugabo.”

Baza umwana #1 ari ibubamfu: “Wumvise iki kubijanye n’ivyo?”

Umwana #1 ashobora kwishura: “Izina ryiwe yitwa Namani.”

Umwana #1 azobaza umwana #2: “Wumvise iki?”

Umwana #2 ashobora kuvuga: “Namani yarafise umukozi.”

Umwana #2 azobaza umwana #3: “Wumvise iki?”

Hanyuma muri icyo nzira, bazobandanya kuvuga inkuru ya Bibiliya.

### Gufata ku mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyiwe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”

(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Andika uwo murongo hejuru kudukarata dutoduto wakataguye, ijamba ryose kugakarata karyo. Vanga neza utwo dukarata. Hitamwo igitigiri c’udukarata duhuye n’abana ufise. Tondeka abana ku murongo. Uhe agakarata umwana wese. Abana ni bagerageze kwiyumvira bwiza bwo gutondeka umurongo kandi bavuga cane umurongo nkuko bitegerezwa kuba.

### Kurangiza

Birashoboka ko turi abana canke abakuze, Imana ifise ububasha bwo kutubabarira no kuturinda kunanirwa. Sengera ivyo n’abana kugira ngo Imana ibafashe kwirinda kubesha. Dutegerezwa imisi yose kuvuga ukuri!

## ICIGWA 20

### UKWIBA NO KUBESHA BIZANA INGARUKA MBI

Ivyanditswe: 2 Abami 5:13-27


**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko kwiba no kubesha ari ivyaha bibi. Imana ishobora kutubabarira iyo twihanye.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.”  
(Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Gehazi yakozze iki?



- Abwira Namani gusenga ibishushanyo
- Aja kwa Namani.
- Abwira Namani ko Elisa yipfuzaga kumubona.



- Amuzanira impuzu nshasha.
- Azanira ingabire Elisa.
- Atona amahera n'imyambaro atari ivyawe.



- Aja kwa Elisa.
- Asaba Elisa amahera.
- Abwira Elisa ko agwaye.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ububi bwo kudahazwa nivyo dufise no kwishimira ivyo Imana yatwemereye kuronka.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.” (Gusubira mu vyagezwe 27:10)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Kudahazwa n’ivyo dufise ni bibi 1 Abami 21:1-29**

Umwami Ahabu yipfuzaga uruzabibu rwa Naboti, “Mbega uruzabibu rwiza! raba ayo mashami yose, mbega ivyamwa vyiza vyo gukundwa ! bisa n’ibiryoshe ! iyi mirima yombera myiza irimwo ivyamwa vyanje !”

Ukwo Ahabu yarabura uruzabibu, nikwo yakomeza kwipfuzaga ko rwoba urwiwe. « Urwo ruzabibu rubwirizwa kuba rwanje. Ndi umwami, ntegerezwa kuronka amatongo meza, » ariko arivugana. Mu nyuma aca aja kuraba Naboti, nyene rwo.

“Gute Naboti,” Ahabu aravugaga. “Ndakeneye kuvugana nawe.”

“N’ibiki tuvugana?” Naboti arabaza.

Ahabu aramwishura, “Ndakeneye urwo ruzabibu rwawe. Ubu, ndarushaka, kubw’ivyo ubwirizwa kurumpa. Urashobora kuronka urundi niwashaka. Nzokwereka wihitiremwo urwo wewe ushaka.”

“Oyaye urakoze,” Naboti arashubira. “Uruzabibu n’urw’umuryango kuva kera cane kandi ntegerezwa ntegerezwa kurugumana kubw’abana banje.”

Ivyo bituma umwami Ahabu arakara cane kandi ishusho yiwe yuzura ishavu. “Mbega wiyumvira ko ndi nde, Naboti?” umwami arabaza. “Jewe ndi umwami kandi nkeneye urwo ruzabibu!”

Umwami asubira ku kirumba kandi ashika yiyugaranira mu cumba ciwe. Aca aja kugitanda, ntiyashobora kukivako, ntiyafunguye canke ngo hagire ico anyway kandi yaragishavuye. Ahabu akomeza kwiyumvira cane ku bwiza bwa rwa ruzabibu, “Rurateye igomwe! rutegerezwa kuba urwanje. Ndarukeneye rube urwanje. Nijewe ndi umwami.”

Umwami Ahabu akomeza kwidoga cane gushika aho umwami kazi Yezebele arambirwa no kuguma amwumviriza. Umusi umwe afata ingingo yo kuvugana nawe, “Kubera iki udafungura? Ni iyihe ngorane yawe? Kubera iki uguma wicurikiriye kandi widoga?”

“Ndababaye kandi ndijiriwe,” umwami aravugaga. “Ndakeneye uruzabibu rwa Naboti kandi wewe ntashaka kurumpa. Nashatse no kurumugurira ariko yanse kuvyemera. Ni gute ashobora kuguma yigungiyeko?”

Yezebeli arabaza igihe yariko yumviriza umwami, “Nturi umwami wab’isirayeli? Haguruka, fungura, nezerwa; nzoguha uruzabibu rwa Naboti,” umwami kazi aravugaga.

Umwami kazi Yezebeli agira imigabo mibi iteye ubwoba. Yaciye yigira umwami Ahabu. Yandika amakete hanyuma ashirako ikidodo kuriyo hamwe n’impeta y’ubwami. Abantu bose bizerako ari

Ahabu yayanditse. Umwami ntiyigeze yicura ibijanye nivyho umugore wiwe yariko arakora. Ikintu conyene cari kimuraje ishingira kwari ukurukira uruzabibu rwa Naboti ku kiguzi icarico cose.

“Tegura ingaburo idasanzwe hanyuma dutumire Naboti,” umwamikazi arategeka. “Mu muhe ikibanza kidasanzwe, mu nyuma abatumire bavuge amajambo mabi ku bijanye n’Imana hanyuma mu mwice.” Abarongozi batumira Naboti ku ngaburo idasanzwe. “Ni wicare ngaho,” babwira Naboti. “Turafise iki cicaro kidasanzwe ku bwawe.”

Naboti aca aricara. Mu nyuma abagabo babiri babanya ntege nke batumbera Naboti hanyuma barasemerera, “Yavuze nabi Imana!” abantu bose baremeza ko Naboti abwirizwa gupfa. Baramwica hanyuma barungika inkuru ku mwamikazi Yezebeli. “Batera amabuye Naboti hanyuma arapfa.”

Yezebeli aranezerwa. Aca arihuta kuja kubwirira umwami ko Naboti yapfuye. Umwami aca aja muri rwaruzabibu anezerewe. Ahabu azungagiza ibiganza vyawe anezerewe nk’umwana ari kumwe n’igikinisho ciwe akunda. “Iyi mizabibu yose ubu niywanje!”

Yakira imwe muyihiye hanyuma bukebuke arayitonora kugira yumvirize intsinzi yiwe.

Ahabu akiriko aragira umusi mukuru Imana ivugana na Eliya, umuvugishwa wayo. “Umwami Ahabu yishe Naboti hanyuma atwara ubutunzi bwawe. Genda icyo ari.”

Elisa asanga umwami anezerewe muruzabibu rwawe rushasha. “Imana yashavuye cane kubwawe,” Elisa aravuga. “Wacumuye, wishe amabwirizwa yiwe! Ntiwumviye Imana! Imana igiye kugutwara ibintu vyawe vyose kandi uzopfa

Ubwo nyene umwami Ahabu aca aramenya ububi bwawe hanyuma arababara cane. “Ni gute nakoze ibi bintu biteye ubwoba?” araboroga.

Ahabu amenya ko yacumuye. Aramenya ko yakoze ibintu bibi. Mukuboroga no kwibaza, arihana, yambara ubucocerwa bwaheze bw’impuzu, hanyuma asaba Imana ngo imubabarire.

Imana iramenyako Ahabu yasavye imbabazi iramubabarira, ariko imubwirako abana biwe batazoba abami.

Ahabu yigako adashobora kwica amabwirizwa ngo bigende ukwo atarishe ingaruka zavyo. Aratahura ingene ari ngira kamaro kwumvira Imana.

### Gufata ku mutwe

“Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n’amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu.” (Gusubira mu vyagezwe 27:10)

Saba abana basubiremwo uyu murongo incuro nyinshi.

Mu musingi abana bahererekerane umupira mutoya, umukino wa kera, canke impapuro bashirako bari kumwe umupira.

Kina akaririmbo. Igihe umuziki uhagaze umwana afise umupira mu kiganza ciwe aca avuga umurongo wo gufata ku mutwe.

Bandanya incuro nyinshi, ufashe abana gushira ku mutwe umurongo wo muri iki kigabane.

### Kurangiza

Amaso yugaye, rongora isengesho ryo gushima. Umwe wese arashobora kuvuga iryungane rigufi uku: “Urakoze Mwami kubwa Mama wanjye.” “Urakoze Mwami kubwa Papa wanjye.” (Bandanya mutanga amashimwe ku bintu vyose Imana yabahaye: amagara, umuryango, abavukanyi, na bashiki banyu, akazi, ishure, ibikinisho, abagenzi, abigisha, abungere, ibiti, amashurwe, ibikoko, n’ibindi.)

Rangiza mu gusengera abana kunezerwa no gushima, mu kibanza co kwipfuzwa ibintu vy’abandi bantu.

Ndagushimiye Mana ko aba bana bariko biga ivyagezwe vyawe cumi. Saba Imana idufashe kwibuka amabwirizwa yadusigiye kugira tuyakurikize; ivyagezwe vyawe uko ari cumi. Saba Imana idufashe kunezerwa hako tuba intashima twidoga.


# ICIGWA 21

## KUDAHAZWA NIVYO DUFISE NI BIBI

**Ivyanditswe:** 1 Abami 21:1-29

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ububi bwo kudahazwa nivyo dufise no kwishimira ivyo Imana yatwemereye kuronka.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Nico gituma mukwiriye kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mukitondera ivyagezwe vyawe n'amabwirizwa yiwe, ivyo mbagera uyu musu." (Gusubira mu vyagezwe 27:10)



Kata izo shusho ziri hejuru.  
Hanyuma uzifatanye kugira ngo ugire akantu k'amashurwe.

# **INTANGAMARARA - IKIGABANE 6**

## **IMANA IMWE KANDI Y'UBUSHOBOZI**

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Guharura 13:1-14:42, 27:12-23; Yosua 1, 3-4, 6:14, 6-15

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'iki kigabane:** “Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose” (Yosua 1:9b)

**Intumbero z'ikigabane**

**Iki kigabane kizofasha abana ku:**

- Guhagarika ubwoba no kwizera Imana
- Kugira ubushizi bw'amanga bwo guhangana n'ibihe bigoye
- Kumenya ko iyo bumviye Imana, irabafasha

**Ivyigwa vyo mu gikorane**

**Icigwa 22:** Bandanya imbere ata bwoba

**Icigwa 23:** Bandanya imbere n'ishaka

**Icigwa 24:** Bandanya imbere mu kwumvira

**Icigwa 25:** Bandanya imbere mu bubasha bw'Imana

**Icigwa 26:** Gutera imbere mu masezerano y'Imana

Rimwe na rimwe tuba mu bwoba canke tukabura integer zo kwumvira Imana. Biciye muri ibi vyigwa dushobora gutahura ko Imana iri kumwe natwe aho hose turi no mu bihe vyose ducamwo. Imana izodufasha kurengera ubwoba bwacu bwinshi no mu gihe twumva turi twenyene canke igihe tutagira gifasha.

Reka tubone ko kuba hafi y'Imana bituzanira umunezero.

Reka tubone ko kwumvira Imana, bizoturinda, no mu gihe kigoye c'ubwoba bwinshi.

Reka tumenye ko Imana ari umugenzi yama ari kuruhande rwacu.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko tubwirizwa kwizera no kwumvira Imana.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose” (Yosuwa 1:9b)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**IMANA IMWE KANDI Y'UBUSHOBOZI Guharura 13:1-14:42**

Umusi umwe Imana yabwiye Mose, “Rungika abagabo bamwe I kanani kugira batate igihugu ngiye kubaha.”

Mose ahamagara abarongozi 12, “Genda I kanani. Mutate igihugu hanyuma musuzume ko ari ciza canke kibi. Murabe ingene ibisagara bimeze kandi murabeko igihugu ari ciza ko kimera ibifungurwa. Mugarukane bimwe mu vyamwa vy'ikanani.”

Abo bagabo 12 baca baragenda I kanani ubwo nyene hanyuma baratata igihugu cose kumara imisi 40. Aho bahabonye ibibanza vy'ubugaragwa, indimo z'ivyana ntete, ivyamwa biryoshe, n'amasoko meza y'amazi. Batora ivyanye, ivyamwa, hanyuma bakata amashami y'ibiti. Vyari binini cane kuburyo bavyikorera ari abagabo babiri. Imisi mirongo ine irangiye bagaruka guha icegeranyo Mose.

Bashitse, bereka Mose, Aroni n'abantu bese ivyamwa bazanye. Cumi muri bo batangura kuvuga, “Kanani n'igihugu ciza. Raba ivyamwa biteye igomwe twazanye! Ariko, ababa I kanani n'ibigatanyana ni barebare cane kandi barakomeye. Baba mu bisagara bizitiye n'impome zikomeye cane.

“Ivyo ntivyodutera ubwoba,” Karebu aravuga, uwundi wo mubatasi. “Nibazako twogenda ubunyene hanyuma dufate I gihugu. Turashobora kubikora!”

“Ntimubikore!” abandi barasemerera. “Ntidushobora gutera abo bantu kubera ko Atari banini vyonyene, ahubwo n'ibigatanyana! Bazotubona nk'inzige!”

Abisirayeli batangura gucika intege. “Kubera iki twaje hano?” batangura kwidodomba. “Imana izotuma batwica twese. Abansi bazodutwara abagore bacu n'abana nk'inyago. Tuzoshobora gusubira muri Egipta. Reka twironderere umurongozi mushasha adusubizeyo.”

Mose na Aroni bapfukama hasi bunamika amaso yabo mw'ivu. Abantu basuzugura Imana mu kuvuga ibintu vyinshi bibi kuri yo. Mbega Imana yari gukora iki?

Yosuwa na Karebu bitantamurirako impuzu zabo mu kwerekana akababaro kabo, “Ntitwigeze tuvuga ibintu nk'ivyo! Igihugu ni ciza kandi dutegerezwa kwizera Imana. Reka gutera ubwoba abantu. Imana iri kumwe natwe. Turashobora kwegukira igihugu!”

Abantu ntibashaka kubatega amatwi. Bari barakaye kandi bashavuye bipfuzana no kwica Mose, Yosuwa na Karebu.

Ubwo nyene Imana irigaragaza kuri bo nk'igipfungu kinini c'umuco! Yari ishavye cane. “Ni kugeza ryari aba bantu bazobandanya kutanyizera?” Imana ibaza Mose. “Ngiye kubarandura hanyuma ntangure irindi hanga rishasha n'umuryango wawe.”

Mose aratakamba, “Oya Mana. Ndakwinginze ntubikore! Watuzanye udukuye muri Egiptu kandi abantu bose bo muri Kanani barabizi. Uriyoroheje kandi ugira imbabazi. Ndakwinginze girira imbabazi aba bantu nubwo bakoze iki kintu gikomeye uku!”

Imana irisubirako, “Nzobaharira, ariko sinzobemerera ko hagira numwe muri bo yinjira I Kanani. Barabonye ibitangaza vyose nakoze imbere yabo ariko ntibigeze banyizera canke ngo banyumvire. Bwira ubu butumwa abantu: “Bagiye kwongera kuba mu bugaragwa iyindi myaka 40. Uyu ni nk’umwaka umwe mu misi mwamaze mutata igihugu. Kiretse Yosuwu na Karebu banyizeye, abantu bose bashikana imyaka 20 y’amavuka canke abakuzze bazopfa. Abana babo umusi umwe nibo bazokwinjira ikanani, ariko bobo ntibazokwinjirayo.”

Mose ahejeje kubwira abantu ivyo Imana yamubwiye kubabwira bose buzura agahinda.

“Twaracumuye,” Baravuga. “Ubu rero turashobora kuja mu gihugu Imana yadusezeraniye.”

“Ntimukore ivyo!” Mose arababwira. “Vyararenganye kuri mwebwe kuja I Kanani.”

Abatasi 10 batizeye Imana bapfuye kare inyuma. Yosuwu na Karebu bonyene nibo babayeho. Babwirizwa kurindira imyaka 40 ariko bari baziko Imana ikomeza isezerano ryayo ryo kubajana mu gihugu c’ikanani.

Yosuwu na Karebu bizeye isezerano ry’Imana ko rishobora kubaha inzu nshasha. Bizeye Imana kandi bipfuye kuyumvira. Imana ishakako tuyizera, tuyumvira kandi tugakora ivyo ishakako dukora.

### Igikorwa

Kora agaseke k’amakarata y’amajambo “Kwizigira” no “Kwumvira” k’umwana wese. Shushanya izo ndome ari nini zayo majambo abiri, ku buryo bashobora kuyasiga, kuyashirako amarangi canke kuyashariza. Zana amakurere, irangi, uturoso, amamarikere, ikaramu z’ibiti, imbuto, ibiharage, ibigori, umuceri, ivyamwa bito bito, n’ibindi. Bwira abana basharize amajambo ukwo bashaka. Bakiriko barabikora, fata akaryo ko kubabaza ibibazo bijanye n’icigwa no gutanga insiguro yayo majambo.

### Gufata ku mutwe

“Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”

(Yosuwu 1:9b).

Bamaze gusubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe incuro nyinshi ryandike mukajagari. Saba abana bandike umurongo mu rutonde rwiza.

### Kurangiza

Kwizigira no kwumvira Imana ntivyama vyoroshe. Imana izodufasha nkuko yafashije Yosuwu na Karebu. Vuga impamvu yotuma dushimira Imana n’isengesho iryariryo ryose. Saba Umwami afashe abana gutahura kwizera no kwumvira Imana nkuko Imana yabikoreye Yosuwu na Karebu.

## ICIGWA 22

### BANDANYA IMBERE ATA BWOBA

**Ivyanditswe:** Guharura 13:1 – 14:42

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko tubwirizwa kwizera no kwumvira Imana.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”  
(Yosuwa 1:9b)

Muri izi ndome zose ziri aha munsu toramwo amajambo ari mu kuboko kw'iburyo:



Mbega twokwizera nde? \_ \_ \_

Nibande bo kwumvira Imana? \_ \_

Ninde yodufasha igihe dukeneye guterwa intege?

\_ \_ \_

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko nkuko Imana yahaye Yosua ishaka ryo kuba umurongozi w'abantu biwe, izohasha ishaka nabo bose bivyipfuzwa niyo bayisaba kubibakorera.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose” (Yosuwa 1:9b)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Bandanya imbere n'ishaka Guharura 27:12-23**

Mose yarafise imyaka myinshi. Amenyako iminsi yiwe yo gupfa yariko iregereza kandi yarahagaritse umutima kubw'abantu ba b'isirayeli. Bari bamaze imyaka mirongo 40 bariko baracumukura mu bugaragwa. Vuba cane bagira binjire mu gihugu gishasha ico Imana yari yarabasezeraniye imyaka myinshi iheze.

Mose abwira Imana ati, “Aba bantu bameze nk'intama. Bari bakeneye umuntu wo kubarongora canke bazobandanya kwidodomba.”

Imana iramwishura, “Yosuwa n'umugabo abushitse kubw'ico gikorwa. Aranyizera, kandi aranyumvira. Azoba umurongozi w'ubwenge. Yosua ajane nawe hamwe n'abaherezi, hanyuma ahagarare iruhande y'abantu. Umurambikeko ibiganza hanyuma umwereke abantu ubabwireko ari Yosua ubashize imbere ngo azobarongore.”

“Imana nzokora ivyo umbariye,” Mose arishura.

Mose akoraniriza abantu bose hamwe. Hamwe na Eliyazare umuherezi, bahagarara imbere y'abantu bose. Mose arambika amaboko yiwe kuri Yosua hanyuma amushiraho nk'umurongozi mushasha w'abantu.

Mu gihe gito Mose arapfa. Hadaheze igihe kirerkire, Imana ivugana na Yosua. “Yosuwa utegerezwa kurongora abantu ubajabutse uruzi Yorodani ubashikane mu gihugu gishasha arico Kanani. Nzoshitsa isezerano nasezeranye na Mose ko nzoha aba bantu igihugu nasezeranye. Nzobana nawe. Ukomere kandi ushire amanga. Ntugire ubwoba canke ngo uranduke umutima, kuko jewe Uhoraho Imana yawe, nzobana nawe aho uzoja hose.”

Yosuwa aha itegeko abantu bose ryo kwitegura kujabuka Yorodani no kuja mu gihugu gishasha. Mbega abantu barumviye? Mu myaka myinshi Mose yari umurongozi wabo!

Abantu bose bemeranya kuzokwumvira Yosua nkuko bumvira Mose!

Barizeye kandi barizigiye ko Imana iri kumwe na Yosua nkuko yari kumwe na Mose. Abantu barindirana igishika ayandi mategeko ava kwa Yosua. Vuba bashaka kwinjira mu gihugu cabo gishasha.

## Igikorwa

Imbere y'uko ishure ritangura kora canke utire ibikoresho abana boshobora gukoresha. Mw'ishure tanga ivyo bikoresho. Ririmba ukoresheje umuziki urimwo ibimenyetso. Bwira abana batambuke bazunguruka mw'ishure bajana n'umuziki hamwe n'ibikoresho vyabo, abashi canke imihogo. Bariko baratambuka, ja urahagarika umuziki umwanya n'umwanya. Igihe uhagaze, vuga:

Umwigisha: - Ninde adutera intege?

Abanyeshure: - Imana!

Umwigisha: - Ninde twokwizigira?

Abanyeshure: - Imana!

Umwigisha: - Ninde dutegerezwa kwumvira?

Abanyeshure: - Imana!

Bandanya gukina, kugendagenda, no kuvuga iyo umwanya uvyemera.

## Gufata ku mutwe

“Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”

(Yosuwa 1:9b)

Shushanya ibice 11 ku rupapuro. Tegura fotokopi k'umwana uwariwe wese.

Andikako amajambo yo muri Yosuwa 1:9, rimwe rimwe ryose kugace karyo. Kata utwo duce. Gerageza ishirwa ku rutonde ry'umurongo mukuregeranya neza. Vanga utwo duce twose hanyuma udufatanye twose imbere yabo bese. Igihe uza kubaha ikimenyetso ubabwira gutangura gushira kurutonde vuba vuba bishoboka gushika aho umurongo wegeranijwe k'urutonde rwiza. Umwana wa mbere aja kurangiza gushira k'urutonde umurongo azoca arongora umugwi mu kuvuga umurongo. Ubikore kenshi gashoboka.

## Kurangiza

Rangiza umwanya w'ishure mu gusengera imitwaro yabo (kugira bibatere intege mu guhangana n'ingorane bacamwo) hamwe n'ibindi vyipfuzo abana bafise. Saba Imana ibafashe kwibuka gusenga igihe cose bakeneye inkomezi.

## ICIGWA 23

### BANDANYA IMBERE N'ISHAKA

**Ivyanditswe:** Guharura 27:12-23

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko nkuko Imana yahaye Yosua ishaka ryo kuba umurongozi w'abantu biwe, izohasha ishaka nabo bose bivyipfuza niyo bayisaba kubibakorera.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”

(Yosuwa 1:9b)

**Uwo ni nde??**

Ninde yari umurongozi w'abantu b'Imana muri iyi nkuru? Shira indome muri iyi mirongo iri muni:

\_\_\_\_\_

Yosuwa yizeye Imana. Imana yahaye Yosua ubushizi bw'amanga mu gukora ivyo yamusavye gukora.



## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana izoduha icubahiro nitwumvira amategeko yiwe.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose” (Yosuwa 1:9b)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.
- Gira fotokopi y'igikorwa co k'urupapuro rwo ku cigwa ca 12. Homeka ku gice c'urupapuro rukomeye. Kata ivyo bicapo. Egeranya utubuye dutoduto 12. Kurikiza inkuru ya Bibiliya mu gushikiriza.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Wigishe abana ibi bikurikira:

- Fata intambwe 6 ntonto zikurikira
- Fata intambwe 2 inyuma
- Fata intambwe 3 mu buryo bwawe
- Fata intambwe 4 zo kunyerera gushika aho ubaye
- Uhagarare mu kibanza, genda uzunguruka mu muzingi
- Simbagurika incuro 7

Mbega ayo mategeko aragoye gukurikiza?

Kubera iki abantu batanga imyerekeru?

Ni kubera iki ari nkenerwa gukurikiza amategeko?

N'iki kiba iyo udakurikije amategeko wahawe?

Gukurikiza amategeko ni ngira kamaro cane. Mu nkuru ya Bibiliya yacu uno musi tuzobona ingene ari ngira kamaro gukurikiza amategeko Imana yaduhaye.

## Yosuwa 3-4

Imana ivugana na Yosua, “Bwira abaherezi bahagarare hagati mu ruzi. Bwira abantu kutigera bakora kw'isandugu; bategerezwa kuguma kure yayo.”

Abaherezi n'abantu bumvira Imana na Yosua. Muri ico gihe c'umwaka inkombe z'uruzi Yorodani rwari rwarengewe n'amazi. Amazi yari menshi cane. Abaherezi bategerezwa kwibaza ubwabo, “Kubera iki Imana yadusavye gukora ikintu gishobora kutugirako ingaruka mbi?” ariko bafata ingingo yo kwizera Imana no kuyumvira.

(Raba ishusho nini y'uruzi. Uzuzwa isi yumye n'igice c'amazi make.)

Abaherezi bashorera ibirengwe vyabo mu mazi. Uruzi ruca ruhagarara gutemba ubwo nyene!

(Kuraho ico gice c'amazi make.)

Rwa ruzi rucika ahumye! mbega igitangaza! Abantu baraba batangaye kandi bashobora kubona ingene amazi yahagaze gutemba mu gihe abaherezi bumvira Imana hanyuma bakinjira mu mazi. Abo bantu barumvise inkuru y'ingene Imana yuguruye inzira yumutse hagati mu kiyaga gitukura igihe bariko bava muri Egiputa, ariko ntibari bwavyibonere n'amaso yabo ubwabo. Ubu bariko barabona ubushobozi bw'Imana iriko irakora!

Abantu ba b'isirayeli bajabutse uruzi ahantu humye. Ariko abaherezi baguma hagati mu ruzi.

Bamaze kujabuka Yosua abandanya kwumvira Imana mu mataegeko yose yagiye iramuha.

Imana ibwira Yosua, "Hitamwo abagabo 12. Babwire batore amabuye 12 hagati mu mazi hafi yahoo abaherezi bari. Bwira abo bagabo batware ayo mabuye mu kibanza caho baja kurara iri joro."

Abo bagabo bikorera ibitandara biremereye kubitugu vyabo babikuye hagati mu ruzi babijana mu gihugu cabo gishasha c'ikanani. Hari ibuye rimwe rimwe k'umuryango wose wo mu miryango 12 yab'isirayeli.

Imana ibwira Yosua, "Bwira abaherezi bave mu ruzi." Abaherezi barumvira.

Ba baherezi bakiva mu ruzi amazi atangura guterana kandi.

(Subiza igicapo c'uruzi ruto mu kibanza cumye kandi.)

Abantu bamaze kubona ivyo Imana yakoze baha icubahiro Yosua nk'umurongozi wabo, "Imana iri kumwe na Yosua, nkuko yari kumwe na Mose.

Yosua arongora abantu mu kibanza caho baja kurara. Yosua akoresha y'amabuye 12 mu kwubaka igicaniro aho.

(Shira amabuye matomato 12 ku meza.)

Yosua aravuga, "Umusi umwe abana bacu bazotubaza ibibazo. Bashobora kuzotubaza bati, "Kubera iki aya mabuye ari ngaha?" babwire ko Imana yadufashije kujabuka uruzi ahahinduye isi yumye. Babwire ko bategerezwa kwizera no kwumvira Imana."

Kandi umusi abisirayeli bamenyeko ubushobozi bw'Imana buhambaye kandi ubushobozi bwayo burengeye ubw'umuntu wese canke ibintu woshobora kwiyumvira. Imana ishobora gukora ibintu vyose. Akoresha ubushobozi bwiwe mu kwitwararika isi n'abantu. Naho tutotahura imigambi yiwe dutegerezwa kumwizigira. Yosua n'abisirayeli barizeye kandi bumvira Imana. Dutegerezwa gukora ukwo nyene.

### Gufata ku mutwe

"Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose"

(Yosua 1:9b)

Zunguruka mw'ishure, nka Yosua n'ab'Isirayeli, subiramwo umurongo wo gufata ku mutwe gose kandi gose.

### Kurangiza

Gira umwanya wo gusenga. Reka umuntu wese ashobore gushimira Imana ko yamufashije. Dusabe Imana idufashe kuyumvira no kuyizigira.

# ICIGWA 24

## BANDANYA IMBERE MU KWUMVIRA

**Ivyanditswe:** Yosua 3:4

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana izoduha icubahiro nitwumvira amategeko yiwe.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”  
(Yosuwa 1:9b)


Kata hanyuma uzinge ivyavuye ku ruzi kugira bihagarare.



Koresha ishusho y'uruzi mu gupfuka ahantu humye:



Kata hanyuma uzinge amashusho y'abaherezi n'abantu kugira ngo bashobore guhaguruka no kugendera mu ruzi.



Kuraho ishusho y'uruzi ruto mu kwerekana igihe Imana yahagarika uruzi.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ishobora gukora ibintu tubonako bidashoboka igihe tuyizeye kandi tukayumvira.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose” (Yosuwa 1:9b)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Ha kaze abanyeshure bawe n'ibigumbagumba. Urabe neza ko ishure risukuye kandi riteguye imbere y'uko bashika. Imbere y'uko winjira mu cigwa c'uyu musu utangure ugire isubiramwo mu ncamake y'ivyigwa bitatu vyarangiye kandi usabe abanyeshure bawe batange uturorero tumwe tumwe twingene babaye abizigirwa ku Mana.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Bandanya imbere mu bubasha bw'Imana - Yosua 6**

Mbega ukuntu bari banezerewe ab'Isirayeli muri icyo misi! Bari barashitse mu gihugu cabo gishasha; Kanani. Abisirayeli bari bararindiriye kuva kera ariko Imana yari ishikije isezerano ryayo mu kubashikana muri icyo gihugu. Imana yashikanye Yosua n'ab'Isirayeli amahoro ibajabukije uruzi Yorodani kandi ubu bari biteguye kwegukira ibisagara.

Igisagara kinini Yeriko nticari kure cane yahoo bari bari. Cari kirekire kandi gikomeye gikikujwe n'impome hamwe n'amarembo manini. Imana ivugana na Yosua hanyuma imuha integuro yo gufata igisagara, “Kora ivyo ndakubwira hanyuma igisagara kizoba icyanyu.”

Yosuwa arumviriza bukebuke itegeko ryose Imana imuha, “Ubwambere muzunguruke Yeriko rimwe ku musu kumara imisi itandatu. Abaherezi indwi bazoba bafise imibindi imbere y'isandugu.”

Vy'ukuri Yosua yaratangaye igihe yumva ivyo Imana imubwiye gukora. Ubwo buryo bwo kugwana ntiyari abumenyereye. Yosua arizera kandi yizigira Imana.

Imana iha Yosua ayandi mategeko menshi, “Ku musu ugira indwi muzunguruka igisagara incuro indwi. Abaherezi bazoze bamena imibindi. Igihe abaherezi bazoba bariko baramena imibindi yabo uwo mwanya ab'isirayeli bazokoma akaruru cane! Ibihome vy'I Yeriko birabomotse hanyuma ingabo zanyu zoba zishobora kubandanya no gusangangura igisagara.”

“Tuzokora ivyo utubwiye gukora, Mwami,” Yosua arishura. Aca akoranya abantu hanyuma ababwira umugambi w'Imana.” “Tuzokora iki?” abaherezi barabaza.

Yosuwa arabishura, “Fata isandugu y'isezerano hanyuma muzunguruke igisagara muteruye isandugu.” “Ni gute ibijanye na twe?” abandi baherezi indwi barabaza.

Yosuwa arabishura, “Muzogendera imbere y'isandugu y'isezerano kandi mugenda muravuzza inzamba.”

“Tubwire ivyo dutegerezwa gukora natwe,” abasoda nabo barongerako.

Yosuwa arababwira, “Bamwe muri mwebwe baraja imbere y'abaherezi. Abandi baragendera inyuma y'isandugu. Muriko murakora ivyo vyose mwirinde kuvuzza induru canke ngo muvuge ikintu na kimwe. Murindire gushika aho ngira icyo ndababwira. Ninabaha itegeko nti-VUZA INDURU!”

Ab'isirayeli bese bizere Imana. Bariteguye kwumvira. “Reka tugende!” baravugana umwe n'uwundi. Ku musu wa mbere ab'Isirayeli bazunguruka igisagara incuro imwe hanyuma basubira aho basagaje. Mu misi ikurikira babandanya kuzunguruka.

Ku musi ugira indwi bavyuka kare cane. Bazunguruka igisagara kandi. Ariko kuri uyo musi ntibahagaritse bamaze kuzunguruka incuro imwe. Barazungurutse irya kabiri, hanyuma incuro ya gatatu. Amaguru yabo atangura kuremera no kuremera. Barazunguruka icuro ya kane, ya gatanu, n'iyagatandatu! Amaguru yabo atangura kuba nk'ibigiga bataye hasi. Mu nyuma, ab'Isirayeli barazunguruka Yeriko incuro y'indwi kandi yariyo ncuro yanyuma. Abaherezi bavuzza inzamba zabo cane kandi umwanya muremure.

Ubwo nyene Yosuwu aravugaga ati, "Vuga induru, kubera ko Umwami abahaye iki gisagara!"

Muri uwo mwanya abantu bose bakoma induru! barasemerera....barasemerera, baramena, barasemerereera! Impome zitangura kunyiganyiga.

Ziramanyuka, ziramanyuka! Isi yarike iratigita! Hanyuma....zirabomoka, zirabomoka, barasemerera! Inzitiro z'I Yeriko zirasenyuka hanyuma zose zigwa hasi! Ingabo z'abisirayeli zica zitera igisagara. Mu mwanya mutoya bari bahejeje gutsinda abansi babo. Muri iryo joro haba umunezero mwinshi aho bari bari!

Imana ishobora gukora ibintu tubonako bidashoboka igihe tuyizigiye kandi tukayumvira. Abantu barizeye kandi barumvira Imana.

Yakoresheje ubushobozi bwayo mu gukora ibidashoboka ku mwana w'umuntu. Inzitiro n'igisagara c'I Yeriko birazimangana!

### Igikorwa

Ha umwana uwo ariwe wese igice c'ubumba/ibishanga canke igicumbe c'ifarine. Mu nkuru yacu ya Bibiliya uno musi ivuga ku bushobozi bw'Imana kwasambuye igisagara gikomeye hamwe n'inzitiro zihambaye. Izo nzitiro zishobora kuba zubatswe hakoreshejwe amatafari akomakomeye. Uno musi turaja gufuyatura amatafari ashobora kudufasha kwibuka iyi nkuru.

Fyonyanga ibumba kuburyo rija kworoha mukore itafari ry'urukiramende. Ukoresheje ikaramu y'igiti canke ikaramu capa urudome "Y" kuri iryo bumba ry'itafari. Iyo "Y" kuri iryo tafari rizokwibutsa "Yosuwu" na "Yeriko". Imana yakoze ikintu cabonekako kidashoboka imbere ya Yosuwu n'ab'Isirayeli. Arakora kandi ivyo tubona ko bidashoboka uno musi nitwamwizera kandi tukamwumvira.

### Gufata ku mutwe

"Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose"

(Yosuwu 1:9b)

Abana babiri barahaguruka canke bicare barabana.

Umwana A azikora akantu mu kuvuga: "Niyumvirako nshobora kuvuga umurongo mu kuraba gusa amajambo (9)."

Umwana B azohindurira umwana A mu kuvuga: "Niyumvirako nshobora kuvuga umurongo mu kuraba gusa amajambo (8)."

Umwana A azoheza abiharure: "Niyumvirako nshobora kuvuga umurongo mu kuraba gusa amajambo (6)."

Abana bazobandanya kuvugana gushika aho hagira umwana yiyumvirako bashobora kuwuvuga mu majambo make kandi bazoca bamubwira avyerekanwe n'amajambo: VUGA UWO MURONGO!

Azoca yandika igitigiri c'amajambo uwo mwana wa nyuma yavuze. Nimbi uwo mwana avuze neza uwo murongo muhe impera ntoya canke mumukomere amashi.

Kina kandi!

### Kurangiza

Babwire imitwaro yo gusengera n'impamvu yo gushima.

Turashobora kwizera no kwumvira Imana kubera ko izi ivyiza kuri twebwe. Shima Imana k'ubwenge bwayo n'ubushobozi. Sengera imitwaro n'amashimwe y'abana. Shima Imana yabafashije kuyizera no kuyumvira

## ICIGWA 25

### BANDANYA IMBERE MU BUBASHA BW'IMANA

Ivyanditswe: Yosua 6



**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ishobora gukora ibintu tubonako bidashoboka igihe tuyizeye kandi tukayumvira.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”

(Yosua 1:9b)



### Kuzinga!

Kata hanyuma uzinge amafoto y'abantu kugira bahagarare.



Kata impome hanyuma bahagarare.

Kora abantu bariko bazunguruka inzitiro incuro 7. Munyuma YEEE hanyuma ukore inzitiro zibomotse!!!!





Yosuwa arishura, “Ndanejerejwe no kuguha igisagara c’I Heburoni, n’igice c’igihugu Imana yasezeranye. Wabaye umwizigirwa mu kwumvira. Ndaguhaye umuhezagiro w’Imana.” Karebu ntiyigeze atakaza umwanya. Aca agenda I Heburoni hanyuma atsinda abansi bari baba muri ico kibanza. Kuva ico gihe Heburoni hegukira Karebu n’umuryango wiwe. Imana ishitsa isezerano ryayo kubera ko Karebu yizigiyeye kandi yabaye umwizigirwa mu kwumvira Imana.

### Igikorwa

Karebu yarindiriye imyaka 45 kugira Imana ishitse isezerano yamusezeraniye ryo kumuha igihugu. Ufise imyaka ingahe? Andika inyishu z’abana ku rubaho.

Ni ryari uzoba ufise imyaka 45 y’amavuka? Korana igiharuro n’abana.

Ba sogokuru banyu bashobora kuba bari hagati (51,52,53) y’imyaka y’amavuka. Karebu yararindiriye igihe kirekire kuronka amasezerano y’Imana kuri we. Ariko Imana yarabishikije. Imana yama ishitsa imisi yose amasezerano yayo. Uyizigire kandi uyumvire mu kurindira.

### Iki nico cigwa ca nyuma c’iki kigabane.

Gira isubiramwo ry’ivyigwa vyose vy’iki kigabane ukoresheje ibibazo vyoroshe utegura imbere y’igihe. Wibutse abana ibijanye n’abarongozi barongoye Isirayeli mu gihugu c’isezerano. Ingene bizigiyeye Imana n’ingene itigeze ibaheba.

### Gufata ku mutwe

“The Lord your God will be with you wherever you go.” (Joshua 1:9b)

Bishoboka, ni mugende ahantu huguruye/ mu kibuga. Abana bahagarare ku mirongo ibiri.

Bahane intambwe kuri icyo migwi ibiri.

Semerera: GENDA!

Umutu wa mbere wo mu murongo wose ariruka aja aho uri.

Bamaze gushika, baca bahindukira hanyuma bakaraba umugwi wabo.

Bazoca basemerera ijamba rya mbere ryo mu murongo.

Umwana akurikira mu mugwi azokwiruka hanyuma bazoca basemerera ijamba rikurikira ryo mu murongo n’ibikurikira. Igihe umwana atazi ijamba bategerezwa gusubira inyuma mu mpera mu murongo w’umugwi wabo. Umugwi uhejeje ubwa mbere uzosemerera umurongo wose wa Bibiliya naho dusanga uwo murongo hanyuma bazoba batsinze.

### Kurangiza

Sengera abana. Saba Umwami kugira ngo abantu bose bige kwizigira Imana nkuko Karebu yakoze; umuntu yamenye ingene yumvira no kwizigira Imana.

## ICIGWA 26

### GUTERA IMBERE MU MASEZERANO Y'IMANA

**Ivyanditswe:** Yosua 14:6-15

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ikomeza amasezerano yayo. Izere Imana.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yawe azobana nawe aho uzoja hose”

(Yosuwa 1:9b)

**Uzuza hagati y'utuzitizo amajambo yo muri aya mabara.**



\_\_\_\_\_ kuzigama yiwe

\_\_\_\_\_ kuri

abo bose \_\_\_\_\_muri

we kandi \_\_\_\_\_ we.

# **INTAGAMARARA - IKIGABANE 7**

## **TWIGANA YESU**

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Luka 9:51-56, 12:13-21; Mariko 12:38-44; Yohana 4:1-42

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'iki kigabane:** “Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.” (Yohana 14:21a)

**Intumbero z'iki kigabane**

**Iki kigabane kizofasha abana ku:**

- Kumenya akamaro ko kwigana amaranga mutima ya Yesu
- Imisi yose ari uguhitamwo amahoro no kudakomeretsa
- Kumenya ko bahari, atari kubera ivyo bafise, ariko ari kubera ico bari
- Kumenya ko n’abana bakeneye Umukiza

**Ivyigwa vyo mu kigabane**

**Icigwa 27:** Kuronka amahoro

**Icigwa 28:** Kuronka urukundo

**Icigwa 29:** Kumenya Imana

**Icigwa 30:** Kuronka ubuzima

Kwigana uburorero bwiza n’amahirwe. Ereka abana Yesu.

Igisha abana akamaro k’amaranga mutima nk’amahoro, urukundo, ikibanza c’Imana mu buzima bwacu n’akamaro ko kugira Imana mu mitima yacu.

Abana baraterwa integere cane n’amaranga mutima y’abanyeshure bagenzi babo. Inyifato n’inzira z’ubuzima bw’abana benshi babikura mu mihana y’abatari abakristo. Ibi vyigwa ni ngira kamaro cane mu gufasha abana kwigana Yesu.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kubana amahoro na bose.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.” (Yohana 14:21a)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Kubabaza ntibiri mu mugambi w’Imana ku bana bayo. Yesu yatubwiyeko Imana yipfuzako abayikurikira bahitamwo amahoro.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Kurondera amahoro (Luka 9:51-56)**

Yesu yamaze umwanya muremure yigisha abantu ibijanye n’urukundo rw’Imana. Yabategetse kandi ukwo bakwiriye gufata abandi. Yesu yarafashijeabantu kandi yarabakijije.

Umusi umwe Yesu ariko yigishiriza I Galilaya amenyako akwiriye kuja I Yerusalemu kubwira abantu ko Imana ibakunda. Yesu yarazi ivy’urupfu rwiwe ku musaraba kandi igihe ciwe co gusubira mw’ijuru cariko kiregereza. Yesu abwira abigishwa biwe ati, “Iki nico gihe canje co kuja I Yerusalemu.”

Bose batangura gutegura ivyo bazoshobora gukenera muri urwo rugendo. Umwe mu bigishwa abaza Yesu inzira bazocamwo.

“Inzira ya hagufi niyo guca I Samariya” Yesu aramwishura. “Bizodufata imisi itatu gusa nitwaca muri iyo nzira.”

“Ariko Yesu,” uwundi mwigishwa, “Abasamariya baranka abayuda. Nitwaca I Samariya tuzogira ingorane.”

“Tuzoca muri iyo nzira,” Yesu arishura. “Abasamariya n’abayuda bose baremwe n’Imana. Ikunda bose k’urugero rumwe. Igihe tuzoba twegereje hafi y’igisagara umwe ashobora kuja imbere yacu avugane n’abantu baho. Barashobora kubabwira yuko atanumwe tuzogirira nabi; turi abantu b’amahoro.”

Jbariko baragenda berekeza I Yerusalemu Yesu arababwira. Yashakako abigishwa biwe batahura ko Imana igomba ko berekana urukundo ku bandi, no kuri abo babakoreye ibibi canke muri make badahuza. Baragenda gushika izuba ricokeye. Hari hageze umwanya kuri bow o guhagarara, gufungura no kuruhuka.

“Hari igisagara hariya,” Yesu abereka akoresheje urutoke. “Ni mugende hayuma mubabaze ko dushobora kuraraho iri joro kandi ko hariho imfungurwa.”

Bamwe mu bigishwa baca baragenda muri ico gisagara. Umugabo arabasemerera ati, “Nti muri abo ngaha; muri Abayuda. Turabanka mwa Bayuda!”

“Raba, turiko turarengana tuja I Yerusalemu,” aravuga umwe mu bigishwa ba Yesu. “Umugwi wacu uri hafi y’ugwinjiriro rw’igisagara. Dukeneye ikibanza co kuraramwo iri joro. Turashobora kurara hano?”

“Twameyeubu iyo muriko muraja,” uwundi musamariya aravuga, “ico nico kidutumye tubabara cane.”

“Mwizera ko tutari beza cane bo kuja I Yerusalemu. Aho dusengera Imana si heza habereye abayuda!” Abayuda biyumvira ko Abisamariya batari mu kuri kubera ko batahereza ibimazi Imana k’umusozi w’iSamariya. Abayuda biyumvirako ikibanza ciza co gutangirako ibimazi ari mu ngoro I Yerusalemu. Abigishwa basiga abo bagabo bashavuye n’igisagara. Basubira inyuma hanyuma babwira Yesu ivyo bahuye navyo. “Ntidushobora kuhaguma!” baravuga. “Ntibashaka na gato kugira ikintu na kimwe bakoranye n’Abayuda!”

Yakobo na Yohana bumva ivyababayeko hanyuma barasemerera, “Mbega abo bibone baba Samariya bibwirako ari?” Yakobo na Yohana bari bazwi nk’abana b’imituragaro kubera baciye bashavura vyoroshe. “Mbega izo ntakebwa z’abasamariya zoba zizi uwo uriwe?” babaza Yesu.

“Uri umunyabushobozi gusumba umuvugishwa Eliya! Ndazi ico tuja gukora. Hamagara umuriro uvuye mw’ijuru! Reka igisagara cose cake umuriro; ivyo bizobaha icigwa ciza!”

Yesu arerekana kandi azungagiza umutwe wiwe. Abo bigishwa babiri bari bakeneye kwiga vyinshi kubijanye n’urukundo rw’Imana.

“Ntushobora guturira abantu n’inzu zabo gusa kubera ari baba,” Yesu arabasigurira. “Ukwo n’ukwihenda. Ndakeneye abantu batahura ibijanye n’urukundo rw’Imana! Ibikorwa bibi ntibishobora gufasha abantu gutahura urukundo rw’Imana kuri bo!”

“Ariko n’igiki twokora?” abaza Yakobo na Yohana.

“Turaja mu kindi kibanza, mu kindi gisagara,” Yesu arabishura.

Kuriuwo musu Yesu ababwira icigwa ngira kamaro abo ‘bahungu b’inkuba’. Yakobo aYohana bizeko Imana ishaka ko abantu bayo babana mu mahoro n’ababanyu babo no kubereka urukundo, naho abo babanyu babo boba Atari beza.

Dushobora kwigira kuri Yesu. Dushobora guhitamwo amahoro no gufata ingingo yo kuja kure igihe abandi bashakira kugwana canke bariko baraduhaririza.

## Igikorwa

### Ingene twobaho mu mahoro

Abana bazokwerekana ‘gusunika baja hejuru’ canke ‘gusunika baja hasi’ bivanye n’ingene urukino rumeze mu gukurikiza inzira yo kubaho mu mahoro canke kutayabamwo:

1. Yesu yumviriza Papa wiwe, Imana.
2. Yesu yumvira Imana hanyuma aja I Yerusalemu.
3. Yesu n’abigishwa biwe avuga k’urukundo rw’Imana.
4. Yesu arungika bamwe mu bigishwa biwe I Samariya.
5. Abasamariya baranka abayuda.
6. Abasamariya ntibashakira guha indaro Yesu n’abagenzi biwe.
7. Yesu n’abagenzi biwe baca baja mu kindi gisagara.
8. Abigishwa bashakira umuriro wova mw’ijuru ugatibukira kubo I Samariya.
9. Yesu yipfuzako abantu bose bakundana no kwirinda kurwana.

## Gufata ku mutwe

“Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.” (Yohana 14:21a)

Umwana wese arandika, mu nzira iteye igomwe, umurongo wo gufata ku mutwe w’uno musu. Bawutware muhira kugira bawukwiragize mu mihana yabo.

## Kurangiza

Sengera abana kugira bame ivyamwa vy’amahoro mu bagenzi babo, mu miryango yabo, no mu bibanza vyose aho bahurira n’ibihe bigoye. Saba Umwami abarinde wa mubi.

Batere intege zo kugaruka kuw’Imana ukurikira mw’ishure.

## ICIGWA 27



### KURONDERA AMAHORO

Ivyanditswe: Luka 9:51-56

Intumbero y'Icigwa: Fasha abanyeshure kubana amahoro na bose.

Umurongo wo gufata ku mutwe: "Uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda." (Yohana 14:21a)

Raba aya mashusho ari muni no gutanga inyishu kubibazo bikurikira:



1. Ni nde atahaye kaze Yesu?
2. Ni nde yipfuzako umuriro wotibuka uvuye mw'ijuru?
3. Mbega Yesu yakoze iki?
4. Yesu n'abigishwa biwe bari bagiye hehe?

**"uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda." (Yohana 14:21a)**

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ko dufise urukundo kubera urukundo rwacu turukura ku Mana, s'urwo twabonye ku bandi bantu.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.” (Yohana 14:21a)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana babaye mw’isi babigisha kugerageza kuba beza mu bintu vyose. Ukwo bakura biga yuko kuroranjirwa babisuzumira kuvy’abandi babiyumvirako hamwe n’igitigiri c’amafaranga bafise be nivyo batunze mu buzima bwabo.

Iki cigwa kizoduha akaryo ko kwereka abana ko hari inzira zitandukanye kandi nziza; inzira y’urukundo rw’Imana. Turakeneye kumenya y’uko ivyiyumviro vy’Imana arivyo bija imbere. Urakunda tumwereka urukundo tumufitiye n’urwo dufitiye abandi.

Abana babwirizwa kumenyako Imana ntiyitwararitse igitigiri c’amahera ufise canke igitigiri c’ivyo ufise. Imana yitwararitse imitima yacu hamwe n’imigenderanire dufitaniye nayo niyo dufitaniye n’abandi.

Kurondera inzira zo kwerekana urukundo rw’Imana. Dushobora kugira isezerano ryo gukunda no kwubaha Imana kurusha ibindi bintu vyose.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Ingabire ihambaye y’urukundo (Mariko 12:38-44)

“Bizerako bambaye neza cane mu kwambara impuzu zizimvye,” Yesu arababwira. “Bizerako ari vyiza cane gukora ibintu vyose kugira ngo abantu bose babarabe. Bicara mu bibanza vy’imbere mu guhimbaza kugira ngo bababone. Bararindira kugira ngo barabe ibibanza vyiza mu minsi mikuru. Bagerageza kwerekana ko bakunda Imana kandi ko bayumvira, ariko ukuri kwabo kuratandukanye. Berekana urukundo hagati yabo gusa. Basenga n’ijwi rirenge kugira ngo abandi babumve gusa, ariko Atari kugira ngo Imana ibumve.”

“Ivyo ntaco bimbwiye jewe,” umugore aravuga. “Ni nasenga Imana ariko nanka abantu, ivyo sivyo bibereka ko ndabakunda.” Yesu aca aricara. Yari hafi yahoo ashobora kubona abariko baratanga amashikanwa. Araraba hirya no hino hanyuma abona ko abantu bariko bararengana hanyuma bagashiramwo amashikanwa yabo. Umugabo atunze, yabonekako ari uw’ingira kamaro, araza gutanga ishikanwa ryiwe. Araraba neza ko abantu bamubonye. Ashiramwo igitigiri c’amahera menshi hanyuma arahindukira araraba yishimye cane. Yashakako abantu babona ingene ari uw’ikimazi kandi n’ingene agira ubuntu. Yesu abandanya araba abandi batunzi bariko bakora nk’ivyo vy’uwa mbere, bashiramwo kugira biyereke abantu. Bari bishimye cane. Nta gukekeranya, nta numwe muri bo yiyumvira Imana. Mu nyuma Yesu abona umupfakazi w’umukene yegereza bukebuke. Uwo mugore ntiyaraba umuntu n’umwe. Yagenda yunamitse umutwe wiwe hasi. Araraba n’isoni, afise intete z’ifeza n’impuzu zitabutse. Umugabo wiwe yari yarapfuye. Ico yarasigaranye co nyene zari izo ntete z’ifeza gusa zibiri! Yesu aratwenga igihe yamubona yegereye hanyuma agaha Imana ivyo yarafise vyose.

“Raba,” Yesu abwira abantu bari kumwe nawe. “Raba uwo mugore acecetse.”

“Ariko ntakintu gifashe yaronse co guha Imana,” Abigishwa baramubwira.

Yesu arabishura, “Ndagomba ko mwebwe mwibuka uku kuri guhambaye: batanze kubisagutse vyabo, batanze kubisigaye kuvyo bafise. Uyu mugore w’umukene yatanze ivyo yarafise vyose vyo kumubeshaho.”

Imana ntishakako dutanga kugira ngo abantu biyumvireko turi beza. Ishakako dutanga vyose dushobora kubera ko tuyikunda, Atari kugira ngo twumveko duhambaye.

Mu mpera abigishwa ba Yesu baratahuye ivyo yariko arabigisha. Ubu batahuyeko Imana ikeneye urukundo rwacu kuri yo, gukunda ababanyi bacu, kandi no kudashaka kubonwa n’abantu. Iki cari icigwa ngira kamaro cane mw’ishengero. Uno musi dushobora kwiga ikintu gikomeye cane. Dutegerezwa gutanga ic’ingirakamaro dufise kubera ko dukunda Imana, Atari kugira ngo abandi batubone hanyuma biyumvireko turi abantu beza canke ko turi abikimazi.

Aka ni akaryo keza ko kwakira amashikanwa nimbi utabikoze kare. Ushobora kuvuga, “Yesu yatwigishije ibintu ngira kamaro. Inkuru yacu ya Bibiliya uno musi yatwigishije ko igifise ikimazi gusumba atari ubwinshi bw’ivyo twatanze duha Imana; igihambaye n’igituma twayihaye. Yipfuzako tuyiha ivy’ikimazi kuberako tuyikunda.

### Igikorwa

Fotora canke ucape imbere amahera atandukanye mukoresha mu gihugu. Yihomeke kw’ikarata y’urupapuro. Yisharize n’amabara y’inzahabu, umujumbu, canke ibindi. Inyuma yayo wandike umurongo wo gufata ku mutwe. Imbere y’uko abana bawe baza mw’ishure ryo kuw’Imana nyegeza ayo mahera hose mw’ishure.

Bwira abanyeshure barondere za noti 14, harimwo no murufatiro rwa Bibiliya:

*“Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.”* (Yohana 14:21a)

Mu gihe abana batoye za noti bashobora guca biruka hanyuma bakayashira ku meza mu rutonde rwiza kugira bagire umurongo wo gufata ku mutwe.

### Gufata ku mutwe

*“Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.”* (Yohana 14:21a)

Ha abana igice c’urupapuro hanyuma abana bandikeko umurongo wo gufata ku mutwe. Bawusharize neza cane ukwo ushoboye. Wujane muhira hanyuma ugume wimenyereza kuwufata ku mutwe.

### Kurangiza

Shira umugwi mu muzingi. Basabe basengere umuntu ari iburyo bwabo. Umwe wese asengere umwana akurikira. Umwigisha ashobora gusengera ishure ryose kugira ngo babe abana b’urukundo bumvira ijambo ry’Imana. Umwigisha ashobora kubansengera bose kugira ngo bige gukunda Imana n’ababanyi babo batarinze kurabwa n’abandi. Urakoze Mana kubw’urukundo abana berekanye igihe bagushikanira no guha imfungurwa abantu babikeneye.

## ICIGWA 28


### KURONKA URUKUNDO

Ivyanditswe: Mariko 12:38-44

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko dufise urukundo kubera ko urukundo rwacu turukura ku Mana, s'urwo twabonye ku bandi bantu.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.”  
(Yohana 14:21a)

### Inyigabire y'urukundo



Ni gute werekana urukundo ukunda Imana?

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ko bidahimbara Imana igihe tudahazwa n'ivyo dufise no kwikunda. Iyo turonse Imana, azodufasha kumukunda gusumba ibindi bintu vyose.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.” (Yohana 14:21a)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Ibiganiro vy'abana ku mboneshakure, ibikinisho, n'izindi nkino zitegurwa kugira ngo abana bazimareko umwanya munini. Ivyo biganiro, ibikinisho, n'inkino zikwega abana. Abana, co kimwe n'abavyeyi, wizereko igihe ufise ivyo bintu, bazokwama banezerewe.

Yesu atwigisha mu nzira zitandukanye mu kuraba ivyo dushaka. Yigisha kubitunzwe, abantu, n'ibintu twipfuzza gukinisha bitaturongora mu munezero. Umunezero nyakuri uva mu migenderanire yimbitse n'Imana. Abana uno musi bakeneye kwumva ko Umwami abafitiye vyinshi vyiza gusumba gutunga ibintu bigaragara; ibiganiro vyo kumboneshakure, ibikinisho, inkino, n'ibindi. Afise ubuzima budashira mu bwenge bwiwe, kandi bakeneye gufata ingingo. Abana bashobora guhitamwo Imana ubwa mbere batitayeho ivyo abandi bakora canke bavuga.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.
- Imbere yo gutangura inyigisho z'uno musi mu ncamake gira isubiramwo ry'ivigwa bibiri vyarangiye. Baza abana ingene indwi yagenze kandi ko batoba bafise imitwaro yo gusengera. Hitamwo igikorwa gishobora gufasha abana gutahura icigwa.
- Fata iviyumviro vy'abanyeshure bawe: “Iyumvireko ufise imbonesha kure muhira kandi ko abavyeyi banyu babemerera kuraba ibiganiro vyose vy'abana igihe cose mubishatse. Mufise kandi ibikinisho vyinshi, n'inkino. Mwiyumva gute muri ico gihe? (egeranya inyishu z'abana)

**Kumenya Imana**

Mu nkuru yo muri Luka 12:13-21, tubonamwo umusore akiri muto yipfuzza kuguma yegeranya:

Abantu benshi bakoranira iruhande ya Yesu, baramwumviriza batekanye cane. Umuntu umwe mwishengero ntiyarafise mu maso hanezerewe. Uwo muntu yibwira, “Kumbure noshikira Yesu akamvugira kuwo tuvukana kugira ngo yemereko tugabura umutungo nawe.”

Uwo mugabo yari mutoya kubo bavukana babiri. Itegeko ryavugaga ko ari mukuruwe mukuru aronka iragi. Uwo musore yarafise amahera ariko yumva ivyo afise bidakwiye; yashaka ibindi!

“Mwigisha,” ahamagara Yesu. “Bwira mukuru wanje ampe ku mahera y'iragi. Ivyo vyotuma aronka vyinshi kunsumvya. Nipfuzza kuronka ibindi!”

“Musore,” Yesu aramwishura. “Sindi umucamanza. Si jewe ntegeka ko mukuru wawe aguha amahera.” Wa musore arababara cane. Hanyuma Yesu araba muri iryo shengero hanyuma ababwira inkuru.

Habayeye umurimi w'umutunzi cane;

*Yari yimbuye ivyimburwa vyinshi mu mirima yiwe. Muri uyu mwaka ivyimburwa vyabaye vyiza cane. Yari yimbuye vyinshi cane kuburyo yabuze aho abikwiza vyose. 'Mbega ndakora iki?' uwo murimyi arivugana ubwiwe.*

*"Ntabigeza bikwiye mfise vyo gushiramwo umwimbu."*

(Hagarika inkuru kugira ngo ubaze ibibazo bikurikira)

- Ninde yatumye intete z'imbuto zikura?(Imana)
- Niki yari gutegerezwa kubwira Imana uyu murimyi abonye ingene umwimbu ari mwiza? (Ndagushimiye, Mwami)
- Niki wiyumvira umurimyi yari gukoresha uwo mwimbu wose yaronse? (gufasha abakene batagira ibifungurwa)
- Wiyumvirako uwo murimyi yakoresheje iki uwo mwimbu atashoboye kuronka aho awubika? (Inyishu zizoba zitandukanye)

*Bibiliya iratubwira ko uwo murimyi yasambuye ibigeza vyiwe bitobito hanyuma yubaka ibindi binini binini. Yicara hasi hanyuma aribwira, "Mbega ingene ubuzima ari bwiza mfise. Ndakomeye cane kandi mfise amagara meza. Ubuzima bwanje buzoba bworoshe kumara imyaka myinshi."*

*Ariko Imana iramubwira, "Wa gipfu we! Wanyibagiye, wibagiye kunkunda, wibagiyeke vyose biva kuri jewe." Muri iryo joro wa murimyi arapfa.*

- Mbega yoba yarajanye umwimbu yari yaronse? Yoba yarakoresheje imirima yiwe?

Yesu yipfuzako tumenya kandi tukibuka ko bitanezera Imana iyo turi intashima kandi twikunda.

Iyo tumenye Imana, iradufasha kuyikunda kurusha ibindi bintu vyose nki (Imboneshakure, ibikinisho, udukino, amahera n'ibindi). Turashobora gufata ingingo yo gushira mu kibanza ca mbere Imana mu mitima yacu.

### Igikorwa

Tegura imbombo zingana n'igitigiri c'abana bari mw'ishure. Zishire ku meza hanyuma usabe umwana wese atore imwe. *Uzosanga hari bamwe mu bana batoye iyirenze imwe hanyuma bamwe barabura.* Bwira abana batoye imbombo irenze imwe gusangira n'uwutaronse. Basabe kutagira uwuyitabura numwe gushika abana bose baronse imbombo. *Uzosanga bigoye cane ku bana bamwe bamwe gusangira n'abandi.*

Wibutse abana ko iki arico nyene cigwa Yesu yatwigishije 'Ntibihimbara Imana igihe tudahazwa n'ivyo dufise kandi twikunda. Iyo tumenye Imana, iradufasha kuyikunda cane gusumvya ibindi bintu vyose vy'isi.'

### Gufata ku mutwe

"Uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda." (Yohana 14:21a)

Andika umurongo wo gufata ku mutwe k'urubaho canke kurupapuro. Tanga insiguro y'umurongo wo gufata ku mutwe hanyuma abana bawusubiremwo incuro nyinshi. Ubu tangura ufute ijambo rimwe rimwe (igihe ari kurubaho) utangurire kw'ijambo rya mbere hanyuma ubwire abana basubiremwo umurongo wose gushika aho amajambo yose afutiwe. Ari k'urupapuro, rondera ikintu co kuja urapfukisha amajambo. Mu mpera, abana nka bose bazoba bavuga umurongo wo gufata ku mutwe batarinze kuwusoma ku kibaho canke k'urupapuro.

### Kurangiza

Sengana n'abana. Mukunzi Yesu dufashe kutaba intashima canke abikunda. Dufashe kuguha ikibanza ca mbere mu buzima bwacu kugira ibindi nk'imboneshakure, ibikinisho, inkino, kwintonora, canke ibindi vyose ntihaigire igifata ikibanza ca mbere. Twame tumenyako tubwirizwa gushira Imana mu kibanza ca mbere.


## ICIGWA 29

### KUMENYA IMANA

**Ivyanditswe:** Luka 12:13-21

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko bidahimbara Imana igihe tudahazwa n'ivyo dufise no kwikunda. Iyo turonse Imana, azodufasha kumukunda gusumba ibindi bintu vyose.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.”  
(Yohana 14:21a)



**FATANYA UTUBURUNGU KUGIRANGO UTORE UWUTASHIZE IMANA MU KIBANZA CA MBERE.....**

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko agakiza ari aka abantu bose bizera Yesu Kristo kandi bamwakiriye nk'umukiza.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.” (Yohana 14:21a)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Benshi muri twebwe dukunda abantu twumva duhimbariwe. Dusanga hari ibintu vyinshi bigenda bisa kandi n’ibindi bidasa. Imana ntiyaduhamagariye guhitamwo abantu dushaka canke kuja kure nabo dutandukanye nukuvuga batandukanye natwe.

*Muri iyo nzira nyene Yesu atwigisha kurenza amaso abo twiyumvamwo. Yipfuzako dutanga ingabire y’agakiza kuri abo bose bakeneye kumumenya.*

- Akira abana n’umunezero.
- Gira isubiramwo muri make ivyigwa bitatu vyarangiye hanyuma usabe abana bavuge ingene babaye abizigirwa ku Mana.
- Tanga insiguro y’amajambo akurikira:

**“Gukurikira Yesu”** – abantu bizera ko Yesu ari umwana w’Imana, rukundo no kumwumvira.

**“Ubugingo budashira”** – kubaho ibihe bidashira. Igihe dupfuye, twebwe abakiriye Yesu nk’Umukiza wacu tuzoja kubana nawe mw’ijuru.

**“Amazi y’ubugingo”** – amazi yo mu buryo bw’impwemu atanga ubugingo budashira

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

\* Kwibazako ibi bibaho ahantu kanaka: *abana baza mw’ishure ryabo ryo ku musi w’Imana. Umwana yaje kandi yabambaye impuzu zitabutse kandi zicafuye. Nta n’ikirato na kimwe yarafise. Abana bapfa badashaka kwicarana na we.*

Mbega wari kwiyumva gute iyo uba uwo mwana? Ushobora kuba utambaye nk’uwo mwana, ariko birashobokako hariho ikintu kigutandukanya n’abandi bana. Birashobokako ururimi rwabo rutandukanye nurwo iwanyu kandi bakaba bavugako badashakako mubegera. Mbega mwiyumva gute?

Tugiye kubona ingene Yesu yiyegereza abantu bari baratawe n’imiryango yabo (abayuda).

Yesu n’abigishwa biwe bavuye I Yudaya bariko baja I Galilayo. Yesu ababwira guca mu nzira yahagufi, yaca I Samariya. Abigishwa biwe ntibashimye ico cyumviro-kubera ko bari bazi neza ko abayuda n’abasamariya badakundana. Baja mu gisagara c’isamariya bahasanga iriba. Yesu yararushye hanyuma Yesu abwira abigishwa biwe bagende bagure ibifungurwa mu gisagara kiri hafi. Abigishwa bamaze kugenda, umugore w’umunyasamariya aza kuvoma. Yari yikoreye umubindi wo gutwara amazi. Yesu aramuraba hanyuma amenya ivyiwe vyose. *Uyo mugore yari yaratawe n’abantu bose mu muryango wiwe kubera ibintu bibi yakora.*

Yesu yarazi yuko Imana imukunda kandi ko akeneyeko ubuzima bwiwe buhinduka. Yesu abaza uwo mugore w’umunyasamariya, “Woshobora kumpa kuri ayo mazi?”

Uwo mugore aratangara! “Uyu n’Umuyuda” aribwira, “Abayuda ntibavugana n’Abasamariya, na cane cane abagore nka jewe.” “Kubera iki unsavye amazi yo kunywa?”

Mw'ijwi ryiyoroheje Yesu aravuga, "Iyaba waruzi uwo muriko muravugana, wari kumenyako ashobora kuguha ingabire ihambaye iva ku Mana. Nzoguha **"amazi y'ubugingo!"**

"Gute?" uwo mugore aratangira. "Ni gute uja kuvoma amazi ko iriba ari rirerire?"

Uwo mugore ntiyigeze amenya ko Yesu ariko avuga **amazi y'ubugingo budashira**, atari amazi tubona.yesu aramwishura, "*Uwunywa kuri aya mazi wese azokwongera kugira inyota ariko uwunywa ku mazi nzoguha ntazosubira kugira inyota ukundi.*"

"Ndashaka ayo mazi" uwo mugore aravuga.

Yesu amenyako uwo mugore yabaye mu buzima bw'icaha ariko vyose vyarasa, yarakeneye urukundo rw'Imana no kubabarirwa. Ubuzima bw'uwo mugore bwarahindutse. Yarakeneye kumenya cane Imana hanyuma atumira abantu benshi ngo baze kwumviriza Umukiza.

Twize ibi bikurikira; *agakiza n'ako abantu bose bizeye Yesu Kristo no kumwakira nk'Umukiza wabo.*

Ubutumire:

Ha akaryo abana batarakira Yesu Kristo nk'Umwami n'Umukiza wabo.

Koresha: - A, B, C.....

A – kwemera ko uri umunyavyaha (*twese turi abanyavyaha/ ibibi dukora bidutandukanya n'Imana*) ariko iyo twihanye, Imana iratubabarira.

B – Wizere ko Yesu ari umwana w'Imana, *yaseshe amaraso yiwe kubwacu kandi niwe wenyene ashobora gukuraho icaha.....*

C – Watureka Yesu Kristo ari Umwami wawe n'Umukiza. *Aho ushobora kuronka ivyizigiro vy'ubugingo budashira.*

### Igikorwa

Babwire bavange amabara atanu ari ku mpapuro, ku mpuzu, canke kumipira.

- Iryirabura risigura **Icaha** twese twaracumuye
- Iritukura – **agakiza**, - *Yesu yapfuye ku musaraba kubwa twebwe twese.*
- Iryera – **Imbabazi**- *iyi dusavye imbabazi Umwami, aratubabarira,*
- Iry'urwatsi rutoto – **gukura mu buryo bw'impwemu** – *tubandanya dukura mu kumenya Imana biciye mu gusenga, gusoma n'ukwumvira Bibiliya ico itubwira, kuja mu rusengero/mw'ishure ryo kuw'Imana no kubwira abandi ivya Yesu Kristo.*
- Iry'umuhondo – **ubuzima budashira** – *igihe tumaze gukizwa, tubaho kubw'Umwami ubu no kuzobana nawe ibihe bidashira mw'ijuru.*

Mwese, murondere umugenzi. Fata umwanya musiguriranire ayo mabara.

nibatahane ayo mabara bakoresheje uno musi kugira abafashe mu kubwira ubutumwa abagenzi babo. Nturondere abagenzi ukunda gusa usangira nabo ayo mabara kubera ko **agakiza n'ako abantu bose bizera Yesu Kristo kandi bamwakiriye nk'Umukiza wabo.**

### Gufata ku mutwe

"Uri n'ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda." (Yohana 14:21a)

Fasha abana gufata ku mutwe umurongo mu kubasubirishamwo kenshi gashoboka. Hitamwo abana bashobora kuvuga umurongo bijanye n'ingene bambaye (nk'akarorero: *impuzu abakobwa bambaye, amashati y'abakobwa n'amakanzu, abahungu bambaye amabutura, abahungu bambaye amapantaro, abafise imishatsi mikeya n'ibindi*).

### Kurangiza

Sengana n'abana. Shimira Yesu ko yadukunze twese; ntiyigeze agira ikumira canke kamwana wa mama.

Mukunzi Yesu, dufashe guhagarika guhitamwo abantu dukunda. Duhe inkomezi zo kujana ubutumwa bw'agakiza kuri bese. Dufashe kwama twibukako agakiza ari ak'abantu bakwizera WEWE kandi bakwakiriye WEWE nk'Umukiza.


## ICIGWA 30

### KURONKA UBUZIMA

**Ivyanditswe:** Yohana 4:1-42

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura koagakiza ari aka abantu bose bizera Yesu Kristo kandi bamwakiriye nk'umukiza.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Uri n’ivyagezwe vyanje akavyitondera, uwo niwe ankunda.”  
(Yohana 14:21a)



# INTANGAMARARA - IKIGABANE 8

## ISHENGERO RYO MW'ISI YOSE

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Ivyakozwe n'intumwa 8:1-8:26-24, 10, 11:19-26, 13:1-12, 14:21-28

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'ikigabane:** “Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

**Intumbero z'iki kigabane**

**Iki kigabane kizofasha abana:**

- Kumenya ko Imana yashizeho Ishengero mu ntumbero yo kuvuga Ubutumwa Bwiza
- Kumenya ko igikorwa nyamukuru c'Ishengero ari gutangaza ijamba ryayo
- Kumenya ko atagishobora guhagarika ugukura kw'Ishengero kw'isi yose

**Ivyigwa vyo mu kigabane**

**Icigwa 31:** Inkuru nziza yo k'umunyetiyopiya

**Icigwa 32:** Inkuru nziza kub'I Roma

**Icigwa 33:** Inkuru nziza ku bantu baba I Antiyokiya

**Icigwa 34:** Inkuru nziza ku bantu bose

Ishengero rya Yesu Kristo ryarahamwe kandi riraterwa mu buryo buhambaye. Nubwo habaye ivyo vyose, Ishengero ntiryabayeho gusa, ariko ryakwiye mw'isi yose. Imana yahagurukije ubushizi bw'amanga n'ishaka mu bantu, bemera no gutanga ikiguzi c'ubuzima bwabo, mu gutangaza Kristo no kuvuga ubutumwa bwiza. Abo bantu barashikije ibwirizwa ry'Imana ; ukuboko k'Umwami kwari kumwe nabo. Ubushobozi bw'Imana bwiyerekana mu bimenyetso, ibihambaye n'ibitangaza. Abantu benshi bahinduka intumwa za Kristo. Isi yuzuyemwo igiturire n'ivyaha bigomba kurengera ibintu vyose. Ariko, Ishengero rya Yesu Kristo ribandanya inzu yahoo bagwaniriza icaha. Ubuzima butakaye bushobora guhindukamwo bushasha kandi ubuzima bwejejwe.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ico arico kuba umu misiyonari n'ingene ubutumwa bwatanguye gukwiragizwa.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Birahimbara Imana iyo twizera kandi tugakunda abantu dutandukanye canke bava mu mico itandukanye niyacu. Iki cyumviro c’ubukristo cagiye mu ngiro mw’Ishengero rya mbere. Mu maso y’Imana abantu bose bafise agaciro kandi ni kubw’ico cyumviro abakristo bashobora gushikira uwariwe wese n’ubutumwa bw’urukundo rw’Imana.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

## Amajambo ahambaye

- Ubutumwa bwiza – ubutumwa.....bwira abantu ko Yesu Kristo yapfuye k’umusaraba kandi ko yazutse kugira ngo dukizwe.
- Ubumisiyonari .....Umumisiyonari n’umuntu Imana irungika kuvuga ubutumwa bwiza bwa Yesu ku bantu bo muyindi mico.

“Hoba hariho umuntu yakiriye ubutumwa bwiza iyi ndwi?”

## Ivyakozwe n'intumwa 8:26-40

Cari igihe kigoye cane kw’Ishengero ry’I Yerusalemu. Abigishwa ba Yesu bariko baratabwa mu mvuto kubera kuvuga ubutumwa bwiza. Benshi bariko barahunga kubera ubuzima bwabo bwari mu kaga. Filipino yari umwe muri abo bakristo hanyuma ahungira I Samariya. Filipino yagize ubwoba bwo kuguma I Yerusalemu, ariko ntiyarafise ubwoba bwo kubwira abantu Yesu.

Filipo avuravuga, “Ndafise inkuru nziza ndababwira.”

Abantu abregerana kugira bumvirize ukwo Filipino abwira abantu inkuru itangaje y’ingene Yesu yapfuye kubw’ivyaha vy’abari mw’isi bese. Mu nyuma abantu babona ibitangaza Imana ikoreye muri Filipino, benshi bafata ingingo yo gukurikira Yesu. Haba umunezero mwinshi muri ico gisagara.

Umusi umwe Imana irungika umumarayika kuri Filipino amubwira ati, “Genda mu bumanuko mw’ibarabara ryo mu bugaragwa. N’ibarabara rimanuka (riva) I Yerusalemu rija I Gaza.”

Filipo yumvira Imana. Abantu benshi baca muri iryo barabara.

Mu nzira yiwe, Filipino yumva guhuhuma, guhuhuma, guhuhuma kw’ifarasi yariko ikwega umukogote uriko urabegereza yarifise intwaza ngabo ikomeye y’umunyetiyopiya. Iyo ntwazangabo y’umunyetiyopiya yariko irasoma mu gitabo co muri Yesaya. Filipino yumva iyo ntwazangabo iriko irasoma hanyuma aramubaza, “Mbega uratahura ivyo uriko urasoma?”

“Oya, sindabita hura. Ni gute noshobora kubita hura? Ndakeneye umuntu yonsobanurira.” Iyo ntwazangabo itumira Filipino kuza no kwicarana nawe.

Filipo n'ubuntu bwinshi asigurira iyo ntawazangabo ubutumwa bwiza bwa Yesu. Uwo munyetyopiya yaranezerewe cane; kumenya ko Yesu amukunda kandi ko Yesu ari umukiza wiwe. Yizeye Yesu nk'Umwami n'Umukiza wiwe.

“Raba!” umunyetyopiya aravuga. “Harya hariho amazi nipfuzza kubatizwa.” (Kubatizwa n'inzira yereka abantu bose ko Yesu yahinduye ubugingo bwiwe.) Filipino abatiza uwo mugabo.

Iyo ntawazangabo y'umunyetyopiya iranezerwa cane. Ashimira Imana cane kuba yarungitse Filipino ngo bahure. Iyo ntawazangabo ishimira Yesu kuba yamubereye Umukiza wiwe. Filipino abandanya urugendo ava mu gisagara aja mu kindi gisagara, aja aho hose Imana imurungitse kuja kuvuga ubutumwa bwiza bwa Yesu.

### Igikorwa

Fasha abana gukina inkuru ya Filipino n'iyi ntawazangabo y'umunyetyopiya.

### Gufata ku mutwe

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk'uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

Gabura abana mu migwi ibiri. Babwire bagire imirongo ibiri, bafatane ku bitugu umwe wese kubitugu vya mugenzi we kandi batandukane ku metero 2/3.

Umurongo A baravuga umurongo wo gufata ku mutwe hamwe ukwo baja ku murongo wa B.

Umurongo B barakomera amashi kugikorwa cabo ciza, “Mwagize Neza!” abo mu murongo A bariko barasubira inyuma mu kibanza barimwo.

-Subiramwo umurongo B nawo uvuge umurongo wo gufata ku mutwe....

### Kurangiza

Mwami Yesu warakoze kuba warankijije. Warakoze ku bantu bose warungitse kuvuga ubutumwa bwiza. Mfasha kugira ngo name ndakwumvira igihe cose undungitse kugenda kubwira abandi bantu ubutumwa bwiza. amen

## ICIGWA 31

### INKURU NZIZA YO K'UMUNYETIYOPIYA

**Ivyanditswe:** Ivyakozwe n'Intumwa 8:1-8, 26-40

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ico arico kuba umu misiyonari n'ingene ubutumwa bwatanguye gukwiragizwa.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)



## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ata bantu ikundwakaza gusumba abandi. Ikunda abantu bose k'urugero rumwe mu mfuruka zose z'isi. Imana ishaka ko bose bamwakira nk'Umukiza wabo.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abakristo b'abana barakeneye ku menya ko Imana ishakako abantu bose bamenya ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo. Barakeneye kwumvako Imana ikunda abantu bose, ntaco bitwaye aho baba hose, abavyeyi babo abaribo, urukoba rwabo canke ubwene gihugu bwabo, canke ko boba bava mu nzu y'abakristo canke atarivyo.

Umwami akunda abantu bose kandi ntarobanura abantu. Imana ishaka ko abantu bose bamwakira nk'Umukiza wabo.

Abana bamaze kumenya uku kuri, bazomenya ibijanye n'akamaro ko gushikira abandi bababwira ibijanye na Yesu Kristo.

Wibuke guha kaze abana babagendeye. Wegeranye inkuru zabo aho baba mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Witegekanye amafoto y'abantu bava mu bihugu bitandukanye n'imico itandukanye. Ereka abana amafoto hanyuma ubabaze ico bazi kubijanye nivyoye bibanza n'imico. Vuga ibintu vyiza kuri buri muco wose. Baza abana aho bipfuzaga kugendera.

Mu nkuru yacu y'uno musu turajya kwiga kubijanye n'urukundo rw'Imana k'urugero rungana kuri bose, mu mfuruka zose z'isi. Kubw'iyi mvo, tugiye kubona ingene Petero yahaye ubutumwa bwiza Koroneliyo.

Koroneliyo yari umuntu mwiza kandi umugabo w'ingira kamaro mu kibano. Yari umugabisha w'ingabo z'abaroma. Yizera Imana imwe y'ukuri. Koroneliyo yarafasha abandi kandi yari umugabo w'amasengesho. Koroneliyo ntiyari umuyuda (abantu batoranijwe n'Imana). K'umuhingamo umwe yariko arasenga, Koroneliyo aronka inzosi. Abona umumalayika. Koroneliyo ahagarika umutima!

Uwo Mumalayika aramubwira. “*Koroneliyo, Imana yakwishimiye. Imana igomba ko umenya vyinshi kubijanye nayo.*”

Koroneliyo aranezerwa; vy'ukuri, yaragomba kumenya vyinshi kubijanye n'Imana.

“*Rungika abantu mu gisagara c'I Yopa*” umumarayika aramubwira. “*Aho uzahasanga Petero uwo azokubwira vyose wipfuzaga kumenya.*”

Ubwo nyene Koroneliyo aca arungika abakozi biwe babiri hamwe n'abasoda I Yopa. Bashika mu gisagara mu gihe Petero yariko arasenga mu nzu y'umugenzi wiwe. Igihe Petero yariko arasenga, nawe nyene agira inzosi. Abona ijuru ryugurutse kandi ikintu gisa n'igitambara kinini kiramanuka (kiza hasi). Kiza mu mfuruka zine z'isi. Kuri co hariko ubwoko bune bw'ibikoko, ibigendera hasi, ibikwega inda n'ibiguruka mu kirere. Mu nyuma yumva ijwi rivuye mw'ijuru rimubwira riti, “*Vyuka Petero; banga hanyuma urye.*” Petero arazazanirwa! Yarazi ko Imana yabwiye abantu b'Abayuda kutarya inyama z'ibikoko bimeze ukwo kuko n'ibitejejwe.

“Oya Mwami, sinshobora!” Petero arishura. “Sinigeze mfungura ibintu bihumanye kandi bitera.”

Ijwi rirongera kuvuga kandi, “*Ntubire kwita ibintu ko bihumanye mu gihe Imana yamaze kuvyeza.*”

Petero akiriko aratangara kubijanye nizo nzozi, Mpwemu Yera avugana nawe aramubwira, “*Abagabo batatu bariko barakurondera, jana nabo.*”

Petero amanuka ingazi hanyuma aja guhura nabo bagabo. Abo bagabo babwira Petero ko umugabisha w’ingabo z’abaroma, Koronaliyo, akeneye kumubona ubunyene. Muri ako kanya Petero atangura gutahura inzozo ziwe. Atahura y’uko Imana itariko imwerekana ibikoko mu nzozi ariko yari abandi b’ubwoko butandukanye abo ikunda k’urugero rumwe.

Ubuzima bwose bwa Petero yabumaze yigira kure y’abanyamahanga (abantu batari Abayuda), muri iyo nzira nyene yari yaririnze gufungura ibikoko bimwe bimwe.

**Ubu Imana yariko iramubwira ubwo butumwa bw’agakiza ku bantu bose, ndetse no kubanyamahanga.**

Ku musu ukurikira Petero ajana nabo bagabo batatu hamwe n’abandi bizera b’I Yopa. Bagishika mu nzu kwa Koronaliyo basangaho abandi bantu benshi bari ngaho. Koronaliyo abwira Petero ibijanye n’inzozi ziwe.

Petero yibwira, “*Iyi niyo mpamvu naronse inzozo! Ubu ndatahuye ko Imana itarobanura abantu k’ubutoni.*”

Petero abwira Koronaliyo hamwe nabo bose bari muri iyo nzu ibijanye na Yesu n’urukundo rwiwe, “Yesu n’Umwami wa vyose. Yapfuye ku musaraba kubera ivyaha vy’umuntu wese hanyuma ku musu ugira gatatu arazuka avuye mu bapfuye. Ubu ni muzima!”

Bamaze kwumva ivyo vyose, Koronaliyo n’abantu bose bari muri iyo nzu bizera Yesu. Ubwo nyene Mpwemu Yera aca abazako. Abizera b’abayuda baratangara cane, “Mpwemu Yera yaje no kubanyamahanga nabo?!”

Petero aranezerwa! Aca abatiza abo bizera bashasha hanyuma amarana na Koronaliyo imisi mikeya. Abantu bose bari buzuye umunezero.

Ubu twize ingene Imana ikunda abantu bose. Ubutumwa bwiza bw’agakiza n’ubw’abantu bose bari mu mfuruka z’isi.

### Gufata ku mutwe

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

Bwira abana bicare k’umuzingi. Hereza uwushaka umupira. Uwo mwana aratangura urukino mu kuvuga ijamba rya mbere ryo mu murongo wo gufata ku mutwe hanyuma agaca aterera umupira uwundi hanyuma uwo wundi aca avuga ijamba rikurikira.

Mubandanya gusubiramwo ukwonyene gushika umurongo wose urangiye.

Abadashobora kwibuka ijamba rikurikira muri uwo murongo baca “basohoka”.

### Kurangiza

Senga ushimira Imana ko ikunda abantu bose k’urugero rumwe. Yishimire kuri abo bose bagiye hanyuma bakabwira abandi urukundo rw’Imana. Dusenge kugira ngo Imana idufashe natwe gukunda abantu k’urugero rumwe no kubwira abandi ubutumwa bwiza bwa Yesu.

Bwira abana bose kugira urutonde rw’ibihugu bashobora kuzoba bariko barasengera muri iyi ndwi.


## ICIGWA 32

### INKURU NZIZA KUB'I ROMA

**Ivyanditswe:** Ivyakozwe n'Intumwa 10

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ata bantu ikundwakaza gusumba abandi. Ikunda abantu bose k'urugero rumwe mu mfuruka z'isi. Imana ishaka ko bose bamwakira nk'Umukiza wabo.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk'uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)



Inkuru nziza  
y'ivyaha  
Yesu niyo  
abantu bose.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko ari muri Antiyokiya abakurikira Yesu batanguye kwitirwa “Abakristo” ku ncuro ya mbere.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana barazi neza ico bisigura kuba canke kutaba umwe mu mugwi.

Bashaka kwemerwa, bipfuzwa kugira abagenzi benshi, no kuba mu bantu bamenyekana cane mw’Ishengero canke kw’ishure.

Umwanya uteri muto, bumva ko batagira ikimazi kubera ko atakintu na kimwe barakora “gihambaye”.

Imbere yo gutangura icigwa cacu c’uno musu, mu majambo make gira isubiramwo ry’ivyigwa bibiri vyarangiye.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

- Mwoba muzi igituma mwahawe ayo mazina mufise? (abana bamwe amazina yabo ahuye n’imiryango canke ivyabaye.)
- Mwoba muzi insiguro y’amazina yanyu? (reka ababizi basigurire abandi banyeshure. Hitamwo amazina ya Bibiliya hanyuma ubigishe ico asigura. Nk’akarorero: ‘Dina’ risigura ubutungane, ‘Petero’ risigura urutare)
- Amajambo ngira kamaro:

\*“UMUKRISTO.” Umuntu afise urukundo, yumvira, kandi ava kuri Kristo, Umukiza.

## Barunaba na Pawulo bigisha ubutumwa bwiza

(Urukino rwo mu mwakozwe n’intumwa 11:19-29)

(Ambika abana baja kuba mu bakinyi mu myambaro ihuye n’ico gihe. Umukinyi wese ahabwe fotokopi y’ivyo aja gukina kugira abisome canke bashobora gukina nk’abasomyi babasomere inkuru).

## Igice 1

**Uwuvuga inkuru:** Sitefano amaze guterwa amabuye agapfa abizera benshi cane batabwa mu gasho hanyuma abandi bahungira I Yerusalemu hi Antiyokiya hari hatekanye. Antiyokiya nticari igisagara c’abayuda kandi benshi mu bantu babayo bari abanyamahanga (abatari abayuda). Aho hose baja abigishwa ba Yesu babandanije kwigisha ibijanye nawe. Igihe abo banyamahanga bumva ubutumwa bwiza, barizeye hanyuma bizera Yesu Kristo nk’Umwami n’Umukiza wabo. Abigishwa ba Yesu basigaye I Yerusalemu bumva amakuru mashasha y’ingene abantu benshi bo muri Antiyokiya bahindutse nabo Abakristo!

**Barunaba:** (Barunaba abasomera ubutumwa k’umuzingo). “Umviriza ibi bintu! Hari ishengero rishasha muri Antiyokiya kandi ririko rirakura cane! Bavuzeko hari abanyamahanga benshi cane bariko barakurikira Yesu. Ivyo bintu n’ukuri?”

**Abigishwa ba Yesu I Yerusalemu:** Barunaba, genda muri Antiyokiya – utubwire ibiriko biraberayo vyose!

## Igice 2

**Abigishwa ba Yesu bashasha bo muri Antiyokiya:** *Murahawe ikaze cane, Barunaba! Turakwinginze twigishye vyinshi kubijanyeye n’Imana. Dukeneye kumenya ingene twokunda kandi tukumvira Imana.*

**Barunaba:** *Musenge Imana yo nsa. Imisi yose mwame muyishira imbere. Muvyo mu vuga vyose canke mukora, mwumvire ico Yesu ababwira.*

**Uwuvuga inkuru:** *Abantu benshi kandi benshi bo muri Antiyokiya batangura gukurikira Yesu.*

**Barunaba:** *Abo bigishwa bashasha bo muri Antiyokiya bari banezererewe kubaho kubwa Yesu! Ndakeneye kubigisha vyinshi, ariko ndakeneye kuja kuzana abamfasha.*

**Uwuvuga inkuru:** *Barunaba ajabuka I Tarushishi. Aja kuvugana n’umwigisha w’Umuyuda yitwa Sawuli. Kera uwo Sawuli niwe yanka kandi agahama Abakristo, ariko ubu yari yahindutse uwizera Yesu. Irindi zina rya Sawuli ni Pawulo.*

## Igice 3

**Barunaba:** *(ariko avugana na Pawulo) Gute mugenzi, umeze gute?*

**Pawulo:** *Gute Barunaba! Ni kubera iki uri hano I Tarushishi?*

**Barunaba:** *Nkeneye imfashanyo yawe.*

**Pawulo:** *Ni gute noshobora kugufasha?*

**Barnabas:** *Dufise abigishwa benshi bashasha muri Antiyokiya kandi benshi muri bo n’abanyamahanga. Nagerageje kubafasha ngo bamenye gose ibijanyeye n’urukundo rw’Imana n’ingene boshobora kumwumvira. Ingo umfashe kubigisha!*

**Pawulo:** *Ico n’iciyumviro ciza! Reka tugende ubunyene!*

**Uwuvuga inkuru:** *Pawulo na Barunaba bavayo bajabuka muri Antiyokiya.*

## Igice 4

**Uwuvuga inkuru:** *Barunaba na Pawulo bamara umwaka umwe bari muri Antiyokiya bigisha abo bigishwa bashasha ba Yesu. Abantu barabumviriza kandi bamenya ingene bokunda kandi bakumvira Imana. Vuba abantu bo muri Antiyokiya batangura kugira agakino k’abantu bakunda kandi bakumvira Imana bitwa “**ABAKRISTO**”. Iri jambo risigura abakomoka kuri KRISTO. Abantu bo muri Antiyokiya bagira agakino ka “Abakristo,” ariko “Abakristo” bari banezererewe cane kubera ko bari bafise iri zina rihambaye.*

**Abakristo :** *(Kuvugira rimwe) U” Umukristo” n’umuntu yakiriye Yesu Kristo nk’Umwami n’Umukiza. Abakristo bakunda kandi bumvira Imana. Twebwe, abigishwa bo muri Antiyokiya dushobora kubona ko dusa na Yesu kandi ko arico gituma batwita “**Abakristo!**”*

### **Gufata ku mutwe**

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

Andika umurongo wo gufata ku mutwe k’urubaho canke k’urupapuro rukomeye. Bwira abana gusubiramwo gusoma nk’incuro zitatu. Reka umwana umwe ubwa mbere n’uwushaka kuja kwinyegeza Atari kure y’ishure. Bwira abana basigaye barondere ijamba ryo mu murongo mu mpisho hanyuma barifute. Reka abana basubiremwo umurongo wo gufata ku mutwe ariko igihe bageze kuri rya jambo bafuta, aho kurivuga, bace bakoma amashi. Baza wa mwana yaja kwinyegeza avuge ijamba abo bagenzi biwe basimvye.

### **Kurangiza**

Senga ushimira Imana ku bantu bazoja kwigisha ubutumwa bwiza bwa Yesu. Senga kugira Imana idufashe kwama twumviriza kandi twumvira ico ijamba ritwigisha. Reka dutware iryo zina rihambaye UMUKRISTO mu vyo tuvuga canke ibintu dukora.

Ha akanya abana batarakira Yesu Kristo nk’Umwami n’Umukiza.

Ntidushobora kwitwa iri zina rihambaye UMUKRISTO kiretse duhaye ubugingo bwacu Yesu, turamukunda, kandi turamwumvira. (Nimba hari uwabonetse, sengana nawe kugira ngo nawe abe UMUKRISTO!)

## ICIGWA 33

### INKURU NZIZA KU BANTU BI ANTIYOKIYA

**Ivyanditswe:** Ivyakozwe n'intumwa 11:19-26

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko ari muri Antiyokiya abakurikira Yesu batanguye kwitirwa “Abakristo” ku ncuro ya mbere.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)



#### WORDS:

- Antioch
- Paul
- Barnabas
- Christians
- Missionaries
- Teach
- Teacher
- Pray
- Jesus

Aya majambo ari hejuru uyasanga kuri uru rutonde.

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya ko ishengero ari umugambi w'Imana mu gutwara ubutumwa bwiza mw'isi yose.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana barakeneye kwumvako bafise akamaro mw'ishengero ry'intango. Baripfuzaga kumenya abarongozi b'ishengero ryabo abaribo no kugira amahirwe yo gushobora kubamenya. Co kimwe n'abamisiyonari ishengero ryacu ry'Umunyanazareti ryarungitse no kubashigikira. Abana bashobora no kumenya amazina y'abamisiyonari bacu n'amafoto yabo. Fasha abana kugira bavugane bongere batere intege abamisiyonari.

Abamisiyonari bahamagawe n'Imana kugira bagende kandi bigishe ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo. Amahera dushira mu gikorwa c'ishikanwa ryo gufasha abamisiyonari gushitsa icyo bahamagariwe n'Imana. Gusengera abamisiyonari ni kimwe mu migambi y'Imana.

- Wakire abana bawe n'umunezero.
- Mu ncamake gira isubiramwo ry'ivyigwa bitatu vyarangiye imbere yo kwigisha icigwa c'uno musu.
- Vugana n'abana ivyo bahuye navyo mu kuba abizigirwa ku Mana.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya****Amajambo nkora mutima**

- Abamisiyonari – Abantu bahamagawe n'Imana hanyuma bakarungikwa n'ishengero mu kindi gihugu kubwira abantu ibijanye n'urukundo rw'Imana
- Ubukristo – Abakurikira Yesu Kristo; 'Kristo mutoya
- Inkuru nziza/ubutumwa bwiza – Gusangira n'abandi ibijanye na Yesu Kristo
- Imico – Ingene abantu babayeho n'ivyo bizera.

**Urugendo nkunda**

Bicare k'umuzingi hamwe n'umupira woroshe.

“Ni naguterera umupira tubwire ibijanye n'urugendo umaze gufata. Mu nyuma unshize umupira. Kugendagenda mu bibanza bitandukanye n'ivyo abamisiyonari bakora kenshi cane.”

Abamisiyonari bafata urugendo baja mu bindi bihugu mu ntumbero yo kuvuga ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo. Bagenda gukora igikorwa mu yindi mico. Abamisiyonari biga gufungura ubwoko bw'imfungurwa butandukanye no kuvuga indimi zitandukanye zivugwa n'abantu babakiriye.

Mu cigwa twarangije twarize kubijanye n'abigishwa ba Yesu Kristo muri Antiyokiya. Barunaba na Pawulo bari basa nabo. Bamwe muri abo bigishwa ba Yesu Kristo bakiriko barahimbaza Imana Mpwemu Yera aravuga, “Shira k'uruhande Barunaba na Pawulo kugira bankorere. Nabatoye ngo bankorere igikorwa gihambaye.”

Abigishwa ba Yesu Kristo bo muri Antiyokiya barasenga, barisonzesha, hanyuma barungika Pawulo na Barunaba nk'abamisiyonari.

Ubwa mbere abo ba misiyonari bagiye mu bumanuko bw'I Selewukiya. Mu nyuma bavudukayo bari mu bwato bafata I Kupuro aho bavuze ijambo ry'Imana.

Ukwo Pawulo na Barunaba bajabuka mu kizinga, barahura na Bari-Yesu. Uwo mugabo yari umunya kibi cinshi w'umunyamareba kandi yari umubeshi! Bari-Yesu yakorana n'ubutegetsu bw'ico kizinga hanyuma agerageza kuguma yumviriza Pawulo na Barunaba bariko barigisha. Ariko icegera c'umwami arabingira ngo bigishe; yari yipfuzaga cane kwumva ibijanye n'ubutumwa bwiza bwa Yesu. Barongowe na Mpwemu Yera, Pawulo ahanga amaso yiwe iyo nkozi y'ikibi Bari-Yesu hanyuma aravuga, "Wewe wuzuye ubugunge, uri umwansi w'ivyiza vyose! Wivye abantu kandi ukoresha uburyo bwose bw'ibinyoma. Ntuzoreka kugoreka inzira z'Umwami Imana igororotse? Nuko raba, ukuboko kw'Umwami Imana kuraguhanyamye. Ugiye gucika impumyi kandi uzomara imisi utabona izuba."

Kandi ivyo birashika! Uwo munyakibi Bari-Yesu, umunyamareba, agenda ari impumyi.

Aravye ivyo vyose vyariko birashikira Bari-Yesu, ico cegera kiratangara cane! Aravuga. "Ndashaka nanje kumenya uwo mugabo Yesu". Ico cegera kirumviriza hanyuma ahinduka umwigishwa mushasha wa Kristo nawe.

Inyuma y'I Kupuro Pawulo na Barunaba bavuye mu bisagara bitari bike aho bari barigishije imbere. Mu kibanza cose bajamwo batera intege abizeye bashasha kwiga ivyanditswe, gukura mu kwizera kwabo, no kumenya vyinshi kubijanye n'Imana. "Mukurikire Imana imwe y'ukuri no gukora ubugombe bwayo," nizo zari impanuro kuri bose.

Mu gisagara cose Pawulo na Barunaba batora abarongozu bo gufasha abizeye bashasha. Barasengera abo bakurikiye Yesu bashasha hanyuma abarungika muri Antiyokiya. Igihe Pawulo na Barunaba bashikira muri Antiyokiya, bakoraniriza abanywanyi mw'ishengero hanyuma bababwira bose ko Umwami yashikije vyose biciye muri bo kubijanye n'urugendo rwabo rwa kimisiyonari.

Pawulo abwira ishengero ryi Antiyokiya, "Mwaturungitse. Imana yakoreye muri twebwe. Ubu menshi bahindutse abigishwa ba Yesu Kristo mu burere butandukanye n'ibisagara".

### Igikorwa

Baza ibibazo bijanye n'urugendo:

- 1--- Ni bande bari muri urwo rugendo? (Pawulo na Barunaba)
- 2--- Ni nde yarungitse Pawulo na Barunaba mu rugendo rwabo rw'ubumisiyonari? (Ishengero ryo muri Antiyokiya)
- 3--- Vuga izina ry'umunyamareba yagiye ari impumyi? (Bari-Yesu)
- 4--- Pawulo na Barunaba bakoze iki muri urwo rugendo? (Batemberereye ibisagara vyinshi bababwira ivya Yesu)

*Ishengero ryarungitse abamisiyoneri. Baragiye, barigisha, hanyuma bagaruka mu bihugu vyabo kuri ngo batange amaraporo. Tubwirizwa kubandanya gufasha no gushigikira abamisiyoneri. Dutegerezwa kandi gusenga kugira ngo Imana yitwararike kandi irongore igikorwa ca kimisiyonari mu mpande zose z'isi.*

### Gufata ku mutwe

"Yesu yongera kubabwira, ati "Amahoro abe muri mwebwe! Nk'uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye." (Yohana 20:21)

### Kurangiza

Turi kumwe n'abana, ririmba iyi ndirimbo, "Igihe ampamagaye, nzomwitaba."

Sengera abamisiyoneri, na cane cane abo bose bari mu kibanza biteye ubwoba. Saba Imana irinde kandi ishigikire igikorwa bakora. Senga Imana kugira ngo ihamagarire abana kuba abamisiyoneri.

## ICIGWA 34

### INKURU NZIZA KU BANTU BOSE

**Ivyanditswe:** Ivyakozwe n'Intumwa 13:1-12; 14:21-28

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko ishengero ari umugambi w'Imana mu gutwara ubutumwa bwiza mw'isi yose.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Yesu yongera kubabwira, ati “Amahoro abe muri mwebwe! Nk’uko Data yantumye ni ko nanje ndabatumye.” (Yohana 20:21)

#### Igikorwa ca Misiyoni

Tondeka iyi migwi y'indome kugira ngo ukuremwo amajambo ukeneye mu kwuzuzanya aya mungane. Andika ayo majambo mu kibanza nyaco. Sengera ico woshobora gukora mu gufasha abamisiyoneri.

ARYP  
OVLE  
SKA  
EDAR  
VIEG  
LELT

1.  \_ \_ \_ \_ abantu ibijanye n'urukundo rw'Imana.
2.  \_ \_ \_ \_ ibijanye n'igikorwa c'abamisiyonari.
3.  \_ \_ \_ \_ kubamisiyonari imisi yose.
4.  \_ \_ \_ \_ gufasha abamisiyonari gushikiriza Yesu.
5.  \_ \_ \_ \_ abantu bose.
6.  \_ \_ \_ \_ Imana ikurongore.

# INTANGAMARARA - IKIGABANE 9

## IMBABAZI Z'IMANA

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Itanguriro 4:1-16; Itanguriro 6; Itanguriro 7:1-8:19; Itanguriro 8:20-9:19.

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'iki kigabane:** “Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.” (Daniyeli 9:9a)

### Intumbero z'ikigabane

#### Iki kigabane kizofasha abana:

- Gutahura ubwinshi bw'urukundo rw'Imana ku bantu
- Kumenya ko Imana iha agaciro kanini imbabazi gusumba ibimazi
- Akarorero k'agaciro k'Imana: Niwe karorero k'impuhwe n'urukundo

### Ivyigwa vyo mu kigabane

**Icigwa 35:** Inkuru ibabaje ya Kayini na Abeli

**Icigwa 36:** Umuntu mwiza mw'isi y'ibibi

**Icigwa 37:** Imana yakijije Nowa

**Icigwa 38:** Imana yashizeho isezerano

Iki gitabo c'itanguriro gifise urupfunguruzo rw'ibice bishobora gufasha abana gutahura ko imbabazi arico kintu gihambaye cane ku Mana, gusumba ibindi vyokenerwa vyose. Inkuru zikomeye nkiza Kayini na Abeli hamwe n'agakiza kuri Nowa imweretse urukundo rwayo n'ubutungane hamwe n'imbabazi zihambaye. Uno musi abana bize vyoroshe imico ko “ijisho ku rindi n'iryinyo ku rindi”; ariko Imana yipfuzako duhinduka abagira imbabazi. Izi nkuru zo muri Bibiliya ntizihindura abizera; nizo ukuri. Imana ntiyahindutse. Ivyo vyigwa vyigisha ko Imana ari inyembabazi, kandi ko ivuga: “Nipfuza imbabazi Atari ibimazi.” Imana ishakako dukunda ababanyi bacu!

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko Kayini yirengagije ivyo Imana yamubwiye ko yo kwirinda ko ivyiyumviro bibi vyo murongora gukora nabi.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.” (Daniyeli 9:9a)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Ibi birashobora kuboneka nk'inkuru igoye cane ku bana bakiri bato. Iki cigwa kijanye n'ingingo yo kwumvira canke kutumvira Imana. Biroroshe cane ko twuzura ishari iyo twibazako uwundi afise agaciro kuturusha, afise ikibanza gusumba, canke bahimbarirwa ibikorwa yakoze. Ivyiyumviro bibi bishobora kuturongorera gukora ibintu bibi vyoroshe. Iyo twemereye ivyiyumviro bibi kuba muri twebwe, birangira bitujanye gukora ikintu giteye ubwoba. Imana ishobora kudufasha no kuturinda gukora ikibi cose.

Nivyiza kuvugana n'Imana mu bwizigirwa. Nitwayumvira muri vyose, izodufasha.

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo (utibagiye amanumero ya telephone y'abavyeyi babo) mu ndwi hagati.

Amajambo nkoramutima:

- Kwumvira: -gukora ivyo Imana ashakako dukora
- Icaha: -kutumvira Imana n'ivyagezwe vyayo

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Utegekanye impapuro zibiri zikomeye. Rumwe urwandikeko n'ikaramu itukura “**HAGARIKA-AKAGA**” hanyuma kurundi wandikeko n'iy'ugwatsi rutoto “**GENDA**”. Abana babiri bafate urupapuro.

Vuga amungane atari make; Abana bamwe bafise ivyiyumviro vyiza kandi abandi bana nabo bafise ivyiyumviro bibi.

Nk'akarorero:

*Petero afise ibipupe vyinshi. Yohani ntagipupe na kimwe afise. Petero aca asangira ibipupe vyawe na Yohani.*

Umwe afise ururiko “**GENDA**” aca arduza mu nyuma bese baca basemerera “**GENDA!**”

*Yuriyamu afise umupira wo gukina mu shasha. Murumunawe Pawulo aca agira ishari hanyuma asezerana kuzowumena.*

Uwufise urupapuro ruriko **HAGARIKA-AKAGA** aca arduza hejuru hanyuma bese bakavuga “**HAGARIKA-AKAGA!**”

Bandanya mu koresha amungane yanyu bwite kugira ngo abana batoremwo hagati ya **HANGARIKA** canke **GENDA!**

*Ivyiyumviro bibi bishobora kuja mu bikorwa bibi nkuko twabisanze mu nkuru yacu y'uno musu:*

Ubuzima bwa Adamu na Eva bwari butandukanye cane inyuma yo kugarariza Imana. Ntibari bakiba mw'itongo ryiza ryo muri Edeni! Igikorwa cabo cari kiruhije, bagira imibabaro myinshi n'ingwara zica ziraza. **Imana yakomeje kubakunda.**

Vuba cane, Adamu na Eva baronka abana. Eva yita umwana wiwe wa mbere Kayini, risigura 'Imana yanshoboje kuronka uyu mwana'. Uwa kabiri amwita Abeli. Adamu na Eva babwira abo bahungu ibijanye n'Imana. Abo bahungu babiri bakurana amagara meza n'inkomezi. Kayini afata ingingo yo kuba umurimyanyuma Abeli nawe afitamwo kworora.

Umusi umwe Abeli ashikanira intama Imana nk'ikimazi. Aritonda ahitamwo ciza gusumba ibindi abarico atanga nk'ikimazi. Kayini nawe aratanga ikimazi; bimwe mu mboga n'ivyamwa yarimye.

*Imana ihimbarirwa ikimazi ca Abeli, ariko yanka ica Kayini.* Kubera iki Imana itishimiye ikimazi ca Kayini? Bibiliya irabisigura neza. Ariko tuzi neza ko Umwami ari mwiza kandi ko ivyo akora vyose ari vyiza. Hari ikitagenda neza mw'ishikanwa rya Kayini, canke ingene yaritanze ku Mana. Kayini ashavurira Imana cane. Ariko Imana yakomeje kumukunda. *“Kubera iki ushavuye?”* Imana iramubaza. *“Erega niwakora neza nzokunezerwa. Niyo utakora ibigororotse uzoba umunyavyaha. Wirinde. N'uguhitamwo kwawe gukora ivyiza canke guhitamwo gukora ibibi”*.

Kayini yumva ivyo Imana yamubwiye vyose ariko akomeza kwiyumvira ibijanye n'ivya mushavuje. Haheze igihe, Kayini ntiyari agikunda murumuna wiwe. Umusi umwe Kayini abwira Abeli. *“Reka tugende mu mirima turi kumwe.”*

Abeli aramera hanyuma abo bahungu babiri baja mu murima. Bakiriyo muri wo, Kayini yica murumuna we Abeli hanyuma aca aramuhamba. *Nibwo bwicanyi bwa mbere bwabayeye.*

Mu nyuma Imana ivugana na Kayini, *“Murumuna wawe Abeli ari hehe?”*

*“Ntavyo nzi!”* Kayini arishura. *“Mbega cari igikorwa canje gucunga Abeli?”*

*“Ndazi ivyo wakoze,”* Imana iramwishura. *“Uri umuntu mubi. Kuva ubu ntakintu na kimwe kizokworoha kuri wewe. Uzoyerera mu kibanza kimwe uja mu kindi.”*

Igihano cari kinini cane kuri Kayini; vyose kubera ko yafashe ingingo mbi!

Kayini yirengagije ivyo Imana yavuze hanyuma yemerera ivyiyumviro bibi bimurongora gukora ibikorwa bibi. Nubwo Kayini yakoze ikintu kibi cane, Imana yabandaniye kumukunda kandi imusezeranira kumwitwararika.

### Gufata ku mutwe

*“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.”* (Daniyeli 9:9a)

Gira intangamarara y'umurongo mw'ishure. Saba abana kwiyumvira kw'ijambo ryose rigize umurongo. Subiramwo umurongo gushika aho bawufatiye wose mu mutwe.

### Kurangiza

Senga ushimira umwana wese mw'ishure, abavyeyi babo, imiryango yabo n'abagenzi. Shimira Imana k'ubw'ubuzima bwabo bw'impwemu n'imigenderanire yabo n'Imana. Ushimire Imana ku bana baje mw'ishengero. Senga kugira abana bokomeze kwumvira Imana, abavyeyi babo, kugira bakomeze kubera beza imiryango/abagenzi, no kugira ivyiyumviro vyiza ku Mana no ku bandi.





## ICIGWA 35

### INKURU IBABAJE YA KAYINI NA ABELI

**Ivyanditswe:** Itanguriro 4:1-16

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Kayini yirengagije ivyo Imana yamubwiye ko yo kwirinda ko iviyumviro bibi vyo murongora gukora nabi.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.”  
(Daniyeli 9:9a)



## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko Nowa yafashe ingingo yo kwumvira, nubwo atanumwe yoba ariko arabikora.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.” (Daniyeli 9:9a)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana bamarana umwanya utari muto hamwe n'abandi bana bo m'urunganwe gwabo. Usanga vyoroshe cane guhindurwa na bagenzi babo. Nubwo abana bamarana umwanya n'abandi bana, usanga bitwararika cane ibijanye nivyabo abari mu myaka imwe canke bigana biyumvira kandi bakabemera. Ntivyoroshe cane gutandukana n'abandi bo mu mugwi; na cane cane muri iyi misi yitituka ry'imico n'akaranga mu kibano.

Abana bategerezwa guhangana n'amahitamwo. Ni gute twebwe, nk'abigisha b'abana, gufasha abana bacu kwizera Imana muri iki gihe bipfuzwa kwumvira Imana naho abagenzi babo bariko bababwira gukora ibitandukanye?

Saba Imana igufashe gushikiriza Nowa mu nzira yuko abana bamuhimbarirwa kandi bakipfuzwa gukora nkawe. Nowa yahagaze wenyene imbere y'isi y'icaha n'ubugizi bwa nabi.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Andika k'urupapuro amazina y'ibikoko n'ibiguruka vyoroshe ko abana babimenya, nk'akarorero: akayabu, imbwa, intambwe, ingurube, impene, agakwavu, imbeba, ingamiya, inkoko, imbata, inkware, n'ibindi. Tegure uduseke kugikoko cose kugira ngo abana babiri bagire utuyabu tubiri, intambwe zibiri, imbwa zibiri n'ibindi n'ibindi.

Ha umwana wese urupapuro ruriko izina ry'igikoko canke inyoni. Bwira abana kuterekana ikiriko canke ubaze abana igikoko bakunda.

Hitamwo ikibanza kimwe mu bibanza vyokwigishirizamwonk'ubwato. Umwigisha ahagarare k'umuryango w'ubwato.

Abana bashobora kugira nkuko ari iyo nyoni/igikoko; kuvuga nkaco, kugenda nkaco, gukora nkuko nkico gikoko/inanyi. Ntibemerewe kuvuga ijamba na rimwe. Intumbero niyo uko abana barondera uwundi muntu mw'ishure ari igikoko/inanyi basa nayo canke naco.

Igihe ashoboye gutora uwo basa uko ari babiri baca baza hanyuma bakabaza umwigisha, “turashobora kwinjira mu bwato?”

Abo bana babiri baca bereka umwigisha impapuro zabo. Bashobora kwinjira mu bwato iyo impapuro zabo ziriko ibikoko /ibiguruka bisa gusa.

Nimukine kugeza abana bose baronse bagenzi babo.

*Uru rukino rutwibutsa inkuru ya Nowa turiko turiga uno musi.*

Inkuru y'uno musi ivuga kubijanye n'ingene abantu bo kw'isi bakora umwe wese mu nzira yiwe. Baragwana! kwankana! Urupfu! Aho hose Imana iraba ibona abantu bakora ivyo bigombeye hagukora ibiroranye. Ukwikunda kwabo kurabuzuye gusumba urukundo n'ukugira neza kw'Imana.

*Imana yumva umubabaro ukomeye no kubabara k'umutima wayo. Ntanumwe ayumvira ntanumwe akora ibintu biroranye. Ntanumwe, eka nta muntu numwe; Nowa! Nowa yakunda kandi yagerageza imisi yose kwumvira Imana.*

Imana ntiyanezerejwe nivyakorwa kandi ntishobora kwemera ko isi ibandanya muri iyo nzira. Bibabaje, Imana ifata ingingo, “Namaramaje kurandura iy’isi n’ibiyirimwo vyose nkoreshije umwuzure.”

Imana iravuga, “Nowa, isi yuzuyemwo ubugizi bwa nabi n’ibibi. Ngiye kurandura vyose nkoreshije umwuzure. Ariko wewe ndagusezeraniye ko nzogukiza hamwe n’umuryango wawe. Kugira ngo ushobore gukira urakeneye kwubaka ubwato; ubwato bunini cane. Kuburyo amazi atazokwinjira mu bwato; ushiremwo ivyumba bitatu indani, umuryango ku mpande, hamwe n’idirisha hejuru. Niwamara kurangiza ufate ibikoko bibiri bibiri/ibiguruka bibiri bibiri-ivyaremwe vyose ikigabo n’ikigore ubishire mu bwato.

*Ushiremwo ivyo kurya bikwiye kubwawe, umuryango wawe, n’ibintu vyose bifise vy’ibiremwa bifise ubugingo”.*

Nowa ashobora kuba yaratangajwe cane n’amategeko yose Imana yamuhaye! Ntaco yarazi na kimwe kubijanye n’umwuzure canke ubwato yaragiye kwubaka. Nowa ashobora kuba yarafise ibibazo vyinshi yabaza Imana, ariko yarizeye gusa Imana. Yizeye cane ivyo Imana yavuze, hanyuma ARUMVIRA.

Nowa aca aratangura yihuse kwubaka ubwato. Abahungu ba Nowa ukwo ari batatu; Shemu, Hamu na Yafeti baramufasha. Nowa arubaka yonyera arubaka imyaka myinshi!

Abantu bose baca aho yarari bararaba ivyo Nowa yariko arakora. Bibiliya ntivuga ivyo bariko bariyumvira. Bakiriko baritegereza Nowa yabandanya gukora no gushikiriza ubutumwa bw’Imana: *Umwami irabaha akandi karyo ko gukizwa. Azokiza abo bose bihanye kubibi vyabo kandi uwusaba arababarirwa. Ariko nta numwe yabikoze.*

Mu nyuma, ubwato buruzura. Nowa, umuryango wiwe, na vya bikoko vyose vyinjira muri bwa bwato bunini cane. Nowa yumvira Imana muri vyose. Nowa ntiyari azi ibishobora gukurikira mu nyuma. Ico yarazi conyene nuko Imana izobazigama hamwe n’umuryango wiwe wose, nkuko yabisezeranye.

*Nkuko Nowa yabikoze nivyiza ko twohitamwo kwumvira Imana, naho atatumwe wundi yoba ariko arayumvira.*

### Gufata ku mutwe

“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.” (Daniyeli 9:9a)

Andika uwo murongo. Reka abana bawusubiremwo incuro nyinshi zishoboka.

Barira abana bagire umuzingi. Hagarara hagati mu muzingi hanyuma uvuge umurongo mu nyuma uterere umupira woroshe umwana. Uwo mwana aca aza hagati mu muzingi hanyuma avuge umurongo mu nyuma nawe aterere umupira uwundi mwana.

Subiramwo urwo rukino gushika aho bose bashoboye kuwuvuga canke bivanye n’umwanya. Fasha abo bose bashobora kuba bafise ingorane zo kuvuga umurongo.

### Kurangiza

Sengera abana ushimira Imana ko yabaye umunyembabazi no guharira. Saba Imana idufashe kumwizera no kumwumvira. Sengera abo bose bakiri bato babonako bigoye **kwumvira** abavyeyi babo n’abigisha. Tera intege abana gusengeranira hagati mu ndwi.

## ICIGWA 36

### UMUNTU MWIZA MW'ISI Y'IBIBI

**Ivyanditswe:** Itanguriro 6

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Nowa yafashe ingingo yo kwumvira, nubwo atanumwe yoba ariko arabikora.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.”  
(Daniyeli 9:9a)

# Hitamwo kwumvira



#### Ishura ibibazo bikurikira:

- ◆ Ni gute Nowa **yumviye** Imana?
- ◆ Ni gute ushobora **kwumvira** igihe uri kw'ishure?
- ◆ Ni gute ushobora **kwumvira** igihe uri muhira?

Iyumvire ikintu woshobora gukora muri iyindwi mu **kwumvira** Imana.

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya ko abakunda bose kandi bakumvira Imana bishimira urukundo rwiwe no kuzigamwa mu buryo buhambaye.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.” (Daniyele 9:9a)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abantu bishura Imana mu kuyizera no mu kuyumvira bazokwibonera urukundo rwayo urwo abandi batabona. Bamwe banse kwumvira kandi nico gituma ingaruka zavyo zibazako. Nkuko yabikoze, Imana iramurinda.

Umwami azokora ukwo nyene ku bana bari mw'ishure bayikunda kandi bakayumvira.

- Imbere y'uko ishure ritangura, kata ibice 2 vy'amakarata 26 mu rupapuro rukomeye. Andika ko indome zo murukurikirane ku makarata- urudome rumwe kw'ikarata yose. Gira ibice 2 hanyuma ushire ayo makarata yose mu mufuko canke agaseke.
- Subiramwo muri make ivyigwa bibiri muheruka hanyuma usabe abana bakubwire ingene Imana yabarinze muri iyi ndwi turimwo.

**Amajambo ahambaye: kwumvira n'icaha**

Andika amajambo ahambaye “kwumvira” ni “icaha” ku makarata abiri. Nyegeza izo karata ziriko amajambo ahambaye mw'ishure. Saba abana barondere ayo majambo abiri ahambaye y'ikigabane. Bamaze gutora ayo makarata babwire insiguro yo kwumvira n'icaha. Baza ibibazo kubijanye nayo majambo, nk'akarorero:

1. Ni bande bari abantu b'urufatiro mu cigwa ca mbere co muri iki kigabane? (Kayini na Abeli)
2. Mbega Abeli yashikaniye iki Imana? (Intama). Mbega yakoze icaha canke yarumviye? (yarumviye)
3. Kayini yoba yakoreye iki murumunawe Abeli? (Yarishe Abeli). Yakoze icaha canke yarumviye? (yaracumuye)
4. Mbega Nowa yategerezwa gukora iki? (Kwubaka ubwato)
5. Yoba yarahawe amategeko y'ingene ategerezwa kwubaka ubwato? (Ego, Imana yaramuhaye amategeko y'ingene abikora)
6. Mbega yategerezwa gushira mu bwato ibikoko bingahe bisa? (bibiri)
7. Ni nde yinjiranye na Nowa mu bwato? (umuryango wiwe)
8. Ni ibihe bindi Nowa yoba yarashize mu bwato? (ibifungurwa vy'ibintu vyose)
9. Nowa yoba yarumviye? (Ego, yarumviye)

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Bwira abana bicare ku muzingi mu gukina “urukino ubwato ubwato.” Bariko bararenganya umufuko w'indome uva ku mwana umwe uja k'uwundi avuga, “ubwato ubwato” ufise ibikoko bingana gute? Subiramwo ivyo nyene incuro nyinshi.

Uhagaritse kuririmba umwana afise umufuko aca atora urudome hanyuma akavuga ibikoko vyinshi bishoboka bitanguzwa n'urwo rudome imbere y'uko uharura 10. Andika ku kibaho izina ry'igikoko cose utiriwe urasubiramwo nk'akarorero: urudome A: - akayabu, akabeba, agaca, n'ibindi  
Bandanya mu kina gushika aho umwana wese aronka akaryo ko gukina.  
Iyumvire ingene ibikoko vyangana ivyo Nowa yategerezwa gushira mu bwato, bibiri biri kubwoko bwose bw'ibikoko. Harimwo ibikoko vyinshi!

Inkuru ya Bibiliya y'uno musu itubwira ingene Imana yakijije Nowa, umuryango wiwe n'ibikoko vyinshi. Vyafashe Nowa n'umuryango wiwe imyaka irenga 100 kugira bashobore kurangiza kwubaka ubwato. Mu nyuma bwatevye burarangira!

Imana isubira kuvugana na Nowa kandi. *“Mu misi indwi nzorungika imvura kw'isi. Izomara imisi 40 iriko iragwa n'amajoro mirongo ine. Wewe, umugore wawe, abana bawe 3, hamwe n'abagore babo bazokwinjira mu bwato. Wakire ibikoko bibiri bibiri bisa hanyuma ubishire mu bwato. Wakire umugwi w'ibikoko indwi vyejeje; ivyo bikoko nivyongereye mu kimazi co kwoswa”*.

Nowa akora ibintu vyose nkuko Imana yamubwiye kubikora. Kumara indwi yose ibikoko vyariko birashika kandi Nowa yaca abifasha kwinjira mu bwato. Nowa n'umuryango wiwe barinjira hanyuma Imana irugara urugi! Yipfuzako bwose bamemerwa neza kandi baba mu mutekano. Ica iratangura kugwa.

Umusi wa mbere, wa kabiri, uwa gatatu mu ndwi; imvura ntiyigeze ihagarara! Amazi atangura kuduga yongera aduga, hejuru kandi hejuru cane.

Atangura kurengera ibiterwa, ibiti, amazu, kandi n'imisozi nayo. Abantu n'ibiviyemwe vyose vyo kw'isi birapfa! Umuntu wenye atapfuye ni Nowa, umuryango wiwe, ibikoko vyari mu bwato, hamwe n'ivyaremwe biba mu mazi.

Inyuma y'imisi 40 n'amajoro mirongo ine imvura irahagarara. Imana yariko irategura isi ubugira kandi kubwa Nowa, umuryango wiwe, n'ibikoko. Imana irungika umuyaga kugira ngo wumishe isi. Nowa yipfuzako kumenya ingene isi imeze aca arungika igikona. Igikona ica iragaruka kuberako ikibanza kitari cumutse kugira ngo ishobore gutegura icari. Mu nyuma Nowa arungika inuma ariko nayo nyene iragaruka kuko isi yari igitose. Ikindi gitondo Nowa arungika inuma kandi. Ica iraguka ubu ifise ishahi ry'umusukoni mu kanwa.

Mbega inkuru nziza kuri Nowa n'umuryango wiwe! Amazi yarageze muni y'ibiti. Indwi irangiye Nowa yongera gutuma inuma kandi. Muri icyo gihe inuma ntiyagarutse.

*Nowa aca ariyumvira, “Isi ishobora kuba yumye kuburyo inuma ishobora kugendagenda”* Mbega Nowa yoba yaruguruye umuryango w'ubwato? Oya, yategerezwa kurindira itegeko ry'Imana.

Mu nyuma umusi uteye igomwe urashika! Inyuma yuko Imana yugaye umuryango inyuma ya Nowa, umuryango wiwe n'ibikoko kumara umwaka n'imisi 10 Imana ivugana na Nowa kandi, *“Sohoka uve mu bwato! Kurayo umuryango wawe n'ibikoko muri kumwe”*.

Imana irababwira iti ni mube mw'isi kandi muvuyere abana kandi n'ibikoko n'ibiguruka bigwire.

N'umunezero mwinshi Nowa, umuryango wiwe, ibikoko n'ibiguruka bica biva mu bwato. Batangura ubuzima bushasha mw'isi.

Umutima wa Nowa wuzura umunezero, urukundo, no guhimba Imana.

Imana irakunda abantu bwose bo kw'isi. Umwami yipfuzako abantu bavugaga bati, « Tubabarire ibibi vyose twakoze ! » igihe dukunda kandi twumvira Imana tubwirizwa kwumva urukundo rwiwe n'ingene atwitaho mu nzira zihambaye. Muri iyi misi Yesu ari mu bwato bw'agakiza. Iyo tumwemereye nk'Umukiza Imana azodukura mu rupfu no guhona bikurikira igihano ciwe c'ivyaha.

### Gufata ku mutwe

*“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.”* (Daniyele 9:9a)

Hitamwo uwutwara itagisi. Umushoferi aca aja aragenda mw'ishure atora abandi bana bakeneye kugenda. Inzira yonyene yokwinjira n'ukugira icyo utanze. Mu kibanza co kuriha amahera, babwirizwa kuriha kuvuga umurongo wo gufata ku mutwe. Icyo kwitondera kwuvugaga neza nivyongereye biguha uburenganzira bwo kwinjira mw'itagisi.

### Kurangiza

Sengera abana kugira ngo Imana ibafashe kwumvira ijamba ryayo no gukora ibiyihimbara vyose. Tera intege abana gusengeranira mu ndwi hagati.

# ICIGWA 37

## IMANA YAKIJIJE NOWA

Ivyanditswe: Itanguriro 7:1-8; 19

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko abakunda bose kandi bakumvira Imana bishimira urukundo rwiwe no kuzigamwa mu buryo buhambaye.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha." (Daniyeli 9:9a)

**Imana yakijiye Nowa!**

**"Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha..."**  
**(Daniyeli 9:9)**

**Kata aho hari utuburungu turi kumurongo hanyuma uzinge uciye mumirongo minini kugira amashusho ahagarare.**

Zinga iki gice hanyuma ushireko uburembo imbere uce umadika kuntango yakabwate.

Zinga iki gice hanyuma ushireko uburembo imbere uce umadika kuntango yakabwate.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kumenya ko igihe Imana ishizeho **isezerano**, dushobora kwemeza ko izobishitsa.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.” (Daniyeli 9:9a)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Nari umwe muri abo bana bagiriwe ibakwe kubera ko nari ndabizi neza ko iyo abavyeyi banje bansezeraniye ikintu, bategerezwa kugikora; ikintu kimwe cotuma batubahiriza ivyo basezeraniye abana n'igihe habaye intambanyi zikomeye zituma batubahiriza isezerano. Kwizerana nivyo umuryango wacu wishimikiza, kandi bishirwa mu bikorwa na Papa, Mama, na twebwe abana. Ndababazwa nabo bana bama bumva ngo “**Ndagusezeraniye**” hanyuma bagasanga isezerano ntiryubahirijwe.

Bituma hataba urufatiro rukomeye kuri abo bose bipfuzwa kwizera Imana.

Ukwo wigisha iki cigwa kuri Nowa komeza gushira mu mutwe ko hariho abana mw'ishure ryawe bazi bivuye muvuye babonye ingene amasezerano yabo atashitse.

- Biciye muri iki cigwa wibutse abana ko Imana itandukanye n'uwundi muntu wese ashobora kugusezeranira ikintu. N'Imana. Ntakintu nakimwe gishobora kuzibira canke kuyibuza gushitsa ivyo yasezeranye.
- Uhe kaze abana n'umunezero. Urabe neza ko ishure risukuye kandi hateguye igihe abana bariko baraza. Reka abana bamenye ko ubakunda.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Baza abana: Ninde ashitsa ivyo yasezeranye? (abana bazovuga abavyeyi babo, abigisha, canke Imana)

Twiyumva gute iyo umuntu ashikije amasezerano yavuze?

Twiyumva gute iyo umuntu adashikije amasezerano yabagiriye?

Mu nkuru yacu y'uno musu tuja kwiga ingene Imana ishitsa isezerano.

Nowa n'umuryango wiwe bari mu bwato kumara umwaka n'imisi cumi; umwanya muremuere! Muri iyi misi turimwo.... (vuga amazina y'imisi mikuru iba mu gihugu). Noweli, umwaka mushasha, pasika, hamwe n'ibindi vyabaye mu mwaka n'imisi cumi. Nowa n'umuryango wiwe bari mu bwato kumara uwo mwanya wose. Bararindiriye kandi bararindira umusi wo kuvayo igihe bashobora gusohoka ubwato no gutangura ubuzima bwabo bushasha kw'isi. Mu mpera umusi uhambaye bari biteze warashitse! Igihe uwo musu udasanze bari biteze washika Imana yavuganye na Nowa hanyuma iramubarira, “*Va mu bwato.*”

Buzuye umunezero Nowa, umuryango wiwe, n'ibikoko vyose birasohoka biva mu bwato hanyuma batangura kuba kw'isi. Nowa n'umuryango wiwe bakomeza kwumvira Imana.

Iyumvire iyo waba uri kumwe na Nowa muri ico gihe cose. Nikihe kintu ca mbere wari gushaka gukora igihe wari kuba ugarutse kw'isi yumutse? (reka abana bishure).

Nowa yarazi neza ko Imana ishitsa isezerano ryo kumurinda be n'umuryango wiwe uwo mwuzure uteye ubwoba. Umutima wiwe wari wuzuye gushima no guhimbaza Imana. Ikintu ca mbere Nowa

yakoze kwari ukwubaka igicaniro co guhimbaza Imana! Yarondeye amabuye hanyuma ayashinga hejuru.

(Ereka abana ingene igicaniro kimeze; ushobora gucapa igicaniro ku kibaho canke ukoreshe amabuye ucubake hamwe n'inkwi.)

Hanyuma Nowa yica bimwe mu bikoko vyejewe n'ibiguruka ivyo Imana yari yarategakanije hanyuma arabishikana nk'ikimazi. Nowa yatanze ishikanwa ryo kwerekana urukundo rw'Imana no gukenguruka. Ivyo bihimbara Imana!

Imana iravuga, *“Sinzosubira na rimwe kurungika uwundi mwuzure ukomeye nk'uwu wasambuye isi. Ndashaka ko wewe n'abana bawe muronka abana. Ndashaka kandi ko ibiguruka n'ibikoko vyose bigwira kandi bikuzura isi.”*

Imana ibwira Nowa kuzohora aya inyama z'ibikoko n'ibiguruka. Imubwira no kuzohora aya ibivuye mu biterwa. Imana itegeka Nowa, umuryango wiwe, n'abantu bese bazobaho inyuma yabo ko batohirahira ngo bicane. Imana iravuga, *“Nzohana umuntu wese yica uwundi muntu”*.

Ubugira kandi, Imana ibwira Nowa n'umuryango wiwe ko isezerano rikurikira ari iryabo n'abazoya inyuma yabo. Ni no ku bikoko n'ibiguruka vyari mu bwato. Imana ikiriko iravuga ubwo nyene haboneka ikintu giteye igomwe mu kirere. Yari imirongo ihese ifise amabara meza cane.

(Erekana urupapuro rukase mu mirongo ihese n'amarangi y'amabara atandukanye y'umunywamazi.)

Nowa n'umuryango wiwe bakiriko bararaba amabara y'uwo munywamazi, Imana ivugana nabo, *“Sinzosubira kuvumisha isi umwuzure kandi, oya sinzosubira kurandura ivyaremwe vyose kandi, nkuko nabikoze. Nshizeho umunywamazi mu kirere....rimwe na rimwe igihe nzanye ibicu muzoshobora kubona umunywamazi wanje kandi nzokwama nibuka isezerano nagiranye namwe.*

(GUSEZERANA – n'isezerano ry'ivyemejwe hagati y'Imana n'abantu)

*Ntihazokwogera kubaho umwuzure w'amazi urandura ibinyabuzima vyose. Nzokomeza iri sezerano ibihe vyose.”* *There will be no flood of waters to destroy every living being. I will keep this promise forever.”*

Nowa yizera isezerano ry'Imana. Imana yashikije amasezerano yiwe yose yashizeho. Yarazigamye Nowa n'umuryango wiwe. Imana yatumye ubwato bugendagenda hejuru kandi amazi ntiyigeze yinjira indani muri bwo. Yazigamye abo bantu n'ibikoko ntibagira ubwoba. Imana yitwararitse ibintu vyose yavuze. Yazigamye ibiterwa kandi irungika umuyaga uje gutuma isi yumuka. Imana yarabazigamye gushika k'umusi baviriye mu bwato. Nowa yategerezwa kuguma yizigiye Imana ko izoshitsa amasezerano yose yavuze. Dutegerezwa twese kwama tuzi neza ko igihe Imana isezeranye izobishitsa.

### Gufata ku mutwe

*“Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.”* (Daniyeli 9:9a)

Inyuma yo gusubiramwo incuro nyinshi umurongo wo gufata ku mutwe gabura abanyeshure mu migwi ibiri hanyuma ubasabe bagire imirongo ibiri. (Ni vyiza gukorera iki gikorwa ahantu hiyaguye nko mu kibuga). Ha umugwi wose igitambara bazungagiza. Igihe uvuze *“Genda”* umwana wa mbere wo mu mugwi wose, hamwe naca gitambara mu minwe, ategerezwa guca yiruka mu wundi inyuma kandi agaca avuga umurongo wo gufata ku mutwe n'ijwi rirenga. Hanyuma bagaca biruka basubira mu migwi yabo bahereza igitambara umwana akurikira hanyuma bikabandanya ukwo. Kina gushika aho hagira umugwi utsinda- uwatsinze- agaheza. Rangiza mu gusubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe hamwe.

### Kurangiza

Sengana n'abana mu gushimira Imana ko yama imisi yose ishitsa amasezerano yayo. Sengera abana kugira bame bizigira Imana ko ishitsa imisi yose ivyo yasezeranye. Sengera abavyeyi kugira babe uburorero bwiza ku bana babo mugushitsa ivyo basezeranye

## ICIGWA 38

### IMANA YASHIZEHO ISEZERANO

**Ivyanditswe:** Itanguriro 8:20 – 9:19

**Intumbero y’icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko igihe Imana ishizeho **isezerano**, dushobora kwemeza ko izobishitsa.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Umwami Imana yacu ni we afise imbabazi no guharira ivyaha.”  
(Daniyeli 9:9a)

**Imana yagiriye  
isezerano  
Nowa hamwe  
n’abantu bose.  
Woba uzi iryo sezerano  
iryo ariryo?**

# INTANGAMARARA - IKIGABANE 10

## ABAKOZI B'IMANA BABIZIGIRWA

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Rusi 1-2, 3-4; 1 Samweli. 1:1-2:11, 18-21; 2:12-17, 22-26; 3

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'ikigabane:** “Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

**Intumbero z'ivyigwa**

**Iki kigabane kizofasha abana:**

- Guteza imbere impwemu yo gukorera Imana
- Kumenya ko Imana yipfuzako tuyibera abakozi bayo babizigirwa
- Kumenya ko Imana ikoresha abakozi babizigirwa mu gushitsa imigambi yayo hano kw'isi
- Gutera uburorero bwiza bwababaye abakozi babizigirwa muri Bibiliya

**Ivyigwa vyo mu kigabane**

**Icigwa 39:** Rusi

**Icigwa 40:** Bowazi

**Icigwa 41:** Hana

**Icigwa 42:** Samweli

Imana iha agaciro abo bose bayikorera mu bwizigirwa. Irashimira cane abo bose babona ivyo abandi bakeneye kandi bagakora ukwo bashoboye kwose kugira babashigikire.

Ibi vyigwa biha akaryo abana ko kugereranya kwikunda kw'iy'isi n'inyifato yo gukora ico Imana idusaba gukora.

Dushobora gutahura ko abo bose bafise ishaka ryo gukorera abandi baba bariko bakorera Imana. Gukorera abandi bantu Bizana umunezero mu mitima yacu.

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya ko Imana yipfuza ko tuyibera abakozi beza bo kwizigirwa

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana bumva bafise agaciro no gushimirwa igihe harico bafashije mu bikorwa vya misi yose. Abana bumva bakeneye gukorera hamwe mu kwerekana ko bizigiwe mu bikorwa bitandukanye; batangura guteza imbere ubushobozi bwabo bwo kuba abakozi babizigirwa. Iki cigwa kizobafasha gutahura ico bisigura kuba umukozi w'Imana w'umwizigirwa. Abana bazotahura ko Imana ishaka ko dukoresha ukwizera kwacu mu guhezagira abandi bantu. Wakire abana n'umunezero kandi uhe kaze abo bose bitavye inyigisho ubwa mbere.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Tangura icigwa no kuririmba uturirimbo two guhimbaza. Tegura abanyeshure kwumviriza ukuri kwa Bibiliya uno musu ukoresheje bimwe mu bikorwa bikurikira:

Kudondagura ubwizigirwa:

Imbere y'uko binjira mw'ishure capa ikintu kukibaho canke k'urupapuro indome zose zigize urutonde hanyuma ukate rumwe rumwe.

Andika ijambo “ubwizigirwa” kabiri hanyuma za ndome. Vanga za ndome zose hanyuma uzishire mu giseke kinini.

Gabura abanyeshure mu migwi ibiri. Ha umugwi wose urupapuro rukomeye nico guhomesha. Bwira umugwi wose uje uragenda mu giseke utora urudome. Intumbero niyo gutora indome zishobora kwubaka ijambo “ubwizigirwa” hanyuma bazihome kuri rwa rupapuro rwabo rukomeye. Umugwi urangiza ubwa mbere niwo uzoba utsinze.

Baza: Ni mu zihe nzira twerekana ubwizigirwa bwacu ku Mana? (kuja mw'ishengero, gusenga, kwumvira abavyeyi bacu n'ibindi.)

**Rusi**

Inkuru y'uno musu ijanye na Rusi, umukozi w'Imana w'umwizigirwa.

Umwanya wose tuja kwumva ijambo “Rusi,” dukoma amashi rimwe.

Umwanya wose twumva ijambo “Nawomi,” duca dukoma amashi kabiri.

Kera cane, igihe abantu b'Imana barongorwa n'abacamanza batari abami, hateye inzara mu gihugu co muri Isirayeli. Abantu ntavyo gufungura bikwiye bari bafise. Ni kubw'iyi mvo Abimeleki, umugore wiwe Nawomi, (koma amashi kabiri) n'abahungu biwe babiri bagiye kuba kure y'I Mowabu. Haheze igihe gito Abimeleki arapfa.

Abahungu biwe babiri barakura hanyuma barongora abagore b'imowabu: Rusi (koma amashi rimwe) na Orupa. Imyaka cumi iheze abahungu babiri ba Nawomi (koma amashi kabiri) nabo barapfa.

Nawomi arababara cane kubera ko yarasigaye ari wenyene mu gihugu kitari iciwe kure y'umuryango wiwe.

Nawomi abwira Rusi (koma amashi rimwe) na Orupa, “Ngiye gusubira mu gihugu canje; Narumvise ko Imana yahezagiye Isirayeli kandi ko ubu hariyo ivyo kurya.”

“Turajana nawe,” abakazana ba Nawomi baramubwira.

Nawomi arabishura ati, “Bana banje subira inyuma muje kuba mu miryango yanyu. Mwabereye beza abahungu banje na jewe ubwanje. Imana ibarabishe imbabazi zayo hanyuma mwitegurire abagabo banyu bandi bashasha.” Nawomi arabagumbira imbere yuko abasiga ariko batangura kurira cane.

“Imana ibane nawe!” Orupa aravuga ariko arabagumbira nyinabukwe bayi hanyuma afata inzira isubira inyuma I Mowabu.

“Raba Rusi” Nawomi aravuga. “Orupa yasubiye mu gisagara cabo no mu muryango wiwe; jana nawe.”

“Singenda,” Rusi arishura. “Sindakuva inyuma. Aho uzoja hose tuzojana; abantu bawe nibo bazoba abantu banje kandi Imana yawe niyo izoba Imana yanje.”

Igihe Nawomi yabona ko Rusi atiteguye guhindura ivyiyumviro aca araheba kumwinginga. Abo bagore babiri baca bafata urugendo ruja muri Isirayeli hanyuma bashika I Betelehemu iyimbura ariho rigitangura.

Igihe bashika I Betelehemu Nawomi na Rusi bafashe umwanya wo kuraba ingene bakata ingano.

Babona ingene abimbuze bareka abantu babakene bamwe bamwe bagasoroma udusigazwa tw'ingano twasigaye mu murima. Atagira ikintu na kimwe co gufungura, ukwo nikwo Rusi yarameze. Akurikira abimuzi inyuma yabo, ubwo nyene yegeranya ingano zasigaye. Rusi yaraziko akeneye gukora cane kugira ngo ashobore kuronka ico gufungura.

Rusi akiriko arabandanya gukora, Bowazi, nyene imirima, yariko akurikirana iyimbura. “Uwo mugore ni nde?” Bowazi ariko arabaza uwujewe iyimbura.

“Izina ryiwe ni Rusi; yaje ava I Mowabu azananye na Nawomi,” uwujewe umurima aramwishura. “Rusi akora imisi yose ataruhutse.”

Bowazi aca aja iyo Rusi yariko arakorera hanyuma ati, “Ntuzosubire gukora mu wundi murima; hashobora kuba umuntu yo kugirira nabi. Ni vyiza gukorera mu mirima yanje aho uzoba uri mu mutekano.”

“Uri umuntu w'umutima mwiza!” Rusi aramusubiza. “Kubera iki umbereye umuntu mwiza kandi ndi umunyamahanga?”

“Narumvise ingene wabereye umuntu mwiza Nawomi!” Bowazi aravuga.

Igihe Rusi yasubira muhira, yiganiye Nawomi ivyo Bowazi yamubwiye vyose. “Bowazi ni incuti y'umugabo wanje,” Nawomi aramubwira. “Ndanezerewe ko yagufashe neza. Ntutinye gukorera mu mirima yiwe; azogukingira.”

*Rusi yarumviye ivyo nyinabukwe yamubwiye hanyuma abandanya kwegeranya ingano zasigaye hafi y'abakozi ba Bowazi. Yakoreye Imana mu bwizigirwa mu gufasha nyinabukwe. Muri iyi nzira, Imana yipfuzako natwe twoyibera abakozi bo kwizigirwa.*

### Gufata ku mutwe

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

Andika umurongo wo gufata ku mutwe k'urupapuro rukomeye hanyuma urukate mu bice vyinshi. Abana bakuranwe kugira ico banditseko hanyuma basome umurongo wo muri Bibiliya n'ijwi riranga. Fata umwanya w'ukwo umwana wese aronka akanya ko gushira hamwe umurongo.

### Kurangiza

Sengana n'abana kugira Imana izobahezagire mu kuyikorera mu bwizigirwa. Gusenga kugira ngo tube abizigirwa ku Mana kugira ngo ishobore gukoresha ubwizigirwa bwacu mu guhezagira abandi.

## Igikorwa 39

Ivyanditswe: Rusi 1 na 2

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Imana yipfuza ko tuyibera abakozi beza bo kwizigirwa

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen’ar’ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya ko Imana ikoresha abakozi b'abizigirwa mu gushitsa imigambi yayo kw'isi.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana barazi neza ko babayeho kubera ko bafise abavyeyi babitwararika. Barazi ko abavyeyi babo babaronderera imfungurwa, ivyo kwambara, n'aho kuba habakingira.

Benshi mu bana bawe baba mu miryango aho bumva bamereye neza, bashima urukundo no kwitwararika n'abavyeyi babo. Abandi bana bashobora kuba bari mu mubabaro kubera ko abavyeyi babo batariko barakora ivyo bambwirizwa gukora nk'abavyeyi. Bishobora kugorana kubwira abo bana ibijanye n'ukizigama kw'Imana.

Nivya nkenerwa cane ko ishure ryawe, hamwe n'ivyigwa abana baronkera mw'ishengero, ari insiguro Imana ikoresha mu kwereka abana ingene ibitwararika.

Koresha inkuru ya Bowazi mu kwigisha abana ko Imana ikeneye ubwizigirwa n'abakozi bumvira biteguye kuba ibikoresho vyo guhezagira abandi.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Imana yitwararitse kandi ibeshaho Rusi na inabukwe, Nawomi, ivyo biragaragara iyo dusomye igice ca mbere c'inkuru ya Rusi. Nawomi yari ahagaritswe umutima na kazoza k'umukazana wiwe akiri muto mu gice ca gatatu. Yosua yari yaragaburiye igihugu imiryango cumi n'ibiri yab'isirayeli. Ariko ntawarafise itongo ryiwe bwite, kubera ko wari umurage w'umuryango. Mu Balewi 25:23, Imana iravuga, “Itongo ntirishobora kugurishwa burundu, kuberako ari iryanje.”

Nimbi hariho umuntu akeneye kugurisha ishambvu yarafise ibwirizwa n'itegeko ryo kurondera uwahafi mu muryango kugira abe ariwe arigura kugira rigume mu muryango. Nawomi yarazi ko Bowazi ariwe muryango wa hafi hanyuma ashakako ariwe abifata mu minwe, Atari ibirabana n'itongo gusa, ariko na Rusi. Bowazi akora ivyo Rusi na Nawomi ubwabo batashoboye gushikako; azigama umutungo, asubiza izina abo bagore ukwo ari babiri, kandi abategurira kazoza. Bowazi akurikiza ibiri mu kuri vyose n'imigenzo y'idini mu gufasha Rusi na inabukwe. Yari umwizigirwa kandi ashitsa icyumviro c'Imana co kugira Rusi umugore wiwe no kuba umwe mugisekuru c'umwami Dawidi.

**Kuzigama mu rukundo**

Rondera igiterwa gitoya canke ifoto y'igikoko c'igitungano ushobora muri iki gikorwa. Ereka abana bawe igiterwa canke ifoto hanyuma ubasigurire ko ivyo ari ibifise ubuzima bikeneye kuzigamwa mu buryo budasanzwe kugira bishobore kubaho. Vugana ingene bazigama ibiterwa canke ibikoko.

Nk'akarorero: igiterwa kirakenere amazi n'izuba, kandi ifi irakeneye ikibanza kidasanzwe co kubamwo, ibifungurwa n'amazi meza mu guhema.

*N'iki kiba igihe nibagiye kwitwararika igiterwa canje canke igitungano canje? (Bishobora kugwara canke gupfa).*

*Co kimwe n'igiterwa canje (canke igitungano) gikenera ukwitwararika kudasanzwe natwe ubwacu turakeneye kwitwararika. Inkuru yacu ya Bibiliya y'uno musi iratubwira ibijanye n'ingene Imana yakoresheje Bowazi, umukozi wayo w'umwizigirwa, kwitwararika Rusi na Nawomi.*

Kora akantu gasanzwe k'ibirato, amasakoshi y'impapuro, n'ibindi. Ivyo bisubirira Nawomi, Rusi na Bowazi mugusiguraikuru. Tegura agakino gasanzwe ukoresheje amakarato kandi ushobora no kuzoyakoresha muri kazoza mu bindi bikino.

## **Bowazi afasha Rusi**

Imisi yose Rusi yaja mu mirima y'umugabo yitwa Bowazi kugira ngo atore ingano. Bowazi yabaye umuntu mwiza cane kuri Rusi, kumwemerera gusangira n'abagore bamukorera, kandi akaraba neza ko abakozi biwe bose basize ingano zikwiye kugira Rusi azitore. Rusi na Nawomi barakengurukira Imana cane kuba yaraturonkeje umuntu nka Bowazi kugira ngo adufashe.

Mugabo, hariho ikintu cari gihagaritse umutima wa Nawomi:

Rusi yari akiri umugore muto kandi yarakeneye umugabo ashobora kumukunda, kumwitwararika, kandi ashobora kumuha ububasha bwo kugira umuryango wiwe bwite. Umusi umwe Nawomi avugana na Rusi hanyuma aravuga, “Ndakwifurije ivyiza vyose. Ndipfuzako wotangura umuryango wawe bwite. Bowazi yegereye cane umuryango wacu. Muri iri joro, azoba ariko aracagura ingano mu kigeza ciwe utegerezwa kuja kumuraba. Nzokubwira ico ushobora gukora.”

Rusi yambara impuzu yiwe nziza hanyuma agenda kuraba Bowazi. Ararindira Bowazi gushika arangije kuruhuka. Igihe bari bonyene Rusi aramubwira, “Uri umuzigamyi w'umuryango wacu. Ndakwinginze, nifuje ko wonyakira ukangira umugore wawe.”

“Ntutinye,” Bowazi aramubwira. “Nzokuzigama. Ndi umwe mubo hafi yawe kandi abantu bose barazi ko wewe uri umugore ameze neza. Ariko urafise uwundi w'incuti ya hafi cane gusumba jewe. Nzogenda kuvugana nawe mu gitondo. Nimbi yipfuzaga kugufasha, bizoba ari vyiza. Ariko bitabaye ukwo nzokurongora kandi ndakurinde.”

Igitondo gikurikira Bowazi aja kuvugana n'uwo muntu. Barahura nawe hamwe n'abandi bagabo bakuze cumi mu gwinjiriro rw'igisagara hanyuma abaza uwo mugabo ko yashobora kugura igipande c'itongo rya Nawomi no kurongora Rusi.

“Singomba kugura iryo ntongo canke kurongora umukazana wa Nawomi,” umwe wo mu muryango wa hafi aravuga. Muri Isirayeli hariho umugenzo ko iyo abantu babiri bagize isezerano ryo gusangira ibintu umwe wese yaca yambura inkweto hanyuma akaziha uwundi. Bowazi abwira abo batama n'ijwi riranga ati,

“Uyu musu muri ivyabona ko nguze itongo n'ibintu vyose vyari ivya ELimeleki, kiliyoni na Mahaloni. Natwaye kandi na Rusi, umuwobamu, kugira ambere umugore wanje. Ni umupfakazi wa Mahaloni kandi nafashe ingingo yo kumurongora kugira mponore umuryango.”

Mu nyuma, Rusi na Bowazi bakora ubugeni. Haheze igihe baronka umwana mwiza w'umuhungu amwita Obedi. Bose baranezererwa ivuka ry'uwo mwana. Obedi amaze gukura, aronka abana hamwe n'abuzukuru benshi. Umwe muri abo buzukuru yishe ikigatanya Goliyati. Yari umwami Dawidi, akomoka mur'urvyaro rwa Rusi na Bowazi. Imyaka myinshi ihaciye uwundi mwana aravuka akomoka k'urvyaro rwa Rusi na Bowazi. Uwo mwana yavukiye nawe nyene I Betelehemu hanyuma aryamikwa mu bwato.

Imana ishima ubwizigirwa bwa Rusi na Bowazi mu kubemerera kuba bamwe mu muryango w'umwami Dawidi, ariko hejuru ya vyose, wo mu muryango w'Umwami Yesu.

## **Igikorwa**

Gukina inkuru ya Rusi na Bowazi

Uzoba ukeneye: Ibashasha zo mu gitambara, intete z'ibigori canke amasaka, igipupe n'uburengeti.

Igice 1. Nawomi abwira Rusi ko yogenda gusanga Bowazi

Igice 2. Rusi avugana na Bowazi hanyuma aca amuha ingano ajana muhira

Igice 3. Bowazi avugana n'abashingantahe kw'irembo ry'igisagara

Igice 4. Rusi na Bowazi bagira ubugeni

Igice 5. Nawomi yatwararika umwana Obedi

## **Gufata ku mutwe**

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

Koresha igikinisho wakoze mu nyigisho zihurika mu gusubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe. Nyegeza ibice bitandukanye mw'ishure imbere y'uko abanyeshure bashika. Bwira abana barondere ivyo bice hanyuma bavyegeyeranye bagire iryungane. Base bashobora gusubiramwo hamwe umurongo wo gufata ku mutwe. Nimbi hariho abashaka bafashe umurongo ku mutwe, basabe bawuvuge.

## **Kurangiza**

Wibutse abana ijamba nyamukuru ry'iki kigabane, “Ubwizigirwa”. Gira umuzingi, fatana amaboko, no kurangiza ishure mu kuririmba ishimwe rivuga ibijanye n'ubwizigirwa bw'Imana. Ntiwibagire guha abana ibikinisho bakoze uyu musu. Bashobora kubikoresha mu kubwira abagenzi babo n'imiryango ivyo bize uno musu.

# ICIGWA 40

## BOWAZI

**Ivyanditswe:** Rusi 3 na 4

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya ko Imana ikoresha abakozi b'abizigirwa mu gushitsa imigambi yayo kw'isi.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen’ar’ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

### Bowazi arongora Rusi



Bowazi yari umwizigirwa.  
Bowazi yumvira Imana.  
Imana yakoresheje Bowazi  
mu kwitaho Rusi na Nawomi.  
Bowazi yakoze  
ibintu vyinshi vyiza.



Mana mukunzi,  
Ndakwinginze umfashe  
kuba umwizigirwa.  
Mfasha kugira mfashe abandi.  
Mu rukundo, \_\_\_\_\_

izina ryawe

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kwizera ubwizigirwa bw'Imana.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

- Tegura imbere y'igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z'imyidondoro yabo mu ndwi hagati.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

**Hana - 1 Samweli 1:1-2:11, 18-21**

Bwira abana bazoze bafise igipupe c'umwana canke igitambara c'impuzu bakuye muhira. Zinga ca gitambara c'impuzu ukoremwo umwana w'uruyoya. Kikira uruyoya mu maboko hanyuma uvuge: inkuru ya Bibiliya y'uno musu ivuga ibijanye n'umugore yitwa Hana. Hana yari ababaye cane kubera ko atari yarigeze kuronka abana.

Vuga iyo nkuru ya Bibiliya igihe bose bazoba bakikiye ibipupe vyabo vy'abana b'inzoya.

Haraheze imyaka myinshi harabayeho umugabo yitwa Elukana yarafise abagore babiri. Mu gihe ca kera vyari vyemewe ko umugabo ashobora kugira abagore babiri. Umugore wa mbere yitwa Penina uwundi nawe yitwa Hana. Hana yakunda Imana, ariko yarababaye cane. Hana yarashaka abana n'umutima wiwe wose. K'urundi ruhande Penina we yarafise abana benshi kandi imisi yose yama ariko aracokora Hana.

Ukwo umwaka utashe Hana n'umugabo wiwe Elukana bafata urugendo rurerure baja guhimbaza Imana mu ngoro no gutanga ibimazi. Umusi umwe mu gihe Elukana yariko arasenga, Hana atangura kurira. “Mana nziza, uri hejuru ya vyose. Ndakwinginze ntunyibagire, umva gusenga kwanje. Ndakwinginze nyemerera umpe umwana. Ndagusezeraniye ko nzoguha umwana wanje kugira akubere umukozi kandi nzokwama ndagukunda ibihe vyose.”

Mu ngoro hariyo umuherezi yitwa Eli yarajewe kwitaho inzu y'Imana. Eli yari yicaye hafi ya Hana ariko aramwitegereza. Hana ariko arasenga yaguma akubita iminwa ariko amajambo ntiyasohoka ngo yumvikane kubera ko yariko asengera mu mutima. Eli yiyumvira ko yaborewe vino, aca aragenda kuvugana nawe. “Kuraho iyo vino.”

“Nta kintu nakimwe nigeze nywa. Nariko ndasenga Umwami kubera ko mfise ingorane ikomeye cane kandi ndababaye cane,” Hana arishura.

Eli aramubwira, “Genda amahoro kandi Imana yab'isirayeli iguhe ico wayisavye.”

Igihe Hana yava mu ngoro, yumva amerewe neza kandi yumva ashaka gufungura. Umusi wa kurikira bahehejeje guhimbaza Imana Elukana, Hana, n'abandi bo mu muryango basubira muhira. Imana yumva amasengesho ya Hana hanyuma vuba aca avyara umwana w'umuhungu aca amwita Samweli. Hana aranezerwa cane kubera ko Imana yari yishuye gusenga kwiwe. Igihe kigeze co gusubira I Shilo guhimbaza Imana no gutanga ibimazi, Hana asigara muhira n'uruyoya Samweli.

Hana abwira Elukana, “igihe Samweli azoba yakuze. Nzosubira I Shilo hamwe nawe kandi Samweli tuzomusiga mu ngoro akorere Umwami nkuko nabisezeranye.”

Imyaka iranyaruka yihuse. Ariko Samweli yari akiri muto Hana yari yiteguye gusubira I Shilo kugira ngo ashitse ico yasezeraniye Umwami. Hana afata umuhungu wiwe mutoya amujana mu nzu y’Imana. Elukana amaze gushika ibimazi vyiwe k’Umwami Hana ajana Samweli kwa Eli.

Hana aravuga, “Jewe ndi wa mugore yaza gusenga Umwami haheze imyaka mike nsaba umwana. Ubu ngarutse gushitsa isezerano nasezeraniye Imana ryo gutanga Samweli ngo akorere Imana. Imisi yose Samweli azobaho, azokwama ari uw’Imana.”

Igihe Hana na Elukana basubira muhira, Samweli asigara I Shilo hanyuma atangura gufasha Eli umuherezzi mu gikorwa co mu ngoro. Naho Samweli atabana nawe mu nzu Hana yakomeje kumukunda kandi igihe cose umwaka utashe, yaramukorera umwambaro hanyuma akawumushira.

Eli yarazi ko Imana yanezerejwe nuko Hana yashikije isezerano ryiwe hanyuma amuha umuhezagiro udasanze. Imana yaramwishimira hanyuma imuha bandi bahungu batatu n’abakobwa babiri. Igihe cose yabona Samweli ariko arakora mu ngoro, yama yibuka ingene Imana yishuye amasengesho yiwe.

### Gufata ku mutwe

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen’ar’ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

Gira umuzingi. Zunguruka inyuma y’umuzingi musubiramwo umurongo wo gufata ku mutwe incuro nyinshi; ijamba rimwe umwanya umwe. Saba umwana umwanya umwe aje hagati mu muzingi hanyuma avuge umurongo wo gufata ku mutwe wenyene.

### Kurangiza

Muri make gira isubiramwo ry’amajamba nkora mutima y’iki kigabane hanyuma utoze amashikanwa. Utere intege abanyeshure bawe kuba abizigirwa no kwumvira Imana muri iyi ndwi mu gusenga no kwumvira abavyeyi babo hamwe n’abigisha. Ubibutse ko mu ndwi ikurikira bazokwiga icigwa ca nyuma co mu kigabane kuhaba ko ari ivyo ingira kamaro. Musezerane mu gusenga.

# ICIGWA 41

## HANA

**Ivyanditswe:** 1 Samweli 1:1-2:11, 18-21

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kwizera ubwizigirwa bw'Imana.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ishakako tuyumviriza no kuyumvira mu ngingo zose dufata.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen'ar'ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Kwumvira n'ijambo abana batahura neza. Abana barize ko igihe batumviye habwirizwa kubaho ingaruka mbi. Abana barize kandi ko igihe bumviye hama hariho impera. Kwigisha abana kwumvira ni rwo rufatiro nyamukuru kwizigama n'indero nziza. Ukwo twigisha abana kwumvira abavyeyi babo n'abigisha, turabigisha kandi kwumvira Imana. Kwumvira n'igice nyamukuru c'ubwizigirwa. Samweli yabaye umwizigirwa ku Mana kandi kubw'iyoy mvo Umwami yaramukoresheje mu gukora ibintu bitangaje. Samweli yize kwumviriza Imana. Gutera intege abana bawe kwumviriza neza ijwi ry'Imana no kwumvira ubugombe bwiwe.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Imbere y'uko ijambo ry'Imana riboneka mu nyandiko Umwami yakoresha izirayishimukuvugana n'abantu biwe; biciye mu ndoto, mw'iyerekwa, canke ibihe bidasanzwe. 1 Samweli 3: 1 havuga, “Umwana Samweli akorera Uhoraho imbere ya Eli; muri icyo misi ijambo ry'Imana ryari imboneka rimwe no kwerekwa ntivyari bikikbaho.” Imana ibona muri Samweli ubuhizi no kuba umukozi yumvira uwo bavugana, “Umwana Samweli arakura kandi ahimbara Imana n'imbere y'abantu” (1 Samweli 2:26).

Ubwa mbere Samweli ntiyashobora gutahura umuhamagaro w'Imana. Eli umuhanuzi wiwe w'umunyabwenge afasha Samweli gutahura ijwi ry'Umwami no kumenya icyo yokora niyaronka ubwo butumwa. Samweli mu bwizigirwa ashikiriza Eli ubutumwa bw'Imana. Kuva icyo gihe Samweli amenywa kandi yemezwa nk'umuvugishwa n'Imana.

**Umviriza umuhamagaro!**

Shira abana mu migwi ibiri; umwe 'umuvyeyi' uwundi 'umwana'. Pfuka mu maso abana. Shira abavyeyi mu mfuruka z'ishure. Igihe uvuze “UBU!” abana baca barondera abavyeyi babo barongowe n'amajwi y'abavyeyi babo gusa.

Abakina nka 'abavyeyi' babandanya bahamagara gushika aho 'umwana' wabo abatora.

Subiramwo urwo rukino incuru nyinshi, wemerere abana guhindura ibibanza bakiniramwo.

Hagarara ku kamaro ko kumenya ijwi rya Papa wo mw'ijuru.

**Ijwi ryo mw'ijuru**

Umuherezzi Eli yarafise abahungu bakora ibintu bibi kandi bagahonyanga amategeko y'Imana. Ariko abo bahungu ba Eli bari bazi ivyagezwe, ntibigeze bashaka kuvyumvira. Eli atangura kwumva imyidogo y'ingene abo bahungu biwe babiri bitwara. Eli agerageza gukosora abo bahungu ariko banka kumwumviriza hanyuma babandanya gukora ibibi mu maso y'Imana.

Muri uwo mwanya Samweli abandanya gukura no kuba uwukomeye mu gutinya Umwami.

*Kora ibitanda 2; kimwe ca Eli hanyuma ikindi ca Samweli.*

*Hitamwo abahungu 2 bakine icyo nkuru ukwo uyivuga.*

Ijoro rimwe Eli na Samweli bagiye kuryama nkuko vyahora. Mu kanya gato Imana ihamagara Samweli. Samweli ntiyari bwumve ijwi ry'Imana imbere kubw'ivyo ntiyashoboye kuritahura hanyuma aca aja kwa Eli yibazako ariwe amuhamagaye.

Samweli aca aravyuka ningoga ava kugitanda ciwe hanyuma yiruka aho Eli ari. “Ndi hano. Umpamagaye ngo nkore iki?” Samweli arabaza.

Eli aramwishura, “Oya sinaguhamagaye; subira kuryama.”

Samweli yongera kwumva ijwi rimuhamagara, “Samweli!”

Samweli yongera kwiruka kwa Eli. “Mwana wanje sinaguhamagaye. Subira mu gitanda.”

Incuro ya gatatu ijwi ryongera guhamagara Samweli. Eli ubu aca aratahura ibiriko biraba ; Imana iriko ihamagara Samweli. « Subira mu gitanda, » Eli asubiza Samweli. « Niwasubira kwumva ijwi kandi uvuge uti, ‘vuga Mwami, umusavyi wawe aguteze amatwi.’»

Samweli asubira aho yari aryamye. Igihe yumva ijwi rimuhamagara kandi aca arishura nkuko umuhezi yamubwiye. Imana iha Samweli ubutumwa bubabaje cane kuri Eli. “Bwira Eli ko ngiye guhana umuryango wiwe. Ntegerezwa kubikora ukwo kubera ko abahungu biwe bitwaye nabi cane kandi Eli ntiyahagaritse gukora ivyo bibi.”

Igihe Imana yamara kurangiza kuvuga Samweli asubira kuryama gushika mu gitondo.

Mu gitondo wa mwana muto aratinya kubwira Eli ivyo Imana yamubariye ariko umuhezi aramuhamagara ngo amubwire ubutumwa yahawe n’Umwami. “Mbwira vyose Umwami yakubwiye. Imana yacu izoguhana birushirije niyo wampisha n’ijambo na rimwe,” Eli aramutegeka.

Samweli akiriko ariganira Eli vyose yumviriza neza. “N’umwami kandi azokora ivyo abonako ari vyiza,” umuherezi arishura.

Imana yari kumwe na Samweli ukwo yakura. Yabandanije kuvugana nawe no kumuha ubutumwa aha abisirayeli. Mu nyuma abantu bose bab’isirayeli bamenya ko Samweli ari umuvugishwa Imana yatoranije.

### Isubiramwo ry’urukino

Andika ibibazo bikurikira k’urupapuro hanyuma ubimanike hejuru.

1. Abahungu ba Eli bakoze iki?
2. Abantu bo mu gisagara babwiye iki Eli?
3. Abahungu ba Eli bakoze iki igihe yababwira ko bakwiye guhagarika ingeso zabo mbi?
4. Ni gute Samweli yaratandukanye n’abahungu ba Eli?
5. Samweli yoba yumvise iki?
6. Samweli yoba yakozwe iki igihe yumva ijwi rimuhamagara?
7. Eli yoba yabwiye Samweli gukora iki niyo yumva ijwi rimuhamagara kandi?
8. Imana yoba yabwiye iki Samweli?
9. Nyina wa Samweli yoba ari nde?
10. Samweli yaba hehe?

Shira ikibazo cose kugipurizo. (canke ushire udupapuro duto duto mu gaseke canke mu mufuko)

Pompa ivyo bipurizo biriko ibibazo. Reka abana bapompe ibipurizo hanyuma bishure ibibazo.

### **Igikorwa**

Gira amafotokopi y’urupapuro ruriko igikorwa co mu cigwa ca 42 ku bana bose.

Uwo muhungu ari kugicapo ninde? (Samweli)

Mu ncamake subiramwo n’abana ivyo Samweli yumvise Imana imubwira. Vuza umuziki bukebuke mu gihe abana bariko barasiga ifoto. Abana bashobora gukoresha igikorwa cabo caheze mu kukimanika ku muryango w’ibitanda vyabo igihe bariko baravuga/basenga Imana kandi no kwirinda ibibasamaza.

### **Gufata ku mutwe**

“Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen’ar’ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)

Baza abana bafashe ku mutwe umurongo baze imbere hanyuma bawuvuge. Bahe agashimwe gatoya (ikaramu, imbombo,n’utundi.) kuri abo bose bashobora kuvuga umurongo.

Uhe kaze abavyeyi baze kwumviriza abana babo mu gihe bazoba bariko biga ibi vyigwa bine.

### **Kurangiza**

Shimira umwana wese yitavye inyigisho z’uno musu kandi ushimikire cane kuri abo bose bashoboye kuza badasivye ukwezi kwose. Ubabwire umutwe w’ikigabane gikurikira: “Imana n’inyabushobozi butangaje.” Senga wibutsa abana ko bakwiriye kuba abakozi babizigirwa bama biteze kwumva ijwi ry’Imana.


## ICIGWA 42

### SAMWELI

**Ivyanditswe:** 1 Samweli 2:12-17, 22-26; 3

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ishakako tuyumviriza no kuyumvira mu ngingo zose dufata.

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “Ariko gusa, ni mwubahe Uhoraho, mumukorere mushize igikonyo, bivuye mu mutima; murabe ivyo yabakoreye ingen’ar’ibihambaye.” (1 Samweli 12:24)



**Ndiko ndumviriza  
Imana!**

# **INTANGAMARARA - IKIGABANE 11**

## **IMANA N'INYABUSHOBOZI BUTANGAJE**

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Kuvayo 3-4; kuvayo13:17, 15:2; kuvayo 16:1-17:7; Esiteri1:1-4:17; Esiteri 5-8

**Umurongo wo gufata ku mutwe w'ikigabane:** “Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

### **Intumbero z'ikigabane**

#### **Iki kigabane kizofasha abana:**

- Gutahura ko Imana ifise ubushobozi bwinshi kurusha ireresi iyariyo yose canke imboneshakure
- Kumenya ko ubushobozi bw'Imana atari icifuzo, ariko n'ukuri
- Kumenya ko Imana iha abana bayo ivyo bakeneye vyose
- Kwizera Imana mu bihe bigoye
- Kumenya ko Imana ifise ubushobozi bwo gukingira abana bayo mu bihe vy'akaga bariko bacamwo

#### **Ivyigwa vyo mu kigabane**

**Icigwa 43:** Imana yahaye Mose igikorwa gihambaye

**Icigwa 44:** Imana yakijije ubwoko bwayo

**Icigwa 45:** Imana yitwararika ubwoko bwayo

**Icigwa 46:** Imana izigama ubwoko bwayo

**Icigwa 47:** Imana yerekanye inkomezi zayo

Abana barakunda udukuru tw'ababanjirije, mu gihe carangiye, bakomeje “kuba abantu beza”.

Nimba ushobora gushikiriza inkuru za Bibiliya, mu nzira nziza kandi n'ibigumbagumba (utagize imvugo ndenza rugero). Abana ntibazokwigerera bibagira ibitangaza n'utwumiza vy'Imana.

Shimikira kuri ibi bikurikira:

1. Bitandukanye n'udukino twabana two mu bitabo vya Batimani, superimani, n'ibindi; akaranga ka Bibiliya n'ukuri.
2. Gutahura y'uko dufise Imana y'ubushobozi butagira akarimbi bushobora gukuraho ubwoba bwose no kutwuzuzwa ukwizera Imana.
3. Naho vyokomera n'ubuzima bukagorana, Imana izodufasha. Nta nakimwe kitamushobokera.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko igihe Imana iguhaye igikorwa gihambaye, izodufasha kukirangura.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Iki n’icigwa ca mbere k’urutonde rw’ivyigwa 5 bivuga ingene Imana ifise ubushobozi butangaje.

Ririmbana n’abana: *Imana yanje ni nini cane, irakomeye cane kandi n’inyabushobozi nta nakimwe Imana yanje idashobora gukora (kuri wewe!) 2x*

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’imyidondoro yabo (utibagiye amanumero ya telephone y’abavyeyi babo) mu ndwi hagati.
- Abitavye ishure ryo kuw’Imana kandi kuhaba nivy’ingira kamaro cane. Gutegura ikaye y’abitavye kubw’abanyeshure bawe no kubaha utuganuke duto duto kuri abo bose bazotonda iya mungu 5 yose.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Andika ijambo “igitangaza” ku kibaho.

Igitangaza – *n’igihe haboneka ikintu gitangaje igihe Imana yerekana ubushobozi bwayo kandi kuburyo atawashobora kubironkera insiguro.*

Biciye muri iki kigabane tuzokwiga ibijanye n’ibitangaza vyinshi Imana yakoreye abantu bayo atakiguzi.

Kina uwo ni nde?

1. Ninde yavukiye kandi akaba muri Egiputa mu bwana bwiwe?
2. N’uyuhe muryango wamunyegeje igihe yari akiri umwana?
3. Ni nde yarafise mushiki we yitwa Miriyamu?
4. Ni nde yakuriye ku kirimba ca Farawo gushika abaye umuntu akuze?
5. Ni nde yari umwungere w’intama mu bugaragwa bwi Medina kumara imyaka 40?

Bose barasemerera: MOSE!!!

Imana iha Mose igikorwa gihambaye

Mu kuvayo 3 turasoma ibijanye n’ivyabaye kuri Mose igihe yariko araragira intama ziwe “**Baa Baa!**”. Intama “**Baa Baa!**” yariko irarisha igihe Mose yararagiye intama “**Baa Baa!**” mu ndugumba ikomeye, kw’izuba ryo mu bugaragwa. Mose yashaka kunyaruka kubera ko yaragifise urugendo rururere rwo kugenda. Intama zose “**Baa Baa!**” zari zinyotewe, zirushe, kandi zishuhiwe. Mu nyuma, bashika ku musozi aho bashobora kuruhukira gato.

Mose abona ikintu gitangaje... igisaka caka ntigitemuke! Mose aragenda kugira ngo yegere arabe neza igihe yabona ikintu kitamenyerewe – igisaka cariko kiraka ntigitemuke! Mose abura ico afata nico areka. Mu nyuma yumva ijwi rihamagara izina ryiwe mu gisaka riti, “MOSE, MOSE!”

Atangaye, Mose yishura ati, “Ndi hano.”

“Ntiwegere hano,” ijwi riramubwira. “Kura inkweto zawe, kuko iki kibanza uhagazemwo ni icera.”

Ubwu nyene, Mose aca akura inkweto ziwe hanyuma ahagarara hafi. Ahanze amaso igisaka caka ntigitemuke n’amaso yiwe, ntiyashobora kwizera ivyo yariko arabona n’ivyo yumva.

“Ndi Imana ya Aburahamu, Isaka na Yakobo,” ijwi riva mu gisaka riravuga.

“Oh, Mwami!” Mose aravuga, yipfutse mu maso hiwe, kubera ko yarafise ubwoba bwinshi bwo kuraba Imana.

Imana iravuga, “aboye igene abantu baje bariko barababazwa muri Egiputa. Ngiye kubakiza hanyuma ndabajane mu gihugu ciza citwa Kanani. Ngira ndakurungike kwa Farawo gukurayo abantu banje, bab’isirayeli muri Egiputa.”

“Jewe” Mose arabaza. “Ni gute Farawo umwami wa Egiputa yokwumvira umutu nka jewe?”

Hayuma Imana iramubwira, “Nzoba ndi kumwe nawe. Iki nico kizokubera ikimenyetso. Igihe uzokura abantu muri Egiputa. Muzosengera Imana kuri uyu musozi.”

Mose yarafise ubwoba, “N’iki nzobishura niyo abisirayeli bambaza bati, ‘Ni nde yakurungitse kuri twebwewe?’

Imana irishura, “Ndi uwo ndiwe’. Uze ubwire abisirayeli uti, ‘Ndiho’ yabantumyeko.”

“Bizogenda gute niyo abarongozi b’Abisirayeli banka kunyizera?” Mose arabaza.

“Ni iki kiri mu kuboko kwawe?” Imana iramubwira.

“Ni inkoni,” Mose arasubiza.

« Yiterere hasi, » Imana iramutegeka.

Mose aterera hasi inkoni yarafise hanyuma icika inzoka, hanyuma aca arayihunga.

“Yifate uciye k’umurizo,” Imana ibwira Mose.

Mose asumira asumira ya nzoka hanyuma ica isubira kuba inkoni mu kiganza ciwe.

Imana iravuga, “Ico ico kizotuma bizera ko Umwami, Imana yabasekuru babo, yakubonekeye.”

Mu nyuma Imana iramubwira iti, “Shira ikiganza cawe mu kwaha kwawe.” Hanyuma Mose aramvira mu nyuma igihe akuyeyo ikiganza ciwe, asanga gitonzeko imibembe!

“Ubu gusubize mu kwaha,” Imana iramubwira.

“Imibembe yanyitse!” Mose aramwishura.

Hanyuma Imana iravuga, “Niyo Abisirayeli batizera igitangaza ca mbere, bashobora kuzokwizera ikigira kabiri. Ariko niyo batabikora, uzofate amazi yo muruzi nile hanyuma uyasuke k’umusozi. Ayo mazi azohinduka amaraso.”

“Ariko Mana, jewe sinzi kuvuga neza ndagigimiza,” Mose aravuga.

Imana iramwishura, “Si jewe naguhaye ururimi? Nzogufasha kuvuga kandi nzokwigisha ivyo ukwiriye kuvuga.”

“Oh Mana, ndakwinginze rungika uwundi !” Mose arasaba.

Imana iramwishura, “Fata Aroni ajane nawe, avuga neza. Nzobafasha mwese kuvuga kandi nzobigisha ico gukora. Twara iyi nkoni mu kiganza cawe kugira ngo uzoshobore kuyikoresha ibitangaza.”

Mu nyuma, Mose yumvira Imana. Mose akora vyose nkuko Imana yamutegetse kubikora.

Abantu batahura yuko Imana yumvise amasengesho yabo kandi yipfuzaga kubakura mu buja.

## Igikorwa

*Mana n’udufashe!*

Mose yumva afise ubwoba bwinshi igihe Imana yamubwira aje kubwira Farawo ngo arekure abisirayeli bawe muri Egiputa. Yoti yari umwigeme akiri muto yaririmba neza. Umwigisha wa Yoti amusaba kurongora korare y’abana. Nka Mose, Yoti yaragize ubwoba bwinshi.

Bose Mose na Yoti bavugaga ingene batinye Imana yabo; Mose imbona nkubone na Yoti biciye mu masengesho. Imana ibazeranira bese kubana nabo, kubafasha. Vyagenze gute? Imana yarabafashije bese gukora ico yabasavye gukora. Saba abana gucapa ifoto ya Mose ariko avugana na Farawo canke bacape ifoto ya Yoti ariko arongora korare y’abana.

## Gufata ku mutwe

“Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

Capa igisaka kiriko kirasha hanyuma ugisige amabara bijanye. Kata ikarata zisa n’ibirimi vy’umuriro. Andika ijamba rimwe ryo mu murongo wo gufata ku mutwe kw’ikarata yose. Vanga izo karata hanyuma uzihereze abana. Bwira abana bashire amajambo m’urutonde rwiza mu gisaka. Subiramwo iki gikorwa incuro nyinshi n’abana batandukanye gushika aho biborohera gushira amajambo mu rutonde rwiza. Manika ivyo bakoze ahantu haboneka mw’ishure.

## Kurangiza

Ukiriko uregeranya ibikoresho, ririmba:

*Kubura, kubura, umwe wese asangire n’uwundi.*

*Kubura, kubura, umwe wese ahari.*

Baza ko ata mitwaro yo gusengera bafise hamwe n’amashimwe. Rangiza umwanya n’amasengesho.

“Wibuke abana, Imana ifise ubushobozi bwo kugufasha gukora IVYARIVYO VYOSE igusavye gukora! Muzogaruke mu nyigisho zo ku musi w’Imana ukurikira.”

## ICIGWA 43

### IMANA YAHAYE MOSE IGIKORWA GIHAMBAYE

**Ivyanditswe:** Kuvayo 3 na 4

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko igihe Imana iguhaye igikorwa gihambaye, izodufasha kukirangura.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** "Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa." (Zaburi 46:1)



**Numva mfise ubwoba  
bukeya bwo kuririmba  
muri korare y'abana.**



**Ndakwinginze, Mana,  
mfasha kutagira  
ubwoba.**



**"Imana yacu ni  
nini cane...!"**

**Imana  
dufashe  
gukora**

**Ivyo  
idusaba  
gukora.**

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ifise ubushobozi bwo kudufasha mu bihe bigoye

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana barakunda inkuru zijanye n’ibitangaza. Igitangaza nico carokoye Abisirayeli mu kuvayo 14 bizobemerera kumenya cane ibijanye n’**UBUSHOBOZI** bw’Imana. Abana bamwe bashobora kuba bariko baca mu bihe vyo guhohoterwa mu muryango canke gutandukana n’abavyeyi babo. Bamwe bashobora kuba bariko barasenga kugira babone igitangaza mu miryango yabo bwite. Biciye muri iki cigwa hashobora gukomezwa kwiyumva no kwizera kw’abana ko Imana ifise **UBUSHOBOZI** bwo kubafasha gutora inyishu z’ibibazo naho vyoba bikomeye.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Hamagara abitavye mu gitabo cawe. Wibutse abana impano zizotangwa kubazokwitaba neza. Senga. Shimira Imana ku ndwi irangiye hamwe niyo tugira dutangure. Ha kaze abashitsi. Fasha abana kwumva bahimbariwe abandi.

Imyaka amajana irangiye, Abisirayeli barashoboye kuronka umwidgegemvyo bava mu buja. Imana ibakura muri Egipta ibajana I Kanani ibacishije ahumye, ugaragwa bushushu. Ubwoko w’Abisirayeli umva barahabwwe n’Imana hanyuma batakaza ivyizigiro vyabo.

Bumva ko ivyoba vyiza kuri bo n’ukubadanya bubaka iminara no kubandanya bacunaguzwa n’abanyegiputa! Abatwara abacishije mu bugaragwa mu nzira yo kubarinda abansi babo. Imana ntiyigera idusiga twenyene; ituja imbere kugira ngo iducire inzira. Umwami yakoresheje inkingi z’igicu n’umuriro vyarongora Abisirayeli baciye mu bugaragwa. Dushobora kwemeza neza kw’**UBUSHOBOZI** bw’Imana buzokwama buhari kugira buturongore kandi budufashe. Reka twese twame dushikanye mu kwizera kwacu no kwizera Imana kugira idushikane aho yipfuzako tuja.

**Imana irokora ubwoko bwayo**

Ninde yoshobora kumfasha?

Hanahana ivyiyumviro: “Ni nde woshobora gusaba ubufasha igihe hari ...

- Wazimiye mu gisagara kandi udashobora kuronka umuryango wawe? (umuntu utazi, umuzamu, canke umupolisi.)
- Umuntu ariko arondera kukugirira nabi kw’ishure?(umwigisha, uwurongoye aigisha, canke umukozi wo kw’ishure.)
- Uriko ugerageza gukora ikintu cakugoye cane? (abavyeyi bawe, umuntu akuze, canke uwukuze wo mu muryango)
- Ufise ibibazo kubijanye n’Imana?(abavyeyi bawe, umwungere wawe, canke umwigisha wawe wo mu nyigisho zo kuw’Imana)
- Wumva ubabaye canke wihebuye? (Imana, abavyeyi bawe, canke umugenzi wawe)”

Korora!

Hitamwo abana 3. Saba umuremure ahagarare bahagarare barabana ari babiri, bafatanye ibiganza, hanyuma bugare umwana agira gatatu mu maboko yabo.

Bwira umwana wa gatatu: “Uri mu mbombane. Woshobora kuronka inzira yo kuva aha, utababaje bagenzi bawe ?”

Uno musu turaja kwumva ibijanye n’umugwi w’abantu bari mumbombane batabona inzira yo kuvayo; bari bazi neza ko bagiye gupfa kandi ko Imana yonyene ariyo yashobora kubakiza. Ugurura Bibiliya yawe mu kuvayo 13:17. Twarize ingene Imana yahaye Mose igikorwa gihambaye hamwe n’ingene yafashije Mose kubishikako. Uno musu turaja kwiga kuvyabaye igihe Abisirayeli bari bashoboye kuva muri Egipta.

*Kurokorwa ku kiyaga gitukura*

Iyumvire kuba umuja, mu gihugu kitari icawe, gukora cane imisi yose, gufatura amatafari, kwikorera ibibuye binini biremereye – ivyo vyose kuzuba riturira. Ukwo ni kwo Abisirayeli bari babayeho imbere yuko Imana irungika Mose ngo aje kubakurayo. Ivyo vyatumye Imana irungikira Farawo ivyago vyinshi imbere y’uko yemera kubareka go bagende. Abantu b’abisirayeli bari banezerewe cane. Imana yari yarasezeranye ko izobaha igihugu ciza, kanani. Abantu bose bahimbaza Imana kubera ko bari bashoboye kuva muri Egipta igihugu c’ubuja. Abisirayeli bavayo banezerewe nivyabo vyose. Ariko Imana ntiyashimye kubajana muri kanani ibacishije mu nzira yahagufi, inzira yoroshe. Imana yari ifise umugambi udasanzwe wo kurongora abaheburayo mu gihugu c’ikanani. Imana ishiraho igicu co kubarongora kumurango n’inkingi y’umururo yo kubarongora w’ijoro.

Igihe bashika ku nkombe z’ikiyaga gitukura abantu ntibashobora kugira icyo bajya. Abantu baca bicara ngaho kandi aho niho ingorane zatanguriye:

“Abanyegiputa bariko baratwegereza!” umuntu umwe aravugaga.

Farawo yari yahinduye ivyiyumviro kandi yipfuzako abajya biwe basubira inyuma. “Yariko arabegereza! Raba irya nkungugu iriko irasurwa n’imikogote yiwe!” abisirayeli basemerera. “Twari kuba twigumiye muri Egipta!” bamwe bariko baravugaga.

“Mose, kubera iki watuzanye gupfira ngaha?”

Imana yari yabwiye Mose ko abanyegiputa bashobora kuzobakurikira, ariko Mose yarazi ko Imana ifise **UBUSHOBOZI** bwinshi. Mose aremesha abantu bari bafise ubwoba, “Ntimutinye; ni mubirabe hanyuma murabona ingene **UBUSHOBOZI** bw’Imana buja kudukura muri aka kaga!”

Urwamo rw’amafarasi n’imikogote rwariko rurabegereza! Igihe bwari burira Imana ishiraho inkingi y’igicu hagati y’Abisirayeli n’abanyegiputa. Abantu b’abisirayeli bashobora kubona ingene babandanya urugendo, igihe mu ruhande rw’abanyegiputa hari umwiza.

Ku kiyaga gitukura Imana itegeka Mose, “DUZA INKONI YAWE.” Mose yarumviye. Umuyaga uza ukomeye cane kuburyo ikiyaga cigaburamwo kubiri, hacika ahumye kugira ngo Abisirayeli barenganire ahumye. Kare cane mu gitondo ubwoko bw’Abisirayeli batangura kugenda baca mu kiyaga gitukura.

Baravye inyuma Abisirayeli babona ko Abanyegiputa bariko barabakurikira! Baca bagira ubwoba bwinshi. Mu nyuma babona Imana itumye imikogote y’abanyegiputa iminyororo iracika hanyuma vyanka ko igenda. Abanyegiputa barasemerera, “Dutegerezwa kuja kure y’Abisirayeli; Imana yabo niyo iriko iratugwanya!”

Ukwo ubwoko bw’Abisirayeli bwegereza kuyindi nkombe, Imana ibwira Mose kuduza inkoni yiwe kandi. Yooo! Amazi asubira mu kibanza cayo. Ikiyaga kirengera abasoda b’abanyegiputa bose, ifarasi zabo n’imikogote yabo. Biciye mu BUSHOBOZI buhambaye bw’Imana, ikiza ubwoko bwayo. Mose n’abantu bose bahimbaza Imana hanyuma bagira umusi mukuru: “Imana niyo nkomezi zanje n’indirimo yanje, kuri we niho hava agakiza kanje. N’Imana yanje. Ndayihimbaza.”

## Igikorwa

*Ubutabazi buteye igomwe*

Ni muyihe nzira Imana yakoresheje mu gutabara abisirayeli? Habaye iki kubanyegiputa? N’iki catumye amazi yo mu kiyaga yigaburamwo kubiri?

Uzuza mutuzitizo naya majamba: UBUSHOBOZI, AMASENGESHO, UMUBABARO, IMANA, KWOROHERWA.

Jadi na Benta bari \_\_\_\_\_ umumama wabo yaragwaye cane. Papa aravugaga, “\_\_\_\_\_ ifise UBUSHOBOZI bwo gufasha mama.” Jadi, Benta na Papa \_\_\_\_\_ kubwa mama, “Turakwinginze, Mana, ufashe Mama ashobore \_\_\_\_\_.” Mama ntiyashoboye kworoherwa vuba. Jadi, Benta na Papa babandanya kumusengera. Umusi umwe Papa azana inkuru nziza, “Mama ariko aroroherwa, azoba yasubiye kumera neza vuba.” “Ndanezerewe ko Imana ifise \_\_\_\_\_ bwo kudufasha! Urakoze Mana!” Jadi, Benta na Papa baravugaga.

## Gufata ku mutwe

“Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

Gerageza kurondera ifoto y’uruzitiro canke ikirimba ukuye mu gitabo canke ikinyamakuru kugira wereke abana.

Mu bihe vyakera, abami bubaka izo nzitiro kugira bikingire abansi bashobora kubatera. Bakoresha amabuye manini manini mu kwubaka impome ndende kugira nti hagire abashika indani. Mu gihe c’intambara, abari muruzitiro baba bakingiwe.

Muri icyo nzira nyene, umurongo wacu wo gufata mu mutwe w’iki kigabane uvuga ko Imana ariyo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu. Ntitubwirizwa kugira ubwoba.

Egeranya amabuye amwe. Ubaka uruzitiro rwanyu. Andika umurongo wo gufata ku mutwe nko kwibutsa.

## Kurangiza

Shimira Imana kuvyeho abana bize. Bahe ikaze kuza mu ndwi ikurikira mw’ishure kugira babandanye kwiga ibijanyeho n’**UBUSHOBOZI** bw’Imana buhambaye.

## ICIGWA 44

### IMANA YAKIJIJE UBWOKO BWAYO

**Ivyaditswe:** Kuvayo 13:17-15:2

**Itumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ifise ubushobozi bwo kudufasha mu bihe bigoye

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** "Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa." (Zaburi 46:1)

"Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa." (Zaburi 46:1)



**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana yitaho ivyo abana bayo bakenera. Wizere UBUSHOBOZI bwayo, ntiwidoge.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Kuva kera Imana yamye itwitwararika, abana bayo. Nkuko Imana yama yitaho ivyo dukenera vyose, twige kumwizera ko afise UBUSHOBOZI bwinshi.

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’imyidondoro yabo (utibagiye amanumero ya telephone y’abavyeyi babo) mu ndwi hagati.
- Uhamagare abana batanze mu gitabo cawe – wibukeko inyuma yiyamungu 5 kubayitonze yose ubushimwe buzatangwa!

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**

Bwira abanyeshure bicare kumuzingi hasi kandi bugare amaso yabo. Shira imbombo impande zose z’abana. “Bana, ndaharura 3 kugira muce mwugurura amaso yanyu hanyuma mutore imwe, imbombo imwe kuri umwe wese. Utoye iyirenze imwe, uzoba utakaje zose icarimwe. RIMWE, KABIRI, GATATU – UGURURA AMASO YANYU!”

Abana bamaze gutora imbombo zabo, babaze: “Hoba hariho umwana afise imbombo irenze imwe? Nimbi hariho umwana afise imbombo zibiri canke zirenga, mubwire asubize imbombo zose afise.”

“Mbega vyari bigoye kwumvira amategeko yanje yo gutora imbombo imwe?”

“N’ivyo ikimazi cane gukurikiza amategeko, bitabaye ukwo dushobora kugira ingorane.”

Abisirayeli bagize ibibazo vyinshi vyo gukurikiza amategeko y’Imana.

Zana igipande c’umukate wa kera kandi wumye. “Rimwe na rimwe iyo tugiye kwibotike, ushobora gusanga tuguze imikate myinshi gusumba iyo dushobora gufungura. Igihe umukate ari uwakera uratakaza ukwo wari umeze n’ingene umota. Sinipfuzza gufungura umukate nkuyo, wewe wobishobora?”

Mu cigwa cacu c’uno musu turaja kwumva abantu bamwe batakurikije amategeko bahawe hanyuma ikintu kibi gishika mu mfungurwa zabo:

Icigwa c’uno musu kivuga kubijanye n’inzira zihambaye Imana icamwo mu kwitaho abantu biwe igihe bari mu bugaragwa baja mu gihugu c’I Kanani, igihugu c’isezerano. Saba abahungu babiri bato mu bitavye inyigisho bakine uku gukurikira murukino rw’abana. Mose ategerezwa kwambara ikanzu kandi afise inkoni. Imana itegerezwa kuba ifise ijwi rinini, ariko akaba yinyegeje mu maso y’abana.

MOSE: “Igitangaza cacu co kurokorwa muri Egiputa biciye mu kiyaga gitukura yari intango y’urugendo rurerure rwacu abisirayeli. Imana yaturongora mu kibanza kimwe itujana mu kindi duciye

*mu bugaragwa. Rimwe na rimwe hakabura amazi akwiye yo kunywa. Igihe cose ivyo vyaba, abantu baranyidogera. Nari nifujeko bokwizigira Imana hakwama bidoga umwanya wose!*

*Umwanya umwe Imana itujana mu kibanza ciza citwa Elimu. Aho tuhasanga ibiti vyinshi n'amazi. Inyuma yahoo tujabuka mu bugaragwa bw'icaha aho twabuze ivyo gufungura. Abantu baranyidogera kandi, 'Kubera iki Imana itaturetse ngo twigumire muri Egiputa aho twari dufise ivyo gufungura bikwiye. Aha tuzohapfira!' nsenga Imana, hanyuma irambwira:"*

**IMANA:** *"Nzobarungikira mwese umukate uzoza uvuye mu kirere imisi yose mu gitondo. Nzobarungikira igihuhusi kizobazanira inyama imisi yose kumuhingamo. Buri gitondo mwegeranye ibikwiranye n'umuntu wese mumazu yanyu – ibikwiranye n'uwo munsu gusa. Ntihagire uwutwara ibirenze. Ku musu ugira 6 w'indwi muzotora ivyo imisi ibiri kugira ngo muronke ico gufungura ku musu w'isabato."*

**MOSE:** *"Nkuko Imana yatubwiye, mugitondo gukurikira twaciye tubona imikate (manu) ahantu hose dushagaje. Yari iryoshe cane, nk'ubuki. Twari tunezerewe cane. Ariko bamwe muri twebwe ntibakurikije amategeko y'Imana. Bamwe batoye manu zirenze izo bakenera kumusu. Mu gitondo gukurikira yari imaze kumera nabi mukumota kandi duhunga amahema kubera kubora kw'iyi mikate. K'umusu ugira gatandatu twategerezwa gutora manu y'imisi ibiri. Ubugira kandi, benshi ntibakurikije amategeko y'Imana. K'umusu w'isabato basanga nta manu yamanutse kandi bamwe baca bagumana inzara. Imana yaduhaye manu ivuye mw'ijuru imisi itandatu ku ndwi kumara imyaka mirongo ine twamaze mu bugaragwa.*

*Umusu urashika aho twategerezwa kubandanya. Tubandanya urugendo turateba dushika aho dusagaza I Repidimu; iki kibanza ntamazi yariho! Ubugira kandi, abantu baranyidodombera bambaza igituma nabazanye hano gupfiraho. Ndongera ndasenga Imana ndayisaba ngo imfashe. Imana imbarira gufata abarongozi b'Abisirayeli baduge ku musozi Horebu hanyuma nkubite igitandara n'inkoni yanje. Ndumvira hanyuma, igitangaza amazi atemba ava mu gitandara. Nkuko vyama Imana yacu yereka abantu ko ifise ubushobozi kandi ariyo ibona vyose!"*

### Igikorwa

*Imana igabura!*

Capa ikintu Imana yagaburiye abana. Nkuko Mose yasavye Imana ihe abantu bab'isirayeli ivyo bakeneye dushobora natwe kubikora ukwo.

Hitamwo umwe mw'ishure abe umunyamabanga. Saba umunyamabanga yandike isengesho ryose abanyeshure bashobora kuba bafise. Mu ndwi zikurikira, umunyamabanga ashikirize ingene Imana yishuye amasengesho yivyo abanyeshure bawe bakeneye.

### Gufata ku mutwe

*"Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa." (Zaburi 46:1) Bwira abana bahagarare mu muzingi hayuma bagende basubira inyuma. Itambwe yose bagira baje baravuga ijambo ryo mu murongo wo gufata ku mutwe. Musubiremwo.*

### Kurangiza

Senga ushima Imana ku kwitaho no kuzigama. Ukwo abanyeshure bavuga amashimwe yabo n'imitwari yo gusengera. Umunyamabanga w'ishure awirizwakuvyadika. Igihe cose muje murakenguruka ukwo Umwami atanze inyishu. Mwibuke ingene Imana yabanye natwe, igihe cose itwitaho, kandi ikama iriko iradufasha mu bibazo ducamwo. Izere Umwami; yama iri m'uruhande rwacu.

Ongerako iri sengesho k'urutonde rw'imitwari y'ishure: musengere abantu bose kw'isi bakeneye imfungurwa n'amazi meza yo kunywa.

Ha kaze abana kuza mw'ishure kandi ku musu w'Imana ukurikira kugira bige kandi **UBUSHOBOZI** bw'Imana!

## Icigwa 45

### IMANA YITWARARIKA ABANTU BAYO

**Ivyanditswe:** Kuvayo 16:1-17:7

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana yitaho ivyo abana bayo bakenera. Wizere UBUSHOBOZI bwayo, ntiwidoge.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

**N'ikihe kindi Imana  
yaguhaye?**

**Capa ibintu Imana yaguhaye.**

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kwizera Imana, no mu bihe bigoye

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

UBUSHOBOZI bw’Imana yacu burarenze! UBUSHOBOZI bw’Imana yacu buradufasha, buraturinda, kandi buduha inguvu zo kumwizera.

Biciye muri kino cigwa tuzokwiga kwizera Imana igihe cose tuzokwumva turi mu ngorane.

- Tegura imbere y’igihe ibikoresho mfashanyigisho kuri iki cigwa no kuba wateguye ishure imbere yuko abanyeshure bashika.
- Wibuke guha kaze abashitsi no kwegeranya inkuru z’imyidondoro yabo (utibagiye amanumero ya telephone y’abavyeyi babo) mu ndwi hagati.

**Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya**

Umwigisha, umwanya wa mbere arasoma Esiteri 1:1-4:17.

Kuvanga indome

Andika ku kibaho indome zikurikira: TSEERII.

“Gerageza ucurure izi ndome kugira ngo utore izina ryo muri Bibiliya tuzokwiga muri ibi vyigwa bibiri.” (ESITERI)

Urugori

Shira hafi bimwe mu bikoresho biri hafi ushobora gukoresha ubugenegene. Shira inkofero y’urupapuro (cm15 canke zirenga) ku mutwe w’umwana wese. Shira mu kibanza aho urwo rugori rutegerezwa gukwira neza mu mutwe w’umwana.

“Andika izina ryawe k’uruhande rumwe rw’urupapuro hanyuma k’urundi ruhanda usharize urwo rugori.” Fatanya mu mpera z’urwo ‘rugori’ n’ubwome.

“Ninde akoresha ingori?” (Abami n’abamikazi.)

“N’iki abami n’abamikazi bakora?” (gutwara igihugu, gufasha abantu, barabako ibintu vyose bigenda neza, n’ibindi.)

Mu nkuru ya Bibiliya y’uno musu turaja kwiga kubijanye n’umwami Hasuwerusi n’umwamikazi Esiteri.

Turaja kwiga ibijanye n’umuhizikazi w’umugore yizeye Imana mu gufasha ubwoko bwiwe; izina ryiwe yari Esiteri.

Umwami w’ubuperesi, umwami Hasuwerusi, yateguye inzimano. Atumira abubahwa bose bo mu bwami yatwara kugira ngo baze kuraba ubwiza bw’umwamikazi wiwe Vashiti. Ariko umwamikazi Vashiti yanka kuza!

Umwami Hasuwerusi arashavura cane gose hanyuma aja kubahanuzi biwe, “Mbega nokorera iki umwamikazi? Ntiyanyumviye ngo aze kunzimano yanje!”

Abahanuzi b’Umwami Hasuwerusi baramwishura, “Vyoba vyiza urondeye uwundi mugore akore nk’umwamikazi wawe. Ntiwemere ko Vashiti akomeza kuba umwamikazi.”

Umwami yumva ko iyo mpanuro ari nziza hanyuma atangura kurondera uwuzoba umwamikazi.

Aho hari umugabo w’umuyuda yaba ibuperesi yarafise umwishwa wiwe yari mwiza cane. Yitwa Morodekaye kandi yitwa Esiteri. Umusi umwe abakozi b’umwami Hasuwerusi baza kwa Morodekayi hanyuma babona Esiteri. “Ni mwiza cane! Reka tumujane ku kirimba.”

Esiteri nta guhitamwo yarafise ariko yaciye ajana nabo ku kirimba c’umwami. Imisi yose Morodekayi yama agenda ku kirimba kuraba ingene mwishwa wiwe ameze. Umwami Hasuwerusi yamurikiwe n’ubwiza muhambaye bw’umwamikazi mushasha.

Umusi umwe igihe Morodekayi yagenda kuraba Esiteri igihe yumva ko hari abasoda babiri bariko bategura kwica umwami Hasuwerusi. Morodekayi yaciye agenda ubwo nyene kuraba Esiteri hanyuma amubwira ivyo yumvise vyose.

Mu bwami bw'umwami Hasuwerusi hariho umwubahwa yitwa Hamani. Umwami Hasuwerusi yarakunda cane Hamani kuburyo yari yarategetse abantu bose kwunamira Hamani. Bose babikora ukwo nyene, kiretse umuntu umwe yitwa Morodekayi.

Morodekayi yaranse kwunamira Hamani kuko yari umuyuda kuko yategerezwa kwunamira Imana yonyene mu kuyihimbaza.

Hamani arashangashirwa cane, “Nk’igihano nzokwica Morodekayi hamwe n’ubwoko bwose bw’abayuda!” Hamani yiyumvira umugambi hanyuma aja k’umwami Hasuwerusi, “Abantu b’Abayuda ntibaruha bakwumvira kandi ntibumvira n’amategeko yawe! Ndagomba guhera abantu bamwe kugira bice ubwoko bw’Abayuda.”

“Ziganya amafaranga yawe,” umwami aravuga. “Akira iyi mpeta yanje kugira ngo uwo mugambi wawe wemerwe kandi namaze kubikubwira. Korera ico ushaka cose abo bantu!”

Mu nyuma, Hamani yandika itegeko rishasha: “Kw’itarike ya 13 y’ukwezi kwa 12, abantu bose bategerezwa kwica abayuda bese bashobora kubona hanyuma bakanyaga ubutunzi bwabo.” Hamani ashira ikidodo c’impeta y’umwami kuri iryo tegeko hanyuma arirungika mu ntara zose.

Morodekayi amaze kwumva izo nkuru, agira agahinda kenshi, yisurirako umunyota k’umutwe wiwe, hanyuma yambara impuzu zishaje. Umukozi wa Esiteri aramubwira, “So wanyu Morodekayi iri hanze ariko ararira kandi yipfuzwa kubonana nawe. Yansavye kukubwira ibijanye n’iyi ngingo yashizweho kubwo ubwoko bw’abayuda. Morodekayi asaba Esiteri kuvugana n’umwami hanyuma amusabe ubufasha.

Esiteri ararira, “Sinshobora kugenda. Ninagenda ntahamagawe, umwami Hasuwerusi azonyica!”

Morodekayi akomeza kumwinginga, “Niyo wakomeza kwicecekerwa twese tuzopfa, nawewe ubwawe. Ariko ninde abizi igituma wabaye muri ico kibanza c’ubwami muri bino bihe?”

Esiteri asaba Morodekayi n’abandi bantu babayuda kutagira ico barya kumara imisi itatu, ariko bamusengere. Esiteri aririra Imana ngo imufashe. Morodekayi, Esiteri n’ubwoko bw’abayuda barasenga kandi barisonzeshya kumara imisi itatu.

Mbega vyabagendeye gute mu nyuma? Mbega hari umuntu yoshobora guhagarika umugambi utuye ubwoba wa Hamani? Vyoba vyiza ugarutse mu ndwi ikurikira kugira wumvirize ingene inkuru yabandaniye!

## Igikorwa

*Nta bwoba mfise*

“Shushanya ifoto, canke wandike inkuru y’ikintu kigutera ubwoba.”

Saba abana gusigura ibicapu vyabo. Vuga k’ubwoba bwabo hanyuma ukoreshe inkuru ya Esiteri mu kubatera intego zo kwizigira Imana.

Shira igiseke canke ico bashiramwo ivyatsi hagati mu cumba c’ishure.

“Umwe wese ace iruhande yico giseke hanyuma aterereye ivyo yashushaniye ariko avuga, ‘Nta bwoba mfise. Nizigiye Imana.’”

## Gufata ku mutwe

*Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa. (Zaburi 46:1)*

“Mwese mwugare amaso yanyu.” Andika umurongo wo gufata ku mutwe k’urubaho. “Abana, ugurura amaso yanyu hanyuma musome umurongo n’ijwi rirenga.”

“Subira mwugare amaso yanyu.” Futa amajambo amwe.

“Ugurura amaso yanyu hanyuma mugerageze kuvuga umurongo wose.” Subiramwo uwo mwimenyerezo mu gufata amajambo menshi umwanya n’umwanya gushika aho amajambo yose afutirwa hanyuma muvugire hamwe umurongo wose wa Bibiliya wo gufata k’umutwe.

## Kurangiza

Ni nde yizigiye Imana mu nkuru yacu y’uno musu? (Esiteri)

Esiteri yizigiye Imana ngo imufashe gushikira umwami Hasuwerusi.

Wizere Imana muri iyi ndwi. Musangire n’imiryango yanyu ibijanye n’ivyo bize mu nkuru ya Bibiliya y’uno musu.

Mu ndwi ikurikira tuzobandanya kwumva inkuru isigaye y’umwamikazi Esiteri n’UBUSHOBOZI bw’Imana. Ntizogucike!

## Icigwa 46


### IMANA IZIGAMA UBWOKO BWAYO

**Ivyanditswe:** Esiteri 1:1-4:17

**Intumbero y'Icigwa:** Fasha abanyeshure kwizera Imana, no mu bihe bigoye

**Umurongo wo Gufata ku Mutwe:** “Imana ni yo buhungiro bwacu n’inkomezi zacu, n’umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

**Ndashobora kwizera \_\_\_\_\_**  
**Umwanya wose nkeneye ubufasha.**



Umwamikazi Esiteri

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ifise **UBUSHOBOZI** bwo kurinda abana bayo mu gihe c'akaga.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Abana barakunda ababaye abahizi bagashobora gutsinda abansi babo mu ntambara, kwikura mu nzara z'abansi, bakaburwa iyo banyikiye, kubabona baciye mu mpome, n'ibindi. Rimwe na rimwe abana baba bipfuzza kumera nkabo bahizi batangaje.

Abana barakeneye kumenya ko Imana yonyene ifise **UBUSHOBOZI** bwo gukora ibintu bihambaye. Imana ashaka gukoresha **UBUSHOBOZI** wayo biciye muri twebwe kugira dushikire isi ibayeho mu mwiza. Saba Mpwemu Yera gufasha abana gutahura ko **UBUSHOBOZI** bw'Imana burengeye ugutahura kwacu kandi burahari kuri abo bose bamwizeye.

Impano kuri abo bose babaye abizigirwa mu gutonda mw'ishure!- kubera ko iki arico cigwa ca nyuma c'iki kigabane- **UBUSHOBOZI BW'IMANA BUTANGAJE**, tanga ikintu gisanzwe nk'agakarata ko gushima canke imirongo ya Bibiliya nk'ingabire yabo bana babaye abizigirwa mu gutonda imisi yose.

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Mu nkuru y'uno musu Esiteri agira aje imbere y'umwami kandi ariteguye kwakira ibija kumushikira vyose. Itegeko rivugako iyo umuntu atahamagawe aserutse imbere y'umwami Hasuwerusi (aba umwamikazi Esiteri canke ataba we) abacungera umutekano bahabwa amategeko akomeye yo kwica uwo muntu. Ikintu coyene cashobora guhagarika abo bajewe umutekano ni igihe umwami yatunga inkoni yiwe y'ubwami ayirabisha kuri uwo mushitsi.

Umwamikazi Esiteri: kugira ngo ishitse intumbero yayo Imana yahisemwo gucisha k'umuntu w'umugore asanzwe akore igikorwa ciwe, Esiteri.

Morodekayi: Morodekayi yizeye **UBUSHOBOZI** bw'Imana hanyuma yanka kwunamira umuntu nka Hamani.

Nyinarume Morodekayi akomeza ukwizera kwa Esiteri mu kwumvira Imana.

Gukurikiza amategeko y'umwami!

Muri runo rukino umwigisha azoja mu kibanza c'umwami hanyuma abana abakozi biwe. Abana bahagarara bafatanije imigongo, ibitugu ku bindi bari k'umurongo. Umwami ahanze amaso abana, bahana umwanya. Umwami aha amategeko abakozi biwe, nk'akarorero: “Samweli, gira intambwe zitatu ngufi uja imbere.” “Mariya, gira intambe 4 usimba usubira inyuma,” n'ibindi n'ibindi. Umukozi arumvira amategeko y'umwami. Bandanya urwo rukino incuro nyinshi.

## Esiteri 5-8

Imbere y'uko ishure ritangura, andika iki kimenyetso k'urubaho: 'IMANA IRABIBONA!'

“Ni nde yokwibuka ivyo twize mu ndwi iheze mu nkuru y'umwamikazi Esiteri; Esiteri 1-4? Ukwo tubandanya inkuru, igihe cose nja gushika kuri aya majambo, muce muvuga n'ijwi riranga: IMANA IRABIBONA!”

*Esiteri yariyumvira cane; mu nyuma aca arahaguruka hanyuma aravuga, “Reka nje kuraba umwami.” (hagarara ku majambo, “IMANA IRABIBONA!”) Nta numwe yari yemerewe kuraba umwami atatumwe. Nuko Esiteri yarazi ko Imana iri kumwe nawe kandi inyuma y'imisi 3 aca aragenda kuraba umwami. (IMANA IRABIBONA!)*

*Umwami Hasuwerusi aranezerwa cane kubona ubwiza bwa Esiteri hanyuma aca amuha uruhusha rwo kuvugana nawe.*

*Aca amutuma inkoni yiwe y'ubwami Esiteri kugira akize ubuzima bwiwe. (IMANA IRABIBONA!)*

*Umwami Hasuwerusi aramubaza, "Wipfuza iki ga mwamikazi wanjye? Nsaba ico ushaka cose kandi ndakiguha ... naho coba igipande c'ubwami bwanje!" (IMANA IRABIBONA!)*

*Esiteri arishura, "Mwami Hasuwerusi, nateguye inzimano kubwawe na Hamani. Mbega uzoza?"*

*Umwami na Hamani bagira ibihe vyiza kunzimana y'umwamikazi! (IMANA IRABIBONA!)*

*Umwanya umwe mu gihe c'umugoroba umwami aramubaza, "Esiteri mukunzi wanjye, n'iki noshobora kugukorera?"*

*Esiteri arishura, "Nshaka kugusaba ikintu nkoramutima cane. Ndakwingize uzane Hamani gusangira nawe kandi ejo mw'ijoro hanyuma nzokwishura kukibazo cawe."*

*Hamani arishima cane kubana n'umwami! Yisubiyemwo mu bwenge yibuka ingene Morodekayi yanse kumwunamira, 'ubwo Morodekayi yoba azi ubukuru bwanje!!'*

*Hamani yiganira umugore wiwe ati, "Umwamikazi Esiteri yantumiye kuyindi nzimano! Ndi umuntu akomeye! Ntegerezwa kwiyumvira ingene nokwereka Morodekayi ubukomezi bwanje!*

*"Genda usabe umwami Hasuwerusi aguhe Morodekayi umwice!" umugore wa Hamani aramuhanura.*

*Hamani ashima umugambi w'umugore wiwe mu nyuma aca ategura igiti aragishinga kugira azobambeko Morodekayi.*

*Muri iryo joro umwami Hasuwerusi abura itiro. Asaba umwe mu bakozi biwe kuzana igitabo c'ivyabaye k'ubwami bwiwe hanyuma babimusomere. (IMANA IRABIBONA!) Igihe uwo mukozi w'umwami yariko arasoma igice c'ingene Morodekayi yafashije mu kurokora ubuzima bw'umwami, umwami Hasuwerusi arabaza, "Mbega n'iki twakoreye Morodekayi ko yarokoye ubuzima bwanje?"*

*"Nta nakimwe, nyene inganji," uwo mukozi arishura.*

*Umwami Hasuwerusi yumva urwamo hanyuma arabaza, "Ni nde ari aho hanze?"*

*"Ni Hamani," Uwo mukozi aramwishura.*

*Umwami Hasuwerusi ateguka Hamani kuza aho ari hanyuma umwami aramubaza, "Hamani, mbega uwo umwami agomba kugirira neza yobigenza gute?"*

*Hamani yiyumvira ko umwami agomba kugirira neza we, "yomuha impuzu nziza, ifarasi ikomeye, kandi akamwambika urugori kugira bose bamubone."*

*Umwami Hasuwerusi aramwishura, "Ico n'iciyumviro ciza cane, Hamani. Ihute cane yanyuma ukorere ivyo vyose Morodekayi."*

*Hamani arashavura cane, ariko akora ivyo umwami yamusavye gukora vyose.*

*Muri iryo joro abakozi barashika gutora Hamani ngo aze kunzimana y'umwami n'umwamikazi. (IMANA IRABIBONA!)*

*Bari kunzimana umwami abaza Esiteri kandi icipfuzo ciwe. Esiteri aduza isengesho ku Mana; aca ahishurira umwami ko ari umuyuda kandi ko hari ibwirizwa ryashizweho ryo kumwica n'abantu biwe bose. (IMANA IRABIBONA!) Esiteri atakambira umwami kugira ngo ahindure iryo bwirizwa.*

*Umwami akora ivyo Esiteri yamusavye hanyuma ashiraho irindi bwirizwa rishasha ryo gukingira abayuda. (IMANA IRABIBONA!) Hamani yarahanywe kubibi vyiwe yakoze kuri ca giti nyene yashingiye Morodekayi niho yabambwe. Morodekayi n'abantu babayuda bagira umusi mukuru ukomeye wo guhimbaza Imana. Imana yarabarokoye mu rufu. (IMANA IRABIBONA!)*

## Igikorwa

**UBUSHOBOZI** buhambaye bw'Imana

Icara k'umuzingira hanyuma ubambike ingori mwakoze mw'ishure. Iyumvire ko turi abami canke abamikazi. Co kimwe n'umwamikazi Esiteri mu gufasha abantu biwe, vugana ibijanye n'ingene mwofasha abandi bantu. Naho tutoba abami bakomeye canke abamikazi, dushobora gufasha ababanyu bacu, nk'akarorero: fata akantu bashiramwo umucafuro ko mw'ishengero, gufasha umuntu akuze, gufashisha ivyo ufise mu nzu, n'ibindi.

## Gufata ku mutwe

"Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa." (Zaburi 46:1)

Vugana n'umwungere wawe canke umurongozi w'igikorwa c'ishure yo kuw'Imana ibijanye no guha abana akaryo ko kuvuga umurongo wabo wo gufata k'umutwe mu gihe co guhimbaza.

## Kurangiza

Tera intege abana mu kwizigira Imana hagati mu ngorane. UBUSHOBOZI bw'Imana burahambaye kurusha ikindi kintu cose. UBUSHOBOZI bw'Umwami burahari kuri abo bose bamwizera kandi bakamwumvira.

## Icigwa 47

### IMANA YEREKANYE INKOMEZI ZAYO


Ivyanditswe: Esiteri 5 - 8

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura ko Imana ifise **UBUSHOBOZI** bwo kurinda abana bayo mu gihe c'akaga.

**Umurongo wo gufata ku mutwe:** “Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, n'umufasha atabura guseruka mu magorwa.” (Zaburi 46:1)



Koresha amajambo ari mu kabwate k'ijambo mu guheraheza amungane.



# **INTANGAMARARA - IKIGABANE 12**

## **INKURU YA NOWELI**

---

**Imirongo ya Bibiliya:** Matayo 1:18-25; 2:1-12; Luka 1:26-38, 2:1-20; Yohana 3:16; 1 Yohana 4:9

**Umurongo wo gufata k'umutwe w'iki kigabane:** “Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

### **Intumbero z'ikigabane**

#### **Iki kigabane kizofasha abana:**

- Gutahura akamaro ko kwumvira Imana
- Gutahura ko abantu bose bakeneye Umukiza, Yesu Kristo
- Kuvyura muri bo impwemu y'ivugabutumwa
- Gutahura ko Imana ihimbarwa n'amashimwe n'ugutazira kw'abana bayo

### **Ivyigwa vy'iki kigabane**

**Icigwa 48:** Ingabire yo kwumvira

**Icigwa 49:** Ingabire y'umukiza

**Icigwa 50:** Ingabire yo gutazira

**Icigwa 51:** Ingabire yo guhimbaza

Muri iki gihe ca Noweli dushobora kwiga, canke tukibutsa:

- Ko igihe twumviye uburongozi bw'Imana ibintu bigenda neza cane gusumba igihe tutumviye.
- Kuvuga ivya Yesu tubibwira abagenzi canke incuti bataramenya Umwami.
- Ko Imana itarimwo ubuzima bwacu buba ari ubusa, bubabaje kandi butagira ivyizigiro.
- Ko Imana yipfuzako dufata umwanya wo kubana nawe k'umusi ku musi.
- Ko Imana ikunda kwumva amajambo yo gutazira no gushima imigisha myinshi yasutse k'ubuzima bwacu.

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure kwipfuza kwumvira Imana.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Twarumvise inkuru ya Noweli imisi myinshi cane biboneka ko bisigaye ari nk’isubiramwo n’ibisanzwe. Mu gihushane, igitangaza ca Noweli n’inkuru y’abantu babiri basa bumviye umuhamagaro w’Imana mu buzima bwabo. Ukwumvira kwabo ntikwari kworoshe. Bari abantu basanzwe kandi baratinya.

Inkuru ya Mariya:

Muri Luka 1:26-38 Mariya yumva umumalayika Gaburiyeli amubwira ko azoba umuvyeyi w’umwana w’ikinege w’Imana. Mariya aterwa ubwoba bwinshi n’ivuka ry’uyo mwana “w’igitangaza”. Ikindi, Mariya ntiyashoboye gutahura ingene azotwara inda kandi Atari bwigere amenya umugabo. Gaburiyeli bukebuke amusigurira ingene Imana izokora ico gitangaza biciye kuri Mpwemu Yera. Mariya yizera ubutumwa bw’umumalayika, yiyemeza kwumvira Imana, kandi yemera kuba mu mugambi w’Imana.

Inkuru ya Yozefu:

Muri Matayo 1:18-25 Yozefu nawe yabaye muvuyo na Mariya yariko acamwo. Igihe imbanyi ya Mariya yagaragaye Yozefu yamenye neza ko kumurongora vyozana igitutsi ku bantu nico gituma yahisemwo kumuhebera mu mpisho. Ariko mu nzozi umumalayika aramwiyereka amusigurira ingene ivyo vyose wari imwe mu migambi y’Imana kuri bo no kw’isi yose. Igihe Yozefu yikangura, aramenyako akeneye kwumvira Imana no kwemera Mariya nk’umugore wiwe.

Dushobora kubona ibisa n’ivyo mu kugira inguvu kwacu mu kwumvira Imana. Twumva umuhamagaro w’ivugabutumwa. Hanyuma ubwoba bwacu bwa kamere buravyuka – ubwoba bw’ihinduka, ubwoba bw’ivyo utazi – kandi ivyo biraduhagarika no kwiganyira. Mpwemu Yera atwigisha ukuri (Yohana 14:26, 16:13), ubwoba bwacu buhinduka agacerere, turumvira, kandi tugakurikira Kristo.

Gukurikiza agakiza kacu, iki kintu kiguma gisubirwamwo incuro nyinshi nkuko Imana idusaba kugira intambwe zo kwizera.

Aha hari ivyiyumviro bimwe vyofasha abana kwemera ubu bufatanye bwo kwumvira:

- Babwire inkuru zihambaye z’ubutumwa mu buryo bashobora gutahura
- Remesha abo bato igihe bariko bararira
- Gufasha abana kumenya igihe Mpwemu Yera ariko avugana nabo, kwemera umuhamagaro w’Imana mu buzima bwabo, no kwiyemeza kwumvira no gukurikira Imana.
- Gufasha abana gutahura ivyipfuzo vy’Imana vyo gukiza no kubarongora mu buzima basigaje bwo kubaho.

## Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya

Ingabire z’akamaro

Zana akaganuke gateye igomwe mw’ishure. Indani muri ako kaganuke hariyo agakarata kariko ijambo ‘KWUMVIRA’ vyanditsweko.

*Mbega wohitamwo guhambwa canke gutanga ingabire? Ivyakozwe n’intumwa 20:35 vuga ko ari umugisha cane gutanga kuruta guhabwa. Tugiye kwiga kubijanye n’ingabire twashobora guha Yesu.*

Ugururara ako kaganuke hanyuma usangeyo ijambo ‘KWUMVIRA.’

### **Kwumvira - Matayo 1:18-25**

#### ingabire ya Mariya na Yozefu

“Umwanya uriko urarengana wihuta,” Mariya ariyumvira. “Haheze amezi makeya, Yozefu na jewe tugiye kugira ubukwe.” Mariya yari umugore yakunda kandi yumvira Imana. Mariya yarakundanye n’umusore w’umubaji yitwa Yozefu.

Umusi umwe, Mariya yari yicaye mu nzu iwabo aho yaja abona umuntu amwireka yambaye ikanzu ikayangana. Mu bwoba bwinsi Mariya aribaza, “Ibi bintu vyoba ari ibiki? Mbega uyu yoba ari umumalayika, intumwa y’Imana?”

Uwo yari umumalayika Gaburiyeli, “Ndakuramutsa Mariya. Ntutinye. Imana iragukunda cane kandi iri kumwe nawe.”

Mariya agira ubwoba bwinsi. Amaso yiye yitegereza ico gitangaza. Mariya aguma atangariye uwo mumalayika Gaburiyeli ahagaze imbere yiye. “Imana irakunze kandi yandungitse kukubwira inkuru nziza. Vuba cane ikintu kidasanzwe kizokubako. Ugiye kuronka umwana kandi uzomwite Yesu. Azoba Umwami ahambaye, umukiza w’isi yose!”

Mariya atangura gutahura ivyo uyo mumalayika ariko aravuga, “Mbega ivyo vyoshoboka gute?” Mariya aramubaza. “Mariya,” Umumalayika GGaburiyeli aramwishura. “Umwana azovuka azoba avuye mu bushobozi bw’Imana. Imana ishobora gukora ivyo abana b’abantu badashobora gukora. Ugiye kuvyara umwana w’Imana.”

Igihe umumalayika yagenda Mariya yarahimbaje kandi ashira hejuru Imana n’umutima wiye wose. Mariya yizeye Imana kandi yiyemeza kwumvira umugambi wayo ukwo abishoboye kwose. Nubwo atashobora gutahura vyose, Mariya yaranezerewe kubera ko yahiswemwo kuba umuvyeyi w’umwana w’igitangaza. Mariya aja kuraba Yozefu kugira ngo amubwire vyose vyabaye igihe bari kumwe n’umumalayika.

Yozefu ntiyabinezerewe na gato. Nubwo yakunda cane uwo bari bimirije kubana Yozefu afata ingingo yo kutamurongora.

Muri iryo joro, igihe Yozefu yararyanye, umumalayika w’Umwami aramubonekera hanyuma amubwira ati, “Yozefu, mwana wa Dawidi, ntutinye kurongora umugeni wawe Mariya. Iyo mbanyi ivuye kuri Mpwemu Yera. Mariya azoronka umwana kandi uzomwite Yesu. Azoba Umukiza w’isi yose.”

Yozefu amaze kwikangura, yumvako akeneye kwumvira Imana. Yozefu aca aja kwa Mariya, “Na jewe nabonye umumalayika w’Imana. Nzokurongora.”

Nubwo haba Mariya haba na Yozefu nta numwe yariko aratahura ibiriko biraba, ariko bose barakunda Imana. Bose Mariya na Yozefu bipfuzako kwumvira mu kugomba kuba abavyeyi b’umubiri bw’umwana w’ikinege w’Imana; Yesu. Mariya na Yozefu bashakira kuba mu mugambi w’Imana wo kuzanira isi yose Umukiza.

#### Mbega urumvira?

Andika amajambo ‘kworoha’ no ‘kugora’ mu ruhande rundi rw’inyigisho zawe.

*Aya mungane yoba yoroshe canke agoye kwumvira? Shira akamenyetso k’inyishu yawe.*

- Papa wawe aguhaye amahera hanyuma ati, “Genda wigurire ifanta.” Biroroshe kwumvira? Canke biragoye? Shirako inyishu yawe.
- Mama akubwiye, “Ni woze ayo masahani.” Biroroshe canke biragoye?
- Umwigisha wawe akubwiye ati, “Uzobe wahejeje udukorwa twose two muhira ejo.”
- Nyokorome akubwiye, “Ni wige imirongo ya Bibiliya itandatu.”
- Nyogokuru wawe avuze ati, “Ntiwongere kurya imbombo.”
- Papa wawe avuze, “Ntubire kuraba Televiziyo mu nzu y’umugenzi wawe.”
- Umwigisha wawe w’inyigisho zo kuw’Imana avuze ati, “Bwira umuntu ivya Yesu ino ndwi.”

Kubera iki ibintu bimwe vyoroshe kwumvira ibindi ugasanga biragoye?

Imana yipfuzako tuyumvira naho hoba ari mu bihe bigoye.

### **Gufata ku mutwe**

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

Kw’ikarata 7, shushanyako utukarato 7 tw’ingabire hanyuma wandikeko akajambo kamwe kamwe k’umurongo wo gufata k’umutwe w’iki kigabane, nkuko vyerekanwa n’uyu murongo ukitse [/]:

*“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi/ ari rwo rwatumye itanga / Umwana wayo w’ikinege/ ng’umwizera wese/ ntaz’apfe rubi/ ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)*

Ube wanyegeje izo karata. Usabe abana barondere y’amakarata hanyuma bagerageze kuyashira k’urutonde rwiza. Ayo makarata azobafasha muri ibi vyigwa bine vy’iki kigabane.

### **Kurangiza**

Sezerana mw’isengesho, mu gushimira Imana ko yatwigishije kuyumvira.

Mu kimenyetso c’urukundo rwacu kuri Yesu ni nkenerwa cane ko tumuha imisi yose ukwumvira kwacu.

Mu ndwi ikurikira tuzokwiga ibijanye n’iyindi ngabire dushobora guha Imana.

## Icigwa 48

### INGABIRE YO KWUMVIRA

**Ivyanditswe:** Matayo 1:18-25; Luka 1:26-38

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kwipfuzza kwumvira Imana.

**Umurongo wo gufata k'umutwe:** “Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)



Woshobora guha Imana ingabire yo kwumvira nawe?

## Intumbero y'Icigwa:

Fasha abanyeshure gutahura igituma abantu bakeneye Umukiza.

## Umurongo wo gufata ku Mutwe

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

## Itegere Ubwawe Kwigisha

Bishobora kuba bigoye gufasha abana gutahura igituma ingabire ya Yesu nk’Umukiza wacu ari iyidasanzwe.

Yaducunguye mu biki?

- Dutegerezwa kwumva dukeneye gucungurwa tuvuye mu vyaha vyacu (ibintu bibi twakoze).
- Dutegerezwa kumenya ko twakoze ivyaha kandi twipfuzaga kwihana. (imitima yacu ikora ibibi igahinduka).

Icigwa c’uno musu kiraja kudufasha gutahura igituma dukeneye ingabire y’Umukiza n’igituma ivuka rya Yesu ryari igitangaza. Ivyanditswe biratwibutsa igikorwa gihambaye cakorwa kuri Noweli co gutanga ingabire.

- Yohana 3:16 haratwereka akarorero k’ingabire ya Noweli iruta izindi; abantu bose bizera umwana w’Imana bazoronka ingabire y’ubugingo budashira.
- 1 Yohana 4: 9 haratubwira ibijanye n’iyindi ngabire isa niyo, ariko mu nzira cane ya kimuntu: *iki nico caseruye urukundo rw’Imana muri twebwe, n’ukw’Imana yarungitse Umwana wayo w’ikinege mw’isi, kugira ngo duheshwe ubugingo nawe.*
- Luka 2:1-7 turasangamwo ingabire ihambaye y’Imana: uruyoya Yesu, Umukiza w’isi yose.

Urukundo rukomeye rw’Imana niyo ngabire iruta izindi kuri Noweli abantu bashobora guhabwa. Bibiliya iratomora mu kutubwira ko.... “Azokiza abantu ivyaha vyabo.” (Matayo 1:21)

Tumaze kuronka iyo ngabire ihambaye, dushobora kuyirangira abandi natwe. Gusenga muri kino gihe ca Noweli kugira dushobore gushikira abandi kandi tubarongore kuri Kristo, nacane cane abana!

## Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya

Soma Luka 2:1-7; Yohana 3:16 na 1 Yohana 4:9.

Ha kaze abanyeshure, na cane cane abo bese bitavye inyigisho ubwa mbere. Andika umwidondoro wabo kugira ngo ushobore kuguma uvugana nabo. Ririmba uturirimbo two gutazira mu gutangura.

Mu ncamake subiramwo ivyo twize kubijanye n’ingabire yo KWUMVIRA mu ndwi iheze. Uwoba yiteguye kandi yibuka umurongo wo gufata ku mutwe awuvuge k’umutwe mu kwugurura ingabire igira kabiri hanyuma usome ikarata usanzeyo n’ijwi rirenga, ‘UMUKIZA’.

Uno musu tuja kwiga ibijanye n’ikintu gihambaye cane kuri twebwe, ingabire yacu ihambaye kuruta izindi ibihe vyose; ingabire y’Umukiza.

**Kwicuza!** (gushirako ikimenyetso)

Hitamwo uwubishaka kugira “yicuze” uwo ashobora gutuma abandi bicuza igihe abakozeko. Umwana akozweko ategerezwa kuguma ‘YEMYE’ gushika igihe uwundi mwana ‘ataco yicuza’ amukoreye k’umugongo hanyuma akamubohora. Mu gihe bese ‘BEMYE’ urukino ruca rurangira hanyuma bashobora gutangura kandi mu guhitamwo uwundi “yicuza”.

*Kubera iki utashoboye gukakaza igihe 'uwicuzza' yagukorako? (Ni kubera ko uca ukomantarira mu mu kwicuzza.)*

*N'iki ukeneze gukora kugira ngo ubandanye urukino? (umwana ataco yiyagiriza ukeneze ko agukorako.)*

Mu buzima bwacu, twahinduwe babi n'icaha kandi ntidushobora kwihindura "abataco biyagiriza". Imana yashizeho umugambi wo kugira ngo ivyaha vyacu biharirwe, ukwicuzza kwacu gukurweho.

Uwo mugambi userurwa n'ingabire y'igitangaza, ifise ikimazi gusumba izindi zose mu bihe vyose ukwo bizokurikirana; ingabire y'Umukiza.

Koresha igikorwa co k'urupapuro 49A kugira ngo ufashe kwerekana inkuru y'uwo musu.

Shiraho kumeza ibipupe vy'uruyoya kugira ngo abana barabe kandi bakoreko. Zana igikinisho kugira abana biyumvireko ari uruyoya Yesu.

*Kubera iki dukoresha ivyo bikoresha? – abana bakivuka bakenera ukwitabwaho cane.*

Mbega vyogenda gute igihe Mariya atashobora kuronka amazi yo kwoza uruhinja? Kubera ko uruhongore rwaranuka kandi rwamota nabi! Iki cari ikibanza aho Umwami wacu yavukiye; ikibanza giciye bugufi cane. Ambika abana bamwe kugira ngo bakine mu kibanza ca Mariya, Yozefu na bamwe mu bungere.

Uno musu turaja kwumva ibijanye n'inkuru ikomeye cane y'uruhinja.

### Ingabire y'igitangaza y'Imana

Intumwa y'umwami w'I Roma, Sezare Ogositino, ashika k'undogoba yiwe mw'isoko yo mu gisagara c'I Nazareti, yakira umuzingo mw'isaho yiwe yarafise hanyuma atangura gusomera bose bari ngaho n'ijwi riranga kugira bose bumve:

"Sezare Ogositino, umwami ahambaye, yategetse rusansuma. Akeneyeko abantu bose baba mu bwami bwiwe baharurwa. Kubw'ivyo rero, umuntu wese ategerezwa kugenda mu gisagara c'iwabo aho yavukiye!"

Intumwa irazinga wa muzingo hanyuma iragenda mu kindi gisagara gutanga iryo tangazo nyene. Hari haheze amezi icenda uhereye igihe umumalayika yiyereka Mariya na Yozefu. Uruhinja rwari rugiyeye kuvuka vuba cane. "Dutegerezwa kuja I Betelehemu," Yozefu aravuga, "kuerakoumuryagowaje wose ariyo uva." "Na jewe umuryango wanje n'uwo I Betelehemu nyene," Mariya aramusubiza.

Bose bafata urugendo rurerure. Bari bakeneye ivyo gufungura, amazi n'uburengeti bwo kwupfuka baryamye. Mariya ategura impuzu yari yarakoreye uruhinja. Rwari urugendo rurerure uja I Betelehemu.

Haheze imisi itari mike barateba barashika I Betelehemu bugorovyeye cane. Yozefu anyaruka kugira arondere indaro yahoo barara. Mariya yararuhijwe cane n'urugendo rurerure; vuba cane uruhinja rwagira ruvuke. Ariko uburaro BWOSE bwari bwuzuye izindi ngenzi nabo nyene baje mu bisagara vy'iwabo kugira bagirirwe rusansuma.

Uwo muryango urushe ushika mu kibanza canyuma co mugisagara. Naho nyene hari huzuye, uwujewe iraro arabemerera kurara m'uruhongore. Ico nticari ikibanza aho Mariya yari yariyumviriye ko ashobora kuvyarira umuhungu wiwe. Umuryango wa Mariya wari wasigaye kure cane kandi nta n'abagenzi bari bafise ngaho hafi kugira ngo babafashe. Nta n'igitanda co kuryamako bari bashoboye kuronka.

Bakiri muri iryo joro nyene, mu bwato I Betelehemu, uruhinja Yesu, Umukiza w'isi yose, aravuka! Mariya aterura uruhinja mu maboko yiwe. Aramwoza, amupfuka uburengeti yari yazanye hanyuma amushira aho inka zirira arahakubura kugira ngo aronke aho amuryamika. Muri iryo joro Imana iha isi yose ingabire nziza itari bwaboneke: Yesu, Imana mwana – Umukiza wacu.

Bwira abana bubike imitwe yabo hanyuma basubiremwo iri sengesho hamwe nawe. Uce uhagarara aho ubonye hose aka kamenyetso: (/)

*Mana data, / warakoze kudukunda./ Wakoze gutegura / umugambi mwiza kuri twebwe / hanyuma ukaturungikira Yesu hano kw'isi./ Turaguhimbaza / kandi turagusenga Mana / ku ngabire nziza / waduhaye / biciye mu mwana wawe Yesu, / Umukiza wacu. / Amen.*

Nimba uvyipfuzza, ushobora guha ubutumire umunyeshure wese ku giti ciwe kugira ngo aze guha ubuzima bwiwe Kristo. Nimba abana bemeye kwakira Yesu, ni mumarane akanya gato nabo bonyene murangije gusenga.

### **Gufata ku mutwe**

"Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira." (Yohana 3:16)

Koresha amakarata yakoze mu ndwi iheze hamwe n'umurongo wa Bibiliya. Shira ahantu abana bashobora gusoma umurongo umwanya uwo ariwe wose. Kuraho ayo makarata imwe ku yindi, gushika aho amakarata yose agenda hanyuma abana bashobore kuvuga Yohana 3:16 k'umutwe. *Ni nde yashobora kuvuga umurongo wacu k'umutwe?*

### **Kurangiza**

Witeho cane bamwe wasengera bemeye kwakira Yesu kandi ubasigurire akamaro k'iyi ntambwe yo kwizera. Gira integuro yo gutegura abigishwa.

Tera intege abana kubandanya baza mw'ishure kugira bigevyishimujaye'igaireImana itanga.

Tanga imitwaro yo gusengera hanyuma musengere umwe wese.

## Icigwa 49

### INGABIRE Y'UMUKIZA

**Ivyanditswe:** Luka 2:1-7; Yohana 3:16; 1 Yohana 4:9

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gutahura igituma abantu bakeneye Umukiza.

**Umurongo wo gufata k'umutwe:** “Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)



#### YESU N'UMUKIZA WACU

Yesu yaje mw'isi nk'uruhinja. Yesu yarakuze. Yarafashije abantu kumenya urukundo rw'Imana. Hanyuma Yesu arapfa k'umusaraba. Yakoze ivyo vyose kugira ngo dushobore guharirwa ibintu bibi twakoze.

Uku nikwo Yesu yashoboye kutubera Umukiza.

A – Wemere ko wakoze ivyaha (wakoze ibibi, wagararije Imana). Bwira Imana ivyo wakoze, ubisabire imbabazi, kandi wipfuzwe kwitatura. (Abaroma 3:23 na Yohana 1:9)

B – Wizere ko Imana igukunda kandi yarungitse umwana wayo Yesu ngo agukize ivyaha vyawe. Musabe kandi uraronka imbabazi Imana itanga. (Yohana 3:16 n'ivyakozwe n'intumwa 16: 31)

C – Wature ko Yesu ari Umukiza wawe. Bwira abandi ivyo Imana yakoze. Gukunda Imana no gukurikira Yesu. (Yohana 1:12 n'Abaroma 10:13)

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure kumenya akamaro ko gusangira inkuru nziza n'abandi bantu.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Iki cigwa kizofasha abana kumenya ibijanye n’umunezero w’abungere bumvise igihe bahura na Yesu n’ingene babwiye ubu butumwa bwiza abandi bantu.

Abungere ntibari bafise vyinshi boshikanira umwana Yesu; birashoboka ko n’abanyeshure biyumva ukwo nyene.

Bafashe gutahura yuko bashobora guha Yesu nk’ivyo abungere bamuha mu kumuha ikibanza caho inka zirira; amatazirano yabo n’ivyipfuzo vyo kubwira abandi inkuru nziza y’umwana w’Imana.

Ivuka ry’umwana Yesu; mesiya, uwarungitswe kuzana inkuru nziza ku bakene (Luka 4:18), yahinduye isi yose. Isi ntiyasubiye kuba kwa kundi.

Abo bungere baciye bugufi nibo batanguye kumenya ko Imana yashikije isezerano ryayo kandi ko Mesiya wabo yari yashitse mw’isi gushitsa igikorwa ciwe. Biciye muri ibi, Imana yarifise mu vyiyumviro vyawe ko Yesu yaje kubantu bose uhereye k’umutunzi n’umunyabushobozi gushika k’umukene n’umunyantegenke.

Ubwo nyene abamalayika bagiheza kubabwira ibijanye n’ivuka ry’uruhinja Yesu baca banyarukira I Betelehemu kuwirabira ubwabo. Mu nyuma, barihuta baja kubwira abandi aho baja kumusanga! Umunezero w’Abungere n’agahimbare ko kubwira abandi n’akarorero kuri twebwe uno musu.

Tubwirizwa guha ISHIMWE ryacu ryose Imana kubera ko Yesu, umwana wayo, yaje kubana natwe, yaje kudupfira hanyuma asubira inyuma mw’ijuru kudutegurira ikibanza! Iyi niyo ngabire iruta izindi dushobora guha abo bose bataramenya inkuru nziza ya Yesu Kristo! Bibwire bese!!!

Ririmba indirimbo y’ISHIMWE!

**Intangamarara y’Inkuru ya Bibiliya****Ingabire zihambaye**

Ugurura ingabire ya gatatu hanyuma usangemwo ijamba GUTAZIRA indani. Vuga kubijanye n’izindi ngabire zibiri mwize (KWUMVIRA n’UMUKIZA). Uno musu tuja kwiga ibijanye n’ingabire idasanze iyo umugwi w’abungere bashikaniye Yesu: GUTAZIRA!

**Umwungere**

Imbere yo gutangura, hamagara umukobwa n’umuhungu ubambike nk’uko abungere bari bambaye muri Bibiliya ico gihe. Vuga ibijanye n’ivyo umwungere yarajewe bitandukanye; nko kwitwararika intama zabo, kurinda intama igihe zitewe n’ibikoko vy’inkazi, kuzigaburira no guha amazi umukuku wabo, kuziharura igihe bugorovyeye zitashe, n’ibindi.

\*Zadi – umuhungu akomeye w’umwungere.

\*Miryamu – mushiki waZadi. Miriyamu yipfuza kuja mu bwungere hakuguma muhira akora ivyo munzu!

Ingabire y’ubwungere

Zadi: *Miryamu, Miriyamu ingo unyaruka! Miriyamu, ndafise ikintu ngomba kukubwira; habaye ikintu kidasanzwe c’igitangaza!*

Miryamu: uriko uvuga ibiki? Mbwira ivyo bintu!

Zadi: *mw’ijoro ryakeye igihe twari ducunze intama mw’iraro, habonetse ikintu kidasanzwe.*

Miriam: Igiki? Mbwira!

Zadi: *Abamalayika!*

Miryamu: Abamalayika? Zadi, mbega ntiwoba ushushu? (aca amukora muruhanga) uragwaye?

Zadi: *oya, oya, oya, Miriyamu! Ndiko ndakubwira ukuri. Mw’ijoro hagati twabonye abamalayika mu kirere, bambaye ikanzu nziza cane. Twagize ubwoba bwinshi!*

Miryamu: Najewe nari kugira ubwoba.

Zadi: *Hanyuma umwe muribo aca araza aho turi atubwira ati, “Ntimugire ubwoba. Ndabazaniye inkuru nziza izozanira umunezero mwinshi abantu bose. Uno musi mu gisagara ca Dawidi, Umukiza yabavukiye ; ni Kristo, Umwami. Iki nico kizobabera ikimenyetso: muzosanga uruhinja ruzingirweko impuzu kandi ruryamye mu bwato bw’inka.”*

Miryamu: Uvuze gute? Uruhinja? Sintahuye ivyo bintu. Mbwira vyinshi; mbega ingene bihimbaye!... mbega ingene biteye ubwoba!

Zadi: *Mu nyuma abandi bamalayika amajana baraza. Buzura ikirere bariko batazira Imana kandi bavuga abati, “Icubahiro nico Imana iri hejuru mw’ijuru, hanyuma mw’isi habe amahoro kuri abo bose basigaye.”*

Miryamu: Mbega ivyo bisigura iki?

## Igikorwa

### Gusangira inkuru nziza

Andika inzira zimwe ushobora gukoresha mu kubwira abandi ivya Yesu; ushobora gutumira abagenzi mu gihe ca Noweli, kugendera amavuriro ubabwira inkuru y’ivuka rya Yesu ku bana bagwaye, gukora udukarata twa Noweli uherezwa abantu bataramenya Yesu, n’ibindi.

Indirimbo za Noweli

Kora ibicurarangisho ukoresheje amacupa atameneka y’ifanta. Shiramwo utubuye canke imbuto z’intete muri ako gacupa kagaragara. Shirako udutoboro dutoduto. Ibikoresho uzungangiza biba bibonetse!

Inzira yo gutazira Imana ni mu ndirimbo; nkuko Abamalayika babikoze ijoro Yesu yavukiyemwo.

## Gufata ku mutwe

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

Imbere y’uko ishure ritangura, nyegeza amakarata wakoresheje mu cigwa carangiye imbere y’uko baza. Fasha abana gutora amakarata hanyuma bayatondeke k’urutonde rwiza. Subiramwo umurongo muvuga cane.

## Kurangiza

Kora umuzingi w’amasengesho kandi usengere icipfuzo c’umwumwe wese. Fata akaryo k’iyi Noweli mu gukurikiza akarorero k’abungere. Bwira abandi inkuru y’ivuka rya Yesu n’umugambi w’Imana wo gukiza abana b’abantu ivyaha vyabo. Ririmba indirimbo y’ishimwe. Tumira abana mu ndwi ikurikira kugira batahure ingabire yanyuma.

## ICIGWA 50

### INGABIRE YO GUTAZIRA

**Ivyanditswe:** Luka 2:8-20

**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure kumenya akamaro ko gusangira inkuru nziza n'abandi bantu.

**Umurongo wo gufata k'umutwe:** "Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira." (Yohana 3:16)

Abungere bari barinze intama zabo iryo joro. Ubwo nyene baja babona ijuru ryuzuye umuco. Umumalayika arababonekera. Abungere bagira ubwoba bwinshi. "Ntimutinye," umumalayika aravuga. "Nzanye inkuru nziza ku bantu bose: uno musu Umukiza yabavukiye, niwe Kristo, Umwami! Murasanga umwana yambitswe impuzu z'uruyoya kandi aryamitswe mu bwari." Ubwo nyene, ijuru ryuzura abamalayika. Bariko bararirimba, "icubahiro n'ic'Imana iri hejuru. Amahoro abe kw'isi!" Mu nyuma babamalayika baca barazimangana. Abungere baravuga, "reka tuje kuraba umwana." Baca baja i Betelehemu hanyuma basanga Yesu muruhongore ari kumwe na Mariya na Yosefu. Yesu yararyamye mu bwato. Abungere bahimbaza Imana hanyuma baca bagenda barabwira abo bahura bose inkuru nziza y'ivuka rya Yesu. Kandi abantu bose bumva inkuru zabo baratangara.

"kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.(Yohana 3:16)

**Intumbero y'Icigwa:**

Fasha abanyeshure gushaka no kurondera inzira zo guhimbaza Yesu.

**Umurongo wo gufata ku Mutwe**

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

**Itegere Ubwawe Kwigisha**

Abana bashobora kwiga GUHIMBAZA Imana! Guhimbaza ntibisigura gusa ikimenyetso co kwugara amaso yacu no gutarika ibiganza vyacu. Guhimbaza biva mu mutima bivuye k’urukundo twiyumvamwo ruva ku Mana.

Abanyabwenge bafashe urugendo bagenda ibirometero vyinshi cane kugira bashikane atari ubuganuke gusa ariko no gushira hejuru uruhinja Yesu; ivyo vyari guhimbaza! Imana iranezerwa iyo twicishije bugufi imbere yiwe.

Imana yipfuzako duha Yesu ingabire ziruta izindi muri iyi Noweli; ingabire yo GUHIMBAZA.

**Intangamarara y'Inkuru ya Bibiliya**Ingabire zihambaye

Gira isubiramwo kuzindi ngabire zitatu; Kwumvira, Umukiza, no Gutazira.

Ugurura ingabire ya kane hanyuma usangemwo ikarata ivuga kuyindi ngabire twoshobora guha Yesu ; « GUHIMBAZA. »

Iki n’icigwa ca nyuma co muri iki kigabane no muri uyu mwaka.

Tegura umusi mukuru usanzwe wa Noweli:

- Gushira hejuru uruhinja rw’I Betelehemu, Yesu.
- Gushimira abana ko bitavye inyigisho kandi ko bakoze muri uyu mwaka wose.

Gutera intege abana kubandanya bibuka kandi bafata k’umutwe imirongo ya Bibiliya. Gusubiramwo imirongo bize abavyeyi babo, basekuru n’abagenzi.

Ingabire zitatu z’Umwami

Pfuka ikarata 3 nziza zivuga ‘inzahabu’, ‘umubavu’ ‘n’ibimoga’ hanyuma ubunyegeze mw’ishure. Barondere izo ngabire abo banyabwenge bazaniye Yesu igihe yari uruhinja. Ukwo wugurura ikarata utange insiguro y’ingabire yose abo bamajusi bazanye:

- inzahabu: ikimenyetso c’ubwami hano kw’isi
- umubavu: (umubavu) ikimenyetso c’imana
- ibimoga: amavuta yategurirwa umubiri w’uwapfuye (vyategura ukubambwa kwa Yesu)

Ingabire yo Guhimbaza

- tegura ibikoresho bibona bijanye n’iki cigwa.

Imyaka myinshi iheze harabayeho abanyabwenge bize ivyo inyenyeri. Ijoro rimwe babonye ikinyenyeri kinini kandi caka cane, “Iyi nyenyeri isigura ko umwana adasanzwe yavutse,” umwe

mubanyabwenge aravuga. “Uwu mwana azoba umwami w’abayuda; reka tuje kumuraba kandi TUMUHIMBAZE!” abo banyabwenge burira ingamiya zabo hanyuma bafata urugendo rurerure. Abo banyabwenge bariko barashika I Yerusalemu, baja kuvugana n’umwami Herode; uwaganza I Yerusalemu, “Arihehe umwami mushasha w’abayuda yavutse? Twabonye inyenyeri yiwe kandi twaje ngo TUMUHIMBAZE.”

Umwami Herode arashavura cane amaze kwumva ivyo hanyuma abaza abarongozi biwe babaherezi, “Arihehe uwo mwami mushasha?”

“Ategerezwa kuvukira ibetelehemu h’ibuyuda, mu gisagara ca Dawidi,” baramwishura.

Abanyabwenge bafata ingamiya zabo basubira I Betelehemu. Ya nyenyeri nyene yaboneka irabarongora mw’ijoro. Haheze igihe ya nyenyeri irahagarara hejuru y’uruhongore aho uruhinja Yesu rwariruri. Babanyabwenge bari banezerewe cane! Bamaze kubona Yesu hamwe na nyina Mariya, baramwunamira BARAMUHIMBAZA.

“Uyo niwe mwami mushasha,” barabishikiriza bahimbawe. Abo banyabwenge baha Yesu ingabire zitatu zihambaye: inzahabu, imibavu n’ibimoga.

Vuba cane babanyabwenge basubira mu gihugu baje bavamwo; bari banezerewe cane kubera ko bahuye na Yesu, Umukiza w’isi yose! Bari banezerewe ko bashoboye kuzana ingabire zabo zo GUHIMBAZA umwana Yesu, Umwami w’abami.

Abo banyabwenge baduhaye akarorero ko GUHIMBAZA nyakuri imbere y’Umukiza w’isi. Reka tube “Abahimbaza b’ukuri” ba Yesu Kristo.

### Igikorwa

#### Inyenyeri yanyegejwe

Kata ipome hagati na hagati, uruhande k’urundi. Ereka abana inyenyeri yicafye hagati igihe ukase ipome hagati. Abantu bamwe biyumvira ko iyo nyenyeri ari icibutso c’umwe yarongora abanyabwenge aho Yesu yarari. Turanezerewe ko Imana yarungitse inyenyeri idasanzwe. N’ikimenyetso ko Yesu atari Umwami w’abayuda gusa, ariko ari umwami wacu natwe.

### Gufata ku mutwe

1. Tegura igikorwa kidasanzwe aho abanyeshure bize imirongo yose yo gufata k’umutwe; bishobotse ubahe ubushimwe butobuto mu kubatera intege zo kubandanya biga no kumenya ijamba ry’Imana.
2. Saba umwungere aguhe akaryo ko kwerekana ishure ryawe n’abana bize imirongo yose yo gufata k’umutwe aho bazoba bariko baravuga iyo mirongo mu miga ya bose. Tanga impapuro zemeza ko abana barangije inyigisho.

### Kurangiza

Shimira Imana kuri uyu mwaka w’inyigisho, no ku ngabire nziza y’agakiza twaronse biciye muri Yesu. Tera intege abana ngo bizere Yesu nk’Umukiza wabo ku giti c’umwumwe.

Mbega ni izihe ngabire tuzoha Yesu kuri iyi Noweli?

Bwira abana ingabire zawe zihambaye uzoha Yesu:

- Umwanya: kwigisha abanyeshure, gutegura umwanya, kuba mu bikorwa, n’ibindi n’ibindi.
- Kuba mu masengesho ya wenyene na hamwe n’abandi
- Amashikanwa: amahera, ingabire
- Guhimbaza: indirimbo zo gutazira, kubwira abandiivya Yesu

Sengera umwe wese mu bana. Ubicutse akamaro ko kwama barondera mu nyonga z’Imana.

Tegura ibirori aho abana bakuze bimukira mw’ishure rikurikira.

## Icigwa 51

### INGABIRE YO GUHIMBAZA

**Ivyanditswe:** Matayo 2:1-12


**Intumbero y'icigwa:** Fasha abanyeshure gushaka no kurondera inzira zo guhimbaza Yesu.

**Umurongo wo gufata k'umutwe:** “Kuk'urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.” (Yohana 3:16)

**Umukiza n'ijambo ry'agaciro. Umukiza akura abantu mu kintu kibi. Yesu n'Umukiza wacu. Yaje ngaha kw'isi kugira ngo atwereke urukundo rw'Imana. Yadupfiriye kubw'ivyaha vyacu.**

**Guhimbaza n'irindi jambo ry'agaciro. Guhimbaza n'ukubwira no kwereka Imana ko tuyikunda gusumba abandi bose kandi ko dusumvya ibindi bintu vyose.**

**Ni gute ba bagabo babanyabwenge bo mubuseruko bahimbaje Yesu, Umukiza?**





ISBN: 978-0-7977-1550-9  
P O Box 1288  
Florida 1710  
Republic of South Africa

